# ДЭТХЭР


1. Шъэфым ышъхьэ къырихэу .................. 7
2. Тетыгъо хэлъэу Тхьэм уелъэIуныр ........... 22
3. ТхьэлъэIумрэ нэкIымрэ ....................... 38
4. ТхьэлъэIу хьылъ ................................ 58
5. ТхьэлъэIум иджэуап ........................... 73
6. Сыда титхьэлъэIухэр джэуапынчъэу къызыкIанэхэрэр? ....................... 87
7. Тхьэм зэрэшIоигъоу тызэрелъэIущтыр ...... 104
8. Узыщежэщт уахътэмрэ Iофым узыпыхьэщт уахътэмрэ ....................... 115
9. НэмыкIхэм яхьылIэгъэ тхьэлъэIу ............. 127
10. Iоф зыщашIэрэм Тхьэм щелъэIух ............ 142
11. ТхьэлъэIу зау ................................... 154

# 1

# Шъэфым ышъхьэ къырихэу

*Зиусхьаным игущыIэ ятIонэрэу Ерэмые къылъыIэсыгъ, ар джыри щагум иухъумакIомэ ахэтызэ. Мары Зиусхьаным ыIорэр: «ЧIыгур къэзыгъэшIыгъэ Зиусхьаныр ары чIыгур зыгъэпсыгъэри зыгъэпытагъэри, Ащ ыцIэр Зиусхьан. Уемызэщэу къысэлъэIу Сэ – ыкIи Сэ джэуап остыщт, о умышIэрэ, узылъымыIэсышъурэ Iоф ин дэдэхэр озгъэлъэгъущт.*

Ерэмые 33:1-3

Зэгорэм, 1967-рэ илъэсым, щэджагъом Тхьэм сызелъэIум ыуж, Iоф гъэшIэгъон дэдэ горэ Тхьэм къысиIомэ зэрэшIоигъор зэхэсшIагъ. Нахьыбэрэ Тхьэм селъэIу къэс, ар нахь лъэшэу зэхасшIэщтыгъ. ЗэхасшIэрэр сишъуз фэсIотагъ. Зыгъэпсэфыгъо уахътэу дгъэнэфагъэр къымысызэ, тхьамэфитIукIэ Темыр Каролинэм икъушъхьэхэм Тхьэр гъуазэ къытфэхъуным тыфаеу уахътэр ащыдгъэкIонэу тыкIуагъ. А мафэхэм анахьыбэр, Тхьэм иджэуап тежэу Эннирэ сэрырэ нэкIырэ тхьэлъэIурэкIэ дгъэкIуагъэ, шъыпкъэмкIи, Тхьэм джэуап къытитыгъ. ДгъэшIагъо икъоу, тищыIакIэ хэлъ щыкIагъэхэр Тхьэм къытигъэлъэгъугъэх. А тхьамэфитIум Тхьэм тыгу ыукъэбзыжьыгъ ыкIи тапэ илъым тыфигъэхьэзырыгъ.

Джыри Iофыр зэрызэхэмыфыгъэм тигъапэу, тыгумэкIэу тадэжь къэдгъэзэжьыгъ. СымышIэрэр зэзгъэшIэнымкIэ изэрар къэкIоу пэIухъо горэ сапашъхьэ пылъагъэм фэдэу къысщыхъущтыгъ. Джэуапыр благъэу, ау джыри къэсыубытын сымылъэкIэу къысщыхьущтыгъ. Зэгорэм, щэджэгъом Тхьэм сызелъэ-

Іум ыуж, пэІухъор зэІукІыгъ. Седжэныр езгъэжьэным Тхьэр фэягъ. Сызэрэтенэгуихьэрэр зелъэгъум, Тхьэм шъхьэихыгъэу къызгуригъэІуагъ, Ежь къысигъашІэхэрэм сягупшыс къодыеу сыщымытэу, згъэцэкІэн зэрэфаер. Сишъыпкъэу зыфэзгъази Ащ селъэІугъ, ыкІи нахьыпэм сэркІэ зэфэшІыгъагъэр Ащ къысфызэІуихыгъ, зи хэшІыкІ зыфысимыІагъэр къысигъэлъэгъугъ. Шъыпкъагъэу Ежь хэлъыр сыгу исыубытэным сыфигъэхьазырыгъ, имурад фэшъыпкъэу ыкІэм нигъэсыгъ.

ЫпэкІэ тэркІэ зэфэшІыгъагъэр Тхьэм тэ къытфызэІуехы. Ау бэрэ къыхэкІы тымышІэрэм зедгъэзэгъэу. Зэ тежэным тыфаеп, зэ Тхьэм зы Іофыгъо лъэпІэ дэдэ горэ къытфызэІуихыным тыщыгугъырэп. Ерэмые къыфигъэпытэгъагъэр анахьэу зыфэгъэхьыгъэр а проблемитІур ары. Тхьэм тэ телъэІун, иджэуап тежэн, тымышІэрэр зэдгъэшІэн фае. Пегъымбар Ерэмые итхылъ щыщ пычыгъом (33:1-3) иІэ мэхьанэм тежъугъэплъ.

КъокІыпІэмкІэ къекІышъ Бабэл цІыфхэр Ерусалим екІух. Ахэмэ Ассириер аштэгъах, Бабэл иуІэшыгъэ дзэшхом пэуцужьынхэмкІэ амал хъатэ зэрямыІэр Ерусалим щыпсэухэрэм ашІэ. Мысыр цІыфхэр къадэІэпыІэнэу ялъэІунхэу Ерусалим иІэшъхьэтетхэм рахъухьагъ, – ащи акъыл хэлъыгъ. Ау Ерэмые ахэмэ ариІуагъ: «Гъэры шъузэрэхъущтыр Тхьэм къеІо. Шъо къышъуфэнэжьырэр зы ныІэп – шъуапэгъокІынышъ зышъутыныр ары». Ау Іэшъхьэтетхэр ащ ежэгъахэхэп. Ерэмые ахэмэ хьапсым чІадзагъ ыкІи къариІуагъэми едэІугъэхэп.

Ахэмэ зызэрашІыгъэр тэ дгъэшІэгъонэу щытэп. Тэ тичылыс щыщхэм сыд ашІэнгъи, шъо шъуиеплъыкІэкІэ, тхьаумэфэ пчэдыжьым сыкъэтэджэу къэсІуагъэмэ: «Урысхэм тицІыфхэр тырадзыным пылъхэу Тхьэм къыІуагъ, ау а тхьамыкІагъом зыщытыдзыеным пае джыдэдэм зяттын фае»? Ахэмэ

къалэм сыдафыни! Ау джащ фэдэ чIыпI Ерэмые зэрыфэгъагъэр. Джащ фэдэ чIыпIэ тызыщифэрэм Тхьэм тызэрэдэгущыIэн фэе шIыкIэр къыдгурагъаIо ащ къыIогъэ гущыIэхэм (33:1-3).

## ТелъэIунэу Тхьэм тегъэгушхо

ТынаIэ атетыдзэн фаеу я 3-рэ сатырым Iофыгъуищ иI. Апэрэр, телъэIунэу Тхьэм тызэригъэгушхорэр ары. *«Сэ къысадж, къысэлъэIу»*, – еIо Ащ. Ерэмые хьапсым чIэсыгъэти, Тхьэм елъэIунэу охътабэ иIагъ. Тэ егъашIэм гъучI хъагъэм тыдэмыфэнкIи мэхъу, ау Тхьэм тэ чIыпIэ тыридзэщт, Ежь зыфэдгъэзэжьышъун амал къэдгъотынэу.

Тхьэм телъэIунэу тихабз: «Мыщ сыхэщыжь!» Гугъуехьми къиныгъоми тэ защытыдзые тшIоигъу. Ахэр тэ къызытлъыIэсхэкIэ, тызыхэфэгъэ къиныр къызэрихъокIынэу Тхьэм телъэIу, сыда пIомэ Тхьэм тыфэлэжьэнымкIэ, Ар шIу тлъэгъунымкIэ ахэмэ язэрар къакIоу тэлъытэшъ ары.

Ау тэ Тхьэр тщэфыни дгъэпцIэни тлъэкIыщтэп, зы пцIы горэхэмкIэ дгъэгугъэнышъ. Хьапсым къычIищыжьынэу Ерэмые Тхьэм елъэIугъэп. Ар нахь зыщыгугъыгъэр Тхьэм иджэуап ары. Адэ сыда Тхьэм къыриIуагъэр? *«Уемызэщэу къысэлъэIу Сэ – ыкIи Сэ джэуап остыщт, о умышIэрэ, узылъымыIэсышъурэ Iоф ин дэдэхэр озгъэлъэгъущт» (33:3).* Тхьэм Ерэмие фишIагъэр хьапсым къычIищыжьын къодыем нахьи бэкIэ нахьыб.

Ау Ерэмые щэIагъэу иIагъэм фэдэ щыIагъэ тэ тинахьыбэхэм ахэлъэп. Тызыхэфэгъэ къиныгъом тыкъызэрыхэкIыжьыщтым нахь тыдэгузажъо, Тхьэм зэхытигъэшIыкIынэу зыфэе Iоф ин дэдэхэр зэдгъэшIэнхэм нахьи. Ау Тхьэм хьаулыеу, гухэлъ имыIэу къиныгъо къытигъэхъулIэрэп, – нахь гухэлъышхо

горэ къытфыриI Тхьэм. Проблемэр зыдэщыIэр – а къиныгъохэу къытэхъулIэхэрэм Тхьэр зыпылъ Iофышхохэр ахэтлъагъохэрэп. Джа къиныгъор къызыщытIукIэрэ лъэхъаным тэ Тхьэм къытфигъазэрэ джэуапым тежэзэ, тишIошъхъуныгъэ дгъэлэжьэн фай. Аущтэу тызекIомэ, шIошъхъуныгъэ зэрэфытиIэр къэтэгъэлъагъо.

Сишъэогъу дэгъу горэм – мызекIорэ мылъкухэм апылъ брокерым – илъэсиблым къыкIоцI финанс Iофхэмкlэ хахъо имыIэу, тхьамыкIэ хъугъэ. А проблемэм ар ренэу ыгъапэщтыгъ. «Сыда Тхьэм зыгорэ къызкIысимыпэсырэр?» – ыIоти, ар къысэупчIыщтыгъ. Охътэ дэхэкIаерэ титIо хъурэр къыдгурымыIоу тыхэтыгъ.

Ау етIанэ, ишъыпкъэу ыгу ихъыкIхэрэр зызэхефхэм, ихэукъоныгъэ ащ къыгурыIуагъ: Тхьэм ычIыпIэкIэ, ащ ыгу финансэ гугъум зэлъиштагъ, ау Тхьэр зыфэягъэр Ежь закъор сишъэогъум гугъапIэу иIэныр арыгъэ. ИгупшысакIэ зэрихъокIэу зырегъажьэм, ежь ифитыныгъэхэри Зиусхьаным зыретыжьхэм, ифинанс еплъыкIэ зэрихъокIи шъхьафитныгъэ иIэ хъугъэ. НэмыкI Iоф пыхьагъ, зыфаер ыгъотэу, ыпэкIэ егъашIэм ымылъэгъугъэ хахъуи иIэ хъугъэ.

Сишъэогъу тхъагъоу иIэм нахьи нахь лъапIэу, зы фэшIэшхо горэкIэ зыкъыригъэшIэжьыным Тхьэр фэягъ. Синыбжьэгъу къин хэтынэу Тхьэм фит ышIыгъ, инэплъэгъу зыхэт Iоф къинхэм къатырихыжьэу, а IофхэмкIэ Тхьэм гухэлъэу иIэм лъыхъунэу регъэжьэфэкIэ.

Тежэныр ау сыдми псынкIагъоп. Бэрэ къыхэкIы Тхьэр гъуазэ къытфэхъунэу ыуж тимытэу, тиблагъэхэмрэ тиныбджэгъухэмрэ яIэпыIэгъу тылъыхъоу. Тхьэм къытиIомэ шIоигъор зэдгъэшIэным пае, тэ тхылъхэм тяджэ, семинархэм тахэхьэ, нэпэмыкI цIыфхэм тяупчIы. Ау амал пстэур зытыухкIэ, Зиусхьаным мыщ фэдэ гущыIэхэмкIэ зыфэтэгъэзэжьы:

«ЗэкIэ тыуплъэкIуи зи къызыддэмыхъум, джы къыдгурыIуагъ Ощ нахь гугъапIэ зэрэщымыIэр».

Тхьэр зыфаер Ежь ыдэжь апэ дэдэ тыкIонышъ, Ежь теупчIынышъ, Ащ джэуапэу къытитыщтым тежэныр ары. Ар зыкIэгушIурэр, ыкъо ятэ дэжь зэрэкIощтым фэдэу, Ежь дэжь тыкIоныр ары. Хабзэ зэрэтфэхъугъэу, аужыпкъэ дэдэ Ежь ыдэжь тэкIо, тицыхьэ Ежь темылъ фэдэу, е Ащ игущыIэхэм мэхьанэ хъатэ ятымытырэм фэдэу. Ау тэркIэ Ары тицыхьэ зытелъ хъун закъоу ахэтыр, УпчIэжьэгъу закъоу тиIэр Ары, анахь къытлъыIэсэу, къытпэблэгъэ Ныбджэгъу. Уахътэ сиIэп ыIоу, егъашIэми Ащ къытиIощтэп, тэ уахътэ тыфимыфэу Ежь етэIо зэпытми.

Тэ тихьэпсэ унаемэ тызэрарышIыхьагъэр къыддешIэшъ, Тхьэр къытэушъыи тхьэлъэIу тшIы зэпытынэу. Тэ тихьапсхэм гъучI хъагъи IункIыбзи аIулъэп. Ахэр – акъыл ыкIи зэхэшIэ хьапсэх, ахэр, джащ фэдэ къабзэу, цIыф зэфыщытыкIэ хьапсэх. ЗыгурыжъугъаIу: а проблемэмрэ ащ изэшIохынрэ анахь гъогу кIэкIэу щыIэр тлъэгуанджэрэ джэхашъомрэ азыфагу илъ гъогум фэдиз.

## Джэуапкlэ тигъэгугъагъ Тхьэм

ЯтIонэрэмкIэ, Тхьэм Ерэмые риIуагъ: «Сэ джэуап къыостыщт». Гухэлъ гъэнэфагъэ тиIэу щымытми, загъорэ цIыфхэр тшIэн тымылъэкIыщтымкIэ тэгъэгугъэх. Ащ тыфэмыенкIи мэхъу, ау тэ къытщыгугъыщтыгъэ цIыфхэр кIэтэгъэгъожьых. Ау зэкIэри зыфызэшIокIрэ Тхьэм зыгорэкIэ тыкъыгъэгугъэмэ, ахэр сыдигъуи къытфегъэшъыпкъэжьых.

Тэ титхьэлъэIухэр зэхих къодыеу щымытэу, ахэмэ яджэуапхэри къызэритыжьхэрэр Ащ къытеIо. Зы упчIэ гъэшIэгъон горэм ащ тыфещэ. ТитхьэлъэIухэм яджэуапхэр Тхьэм сыдигъуи къытетыжьых шIуа? Е

тхьэлъэIу гъэнэфагъэ горэхэм ынаIэ атыредзэ шIуа? Мы аужырэ уахътэхэм Тхьэм зыфэжъугъазэу шъузэрелъэIугъэхэр шъугу къэжъугъэкIыжьых. Тхьэм ахэр къышъуфигъэцэкIагъэха? ШъузэрелъэIугъэр Тхьэм къызэрэшъуфишIэщтым шъуицыхьэ пытэу телъа? Iофыр зэхьылIагъэр шъуитхьэлъэIу иджэуап Тхьэм къыретыжьмэ е къыремытыжьмэ арэп, Ащ джэуапыр къызэритыжьырэ шIыкIэр ары нахь. Загъорэ Тхьэм къеIо: «Хъун». Зэрэхабзэу, а зы джэуап закъор ары тэ зэхэтхырэр. Тхьэм «хъун» зиIокIэ, тэ Ащ джэуапыр къызэритыжьыгъэр тшIошъ мэхъу. «Хьау» Ащ зиIокIэ, тилъэIу ынаIэ тыримыгъэтыгъэу къытщэхъу.

## Тхьэм иджэуапхэр

ТитхьэлъэIухэм джэуапхэр къаритыжьзэ, е «хъун», е «хьау», е «къеж» Тхьэм еIо. Ащ «хъун» зиIокIэ, тэ тымакъэ Iэтыгъэу къэтэIо: «Щытхъур Зиусхьаным ыдэжь!», тигуапэу Тхьэм къытфишIагъэр зэкIэми ятэIуатэ.

Ау Тхьэм «хьау» къызытиIокIэ, тшIэщтыр тымышIэжьы тэхъушъ, сыда Ащ тызыкIыщытхъущтыр тэIо. Тхьэм тилъэIу къытфигъэцэкIэнымкIэ зиягъэ къэкIуагъэ псэкIодшIагъэу тищыIэныгъэ щытшIагъэхэм талъэхъу. Тэ тэрэзэу тыпсэущтыгъэмэ, Ащ «хъун» къытиIони тIоу къыхэкIы. Ары шъхьаем, тэрэзэу тызэрэпсэурэм пае, «хъун» Тхьэм ыIо зэпытын фаеу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытэп. Тхьэр шъхьафит, зыми епхыгъэп Ар. Тэ шэнышIоу тызэрэпсэурэм емылъытыгъэу, Ежь иакъылышIуагъэу гъунэ зимыIэм рыгъуазэзэ, Ащ «хьау» къыIон фит.

ТицIыф зэхэтыкIэ философие тегъэпсыкIыгъэу тэ Тхьэр тызэрэфаеу дгъэIорышIэным тыпылъ. ТищыIакIэ дэгъоу дгъэпсэу, тэрэзэу тэпсэумэ, Тхьэм тыгукIэ тызыфаер къытфишIэныр (джары тызэре-

гупшысэрэр) ипшъэрылъэу тэлъытэ. Ау ащ фэдэу тызэрэфаеу Тхьэр дгъэIорышIэным тызэрэпылъым егъэкIодыжьы чыристаныгъэм имэхьанэ, – ащ къикIырэр Тхьэм ищытхъу лъагэу тIэтынэу, ыIорэр тшIэу тызэрэщыIэн фаер дгъэкIодыжьэу ары. Ащ нэмыкIэу, тэ дэгъоу, тэрэзэу тызэрэпсэурэ закъом нэмыкI Тхьэм къыдимылъытэщтыгъэмэ, ащыгъум ынэшIу щыфэныгъэ тыда зыдэщыIэщтыр? ПIопэн хъумэ, зытетыр Тхьэм ынэшIу къызэрэтщифэрэр ары Ащ «хьау» къытиIоныр къызыхэкIырэр.

ТэркIэ ишIуагъэ къэкIон зыхъурэ закъор ары Тхьэм «хьау» е «къысаж» зиIорэр. Сыда пIомэ Рим. 8:28 ит: *«Тхьэр шIу зылъэгъурэ цIыфхэу, игухэлъ тетэу ибынхэм ащыщ хъунхэу зэджагъэхэм Iоф пстэуми яшIуагъэ Тхьэм зэраригъэкIырэр тэшIэ.* Тэ тыкъызэриухъумэщтым пае, Ащ бэрэ „хьау“ къытеIо. Загъорэ тилъэIу Тхьэм къытфишIэ шIоигъу, ау джыри ащ иуахътэ къэсыгъэп. ГущыIэм пае, къызэрэщэхэ зышIоигъо нэбгырабэхэр зэгъусэхэу къысэупчIыжьынхэу садэжь къэкIох. ЗаIэжэнэу загъорэ ясэIо. Ахэмэ ащыщхэм ясIуагъэр агъэцакIэу къыхэкIы, ау нэмыкIхэр къысэмыдэIухэу, ежьхэр зыфаер къязыIощт упчIэжьэгъухэм адэжь макIох. Шъори сэри сыдигъокIи къыхэтхын фэе Iофыгъом тыфэзы: щыIагъэ къызыхэдгъафэу Тхьэм иджэуап тежэщта, хьауми зытымышIэжьэу тапэ едгъэхъущта?

Тежэныр шIу тлъэгъурэп, анахьэу къыддэхъунэу тызыфэе Iофышхор блэдгъэкIынкIэ тытещыныхьэ. Тхьэм «хьау» зиIокIэ, тыгу рихьырэп, – анахьэу «хъун, хъун, хъун!» – ыIоу тыгу къиджыкIы зыхъукIэ. Тхьэм иеплъыкIэ сыдэу щытми зэблэтхъунышъ, тэ тызыфаем къетфылIэ тшIоигъоу бэрэ Iэубытыпlэ горэ къызыIэкIэдгъэхьэнэу Тхыгъэм исатырхэм тащылъэхъу. Ау тызыпылъ шъыпкъэр къэтIон: «Тхьэр, а уиджэуап сэ сыгу рихьырэп. Сэ сиеплъыкIэ О джыри зэ ухэплъэжьынкIэ енэгуягъо?»

Аущтэу щыт нахь мышIэми, тыгукIэ тызыфэе шъыпкъэр Тхьэм ишIоигъоныгъэ шъыпкъэр тищыIэныгъэ къыщышъыпкъэжьыныр ары. Тхьэм иджэуап тэркIэ анахь зэрэдэгъур къыдгурыIон фае. Тхьэм игущыIэ тхыгъэм щыщ пычыгъоу тиеплъыкIэ къэзыгъэшъыпкъэжьырэр дгъэфедэми, ащ зыкIи Тхьэм иеплъыкIэ зэблихъущтэп, сыда пIомэ Тхьэм игущыIэрэ Ар зыфаемрэ зэгурэIох, зыр адрэм пэшIуекIон ылъэкIыщтэп. Ащ «хьау» зиIокIэ, къикIырэр «хьау». Ащ «къеж» ыIуагъэмэ, тежэн фае. Тхьэр нахь зыфаер тэ тишэн нахь икъугъэу хъуныр, тыгу нахь къабзэ хъу зэпытыныр, тапэ илъ щыIэныгъэр Ежь зэрэфаем фэдэу хъуныр ары, тэ тызыфаер псынкIэу къыддэхъуным нахьи. Тхьэм шIу тызэрилъэгъурэм пае, Ащ джэуапэу къытитыхэрэр ынэшIу щыфэныгъэ зыхэлъ джэуапых.

## Тэ тиеплъыкIэ

Тхьэм джэуапхэм тэ тызэрафыщытым тызыфэдэри къегъэлъагъо. Тэ ахэмэ е тапэуцужьы е тязэгъы. Тхьэм иджэуап къыдгурымыIоми ар зытштэкIэ Тхьэм тызэрэфэIорышIэрэр къегъэлъагъо. Ау Тхьэм иджэуап щыдгъэзыеу тэ тызыфаехэр къэдгъотынхэм тапылъ зыхъукIэ, Тхьэм тызэрэфэмыIорышIэрэр къытхэщы.

Тхьэм иджэуапэу тэ тызыфаехэм атемыфэрэр щыдгъэзые хъумэ, тэ тигухэлъхэр къыддэхъунхэм пае, Тхьэр дгъэфедэ тшIоигъу. Ау тигуапэу Ащ иджэуапхэр, сыд фэдэхэми, зытштэхэкIэ, Ежь ищытхъу паекIэ тэ тигъэфедэщт.

## Шъэфыр нафэ мэхъу

ЯщэнэрэмкIэ, а сатырым ит: *«…о умышIэрэ, узылъымыIэсышъурэ Iоф ин дэдэхэр озгъэлъэгъущт».* Iоф

ин дэдэхэм языэшIохын хэкIыпIэ къыфэдгъотын фаеу чIыпIэ хьылъэхэм тарыфэу къыхэкIы. ПсынкIэу зэшIотымыхмэ мыхъущт Iофыгъохэр тапашъхьэ къеуцо зэпытых. Унэгъо псэукIэми, IофшIапIэми, унэми, ахъщэ Iофым фэгъэхьыгъэми ренэу проблемэхэм тяутэкIы. А Iофыгъохэм яджэуапхэр къытитынхэу мы сатырым Тхьэм тыкъыщегъэгугъэ. Арэущтэу щыт нахь мышIэми, Тхьэм ицIыфыбэхэм ягъашIэ зэрэщытэу хьаулыеу тырагъэкIуадэ а Iофыгъохэм языэшIохынкIэ шIэныгъэу, еплъыкIэу, къулаеу яIэр агъэфедэхэу. А Iофыгъохэм ащыщхэм языэшIохын амал закъоу иIэр Тхьэм иакъылышIуагъэрэ ыкIи ишIэныгъэрэ ялъытыгъэу зэрэщытыр ахэм къагурыIорэп.

УарзышI пэпчъ уарз (проповедь) ыгъэхьазырын ылъэкIыщт. Ащ конспект ытхынышъ, тарихъ къэбар тIэкIу ыгъэхьазырынышъ, Iофым пыхьан ылъэкIыщт. Ау зы уарзышI горэми фызэшIокIыщтэп Тхьэм цIыфхэм къэбарэу афыриIэр ежь ыпшъэ рилъхьэжьэу, Тхьэм къыIорэм емыжэу, Ащ ынапэ лъымыхъоу, Тхьэм игущыIэ лъапIэ уашъом къыримыгъэхыфэ (Ерэмые 23:21-22).

А принципыр чыристан пэпчъ ехьылIагъ. Сыд фэдэ упчIэми Тхьэм еплъыкIэу фыриIэр тэ къэтшIэн тлъэкIыщт, а еплъыкIэр къэдгъотыным пае къин зэдгъэщэчыным тыфэхьазырмэ. Тыфэмыхьазырмэ цIыф мыIушым иеплъыкIэ фэшъуашэу а Iофым пае унашъо тшIын фаеу мэхъу. Сыдэу щытми унашъо шIыгъэн фае, зы унашъор цIыфхэм игъоу алъытэнкIи мэхъу, ау адрэ унашъор егъашIэрэу Тхьэм игъоу елъытэ.

Загъорэ, гущыIэм пае, «ахъщэ жъгъэй дэтэдзыешъ» тэIо: «Зиусхьан, мыри сшIэ сшIоигъу, мори сшIэ сшIоигъу. Ар О уадэжьмэ къыздикIырэр, сэ унэшIу къысщыф. Сэ сыхэукъомэ, етIуанэрэу а Iофым сызщыпыхьэрэм, сиIоф къерэкI». Тежэным ычIыпIэ-

кӀэ тапэ етэгъэхъу, тэрэзэу тшӀэу тыгугъэзэ. Зэрэщытын фаер: тэ, чыристанхэм, егъашӀэм къытщыхъурэмкӀэ тызекӀо хъущтэп, тэ зытет шъыпкъэр тшӀэн фае. Тхьэр зыфаер, сыд фэдэрэ ӀофкӀи Ежь зыфаер тшӀэныр ары, Тхьэм гухэлъэу къытфыриӀэр. Ау Ежь ыдэжь къимыкӀырэ Іофыгъом, Ежь зыфэмые Іофыгъом ныбжьи ынэшӀу къыщифыщтэп, а Іофыгъор Ащ ныбжьи къыбдигъэхъущтэп.

Сыда адэ Тхьэм ыгу хэлъыр мырэущтэу зиӀокӀэ: *«Сэ о умышӀэрэ, узылъымыӀэсышъурэ Іоф ин дэдэхэр озгъэлъэгъущт?».* ТелъэӀу зыхъукӀэ, Ежь зыфаер зэдгъэшӀэным тыпылъэу, ІофыгъуитӀур къытфызэӀуихы шӀоигъу. АпэрэмкӀэ, Ащ Ежь зыкъытигъэшӀэным фай, Фил.3:7-8 зэритым фэдэу: *«Ау джы Христос зыфэдэр зэзгъэшӀэным пае, Іофхэу зишӀуагъэ къэкӀощтыгъэхэм пкӀэ ямыӀэжьэу сэлъытэ. Шъыпкъэ, Іоф пстэуми пкӀэ ямыӀэжьэу сэлъытэ. Сыда пӀомэ си Зиусхьанэу Христос Исус зыфэдэр зэзгъэшӀэныр Іофхэу щыӀэ пстэуми анахьи нахьышӀу. Ежь сыфэлэжьэным пае, зэкӀэри хэсынагъ, Іоф пстэуми пкӀэ ямыӀэжьэу сэлъытэ, Христос сиӀахьышӀу хъуным ыкӀи ежьыр сыгу илъыным пае».* ЯтӀонэрэмкӀэ – лъэкӀышхо Ежь зэриӀэр къытигъэлъэгъуныр ары, Иуан 15:16 зэритым фэдэу: *«Джащыгъум сэ сцӀэкӀэ сыд щыщкӀи Ты лъапӀэм шъуелъэӀумэ, ащ шъо къышъуфишӀэщт».* Тхьэм зыфэбгъэзэнымрэ Ащ илъэкӀ зыфэдэр зэбгъэшӀэнымрэ анахь шӀоигъоныгъэ ин щыӀэна?

## Тэ Тхьэм ынапэ зыфэдгъэзэн фае

Ежь ынапэ къытигъэлъэгъуныр ары, апэрэмкӀэ, Тхьэр зыфаер. Ащ пае тэ, чыристанхэм, гухэлъэу тиӀэн фаер – Ежь зыфэдэр зэдгъэшӀэныр ары. Ащ пае титхьэлъэӀу мыщ фэдэ гущыӀэхэмкӀэ къедгъэ-

жьэн фае: «Зиусхьан, О пфызэшIомыкIын зэрэщымыIэм пае инэу щытхъу пфэсэшIы. Щытхъу пфэсэшIы О умышIэрэ зи зэрэщымыIэмкIэ, къыуасIомэ сшIоигъори О зэрэпшIэрэмкIэ. Щытхъу пфэсэшIы О тыдэкIи узэрэщыIэм ыкIи сэ сызэрэмыбгынэрэм пае. О уапашъхьэ сиуцо хъумэ, сыгуи слъэгуанджи уитахътэ фэсэуфэх, О уигукъабзагъэ, О къызэрэтфэбгъэгъурэм, О гукIэгъу къызэрэтфэпшIырэм рэзэныгъэшхо афысиI. О зэкIэ КъэзыгъэшIыгъэ ин дэдэу, зэкIэ ЩызыгъэIэрэ ин дэдэу, цIыфхэр ин дэдэу шIу зылъэгъоу узэрэщытым шIошъхъуныгъэшхо афысиI. Тятэ лъапI, О лъэкIышхоу уиIэмрэ уигукъэбзагъэрэ зэхэсшIыкIыхэзэ, уапашъхьэ сеуцо. Сыуибыным фэдэу шъхьэкIэфэшхо О къыпфэсэшIы, сищыкIэгъэ тIэкIу-шъокIухэр сэбгъэгъотынхэм нахьи нахьыбэ О зэрэпшIэщтыр сэшIэ».

Джащ фэдэ хьазырэу тэ Тхьэм ыпашъхьэ тиуцон фае, ау тэ зэрэтшIырэр нэмыкI: апэрэмкIэ тищыкIэгъэ цIыкIу-шъокIухэр тапэ идгъэшъхэзэ Тхьэм ыпашъхьэ теуцо, нэмыкI нахь мэхьанэ зиIэ Iофыгъохэм тапылъынэу уахътэр тфимыгъэкъоу. Тэ сыдигъокIи анахь мэхьанэ зиIэ Iофыгъохэм уахътэ къафыхэдгъэкIырэпышъ, мыр къыдгурыIорэп: тэ Тхьэм телъэIу зыхъукIэ, Тхьэр зыфэдэр зэхытигъэшIыкIыным Ежь фай.

## Ежь ыкIуачIэ Тхьэм къытегъэлъэгъу

ЯтIонэрэмкIэ, Ащ изэшIокIи, тэ къытфишIэнымкIэ зыфэхьазырри Тхьэм тэ къытигъэлъэгъу шIоигъу. Ежь игущыIэкIэ тыгу къегъэкIыжьы Ащ блэкIыгъэм ышIагъэр, Библием ищысэхэмкIэ къытегъэлъэгъу цIыфхэм ящыкIагъэхэр Ащ зэраригъэгъотыгъэр, ахэр къызэриухъумагъэхэр. Тэри телъэIумэ, Ар фэхьазыр ащ фэдэхэр тэри къытфишIэнхэу.

Мы пычыгъом гущыӀэхэу *«узылъымыӀэсышъун Ӏоф ин дэдэхэр»* зыфиӀоу къыхафэрэм къикӀырэр, тэрыкӀэ шъэфэу, тинэплъэгъу имытэу, къэшӀыхьагъэм ыкӀыб щыӀэр ары. Къэлэ пытапӀэхэм афэгъэхьыгъэу мы гущыӀэр агъэфедэ. Нахьыпэм тэркӀэ шъэфэу щытыгъэр, Тхьэм телъэӀу зыхъукӀэ, Ежь къытфызэӀуихынэу Тхьэм къытеӀо.

ЗэрэхъурэмкӀэ, а гущыӀэхэм джыри къытагъашӀэ – джэуап зырызхэр Тхьэм телъэӀу зыхъукӀэ ары ныӀэп къэдгъотынхэ зытлъэкӀыщтыр. НэмыкӀ хэкӀыпӀэ горэми – тхылъи, шъэогъуи, упчӀэжьэгъуи орэхъу – ахэр къытатынхэ алъэкӀыщтэп. ШӀэныгъэ гъэнэфагъэхэр Тхьэм ыдэжь къикӀынхэ фае. Сыд фэдэ акъылышӀуагъи икъэкӀуапӀэр Тхьэр ары. Унэгъо тхьапш къызэтенэни, яунэгъокӀоцӀ проблемэхэм язэшӀохынкӀэ Тхьэм иджэуапхэм ахэр алъыхъущтыгъэхэмэ? Пхъу, къо тхьапша яунэ къамыбгынэу къинэщтыгъэр, ахэмэ ятэ-янэхэр Тхьэм еупчӀыжьыщтгъэхэмэ, ятэ-янэхэм а проблемхэр Тхьэм фагъэзэщтыгъэхэмэ? Ау, псынкӀэу типроблемэхэр зэшӀотхынхэм тыпылъэу, тэ Тхьэм иджэуапхэм тяжэным тыфэмыеу бэрэ къыхэкӀы.

ТищыкӀэгъэ тӀэкӀу-шъокӀухэр къытфишӀэнхэм, тызэрелъэӀухэрэм яджэуапхэр къытитыжьын къодыем къащыуцунэу Тхьэр фаеп. Ар зыфаер тэ тишӀулъэгъу. Ащ ищыкӀагъэр тэ тыгу. Ар тэ тищыӀэныгъэ хэтынэу фай. Шъыпкъэ, Ар тэ къытэджэ типроблемхэми тигумэкӀхэми апае телъэӀузэ, Ежь етхьылӀэнхэу, ау Ежь Зыщыщри, фызэшӀокӀын ылъэкӀыщтыри тэ къызыдгурыӀуахэрэм ыуж. Ащ ыуж ары ныӀэп титхьэлъэӀухэм яджэуапхэр Ащ къыритыжьынхэм тицыхьэ телъэу тызыгугъэщтыр. Ащ ыуж ары ныӀэп Ащ ыӀэ имызакъоу, ынапи тызылъыхъущтыр.

Сыпасторышъ, джэуапмэ салъыхъоу бэрэ Тхьэм ыпашъхьэ сеуцо, – Ащ ыдэжь закъу ныӀэп ахэр къызыщыбгъотыщтхэр. А джэуапхэр зэхьылӀагъэхэр

непэрэ мафэм ипроблемхэр арынкIи мэхъу, къэкIорэ тхьамафэм е къэкIорэ мазэм иIофхэр арынкIи мэхъу. Тхьэм сызеупчIыкIэ, Ащ сыдигъуи игуапэу джэуап къыситыщтыгъ. Шъыпкъэ, сэ сипIалъэ Ащ ренэу къытыригъэпсыхьэрэп, ау Ар зыкIи къэгужъорэп.

1969-рэ илъэсым цIыфмэ яшIошъхъуныгъэ икъэгъэущыжьыным ехьылIэгъэ зэIукIэу Вирджинием щыIагъэм сыкъыщыгущыIэзэ, Тхьэм Iоф гъэшIэгъон дэдэ горэ къысиIомэ зэрэшIоигъор зэхэсшIагъ. А зэIукIэхэр тхьамафэрэ кIуагъэх. Пчыхьэ къэс зэIукIэ ужым Тхьэм селъэIунэу сиунэ сыкIожьыщтыгъ. А пчыхьэмэ ащыщ горэм блокнотыр къызэдэсхи, згъэтхъызэ, хъурае дэсшIыхьагъ, ащ гъэтхъыгъитф къыхэкIыщтыгъ. Гъэтхъыгъэ IэкIапэ пэпчъ сишIошIкIэ Тхьэм сигъэшIэнэу шIоигъо Iоф тестхагъ. Аужырэ гъэтхыгъэм ыIэкIапэ упчIэ тамыгъэ тезгъэуцуагъ, сызэмыгупшысыгъэ Iофыгъо горэ ащ къизгъэкIэу.

А проблемэ шъыпкъэхэм сагъэгумэкIэу ыужырэ пчыхьэми сиунэ сихьажьыгъ. Тхьэм селъэIу зэхъум, амал зэфэшъхьафхэм сягупшысэзэ, гъэнэфагъэу Тхьэм къысигъэлъэгъугъ сипсэупIэ зэблихъунэу зэрэрихъухьэрэр. Уахътэу зыщыхъущтымкIэ Ащ сызеупчIым, Iоныгъо мазэр сшъхьэ «къилъэдагъ». Ар зыхъугъэр 1969-рэ илъэсым ижъоныгъуакIэ маз ары; Тхьэм зыфиIогъэ пIалъэр 1970-рэ илъэсым щыщ мазэу Iоныгъор арэу къысщыхъугъ, ау мэзэ заулэ блэкIыгъэу Атлантэ къалэм и Апэрэ Баптист Чылысым иунашъошI къошхэр садэжь къэкIуагъэх ахэмэ пастор сафэхъунымкIэ къысэупчIынхэу. Сиунагъуи скIыгъоу Iоныгъо мазэм и 30-м 1969-рэ илъэсым Антлантэм сыкIуагъ. СыгукIэ сыфэхьазырыным пае, пэшIорыгъэшъэу ар Тхьэм къысигъэшIагъ. Сэ сишъыпкъэу Ащ сызелъэIум, сэркIэ зэфэшIыгъагъэр къысфызэIуихыгъ.

Сыд фэдэ чIыпIэ зэжъу тифагъэми, Тхьэ зафэу, лъапIэу, шIулъэгъуныгъэшхо къытфызиIэу псэоу щы-

тым, шIэныгъэу тищыкIагъэхэр къытитын елъэкIы. Ащ тэ тыкъыгъэгугъагъ Iофыгъо ин дэдэхэу, тэркIэ зэфэшIыгъэхэу, хэшIыкI зыфытимыIэхэр къытигъэлъэгъунхэу – тэ егъашIи, сыдэу зытшIыгъэкIи, къыдгурыIон тымылъэкIыщтыгъэхэр. ШIэныгъэ пстэур тэ ткIуачIэ къыхьырэп (4 Мусэ 29:29), ау шIэныгъэу тищыкIагъэр Тхьэм тызелъэIукIэ, къытитыщт.

Христос игупшысакIэ тиIэ охъуфэ, тиакъыли тыгуи Тхьэм шIэныгъэ къарилъхьэ шIоигъу. Тхьэр тшIошъ зэрэхъурэм пае, дунаим ипсэкIодхэм «хьау» ятIоным Ар фай. Тэ шIошъхъуныгъэу тиIэр нэмыкIхэм адэдгощы хъумэ, джары анахьэу кIуачIэ тиIэ зыхъурэр. Тхьэм тигъэшIапхъэхэр къытIэкIэхьанхэм пае тызыхэт Iофыгъо закъохэм тащымыгугъэу, Ежь игущыIэхэм тащэгугъы. Тхьэм тедэIоу зедгъасэмэ, фыщытыкIэу Ащ фытиIэхэм гъэшIэгъонэу захъожьыщт.

## Тхьэр зыфаем теуцолIэныр ищыкIагъ

Тхьэм сыд къыIуагъэми, къыкIэлъэIугъэми Iо хэмылъэу тэ тыфэIорышIэн фае. Сыд пае? Арэу щымытмэ тызыкIэлъэIурэр Тхьэм къытфишIэ зэпытмэ, тызэрэфаем тетэу тыфэIорышIэмэ, Ащ илъэшыгъэ, иинагъэ Сантэ-Клаусэ иинагъэ блэмыкIэу, тызыфэе пстэур едгъашIэу дгъэфедэни. ТыфэIорышIэныр ары анахь ищыкIагъэр.

Тхьэр зыфаер къыбгурыIонэу джэуап умыгъотэу бэрэ упылъыгъэмэ, о угу уплъэкIужь. Зы лъэныкъо горэ уипсэукIэкIэ Тхьэм уфэмыIорышIэу хэтмэ еплъ. А упчIэр зыбгъэнафэкIэ, о чIыпIэ зибгъэуцуагъэ хъугъэ Тхьэм ынэшIу къыпщыфэн ылъэкIынэу. О пшъхьэкIэ узыфаехэр нахь псынкIэу щыбгъэзыехэу Тхьэр зыфаем зептымэ, Ащ нахь псынкIэу уищыкIэгъэ шIэныгъэр къыуитыщт. Тхьэм игущыIэхэр

къызыкIытитыхэрэр ахэмэ тяплъын къодыеу арэп, дгъэцэкIэнхэуи ары нахь. Арышъ, ишъэфхэр къытфызэIуихыным пае, Ащ тицыхьэ телъын фай, Ежь зыфаем зэрэщытэу теуцолIагъэу.

ОрыкIэ хьылъэ упчIэ къин дэдэхэм уищыIэныгъэ уащыфэзыгъ шIуа? О узгъэгумэкIэу, нэшхъэигъэм ухэзыщэрэ къиныгъохэм уяутэкIыгъ шIуа? Тхьэм къыIуагъ: *«Уемызэщэу къысэлъэIу Сэ – ыкIи Сэ джэуап остыщт, о умышIэрэ, узылъымыIэсышъурэ ин дэдэ Iофыгъохэр озгъэлъэгъущт».*

Тхьэм ынапэ тылъэхъумэ, Ар зыщыщри, ышIэнэу зыфэхьазырри, фызэшIокIыщтыри тшIэ зыхъукIэ, Ащ тэ тызыхэт пщагъохэр зэбгырифыщтых. Тэ тшIэн фаер Ащ къытигъэлъэгъущт. Тхьэм сыд къытиIуагъэми тыфэIорышIэнэу тыфэхьазыр шIуа? Арымэ, Тхьэм тыдэгущыIэным зедгъэсэнымкIэ апэрэ лъэбэкъур тшIыгъахэ.

# 2

# КъызэкIакIо уимыIэу Тхьэм уелъэIуныр

*Пчыхьэ къурмэншIыгъом пегъымбар Иляс къакIэрыхьи къыIуагъ: «Зиусхьанэу, Ибрахьим, Исхьакъ, Израил я Тхьэр! О зы закъом Израилым узэри-Тхьэри, сэ сызэрэуиIорышIэри, О къызэрэпIуагъэм фэдэу зэкIэ зэрэсшIыгъэри непэ арэшI!. Джэуап къысэтыжь, Зиусхьан, джэуап къысэтыжь! О, Зиусхьан, узэрэ-Тхьэри агухэр зэрэзэпырыбгъэзагъэхэри арэшI!» Ащ дэжьым Зиусхьаным имашIо къехи, къурмэнгъэстынри, пхъэхэри, мыжъохэри, ятIэри, дэтIыкIыгъэм псэу дэтыри ыдырыгъэх. Ар залъэгъум цIыфхэм анэIухэр егъэзыхыгъэу пстэуми чIыгум зытырадзи, къаIуагъ: «Зиусхьаныр ары Тхьэр, Зиусхьаныр ары Тхьэр!»*

1 Пачъыхьэхэм 18:36-39

Ахьаврэ Илясрэ бэ шIагъэу зэпыигъэх. Иляс Ахьаврэ Уалэм ипегъымбархэмрэ ашIонагъ. Ащ къыIуагъ: «Зитхьэ Тхьэ шъыпкъэр зэтэжъугъэгъашI. Уалэмэ, тэ зэкIэми ащ шъхьэкIафэ фэтшIыщт. Иеговмэ, тэ зэкIэми Ащ ыуж тихьащт».

Иляс къыIуагъэр къекIоу ылъыти, Ахьавэ ащ дыригъэштагъ. КъурмэншIыпIэ ыгъэуцунышъ, къурмэныпхъэ тэрэзыIуи къыхихынэу Иляс Ахьав елъэIугъ. Ащ ыуж Уалэм ипегъымбархэр ятхьэ елъэIунхэ фэягъ машIом къурмэныпхъэр ыдырынэу.

Арыти, Уалэм ипегъымбархэм якъурмэншIыпIэ агъэхьазыри, ятхьэ елъэIунхэу фежьагъэх. Ахэр ятхьэ елъэIу къодыещтгъэхэп, амакъэ Iэтыгъэу куощтыгъэх, уIагъэхэри зытыращэжьыщтыгъэх, ятхьэ зыкъыгъэлъэгъонэу еджэщтыгъэх. Щамыгъэтыжьыхэ

зэхъум, зэкIэмэ Иляс язэщи, акIэнакIэу ригъэжьагъ. Ахэмэ запишIыжьзэ, яупчIыщтыгъ: «Сыда къэхъугъэр? Шъуитхьэ мэчъыя? Ащ гъэпсэфакIо кIуагъа?» Уалэм ипегъымбархэр ащ нахь зэкIигъэплъыхьагъэх, ау зи зэхъокIыгъэ фэхъугъэп.

ЕтIанэ ежь чэзыур къынэсыгъэу Иляс ылъытагъ. Тхьэм икъурмэншIыпIэжъэу ащыгъупшэжьыгъэр ыгъэтэрэзыжьи, къурмэныпхъэр ащ тырилъхьагъ. Ащ ыуж, алъэгъущтыр нахь ашIошъ ыгъэхъунэу псы пхъэчай къурмэныпхъэм тырикIагъ, а дэдэр джыри тIоунае ышIыгъ, зэкIэ псыр решъуфэкIэ. КъурмэншIыпIэми къурмэнми язэрэщыт рыразэ зэхъум, Иляс итхьэлъэIу ригъэжьагъ. ЦIыфхэр ащ еплъыщтыгъэ, едэIущтыгъэх. ЗэкIэ къэзэрэугъоигъэхэм апашъхьэ Ар Израил зэри-Тхьэ шъыпкъэр къыгъэшъыпкъэжьэу, Иляс Тхьэм елъэIущтыгъ. Арыти къурмэныпхъэм имызакъоу, пхъэхэри, мыжъохэри, сапи, пси, – зэкIэ Тхьэм машIокIэ ыгъэстыгъэх (1 Пачъыхь. 18:38). Зиусхьанэу Тхьэм Ежь зыкъыгъэлъэгъуагъ.

Ар – шIошъхъуныгъэ зыхэлъ тхьэлъэIу щысэ дах. Тхьэм елъэIуным пае, зы къогъупэ гупсэф горэм Иляс зыкъуигъэбылъыхьагъэп, етIанэ тхьэлъэIум иджэуап Тхьэм къыритыжьыгъэу зэкIэмэ къариIонэу. Арэущтэу ышIыгъагъэмэ, ащ ыIорэр зыми ышIошъ хъуныгъэп, цIыфхэм апашъхьэ зыкъыщигъэлъэгъонымкIэ Ежь Тхьэми амал иIэныгъэп.

Ау Уалэм ипегъымбархэм апашъхьэ къурмэншIыпIэр щигъэпси, псыкIэ дэгъоу зегъэшъокIым, зэрымыкIыжьышъун чIыпIэ Иляс зыригъэуцуагъ. Е Тхьэр Iофым къыхэхьан фэягъэ, е тхьэ щымыIэм фэлажьэу Иляс агъэмысэщтыгъэ. Джарэущтэу, зимыгъэпагэу, хэкIыпIэ имыIэу, гуIэзэ ар Тхьэм еджагъ, ащ иджэуапэу Тхьэм машIо уашъом къыригъэхыгъ. Иляс ишIошъхъуныгъэ зи шъэф хэлъыгъэп, ащ къыхэкIыкIэ, зэкIэми алъэгъоу, кIочIэшхо егъэ-

лыягъэ Тхьэм зэрэхэлъыр къыгъэлъэгъуагъ. Иляс зыкӀэхъопсыщтыгъэр къыдэхъугъ, цӀыфхэм мырэущтэу заӀом: «Зиусыхьаныр – Ар Тхьэ». Ащ ыуж Иляс къыгурыӀуагъ зыфэягъэр къызэрыдэхъугъэр.

## Джыри зы щыс

Илъэс заулэкӀэ узэкӀэӀэбэжьмэ зы дунэе шӀушӀэ зэхэт куп горэм тхьамэфэ конференцие ежь яшӀушӀэ купхэм апае зэхищэгъагъ. Ащ хэлэжьагъэхэм анахьыбэхэм якъэралыгъо икӀынхэмкӀэ ар ауж ыпкъэрэ конференциеу хъун ылъэкӀыщтыгъэ, сыда пӀомэ ахэмэ яӀэшъхьэтетхэм диным пэшӀуекӀорэ еплъыкӀэхэр яӀагъэх.

Бирмэ щыщэу шӀушӀэным пылъ горэ, Оуан Лей ыцӀэу, къэралыгъом икӀынымкӀэ фит ашӀынэу илъэс фэдизрэ пылъыгъ, ау тхылъ къыратынэу зэрялъэӀурэр щагъэзые зэпытыщтыгъ. Конференцием зыщыкӀогъэ апэрэ пчыхьэм, зэкӀэ егъэжьэпӀэ-къызэӀухыгъо гущыӀэхэр зауххэм, зы пастор горэ кафедрэм къыдэкӀуаий, шӀошъхъуныгъэ иӀэу къыӀуагъ Бирмэм щыщ ишъэогъур мыщ Тхьэм зэрэщилъэгъу шӀоигъор.

Зыми гущыӀэ къыӀоным игъо фимыфэу, а лӀы хэкӀотэгъэ шӀагъом итхьэлъэӀу ригъэжьагъ. Ащ шэйтаныр рипхынэу фежьагъ, етӀанэ Ӏэшъхьэтетхэу тхылъ къезытын фаехэм яеплъыкӀэ зэбларигъэхъунэу Тхьэм елъэӀоу ригъэжьагъ. Ар такъикъ тӀокӀэ фэдизэ Тхьэм елъэӀуи, етӀанэ ичӀыпӀэ тӀысыжьыгъэ. Охътэ заулэм кӀым-сым къэхъуи, етӀанэ конференцием иӀофшӀэн ригъэжьэжьыгъ.

Сыхьатрэ ныкъорэ фэдиз тешӀагъэу, шхапӀэм къычӀэхъушъути, бзылъфыгъэ горэ унэм къилъади, къыӀуагъ: джыдэдэм Бирмэ къырашӀыкӀи, телефонкӀэ къаӀуагъ, Оуан Лей якъэралыгъо къикӀын фитэу тхылъ къыратыгъэу. Иляс фэдэу, а лӀы хэкӀотагъэм

ышIэщтыгъ гушхоныгъэ хэлъэу Тхьэм зэрелъэIун фаер.

## Тхьэм тыкъызэригъэгугъагъэхэр Iэубытыпlэ зыфэтэжъугъэшI

Шъуегупшыс, тыкъызэригъэгугъэгъэ тхьапша тхьэлъэIум ехьылIагъэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытыр. Ахэмэ ащыщэу тхьапша тэ мафэ къэс дгъэфедэрэр? Ащ ычIыпIэкIэ тищыкIагъэхэмрэ типроблемэхэмрэ яхьылIагъэу тэтхьаусыхэ. Тхьэм итахътэ зэрыт унэшхом тэ лъэпэпцIыеу къыщэтэкIухьэ, тызыфэе шъыпкъэмкIэ телъэIунэу тыщынэзэ. Ащ тыкъызэригъэгугъагъэхэр тщыгъупшэжьыгъэхэу, тэ зытпIытIымэ-зытфызызэ тыкъэкIо.

Ау, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытэу, тэ гушхоныгъэкIэ, тымыщынэу Тхьэм ыпашъхьэ тиуцон фае Евр.4:16 зэритым фэдэу: *«Арышъ, IэпыIэгъу тищыкIагъэ зыхъукIэ, Тхьэм гукIэгъу къытфишIынэу ыкIи ынэшIу къытщыфынэу, гукIэгъуныгъэ зиIэ Тхьэм итIысыпIэ лъапIэ гушхоныгъэ тиIэу тыIужъугъахь».* ТхьэлъэIур зытыухкIэ, Тхьэм иджэуап тежэн фае. Тхьэр фаеп тыщынэнэу е тызыфэныкъор дгъотынымкIэ джэуап къытитыжьыным техъырэхъышэнэу. *«Сыда пIомэ Тхьэм ежь ы-Псэ ЛъапIэу тыгу къырилъхьагъэм щынагъо тыгу илъэу ыгъэхъурэп, лъэкIыныгъэ, шIулъэгъуныгъэ, зыщыIэныгъэ тыгу илъэу егъэхъу нахь»* (2 Тим.1:7).

*«Сыда пIомэ дин пэщэшхоу тиIэр лъэкIыныгъэ зэрэтимыIэр зыгурыIон зымылъэкIырэ дин пэщэшхор арэп. Шэйтаным псэкIод тигъэшIэнэу зэрэпылъым фэдэу, лъэныкъо пстэумкIи тидин пэщэшхуи псэкIод ригъэшIэнэу пылъэу щытыгъ, ау псэкIод зи ригъэшIэшъугъэп. Арышъ IэпыIэгъу тищыкIагъэ зыхъукIэ, Тхьэм гукIэгъу къытфишIынэу ыкIи ынэшIу къытщи-*

*фынэу гукIэгъуныгъэ зиIэ Тхьэм итIысыпIэ лъапIэ гушхоныгъэ тиIэу тыIужъугъахь.* (Евр. 4:15-16). Христос – Тхьэмрэ тэррэ тызэзыгъэшIужьырэр ары. Тхьэм зызыфэдгъазэкIэ, Христос ишъыпкъагъэ тиIэубытыпIэу тэкIо нахь, тэ тишъыпкъэныгъэу зыфатIорэм тыщыгугъырэп, ащ къыхэкIэу, тэри Христос ифитыныгъэхэм афэдэ фитыныгъэхэр тиIэхэу Тятэ ыпашъхьэ тиуцон тэлъэкIы. Джащ тегъэпсыхьагъэу тэри тымыщынэу, гуфит-шъхьафитэу Тхьэм ыпашъхьэ тихьан тлъэкIыщт. Тэ аущтэу Христос тызэрэфыщытым ихьатыркIэ, титхьэлъэIу кIуачIи, фитныгъи хэлъэу дгъэпсын тэлъэкIы. Тхьэр титхьэлъэIу къызэредэIущтым тицыхьэ телъ.

## Иосафат ищыс

Джыри ащ фэдэ тхьэлъэIоу зы щысэ зэхэтфын. Тхьэм ицIыфлъэпкъ гъэрэу ыштэн гухэлъ иIэу, нэмыкI къэралыгъо горэм идзэшхо къежьагъэу къэбаркIэ Иосафат зэхихыгъакI. Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт: Иосафат къэщтагъэти, къэралыгъом щыпсэурэ цIыфхэм зэкIэми анэкIынэуи, тхьэлъэIу ашIынэуи яджагъ. ГумэкIэу, ыгу кIодыгъапэу ар Зиусхьаным зыфигъэзагъ. ПIопэн хъумэ, Тхьэм ар елъэIущтыгъ: «О, уашъом щыIэ Тхьэ, Орыба Зиусхьанэу дунаим тет цIыф лъэпкъ пстэуми яIэр? Тэ кIуачIэ тиIэп. Тэ тфэлъэкIыщт закъор – тигугъэхэр зэкIэ О къыпфэдгъэзэнхэр ары (еплъ 2 Паралип. 20:6-12). Иосафат итхьэлъэIу Тхьэм зэхихи, израилхэм япыихэм ежь-ежьырэу заукIыжьынэу ышIыгъ.

ЦIыфхэм нахь къахэщыхэу, щынэ амышIэу, гушхоныгъэкIэ Тхьэм пэблагъэ зызышIхэрэм Илясрэ Иосафатрэ ащыщыгъэх; ахэмэ ятхьэлъэIухэм Ежь Тхьэм ищытхъу къэIэтыгъэнымкIэ яшIуагъэ къэкIуагъ. Ау сыдэу бэрэ тэ Тхьэм ыпашъхьэ тихьэра,

тиамалынчъагъэрэ зэшIокIэу тимыIэмрэ яхьылIэгъэ тизэхашIэхэм зяттэу? Тэ тэIо: «А Зиусхьан! Сэ сищыкIагъэхэр О ошIэх, арышъ, сыпщэгугъы о ахэмэ зыгорэ япшIэным. Ар – текIоныгъэ тхьэлъэIоп, къызэрэптекIоных нахь.

## ЛъэкIи тетыгъуи тэ Тхьэм къытхилъхьагъ

ЛъэкIи тетыгъуи зыхэлъ тхьэлъэIу зытIокIэ, ащ къидгъэкIырэп тэ тыбгъэ къидгъэуцукIэу Тхьэм ыпашъхьэ тиуцоу, Ежь зыфаер щыдгъэзыеу, тэ тызыфаем тыкIэдэуныр. Тетыгъом тэ къидгъэкIырэр нэмыкI шъыпкъ. Христос къыIуагъ: *«Уашъоми чIылъэми тетыгъошхор зэкIэ щысиIэу сIэ илъ».* (Маттэ 28:18). Урым гущыIэу «exousia» зыфиIоу «тетыгъо»-кIэ зэрадзэкIыгъэм къикIырэр Христос лъэкIи тетыгъуи зэриIэр тыди щигъэфедэныр ары, Ежь зэрэфаеу, шъхьафитэу, пэрыохъунчъэу. А тетыгъор ыгъэфедэнымкIэ гъунэнчъэ кIуачIи, гъунэнчъэ шъхьафитыныгъи Ащ иI.

*«Ау Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэр къызышъуфехыкIэ, лъэкIыныгъэ шъуиIэ хъущт».* (Апостол. 1:8). ГущыIэу «лъэкI» зыфиIоу мы сатырхэм ащыгъэфедагъэр нэмыкI урым гущыIэу «dynamis» зыфиIорэм къытекIы. Ащ къырагъэкIырэр Тхьэм илъэкIышхоу мы дунаим щымыщэу амал ин дэдэр пхэлъэу зыгорэ Исус Христос ыцIэкIэ бгъэцэкIэныр ары. Тхьэм илъэкIи иамал гъунэнчъэхэри Христос хэлъыгъэх ыкIи хэлъых; Ежь зыфаер дгъэцакIэмэ, Тхьэм илъэкI къытхелъхьэ. Зэрэщытыр, Христос Ежь игъогу рыкIохэрэр (Маттэ 28) зеIофтэхэм, ахэр кIуагъэх, ящыкIэгъэ тетыгъор къызэраритыщтым яцыхьэ телъэу. Маттэ 28:18-20 Исус къызэриIорэр ит: *«Уашъоми чIылъэми тетыгъошхор зэкIэ щысиIэу сIэ илъ. Арышъ, шъукIохи, лъэпкъ пстэури сигъогу къытежъугъэхьэх. Ты лъа-*

*пIэми, ы-Къуи, Тхьэм ы-Псэ ЛъапIи ацIэкIэ шъуумэхъыхи, унашъохэу шъосIуагъэхэр зэкIэ агъэцэкIэнхэу яшъуIу. ШъыпкъэмкIэ дунаем икIэух нэсы сэ ренэу сышъуигъусэщт».* Уашъоми чIылъэми Христос тетыгъо зэращыриIэм къыхэкIэу, Ащ а тетыгъо шъыпкъэр тэри къытитын ылъэкIыщт.

А хэбзэ лъэкIыныгъитIум яхьылIагъэу Къэбарыш Iум Лукэ къыщыхегъафэ (9:1): *«Исус игъогу рыкIорэ пшIыкIутIур зэIуигъакIэхи, цIыфхэм джынапцIэхэр ахафынхэуи, яузхэр агъэхъужьынхэуи лъэкIыныгъэрэ («dynamis») тетыгъорэ («exousia») аритыгъ».* Ежь зыфаер агъэцэкIэным пае, Тхьэм илъэкI Исус игъогу рыкIохэрэм аритыгъ. А лъэхъаным ахэмэ амал агъотыщтыгъ Тхьэм апшъэ къырилъхьэгъэ унашъор агъэцэкIэн алъэкIынэу. Ау амал къодыер икъущтыгъэп: ахэмэ лъэкIырэ тетыгъорэ яIэн фэягъ джынапцIхэмрэ узыхэмрэ зэратекIощтхэр аIотэным пае. Арыти, Христос ахэмэ ащ фэдэ фитыныгъэ аритыгъ.

Зыгорэ дгъэцэкIэнэу Тхьэм къызытфигъэшъуашэкIэ, ищыкIэгъэщт пстэумкIи Ащ теуIэшы. ЩыкIагъэ тиIэ мыхъузэ, тищыкIагъэхэр Ащ ешIэх. Ащ къытхилъхьэгъэ тетыгъори лъэкIыри зэрэтымыгъэфедэрэр ары тэ проблемэу тиIэр. Ащ къыхэкIыкIэ титхьэлъэIу щыIакIэкIэ джэуапхэр къытIэкIахьэрэп, тыкIэгъожьы; ар аущтэуи ыпэкIэ лъыкIотэ зэпыщт Тхьэм иIоф тэ ткIуачIэкIэ зэшIотымыхэу, Тхьэм ыкIуачIэкIэ зэшIотхы охъуфэ.

ШIошъхъуныгъэ зиIэ цIыф пэпчъ бгъэшIэгъонэу, мы дунаим щымыщ тетыгъо ин дэдэ Тхьэм къыритыгъ. Арэу щыт нахь мышIэми, тэ джыри кIочIаджэу тэпсэу, кIуачIэ зыхэмылъ тхьэлъэIухэр тэшIых, пкIэ зимыIэ Iофхэр тэгъэцакIэх. Ащ къыхэкIыкIэ, чылыс зэIукIэр хъыбый, ыкIи чылыс зэIукIэр хъыбыимэ, хэгъэгоу тызэрисми кIуачIэ иIэщтэп. Тхьэм ицIыф зырызхэми, чылыс зэIукIэр зэрэщытэуи ашIэнэу Тхьэр къызажэрэр, егъашIи ашIэшъущтэп,

Тхьэм илъэкIырэ итетыгъорэ къаритынэу елъэIуфэхэ. Тхьэм иIофхэр дгъэцэкIэнымкIэ Тхьэм илъэкIырэ Тхьэм итетыгъорэ ары амал къытэзытхэрэр, тэзгъэлъэкIыхэрэр.

А тетыгъом тэ тызыфэе Iоф горэхэр Тхьэм къытфишIэнхэм пае едгъэзын тыфитэу амал къытитырэп. Илясрэ Иосафатрэ ятхьэлъэIумэ тызяплъыкIэ, нафэ къытфэхъу ахэмэ езэгъыхэу, еуцуалIэхэу зэхэшIэ куу зэрахэлъыр. Мы пегъымбархэр гушхоныгъэкIэ, ау замыгъэинэу Тхьэм ыпашъхьэ ихьагъэх. Тетыгъо тиIэу Тхьэм телъэIу тшIоигъомэ, пэгагъэ тыгу илъ хъущтэп. Пэгагъэ тыгу имылъыным къикIырэр Тхьэм тезэгъыныр ары, тызыщыщми, тфызэшIокIыщтми ялъытыгъэу. Пэгагъэ тыгу имылъмэ, тэ къыдгурэIо зыгорэкIэ Тхьэм унашъо фэтшIын зэрэтымылъэкIыщтыр. Зэрэщыт шъыпкъэр, тэ тыгуIэу Ащ теджэ, тиIофыгъо къинхэм Ащ ынаIэ къатыригъэтынэу.

Тэ титхьэлъэIухэм бэ агъэхъэнэу, Тхьэр къыддэIэпыIэнэу тыфаемэ, ахэмэ кIуачIи тетыгъуи ахэлъын фай. Тетыгъо тимыIэу Тхьэм телъэIумэ, гузэжъогъу титхьэлъэIухэм ахэлъыщтэп. Аущтэу хъумэ, шэйтаным тэ амал етэты Iофым кIуапIэ имыIэу тыкъыгъэуцунымкIэ. Гузэжъогъу тимыIэу Тхьэм телъэIумэ, тыгу мэкIоды, тыкъызэкIэкIонэу ушъхьагъу нэкIхэр къэтэгъотых. Гузэжъогъу тимыIэмэ, тшъхьэ гощыгъэ мэхъушъ, тызфелъэIурэм тынаIэ тедгъэтын тлъэкIырэп. Бэрэ къыхэкIыгъэн фае, мэхьанэ зимыIэ гущыIэ пкIэнчъхэу, кIашъом нахь лъагэу дэмыкIуаехэрэр къашъуIохэу. ТитхьэлъэIухэм гузэжъогъу ахэмэылъмэ щыкIагъэ яIэшъ, Тхьэм дэжь кIоцIырыдгъэкIын тлъэкIырэп. А щыкIагъэу яIэхэм, гузэжъогъу хэмылъэу тызэрелъэIурэм, шэйтаным зыфэе пытапIэр раты титхьэлъэIухэр мэхьанэнчъэ шъыпкъэ шIыгъэнхэмкIэ, ахэмэ кIуачIэу яIэр хэгъэзыгъэнымкIэ.

## ТхьэлъэIур – тэ тигушъхьэлэжь зэуапI

Тэ титхьэлъэIу псэукIэ зэщигъэкъоным сыда шэйтаныр зыкIыфаблэрэр? Апостол Паул къыIуагъ: *«Сыда пIомэ тэ тызэзаохэрэр лымрэ лъымрэ къахэхъукIыгъэ цIыфхэр арэп, ау джынэпцIэ Iэшъхьэтетхэри, тетыгъо зиIэхэри, мы дунэе шIункIым ипэщэшхо джынапцIэхэри, бзэджагъэм иджынапцIэу ошъо лъэныкъомкIэ щыIэхэри ары“* (Еф. 6:12). Тычыристаныщъ, тэ гушъхьэлэжь заом тыхэлажьэ, а заом тызыхэлажьэкIэ шэйтаныр гумэкIыгъо хэтэдзэ. Адрэ тшIэрэ пстэуми шэйтаныр агъэгумэкIырэп. Тэ лъэгуанджэкIэ тыщыт зыхъукIэ, щынагъо тызэрэфэхъурэр шэйтаным ешIэ. ТхьэлъэIур ащкIэ ежь анахь зыщыщынэрэ Iаш, ары ыкIи а тхьэлъэIу шъыпкъэм нахьыбэмкIэ ар зыкIебэнрэр. ШIушIэ ин дэдэ тэ тэгъахъэ лъэгуанджэкIэ тыщыт хъумэ; ащ фэдэу тыщыт зыхъукIэ ары анахь къыттебэнэрэ кIуачIэхэр къызытпэуцухэрэр.

Тхьэм селъэIунэу лъэгуанджэкIэ сызытIыскIэ, сыхэчъыеу уахътэ сищыIэныгъэ къыхэкIыгъ. Сэ сизэрэщыт емылъытыгъэу, Тхьэм селъэIунэу зезгъажьэкIэ, сымычъыен сфэлъэкIыщтыгъэп. СфэлъэкIыщтыр зэкIэ сшIэщтыгъэ, ау зыми ишIуагъэ къакIощтыгъэп. Библием седжэнымкIэ проблемэ сиIагъэп, ау сыхэмычъыеу такъикъыпшIи Тхьэм селъэIун слъэкIыщтыгъэп.

Ар аущтэу зыкIэхъурэр Зиусхьаным къысегъэлъэгъуфэкIэ, а проблемэм илъэс фэдизэ себэныгъ. Библиер зэзгъашIэу е цIыфхэм уарз (проповедь) афэсшIымэ шэйтанымкIэ нахьышIугъ, Тхьэм селъэIуным нахьи. Сэ пэрыохъу къысфэхъуным пае, ащ чъыер къыстыригъэбанэщтыгъэ. Пыим игухэлъ къызгурыIуи, сэ Тхьэм селъэIугъ а чъые пытапIэр зэхикъутэнышъ сакъыныгъэкIэ къысфызэблихъунэу. Проблемэр псынкIэу кIодыгъэ. СитхьэлъэIу щыIакIэ гу-

шIуагъор къыхэхьажьыгъ, чъыем сызэребэнэщтыгъэр щызгъэтыжьи, джыри сызэон слъэкIэу сыхъужьыгъ.

А шIошъхъуныгъэ бэнэныгъэм зыфэбгъэхьазырыным пае пшIэн фаер шIошъхъуныгъэ зиIэхэм апостол Паул къафызэхефы (Еф. 6:13-17). ТызэкIэмыкIоу шIошъхъуныгъэм игъогу тытемыкIыным пае ищыкIэгъэ Iэшэ пстэуур зэрэдгъэфедэн фаер ащ нафэу къегъэлъагъо. Тхьэм кIэкIэу зыфэбгъэзэным нахьи, тхьэлъэIур зэрэнахь иныр апостолым ышIэщтыгъэ. ТхьэлъэIур зэрэзэошхор ащ къыгурыIощтыгъ, ыкIи тэ ар зэрэщытэу тштэн фае. ТхьэлъэIуныр ары, пIопэн хъумэ, заом текIоныгъэр къызыщыдахырэри, къызащытекIохэрэри, ащ къыхэкIэу тэ тищыIэныгъэкIэ мэхьанэшхо зиIэр тхьэлъэIу тшIыным зедгъэсэныр ары.

Шэйтаныр къызытебанэрэр тэ тыгу етыгъэу Тхьэм тызэрелъэIурэ закъор арэп, ТхьэмкIэ шIошъхъуныгъэу тиIэри ары. Тетыгъо тимыIэу Тхьэм телъэIуфэкIэ, джэнджэшым тыгу зыкъыридзэн ылъэкIыщт. Тиджэнджэш хигъэхъоным, тишIошъхъуныгъэ зэхигъэтэкъоным пае, ыкIуачIэ къызэрихьэу шэйтаным зэкIэ ышIэщт.

Тэ изэрар къытэкIынымкIэ джэнджэшэу тхэлъыр шэйтаным егъэфедэ, пцIыр къыIозэ. ГущыIэм пае, ащ мырэущтэу ыIон ылъэкIыщт: «Ащ пае Тхьэм о уелъэIун плъэкIыщтэп. Сыд фэдэу узэплъыжьра о? Анахьыбэми о упсэкIодышIэ цIыф ныIэп. УиIоф цIыкIухэм апае Тхьэ лъапIэр бгъэгумэкIын плъэкIынэу сыд пае о къыпщыхъура?»

Проблемэу Iофым хэлъыр зэхьылIагъэр титхьэлъэIухэм тетыгъо ахэмылъэу шэйтаным тегыен, ар тыгу идгъэкIын зэрэтымылъэкIыщтыр ары. Джащ фэдэу чылысими кIуачIэ иIэщтэп шэйтаным пэуцужьынымкIэ итхьэлъэIухэм Тхьэм илъэкIрэ итетыгъорэ ахимылъхьажьымэ. Джэхьэнэмым ищына-

гъо щыщтэу, зыкIи ыкIуачIэ къымыгъэлъагъоу чылысыр щыIэным шэйтаныр фэещт. Ау ар – тэ тиунае хэукъоныгъ. Тэ тшъхьэ кIуачIэкIэ тезэонэу тыпылъ, Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ ыкIуачIэкIэ темызаоу. Тэ гушъхьэлэжь зао тыхэт, ау тыгукIи тпсэкIи кIуачIэ тиIэп. Ащ къыхэкIыкIэ тэ къыттекIох.

Чылыс зэIукIэм бэрэ тызэрэкIорэри, орэд лъапIэу къыщытIорэ пчъагъэри арэп шэйтаныр зыгъапэрэр. Тэ тизэхэтыкIи, тичылыс зэIукIэмкIи ящынагъо ащ зэхишIэрэп. Ау Тхьэм ылъэпкъ лъэгуанджэкIэ етIысэхэу, Христос ыкIуачIэрэ итетыгъорэ зыфаехэр арэу хъу зыхъукIэ, уашъохэм зекIоныр рагъажьэ, джыхьнэмри кIэзэзынэу фежьэ.

## ТизэфыщытыкIэхэр

Тетыгъо зэрэтиIэр зыдэтшIэжьэу Тхьэм ыпашъхьэ тиуцоным пае щыкIэгъитф щыI. АпэрэмкIэ, Тхьэмрэ тэрырэ тизэфыщытыкIэхэм шъыпкъэныгъэ ахэлъын фае, Ащ ы-Къо Исус Христос къыпкъырыкIэу. Тэ тетыгъоу тиIэр Христос тызэрэфыщытым зэрепхыгъэм пае, Ащ итетыгъо тэ тиIэнымкIэ, Ар тпсэми тыгуми ащыщын фае. Апэрэ лъэбэкъур – Христос ыIэмычIэ зитлъхьэу, тымыкIодэу Ащ тыкъызэригъэнэжьырэр ары.

## Тхьэм игупшысэхэр

ЯтIонэрэмкIэ, Тхьэм игупшысэхэр тэ тшIэнхэ фае. 1 Кор. 2: 11-12 ит: *„Сыда пIомэ цIыфым ыгу илъыр ежь ышъхьэ нэмыкIэу цIыфхэм ащыщэу хэт ышIэна? Ащ фэдэ къабзэу Тхьэм ыгу илъыр Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ нэмыкIэу зыми ышIэрэп. Ау Тхьэм тэ тыгухэм къарилъхьэгъэ псэр мы дунаим ыпсэ арэп, ежь ы-Псэ*

*ЛъапI ары, Тхьэм тынхэу къытитыгъэхэр къэтшIэнхэм пае“.* Тхьэм Ежь игущыIэ тхыгъэхэр къызкIытIэкIилъхьагъэр Ащ игупшысэхэр тшIэнхэр ары. Тэ къыдгурыIорэ бзэмкIэ тхыгъэу, Библием Тхьэм игупшысэхэм тащегъэгъуазэ. Тхьэм игупшысэхэр тэ тшъхьи тыгуи нахьыбэу итыубытэ къэсми, тигупшысэхэр Тхьэм иемэ нахь афэдэ мэхъух. Ащ иеплъыкIэ тэ тиеплъыкIэ мэхъу, тыкъэзыуцухьэрэ дунаим зэрэщытэу Ар зэрэфыщытыр – тэ тифыщытыкIэ мэхъу.

Ащ къыхэкIыкIэ, Тхьэр зыфаер нахь гурыIогъошIу къытфэхъу. Тетыгъо тиIэу Тхьэм телъэIунэу тыфаемэ, Тхьэр зыфаер амал имыIэу тшIэн фай. Сыда? Зыгорэм пае Тхьэм дедгъаштэу телъэIу хъумэ, тэ тэшIэшъ ары титхьэлъэIу джэуап къызэрэтитыжьыщтыр, уахътэу тешIэщтым емылъытыгъэу. Тхьэр зыфаер тэ тшIэ хъумэ, Ар къызэрэддеIэщтым тицыхьэ телъ.

УпчIэхэм тэ загъорэ тяутэкIы яджэуапхэр Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арымытхэу къытщыхъоу. Загъорэ чIыпIэ бэлахьыхэм тарэфэ, проблемэу къапыкIыхэрэм афэдэ щыIэпышъ, ахэмэ яджэуапхэм Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм тащылъыхъуным тыпымылъэу. НэмыкI чIыпIэ горэм тыщылъыхъумэ къыщыдгъотынэу тэ къытщэхъу. Ау зыфэдэ мыхъурэ проблемэ щыIэп. Хэтми тыдэми ащ фэдэ чIыпIэ ифагъэ щыI. Сыд щыщ щыIэныгъэм къыхэхъухьагъэми рызэшIопхынхэу принцип шъхьаIэхэр Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм къытфыригъэхыгъэх. Ахэр къыхэгъэщыгъэнхэм пае, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм тахэплъэныр типшъэрылъ.

Джыри зы екIолIакIэ щыI, Тхьэр къыддэгущыIэ зыхъукIэ ыгъэфедэу Библием къыхэфэрэ цIыфхэм ятхьэлъэIухэр. Джыдэдэм шъо проблемэу шъуиIэм е шъуищыкIагъэм елъытыгъэ тхьэлъэIу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытэу зыфэжъугъот, ыкIи шъузыхэфэгъэ проблемэм фэшъуашэу а тхьэлъэIур жъу-

гъэпсы. ЕтIанэ зэхэшъуф, ащ фэдэ тхьэлъэIур зышIыгъагъэм Тхьэм джэуапэу къыритыжьыгъагъэр зыфэдэр. Ар Сэлмэн итхьэлъэIункIи мэхъу – акъылышIо ышIынэу, е ар – IэпыIэгъу зищыкIагъэу куорэр арынкIи мэхъу, Иосафат къехъулIэгъагъэм фэдэу. Сыдэу щытми зыгурыжъугъаIу, ащ фэдэ цIыфхэм ящыкIагъэр къафэзышIыгъэ Тхьэм шъо шъуищыкIагъэхэри къышъуфишIынхэ зэрилъэкIырэр.

ХэкIыпIэ закъор – Тхьэр зыфаем тетэу тхьэлъэIу тшIыныр ары. Тхьэр зыфаер тшIэным пае, Ащ игупшысэхэри зэдгъэшIэнхэ фае. Ащ игупшысэхэр тшIэнхэм пае, тиакъыл Ащ игущыIэхэмкIэ тыушъэн фае. Ащ ыуж зэхатшIэу ригъэжьэщт, титхьэлъэIухэм Тхьэм итетыгъо зэрахэлъыр.

## Гу къабз

ЯщэнэрэмкIэ, тэ титхьэлъэIу тетыгъо хэлъыным пае, тэ тыгу къэбзэн фае. ЗыдэтшIэжьэу псэкIодшIагъэ гори тищыIэныгъэ хэты хъущтэп. ПсэкIодым къикIырэр шъыпкъэныгъэр уукъоныр ары. Ежь игухэлъхэм зэрэщытэу афэмышъыпкъэм Тхьэм итетыгъуи илъэкIи къыфигъэшъошэщтэп. Ау зыгорэкIэ псэкIод тIэкIэшIагъэмэ, а псэкIодым тыфыкIэгъожьэу, Тхьэм ыпашъхьэ итлъхьэн фай. Ар аущтэу зыкIэтшIын фаер Тхьэм илъэкI къызыфедгъэгъэзэжьын закъор арэп, тыгукIэ тыпсэкIэ а псэкIодшIагъэм тишъыпкъэу тыфыкIэгъожьэу, а псэкIодыр Тхьэм ыпашъхьэ итлъхьаныр ары.

Зэгорэм упчIэжьэгъукIэ зэлI-зэшъуз нэбгыритIу садэжь къэкIуагъ. Япроблемэхэр къызысфаIуатэхэм, шъузыр джынапцIэхэм зэрагъэгумэкIырэр нафэ къэхъугъ. Проблемэу яIэр зыфэдэр, сэ сиеплъыкIэ тегъэпсыхьагъэу, ахэмэ ясIуагъ, ыкIи джынапцIэр шъузым хэкIынышъ, шъхьафит хъунэу Тхьэм сыфелъэ-

Iунэу фит сашIынэу сялъэIугъ. ЗэлI-зэшъузхэр псынкIэу къезэгъхи, тхьэлъэIур едгъэжьагъ.

Мэфищ тешIагъэу а шъузым илI къысфытеуи къысиIуагъ, зэкIэри нахь дэи хъугъэу. КъызэрашIошIыщтыгъэу, шъузым зи зэхъокIыгъэ фэмыхъугъэу ары, ащ пае агуи кIодыгъэ. Ащ лъэшэу сэ сигъэгумэкIыгъ. «Сыда ситхьэлъэIу Тхьэм джэуап къызыкIыримытыжьыгъэр?» – сегупшысагъ сэ.

Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм сягупшысэнэу зесэгъажьэм, Тхьэм семыдэIугъэу, сипсэкIодшIагъэ горэ Тхьэм къысигъэлъэгъугъ. А шъузым ищыIэныгъэ шэйтаныр хэфыгъэнымкIэ ищыкIэгъэ лъэкIи, тетыгъуи а псэкIодым хьаулые зэришIыгъэр сэ къызгурыIуагъ. Зиусхьаныр къыздэIэпыIи, зэкIэри зычIыпIэ изгъэуцожьи, джыри зэ упчIэжьэгъу сафэхъунэу зэлI-зэшъуз нэбгыритIур къэсщагъ.

Ахэр къызэкIохэм джыри зэ Тхьэм телъэIугъ. Мызэгъогум зэхъокIыныгъэ гъэшIэгъон дэдэ хъугъэ. Бзылъфыгъэм ишэн зыпкъ зэримытыгъэр а сыхьатым кIодыгъэ, зыгъэгумэкIыщтыгъэр текIыгъ, итеплъэ зызэрихъокIыгъ, илI гуихыгъэу зэрэфыщытыщтыгъэм къыгъэзэжьыгъ. Ау сищыIэныгъэ зэсэгъэзэфэфэкIэ, ащ ищыIэныгъэ зэрихъокIынэу Тхьэм ылъэкIыщтыгъэп.

Тхьэм телъэIу зыхъукIэ, тэ къытпэшIуекIонэу шэйтаным псэкIодыр бэрэ ыгъэфедэнэу фежьэ. Тэ ыпэкIэ тызыфыкIэгъожьыгъэгъэ псэкIодшIагъэхэм такъыщыуцужьы зыкIэмыхъущтыр джары. Шэйтаныр фай тимысагъэ зыдэтшIэжьэу, зи пкIэ тимыIэу тыхэтыным. Ау Христос ишъыпкъагъэ ихьатыр закъокIэ тэ Тятэ ыпашъхьэ тихьэн тлъэкIыщт. Тхьэм шъыпкъагъэ тиIэу телъытэ, шIошъхъуныгъэ зэрэтиIэм пае. Фил. 3:9 зэритым фэдэу: *«Тхьэм ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ сиIэу сызкIилъытэрэм сэ IофышIухэу сшIагъэхэм яIоф хэлъэп. Сэ зыфасIорэр Тхьэм ежьым ыдэжькIэ шъыпкъагъэ сиIэу сызкIилъытэрэр Христос-*

*кIэ шIошъхъуныгъэ зэрэсиIэр ары. Тэурат хабзэм итхэр згъэцэкIэнхэм иIоф ащ хэлъэп».* Арышъ, зэрищыкIагъэу псэкIодэу тшIагъэм тызыфыкIэгъожьыгъэ ужым, а псэкIодыр зыщыдгъэгъупшэжьын фае.

## Гухэлъ къабзэхэр

ЯплIэнэрэр, тхьэлъэIум тетыгъо хэлъыным пае ищыкIагъэр гухэлъ къабзэхэр ары. Пегъымбар Иляс къыIуагъэр шъугу къэкIыжьа? «Сэ аущтэу зыкIэсшIыгъэр ошIэ, Зиусхьан. Сэ О сыуиIорышIэ, сэ зэкIэ О уигущыIэ тегъэпсыхьагъэу сшIагъэ». Уашъом щыIэ Тятэ ыпашъхьэ тэ тызихьэкIэ, шIошъхъуныгъэ фытиIэн фае, тигухэлъхэр зэрэкъабзэхэм тицыхьэ телъын фае. Тхьэр зыфаем дедгъаштэу Тхьэм телъэIун фае нахь, тэ тшъхьэкIэ тызыфаем пае телъэIунэу щытэп.

Аущтэу щыт нахь мышIэми, тэ тшъхьэ пае телъэIу къэс ар дэеу тлъытэ хъущтэп. ЗэкIэри зэпхыгъэр, тищыIэныгъэ Тхьэм ыIэмычIэ итлъхьагъэмэ ары. ТищыIэныгъэ Тхьэм ыIэмычIэ итлъхьагъэмэ, тызыкIэлъэIурэр къэдгъотыным нахьи, тэ Тхьэр зыфаер къэдгъотыным нахь лъэшэу тыпылъыщт. Тхьэр зыфаер сыд щыщми хъуным нахь тызэрэфаер Тхьэм къызишIэкIэ, Ащ Ежь илъэкI тэ къытипэсын елъэкIы. Ау тызыфэехэр къыддэхъунхэм нахь тыпылъэу Тхьэм телъэIуфэкIэ, тэ цыхьэ къытфишIы хъущтэп.

## Теубытагъэ хэлъэу Тхьэм щыгугъыныр

ЯтфэнэрэмкIэ, Тхьэр къызэрэтфэшъыпкъэмкIэ теубытэгъэ пытэ тхэлъын фае. Ащ къикIырэр, Тхьэм игущыIэхэр зэблимыххэу зыпкъ зэритхэм пае, тэри ыуж тимыкIэу тызэкIэмыкIожьэу Тхьэм телъэIун фай.

Джэуапыр къытетыжьыфэкIэ, тэ Тхьэм телъэIун фае. Тхьэр зыфаем тетэу тызэрелъэIурэм тицыхьэ телъ шъыпкъэмэ, джэуапым темыжэу титхьэлъэIу зэпыдгъэуныр тэрыкIэ къекIурэп. Охътэ гъэнэфагъэм тыгу етыгъэу Тхьэм телъэIоу бэрэ къыхэкIы, ау етIанэ тезэщымэ тIоу: «Енэгуягъо, ащ Тхьэр зыфае хэмылъыгъэкIэ». Джащ фэдэу теубытагъэ хэмылъэу Тхьэм тызэрелъэIурэр къэтэгъэшъыпкъэжьы. Тэ тетыгъо тиIэу Тхьэм телъэIу тшIоигъомэ, текIоныгъэр къыдэтэхыфэкIэ тыбэнэн фае.

Тетыгъо зиIэ тхьэлъэIур ары кIуачIэ зыхэлъыр Тхьэм тыдэгущыIэнэу зызыфэдгъазэкIэ. Ар – фитыныгъэу Христос Голгофэ ыпкIэ щити, къыщытфищэфыгъ. Арэущтэу Тхьэм телъэIунэу тызыфежьэкIэ, титхьэлъэIухэм бэ агъэхъэщт, Тхьэм гухэлъ зэрафыриIэм фэдэу. Тэ тищыIэныгъэ имызакъоу, къытпэблагъэхэм ящыIэныгъэ зэблэхъугъэ хъущт. Тхьэм итетыгъокIэ тыкъыгъэгугъагъ. Джы итхъухьэн фае, ащ ищыкIэгъэ уасэр тэ ттынэу къыттефэмэ, а тетыгъор тищыIэныгъэ щыщ тшIыным пае.

# 3

# ТхьэлъэIумрэ нэкIымрэ

*– Шъо шIушIагъэр зышъушIэкIэ, цIыфхэм тагъэшIэгъощт шъуIоу, ахэмэ алъэгъоу зэрэшъумышIэнхэм шъуфэсакъ. Армырмэ шъу-Ятэ лъапIэу уашъом щыIэм IахьышIу къышъуфигъэшъошэщтэп…*

*– Тхьэм шъуелъэIу хъумэ, нэпитIу зиIэ цIыфхэм зэрашIырэм фэдэу шъумышIы. ЦIыфхэм зарагъэлъэгъуным пае, Тхьэм елъэIухэзэ, синэгогухэми урам къуапэхэми къащыуцунхэр якIас. Шъыпкъэр шъосэIо, ахэмэ яIахьэ агъотыгъах…*

*– Ащ фэдэу шъунэкIы зыхъукIэ, нэпитIу зиIэ цIыфхэм афэдэу зышъумыгъэнэшхъэй; сыда пIомэ зэранэкIырэр цIыфмэ арагъэлъэгъуным пае, ахэмэ анахэ зэхагъахьэ. Шъыпкъэр шъосэIо, ахэмэ яIахьэ агъотыгъах. Ау о унэкIы зыхъукIэ, цIыфхэм ащ гу лъамытэу, Уятэ лъапIэу цIыфхэм амылъэгъурэм изакъоу зэрэунэкIырэм гу лъитэным пае, дэгъэ лъапIэ пшъхьэ щыф, унэгуи тхьакIы. Ащыгъум у-Ятэ лъапIэу цIыфхэм шъэфэу ашIэрэр зылъэгъурэм уиIэхьышIу къыуитыщт.*

Маттэ 6:1,5, 16-18

Семинариер къызысыухыгъэр илъэситIу Iэпэ-цыпэ хъугъэу Темыр Каролинэм ит чылыс цIыкIу горэм пасторэу Iоф щысшIэнэу сырагъэблэгъагъ. Ащ нэмыкIэу, а чылысым пэгъунэгъу библие институтыми, сыфаемэ, сыщылэжьэнэу къысаIуагъ. Сэ пастор IэнатIэри а институтым щезгъэджэнхэри зэдэзгъэцэкIэн слъэкIыщтыгъ.

Ау ащ ыпэкIэ сэ егъашIи пасторэу Iоф сшIагъэпти,

зэхэшIэ хьылъэм сигъэгумэкIыщтыгъ: Iофыр сфэмыгъэцэкIэным сытещыныхьэщтыгъ. Сишъузрэ сэрырэ Тхьэм телъэIущтыгъ, сызыфырагъэблэгъэгъэ IофшIэным тытегущыIэщтыгъ; сфэгъэцэкIэным «къыпэшIуекIорэ» пчъагъэр мафэ къэс нахьыбэ хъущтыгъэ. Сэ ясIощтым мэзиблэ къежэнэу чылысыр къезэгъыгъ, ащ ыуж нэмыкI горэ къырагъэблэгъэн алъэкIыщтыгъ.

Пасторхэм къафэтэджырэ IофыгъохэмахэсшIыкI щыIагъэп, Ащ нэмыкIэу, IофышIэхэу Библие институтым икурсхэм ащеджэхэрэм, семинариер къэзыухыгъэ къодыеу, сэнаут (опыт) зимыIэм уарзхэм афэгъэсэгъэнхэмкIэ, уарзхэр ягъэшIэгъэнхэмкIэ, къэбарышIур цIыфхэм алъыгъэIэсынымкIэ едэIунхэм фэмыенхэу къысщыхъущтыгъ.

Сэ сыгумэкIыщтыгъ. Сшъхьэ гупшысэ зэфэшъхьафхэр щызэблэкIыщтыгъэх: «Хьау, арэп Тхьэр зыфаер»; «ары, Тхьэм ыдэжьэп ар къыздикIырэр – сыда пIомэ, ащ сыкIэлъэIугъэп». Тхьэмэфэ заулэм къыкIоцI сехъырэхъышэу сыщытыгъ. Зиусхьаным иджэуап нафэу къысIэкIэхьэн сымылъэкIэу сшъхьэкIи, сизэхашIэкIи, сикъарыукIи нахь сыпшъыщтыгъэ, Тхьэм иджэуап нафэ къэзгъотын слъэкIыщтыгъэп.

Пегъымбар Даниел итхылъ пчэдыжь горэм седжэщтыгъэ. Ябгъонэрэшъхьэм дезгъэжьагъэу, гугъэ фабэм сыгу зыкъыридзагъ. КъызгурыIуагъ Тхьэр зыфэе шъыпкъэр къэзгъотынымкIэ сэ амал сиIэ зэрэхъугъэр. Тхьэм Даниел инэкI ынаIэ тыригъэтыгъэмэ, сыда Ащ сэ синэкI ынаIэ зыкIытримыгъэтын фаер?

Ащ ыпэкIэ егъашIэм сэ сынэкIыгъэп. СыкъызызэплъэкIым, къызгурыIуагъ, егъашIэм ар сищыкIагъэу къызэрэсщымыхъущтыгъэр. Ау мы такъикъым Тхьэм иупчIэжьэгъу нафэ сэ лъэшэу сищыкIэгъагъ.

Мэфищэ сынэкIи, Тхьэм селъэIуи, сегупшыси, Тхьэм игущыIэхэм сызяджэм, сыгу нахь къабзэ хъугъэу зэхэсшIагъ, а пастор IэнатIэу къысфагъэшъо-

шагъэр Тхьэм къызэрэсипэсыгъэм сицыхьэ телъ хъугъэ. Тхьэр ІэпыІэгъу къызэрэсфэхъущтым сицыхьэ пытэ телъэу а пастор Іофым сыпыхьан слъэкІыщтыгъэ.

КъэкІорэ илъэсым, мэкъуогъу мазэм, Темыр Каролинэм ит къалэу Фрутленд тыкІуагъ. Мыщ къыщежьагъ сэ сиІофшІэн – ащ ыуж сыдигъуи сищыІэныгъэ апэрэ чІыпІэр щызыубытыщтыгъэр. Мы ІофшІэным къызэрэсэджагъэхэм джы къысфызэІуихыгъ, пІопэн хъумэ, нэкІымкІэ Библием иринципхэр згъэфедэнхэ фаеу сызэрэхъугъэр.

## Тарихъыр

Тарихъым къызэриушыхьатырэмкІэ, цІыфхэу Тхьэм фаблэхэрэм сыдигъокІи къызэрэрагъажьэщтыгъэр нэкІым фэщагъэхэу ары. Джарэу щытыгъ ижъырэ пегъымбар лъапІэхэмкІи – Тэурат Хабзэр зыгъэуцугъэ МусэкІи, пачъыхьэу ДаутэкІи, пегъымбархэу ИляскІи, ДаниелкІи.

НэкІыр агъэфедэщтыгъ реформатышхохэу Джон Кальвини, Мартин Лютери, Джон Нокси. ШІошъхъуныгъэм къыфагъэущыным фэлажьэщтыгъэхэми – Джонатан Эдвардси, Джон Уэслии, Чарльз Финнеи анэкІэу яхабзагъ.

ШІошъхъуныгъэм къыфэгъэущыгъэнхэм янэшанэхэр непэ кІэу къэлъагъох. Тхьэм ы-Псэ ЛъапІэ лъэшэу агу илъыным цІыфхэр фалІэх, нэкІыми яшъыпкъэу джыри зэрэпылъхэр тэлъэгъу.

## НэкІым имэхьан

«НэкІы» зыфиІорэ терминым къикІырэмкІэ къедгъэжьэн. Ор-орэу зыгорэм зыщыбдзыеным е пэчыжьэ

зыпшIыным нахьи ар бэкIэ нахь ин, адрэри мыдрэри къызэлъеубытых нахь мышIэми. Ащ фэдэм зыщыбдзыеным Тхьэм фэгъэхьыгъэу мэхьанэ иI. НэкIыр – Тхьэм фыщытыкIэшIоу фытиIэм зизэрар къэкIорэ пстэумэ защыбдзыеныр ары.

Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытэу, нэкI зыфаIорэр пчъагъэу зэтефыгъ. АпэрэмкIэ нэкIыр гъомлапхъэр зыIумыгъэфэхэныр арынкIи мэхъу. ГущыIэм пае, Христос инэкI, Иуан зеумэхъы ужым. *«А мафэхэм Исус зи ышхыгъэп, ахэр зытешIэхэ ужым къэмэлэкIагъ»* (Лука 4:2). ЯтIонэрэмкIэ, ар нэкI шъыпкъэн ылъэкIыщт – мыщ фэдэм шхыныгъомэ къащымыуцоу, пси зыIумыгъэфэныр. Ащ фэдэ нэкIыкIэм ищысэ хъущт Ездрэ инэкI – Тхьэм илъэпкъ хымэ хэгъэгу рафыгъэу, ащ Тхьэм зэрэщыфэмышъыпкъагъэхэм пае гукъао иIэу нэкIым зэрэхэтыгъэр ары. (Езд. 10:6). Ящэнэрэ нэкIыкIэр зыфэдэр – зэлI-зэшъузхэм зэгохьанхэмкIэ заIэжэнэу зэзэгъыныгъэ зызэдашIыкIэ ары. Ащ фэдэ нэкIыр къызыхэкIырэр Паул зэлI-зэшъузхэм къариIогъэгъэ гущыIэхэр ары. *«ЛIым шъузым фишIэн фаер ферэшI, шъузыми лIым фишIэн фаер ферэшI. Шъузым ежьым ыпкъ тетыгъо фыриIэп, тетыгъо фызиIэр илI ары нахь. Ащ фэдэуи, лIым ыпкъ тетыгъо фыриIэп, тетыгъо фызиIэр ишъуз ары нахь. Зыр зым зыщышъумыдзый, тIури шъузэгурыIоу ыкIи уахътэу жъугъэнэфагъэмкIэ нэкIымрэ тхьэлъэIунымрэ шъуапылъынэу мыхъумэ. ЕтIанэ зышъумыщыIэшъумэ, шъузэкIолIэжь, шэйтаным шъудимыхьыхыным пае».* (1 Кор. 7:3-6).

КъэбарышIур Маттэ къызэриIотагъэм ияхэнэрэшъхьэ (сатырхэу: 1-8) ит тхьэлъэIуми, сэдакъэми, нэкIми Христос ягугъу къызэришIыгъэр. Тхьэм тызелъэIукIэ, гухэлъэу тиIэхэр тыуплъэкIунхэ фаеу ащ кIегъэтхъы. Тэ тызэупчIыжьын фае: «Сыда аущтэу сызыкIэпсэурэр?» ЦIыфхэм ядгъэлъэгъуным ты-

пылъэу а Iофхэр тшIы хъущтэп. Шъэфэу тэ Тхьэм телъэIун фае, зэкIэми зэлъятымыгъашIэу, нэпитIухэм ар зэрашIырэм фэмыдэу, сэдакъэ яттын фай, яттырэм ибагъэ зыми етымыгъашIэу. Тэ тынэкIмэ – ар цIыфхэм ядгъэшIапхъэп, ар тэррэ Тхьэмрэ тазыфагу илъ Iоф.

ТхьэлъэIур, сэдакъэр, нэкIыр – ахэмкIэ Тхьэр тэгъэлъапIэ, ащ къыхэкIкIэ, ахэр шъэфэу шIыгъэнхэ фае. Ахэр зэкIэ Тхьэр шIу зэрэтлъэгъурэм пае тшIынхэ фае нахь, цIыфхэр тэ къызщыдгъэтхъунхэм паеп. Дунаим ицIыфхэр къызщыдгъэтхъунхэм пае тэ Тхьэм телъэIумэ, шIу тэшIэмэ, тэнэкIымэ, цIыфхэм ящытхъу закъор ары IахьышIоу къэдгъотыщтыр.

Тэ тишыхьатныгъэ цIыфхэм ятымыгъашIэу зыдэтIыгъын фаеу Христос къыIуагъэп. Ащ зыфиIощтыгъэр Тхьэ гъэлъэпIэныгъэ лъэпкъ гъэнэфагъэхэр ары ныIэп: тхьэлъэIур, нэкIыр, сэдэкъэ тыныр. Ахэмэ тызэрапылъхэрэр цIыфхэм ятымыгъэлъэгъумэ, пагэ тыхъущтэп, адрэ цIыфхэм запэтшIыжьыщтэп ыкIи зафэдгъэдэщтэп.

ТхьэлъэIум нахь шIуагъэ къыхьынымкIэ нэкIыр амалышIоу зэрэщытыр Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт. УнэшъуипшIыр Тхьэм къыритыным ыпэкIэ Мусэ елъэIугъагъ ыкIи ынэкIыгъагъ (ИкIыжь 34:28). ФыщытыкIэу Тхьэм фыриIэхэр нахьышIу ышIынхэм пае Даутэ ынэкIыгъагъ (Орэд ЛъапI 68:11). Израил къызытебанэхэм Тхьэр япыйхэм пэрыохъу афэхъуным ыкIи ежьхэр къыгъэнэжьынхэм пае, Израил изещакIохэр цIыфхэм къяджэгъагъэх анэкIынэуи Тхьэм елъэIунхэуи (2 Паралипомен. 20:3). Даниел бэрэ ынэкIыгъагъ, Тхьэм елъэIугъагъ джурт гъэрхэр Бабилэн хэгъэгум къырищыжьынхэшъ, Ерусалим къыщэжьынхэмкIэ Тхьэм рихъухьэгъэ уахътэр зэригъэшIэным щыгугъэу (Дан. 9:3). Тхьэм пегъымбар Юныс къыригъэхьыгъэ къэбарыр зызэхахым, Ниневэ ицIыфхэм анэкIынэуи Тхьэм елъэIунхэуи фежьа-

гъэх. Аущтэу зэрашIыгъэм пае, Тхьэм ихьыкум атыришIыхьагъэп (Юныс 3:5).

Ежь Ятэ зыфаер зэригъашIэу, Исус мэфэ тIокIитIо ынэкIыгъ, тхьэлъэIум хэтыгъ, Иуан Ар псыкIэ зеумэхъым ыуж (Лука 4:1-2). КъэбарышIум изэман иапэрэ чылысым зеублэм, шIошъхъуныгъэ зиIэхэм анэкIыщтыгъ ыкIи Тхьэм елъэIущтыгъэх. Паулэрэ Варнавэрэ анэкIыщтыгъ ыкIи Тхьэм елъэIущтыгъэх къэбарышIу гъэIун Iоф къэкIухьанхэр рагъэжьэным ыпэкIэ *«Ахэр Тхьэм елъэIухэзэ, чэщи мафи анэкIы зэхъум, Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ ахэмэ къариIуагъ: Варнавэрэ Паулрэ сэ сыкъызфяджэгъэ Iофым пае къысфыхэшъухых. ЕтIанэ ахэмэ чэщи мафи занэкIы ужым, Тхьэм елъэIугъэх, аIэхэри ахэмэ ашъхьэхэм атыралъхьэхи, яIоф ашIэнэу агъэкIуагъэх»* (Апостол. 13:2-3).

Тхьэм Ежь ылъэпкъ ренэу нэкIымрэ тхьэлъэIунымрэ фиузэнкIыщтыгъэх. ЦIыфхэм анэкIэу, тхьэлъэIу ашIы къэс, Ащ илъэкIышхо къаригъэлъэгъущтыгъ, зэкIэ зыфэныкъохэу щыкIэгъэ зыфыряIэ пстэури къаритызэ. АкъылышIуагъэр арыгъэми Тхьэм ар къаритыгъ, япыйхэм атекIонхэу лъэкIыныгъэр арыгъэми, Тхьэм ари къафигъакIощтыгъ».

Тхьэм ащ фэдэу инэу нэкIыр зэригъэлъапIэрэм пае, ар тищыIэныгъэ щыщ хъун фае. Ау нэкIымрэ тхьэлъэIумрэ яшIуагъэ къакIоу бгъэпсынхэм пае библие принципэу плIы тшIэн фае.

## УдэIоныр

Апэу зыкIэгъэтхъыгъэн фаер, зэрэтынэкIырэм пае шъхьэфит тызэрэмыхъурэр – Тхьэм тыфэмыIорышIэ, ыIорэр тымыгъэцакIэ зэрэмыхъущтыр ары. ПсэкIодшIагъэ зэрэтиIэр зыдэтэшIэжьмэ, тэнэкIыкIи, тхьэлъэIу тэшIыкIи Тхьэм ынэшIу къытщигъэфэным тежэ хъущтэп. Тишъыпкъэу тэнэкIми, Тхьэм

телъэIуми типсэкIодшIагъэ Тхьэм ымылъэгъу фэдэ ышIэу ынэхэр ыупIыцIыхэрэп. Зэрэщытыр нэмыкI, нэкI шъыпкъэм сыдигъуи тыгу икъэбзагъэ тыуплъэкIунэу тешIы.

ЗыщытынэкI уахътэм зы псэкIод горэ Тхьэм къытегъэлъэгъумэ, а псэкIодыр, ищыкIагъэм фэдизэу, зэхэтфын фае. ТитхьэлъэIу зэпыдгъэункIи мэхъу, зыгу хэдгъэкIыгъэ горэм тешIужьыным пае е тпшъэ итлъхьэжьын фае ар ыужкIэ тшIэнэу. Мэхьанэу ащ иIэр мыщ фэд: нэкIыр Тхьэм ыгъэфедэн ылъэкIыщт псэкIодыр къычIигъэщынымкIэ, ау ар бгъэфедэ хъущтэп псэкIодыр чIэуухъумэнымкIэ.

## ТызыкIэхъопсыхэрэр дгъэIорышIэныр

ЯтIонэрэ принципыр зыфэдэр мары: Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ тэ тIэпкъ-лъэпкъ ифэныкъуагъэхэри тихъопсэныгъэхэри ыгъэIорышIэнхэмкIэ нэкIым ишIуагъэ къэкIо. Ащ фэдэ хъопсэныгъэхэри, шIоигъоныгъэхэри, фэныкъуагъэхэри тащыщ пэпчъ иI. МэлэкIалIэр зэхэпшIэныр, шIулъэгъум узыпищэныр, угурэ ппсэрэкIэ зэхэпшIэнхэр, къыпщытхъунхэр зэрэуигуапэр, ащ нэмыкIыбэхэри фэныкъуагъэхэу тиIэх. А фэныкъуагъэхэр зэкIэ Тхьэм къытитыгъ, ау Ежь игущыIэ тхыгъэхэмкIэ ахэмэ гъунэ гъэнэфагъэхэр къафишIыгъэх. Ауштэу щыт нахь мышIэми, а тифэныкъуагъэхэр дгъэцэкIэнхэмкIэ загъорэ зытIэжэн фае, тыгукIи тпсэкIи Тхьэм тылъыхъуным, зыфэдгъэзэжьыным пае. Арэуштэу зытшIыкIэ тэ чIыпIэ тифэщт, Тятэрэ тэррэ тызэдэпсэуныр арэу анахьэу тызыфэещтыр. Ащ тыгу нахь ихыгъэу тыдэгущыIэн тлъэкIынэу тыхъущт, нахьи тыгу етыгъэу Ащ тедэIущт.

Зигугъу къэтшIыгъэ фэныкъуагъэхэри хъопсэныгъэхэри дэихэп, ахэмэ бэрэ ащ фэдэу яплъыхэ нахь мышIэми. Ахэр – Тхьэм итыных, ау ахэр пхэнджэу

дгъэфедэхэмэ, тхьамыкIагъом тыхащэн, тыдахьыхын алъэкIы. Тхьэм тызэрэфаблэрэм пае, тихъопсэныгъэхэр дгъэIорышIэнхэ фае. Ахэр тэ тфэлэжьэнхэ фае, ау егъэлыягъэу зызядгъаштэкIэ, ахэмэ тафэпщылIэу мэхъу. ТынэкIы зыхъукIэ, апэрэм щегъэжьагъэу Тхьэр зэрэфэягъэм фэдэу а фэныкъуагъэхэми хъопсэныгъэхэми тэрэзэу тафыщытыщт.

Сэ сыпасторышъ, яхъопсэныгъэхэм, яфэныкъуагъэхэм агъэпщылIыгъэ цIыфыбэмэ садэгущыIэ, упчIэжьэгъу сафэхъу. Анахьыбэрэ къызфысэуалIэхэрэр шIулъэгъу зэфыщытыкIэхэм зэрэдихьыххэрэм ипроблемэшху ары. «Сэ сышъхьафитэп. Сэр-сэрэу сызыфырикъужьын слъэкIырэп. СыолъэIу укъыздэIэпыIэнэу. Сэ сымышIэшъунэу сытещыныхьэ», – джары Тхьэм шIошъхъуныгъэ фызиIэхэу, бэджыхъым зэлъиубытыгъэхэу, яшIоигъоныгъэхэр зымыIэжэжьышъухэрэм ялъэIухэр зыфэдэхэр.

Ащ фэдэ хъопсэныгъэхэм уакъыIэкIэкIыжьыным Библием теджэн къодыем нахьи нахьыбэ ищыкIагъэу къыхэкIы. ГупшысакIэу тиIэр зэблэтхъун фаеу мэхъу. Тыгухэм арылъхэр зэблэтхъун фаеу мэхъу, апостол Паул къызэриIорэм фэдэу: *«Арышъ, Тхьэм гукIэгъу къызэрэтфишIыгъэм пае, инэу сышъолъэIу: Тхьэм ыгу зэIурэ къурмэныпхъэ псаоу, къурмэныпхъэ лъапIэм фэдэу зешъут. Ары гурэ псэрэкIэ Тхьэр зэрэжъугъэлъэпIэн фаер. Мы лъэхъаным Iэрылъхьэ зыфэшъумыгъэхъу. Ау Тхьэм шъугухэм арылъхэр зэрежъугъэхъокIых, шэнышIу шъуиIэным пае. Арэущтэу шъушIымэ, Тхьэр зыфаер къыжъугурыIощт, дэгъур зыфэдэри, Тхьэм ыгу зэIурэри, щыкIагъэ зимыIэ икъугъэр зыфэдэри къыжъугурыIощт.* (Рим.12:1-2). ШIулъэгъу зэхашIэу узымыгъэгупсэфэу пшIоигъо зэпытыр Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ фэбгъэIорышIэн фае. НэкIыр – тхьэIоф амалэу щыт, ащ фэдэ зэхъокIыныгъэхэр фэшIыгъэнхэмкIэ.

Зы кIалэ горэ гъынэпсачъэу зэгорэм щэджэгъоу-

жым сиIофшIапIэ къычIэхьагъ. Бэ шIагъэу мыхъун хъопсэныгъэу иIэм хьаулыеу зэребэнырэр къысфиIотагъ. Ащ фэдэм ебэныгъэнымкIэ щыIэ амалхэр зэкIэ ыгъэфедагъэх, ау зыми ишIуагъэ къэкIуагъэп.

КIалэм селъэIугъ мэфищым къыкIоцI ынэкIынэу, изакъо зишIынышъ, а уахътэм Iофыгъуит1у нэмыкI апымылъэу ыгъэкIонэу. АпэрэмкIэ, тхьэлъэIум, ау мыщ фэмыдэу: «А Зиусхьан, сыолъэIу укъыздэIэпыIэнэу!». ИтхьэлъэIукIэ къыдихыщт текIоныгъэм пае Тхьэм щытхъу фишIын фэягъ. ТхьэлъэIухэм гупшысэкIэшIу ахэлъын фае. ЯтIонэрэмкIэ, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэмкIэ ащ иакъыл хигъэхъон фае. Проблемэхэу ащ къыIуагъэхэм яхьылIэгъэ пычыгъохэм яджэнэу сэ ащ упчIэжьэгъу сыфэхъугъ. *«Тхьэм ыгу къышъоIуным пае, шъузэрэзекIон фаер шъодгъэшIагъ. Арэущтэу шъозекIо. Арэущтэу шъузекIо зэпытынэу Исус ыцIэкIэ тышъолъэIу ыкIи къышъуфэтэгъэпытэ. Зиусхьанэу Исус ыцIэкIэ унашъохэу къышъуфэтшIыгъэхэр шъошIэх. Тхьэр зыфаер шъугухэр нахь къабзэ хъу зэпытэу шъузэрэпсэунри, зинэ шIэным зызэрэщышъудзыенри ары. Ащ нэмыкIэуи Тхьэр зыфаер Ежьыр зымышIэрэ хымэ лъэпкъхэм ащыщ цIыфхэу агукIэ зыкIэхъопсырэ зинэ мыхъун Iофхэм зязытхэрэм шъуафэмыдэу, гукъэбзагъэкIэ щытхъу хэлъэу, шъуащыщэу хэти ежь ыпкъ тетыгъо зэрэфыриIэщтыр ары. ЕтIанэ а IофымкIэ ыш мыхъун римышIэнэу е къымыгъэпцIэнэу Тхьэр фай. КъызэрэшъотIуагъэм ыкIи къызэрэжъугурыдгъэIуагъэм фэдэу, ащ фэдэ бзэджагъэ зышIырэ цIыф пстэуми яфэшъуашэ Зиусхьаным аригъэпщыныжьыщт. Сыда пIомэ тыгухэр мыкъабзэу тыпсэунэу арэп Тхьэр къызфытэджагъэр, тыгухэр къабзэу тыпсэунэу ары нахь. Арышъ, мы унашъор зымыдэрэм, цIыфыр арэп ымыдэрэр, Тхьэу зы Псэ ЛъапIэр тыгухэм арызылъхьэрэр ары нахь»* (1 Фес.4:1-7).

ЕтIанэ Гал. 5:16-18 апостол Паул а Iофым игугъу

ешIы. Ащ фэдэ сатырхэр езбырэу зэдгъашIэмэ, тихъопсэныгъэ бзаджэхэм тапэуцужьын тэлъэкIы. Мары а сатырхэм арытыр: *«Арышъ къышъосэIо: Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ къызэрэжъугуригъаIорэм тетэу шъузекIу. Ащыгъум шъуипсэкIодышIэ шэныжъ зыкIэхъопсырэр жъугъэцэкIэщтэп. ЦIыфым ипсэкIодышIэ шэныжъ зыфаер Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ зыфаем пэуцу. Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ зыфаери цIыфым ипсэкIодышIэ шэныжъ зыфаем пэуцужьы. Шъузыфаер шъумыгъэцэкIэшъунэу ахэр зэпэуцужьых. Ау Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ къызэрэжъугуригъаIорэм тетэу шъузекIомэ, Тэурат хабзэм ыIэчIэгъ шъучIэтыщтэп»* (Гал. 5:16-18).

ЕтIанэ мы сатырыри тиакъыли тыгуи илъын фай. *«Арышъ, шъуишэныжъ бзаджэ иIофхэр жъугъэкIодых: зинэ шIэнри, гумыкъэбзагъэри, хъопсэныгъэ мыхъомышIэхэри, хъопсэныгъэ Iаехэри, нэйпсыягъэри – нэйпсыягъэр тхьэ нэпцI гъэлъэпIэным фэдэу мэхъу»* (Кол. 3:5). Джащ фэдэу нэмыкI пычыгъохэм ар ягупшысэн фае, гущыIэм пае шIошъхъуныгъэ зиIэм ищыIэныгъэ Тхьэри Тхьэм ыкIуачIи зэрэхэтыр къэзыушыхьатхэрэ пычыгъохэм. *«ГукIэгъу къысфэшI О, Тхьэр, гукIэгъу къысфэшI; спсэ шъхьэегъэзыпIэ зыщигъотырэр Орышъ, сызыхэт тхьамыкIагъохэр текIыхэфэ, сэ О птамэмэ ачIэгъ сычIэтыщт»* (Орэд ЛъапI. 56:2-3). ЕтIанэ, къэкIощт тхьамэфищым къыкIоцI, тхьамафэ пэпчъ зы мафэ ынэкIынэу сэ ащ селъэIугъ. Ахэмэ ауж джыри зэ тызэIукIэнышъ, тызэдэгущыIэнэу щытыгъ.

Мазэ зытешIэм ар садэжь къэкIуагъ. НэкIыным, анахьэу апэрэ мафэм, ащ къин шIукIае тырилъэгъуагъ. «Сыхьат къэс сфэмыщыIэу зыстымэ сшIоигъоу сыхъущтыгъ, – ыIуагъ ащ, – ау сытекIон зэрэслъэкIыщтыр ятIонэрэ мафэм ипчыхьэ къызгурыIуагъ». Ащ къызэриIуагъэмкIэ, а уахътэм къыкIоцI ихъопсэныгъэхэм къызэраIэкIэкIыгъэр зэхишIагъ, псэкIод ригъэшIэным шэйтаныр пылъ зэпытыгъэми.

А кIалэр шъхьафитэу сиIофшIапIэ чIэкIыжьыгъ. Тхьэм къыфишIагъэм ипэгъокIэу тхьамафэм къыкIоцI зы мафэ ынэкIынэу ащ рихъухьагъ. Джы ащ итхьэлъэIухэм щытхъумрэ рэзэныгъэмрэ нахьыбэ ахигъахьэ хъущт, а зыгъэпщылIыщты-гъэ хъопсэныгъэхэр Тхьэм зэрэтырихыгъэм пае.

Шъо шъуихъопсэныгъэ горэхэр жъугъэIорышIэнхэ шъумылъэкI мэхъуа? Загъори шъо ахэмэ шъуатекIоу, загъори ахэр къышъутекIохэу щытыгъэнкIи мэхъу. Ащ фэдэ Iофым хэкIыпIэ иI. Шъо шъуихъопсэныгъэхэм шъуатекIопэн шъулъэкIыщт, Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ фит зышъушIыкIэ, а хъопсэныгъэхэр ыгъэIорышIэнэу, ыуплъэкIунэу Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ цыхьэ зыфэшъушIыкIэ. Аущтэу зэрэхъугъэм тетэу нахьыпэм къыжъудэхъушъунэу шъузыщымыгугъыгъэ шъхьафитныгъэ шъо жъугъотыщт.

## Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ дигъэIорышIэныр

Ящэнэрэ принципыр зыфэдэр: тиакъыли, тыгу ыкIуачIи, тизэхашIи Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ тфигъэIорышIэнхэмкIэ нэкIым ишIуагъэ къэкIо. НэкIым тиакъыл къегъэнэфы. Ащ къыхэкIыкIэ, тэнэкIыфэкIэ Тхьэр зэрэтигъусэр икIэрыкIэу зэхэтэшIэ. Адрэ тиIоф къызэрыкIомэ тапылъызэ, Тхьэр зэрэтигъусэр зэхэтэшIэ.

НэкIым тыхэтызэ, Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ иIофхэр нахь зэхэтэшIыкIых. Iофышхо горэ итхъухьаным тыпылъ зыхъукIэ, ар нахь ищыкIагъэ мэхъу.

## Тхьэр дгъэлъэпIэнымкIэ нэкIым ишIуагъэ къэкIо

ЯплIэнэрэ принципыр зэхьылIагъэр мыры: Зиусхьаныр дгъэлъэпIэнымкIэ нэкIым ишIуагъэ къытэкIы. ТхьэгъэлъэпIэн зэIукIэм тхьаумафэм тыкIоным ыпэ-

кӀэ, шэмбэтым шъори сэри тынэкӀымэ сыда хъущтыр? ЗэкӀэ чылыс зэӀукӀэм арэущтэу ышӀымэ, сыда хъущтыр? Тхьаумэфэ зэӀукӀэр тхьэгъэлъэпӀэныгъэ шъыпкъэ хъущт. ЦӀыфхэм нэкӀыр зырагъэжьэкӀэ, Тхьэм елъэӀухэу, Тхьэм зыфагъазэу лъыхъухэу, Ар ежьхэм ягупшысэ, язэхашӀэ, язекӀуакӀэ ыпчэгу зыхъукӀэ, ежьхэми ежьхэр къэзыуцухьэхэрэми зэхъокӀыныгъэ шӀагъохэр ахэхъухьэх.

НэкӀым къытегущыӀэ зэхъум Исус гущыӀэ зэкӀэлъыкӀоу «унэкӀы зыхъукӀэ» ыгъэфедагъ нахь, «унэкӀымэ» ыӀуагъэп. НэкӀым ехьылӀагъэу сыда джыри Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм арытыр?

## НэкӀым тыгурэ тыпсэрэкӀэ тегъэдаӀо

Тхьэу Тым дэжь къикӀырэ Ӏофхэм тынаӀэ атыригъэтызэ, нэкӀым тыгурэ тыпсэрэкӀэ тегъэдаӀо. Тхьэм зэрэфэлэжьэн фэе шӀыкӀэр Исус къыхихы зэхъум, нэкӀымрэ тхьэлъэӀунымрэ уахътэр атригъэкӀодагъ. Чэщ-мэфэ тӀокӀитӀум къыкӀоцӀ Ятэ зыфаер ышӀэным пае, Ащ ыгуи, ыпкъи ыгъэӀорышӀагъ, ыгъэдэӀуагъ. Дунаим тетмэ анахьи Христос Тхьэм нахь пэблэгъагъэми, ащ емылъытыгъэу, нэкӀыми Тхьэм елъэӀунми апылъыныр ищыкӀагъэу ылъытагъ.

Ащ ышӀэщтыгъ, цӀыфым ынэкӀы зыхъукӀэ, Тхьэм зэрэфыщытыщтым апэрэ мэхьанэшхо иӀэу зэрэхъурэр. НэкӀыр ӀэпыӀэгъу къытфэхъу тыгуи тпси дгъэӀорышӀэнхэу, ащ епхыгъэу, тиакъыли, тыгуи тпси яамалхэм ыкӀэм нэс ахэхъоным ишӀуагъэ къэкӀо.

Чыристаныбэмэ нэкӀым ищыкӀэгъэ мэхьанэ ратырэп, ау ар ищыкӀэгъэ шъыпкъэу Христос ылъытэщтыгъэмэ, тэри ащ фэдэу тлъытэн фае. Тэ тилъэкӀ ыкӀэм нэдгъэсыным пае, тащыщэу хэти Тхьэм къыриӀомэ шӀоигъор ышӀэн фай. Ащ тишъыпкъэу Тхьэм телъэӀуным тыфещэ. НэкӀым тхьэлъэӀур нахь егъэ-

лъэшы, егъэчаны, нэмыкI уахътэм тымылъэкIыщтыгъэу шъыпкъэныгъэм икуупIэхэм танигъэсызэ. А шъыпкъагъэхэр нэмыкI гъогукIэ къыдгурыIонхэ тлъэкIыщтыгъэп.

ЦIыфхэм мырэущтэу бэрэ зэраIорэр зэхэтэхы: «Сэ зэхашIэу сиIэр къызгурыIон слъэкIырэп. КъызгурыIон Iоуи сшIэрэп». НэкIым тэ тизэхашIэхэри, тигухэлъхэри, тигукъаохэри зыпкъ регъэуцожьых, ар джаущтэу лъэкIотэ зэпыт, Тхьэр зыфаер къатшIэу регъэжьэфэкIэ. НэкIыр тыгукIэ, тпсэкIэ тэзгъэдэIорэ амал.

## Тхьэр зыфаер къэдгъотынымкIэ нэкIым ишIуагъэ къэкIо

Тхьэр зыфаер къэдгъотынымкIэ нэкIыр тэ къыддэIэпыIэ. КъызышIодгъэшIын, къэпщэн гухэлъ уиIэу. Ар Тхьэм шIоигъо шъыпкъэми о пшIэрэп, ау тэрэзынкIи хъунэу олъытэ. О Тхьэм уелъэIу, Библиеми уеджэ, ныбджэгъухэм къыуаIорэми уедэIу, ау джыри о уфэгуитIу.

Мыщ фэдэу къыосIон. Тхьэм ыпашъхьэ унэкIэу, джэуап къыуитынэу уелъэIузэ, мэфищ гъакIо. ИгущыIэхэмкIэ Ежь зыфаер къыпфызэIуихынэу Ащ елъэIу. Ащ фэдэ тхьэлъэIухэм Тхьэм лъытэныгъэ афешIы. УнэкIэу, Тхьэм уелъэIу зыхъукIэ, унэхэри, птхьакIумэхэри, угуи, ппси Ащ къыукъэбзыжьыщтых. О унаIэ Ащ тетыщт, егъашIэм зэрэзэхэпхыгъэм фэмыдэу Ащ иджэуап о IупкIэу зэхэпхыщт. Джаущтэу, Тхьэр зыфаер нафэ къыпфэхъущт, Тхьэм ынэшIу къызэрэпщифэщтым уицыхьэ пытэу телъэу, Ащ игъогу урыкIон плъэкIыщт.

А принципыр Даниел къыгурыIощтыгъ. Пегъымбар Ерэмые къыIогъэгъэ гущыIэхэр къыгурыIохэмэ шIоигъоу ар пылъыгъ. Тхьэм зыгорэ къыфызэIуихмэ зэрэшIоигъор къыгурыIуагъ, ау зыфэе шъыпкъэр

ышIэщтыгъэп. Аущтэу зэхъум Зиусхьаным ыпашъхьэ щинэкIэу ыкIи щелъэIоу ыублагъ. ЫIэпкъ-лъэпкъым щыкIагъэу иIэхэр ыгъэрэзэнхэр ащ щигъэзыягъэх, Тхьэм къыIорэр къыгурыIомэ шIоигъоу.

Мыщ фэдэ упчIэхэр зэттыжьынхэ фае: «ЛъэкIэу сиIэр ыкIэм нэзгъэсынэу сыфай шIуа, е сэ сезэгъыщт шIуа къызэрыкIоу шIошъхъуныгъэ тIэкIоу сиIэм? Тхьэм ищытхъу нахьи цIыфхэм ящытхъу нахь сыфалIа шIуа? Сыд сэ сызыфаер: сэ сихъопсэныгъэхэр згъэрэзэнхэр ара, хьауми Тхьэр зыфаер згъэцэкIэныр ара?»

Тызыпылъыщт Iофхэу зэхэдгъэуцохэрэм тызяплъыкIэ нахьыбэмкIэ тынаIэ зытетыр тыгурэ тпсэрэ ящыкIагъэхэр арэп, тпкъы ищыкIагъэр ары нахь. ЕтIани тэтхьаусхэ, Тхьэм тыкъызэхихырэп тэIошъ. Ар къытпэчыжьэу тэ къытщэхъу. ТищыIэныгъэ ехьылIагъэу гухэлъэу иIэри, Ежь зыфаери къытфызэIуихынэу тыфаемэ, Ежь апэрэ чIыпIэм идгъэуцон фае. ТIэпкъ-лъэпкъкIэ фэныкъуагъэхэу тиIэхэр щыдгъэзыенхэу ары ащ нахьыбэмкIэ къикIырэр, Ежь Тхьэм тынаIэ тедгъэтыным пае.

## ТипсэкIодхэм тафыкIэгъожьынымкIэ нэкIыр IэпыIэгъу къытфэхъу

НэкIым джыри зы мэхьанэ иI. НэкIыр бэрэ епхыгъэу щыт мыхъунэу тшIагъэхэм тафыкIэгъожьыным, ахэмкIэ зыдгъэмысыным. О хэбзэ дэи горэм уесагъэу, ащ упымыкIыжьышъоу къызышIодгъэшIын. Амал пстэуми о уяплъыгъ, узыфаер къыбдэмыхъоу.

ЕтIанэ о унэкIынэу еогъажьэ. Иегъэжьэгъум ащ уишъыпкъэу упылъын фае, шэйтаным зэрилъэкIэу изэрар къыуигъэкIыным пылъышъ. Ащ еIо: «Шъыпкъэ дэдэмкIэ, о ащ ишIуагъэ къыокIынэу огугъа? О уиунагъо сыдэущтэу ащ еплъыщта?. ЕтIанэ зэрунэ-

кIырэр зыми ебгъашIэ хъущтэп, ау ахэмэ ар ашIэ. Уахътэ хьаулыеу теогъэкIуадэ».

Тхьэм шъхьафит узэрэхъущт гъогур пфегъэнэфэфэ, шэйтаныр зы лъэбэкъукIи пкIэрыкIырэп. НэкI пстэури зэфэдэу къинэп, ау угу игъэлъ, Iофыр къыбдэхъуным нахь пэблагъэ ухъу къэс, о пэрыохъу къыпфэхъунымкIэ шэйтаным нахь къырегъэхъу.

УнэкIынми, тхьэлъэIу пшIынми уапылъыгъэу, ау уигухэлъхэр пфэмыгъэцэкIэшъугъэмэ, ащ къикIырэр – ащ фэдэ пэрыохъухэр шэйтаным къыптыритакъощтыгъэх. Ары шъхьэкIэ бэрэ тэ типый къатшIэрэп. Тэ тшъхьэ дгъэмысэжьэу тыфежьэ, шэйтаным тызэригъэгумэкIырэм тигъэгушхон фаеу щытми. Тхьэм ибынхэм ащыщ горэм ынэкIызэ е Тхьэм елъэIузэ, ипсэкIодхэм афыкIэгъожьымэ, Тхьэм ащ фэдэ цIыфым ыгу къызэриукъэбзыжьыщтыр, пытапIэхэр зэрэIуихыжьыщтхэр шэйтаным ешIэ. Аущтэу Тхьэм ыпашъхьэ зихьэкIэ, цIыфым нэмыкI шъыпкъэу зызэрилъэгъужьыщтыр ешIэ шэйтаным. ЫпэкIэ зыдимышIэжьыщтыгъэхэу псэкIоди, бзэджагъи, псэкIодыжъ хъопсэныгъэри ыгукIэ ащ зыдилъэгъужьхэу мэхъу. Ащ пае типсэкIодхэм тафыкIэгъожьыным, ахэмкIэ зыдгъэмысэжьыным тыпымылъыным пае шэйтаным ышIэн ылъэкIыщтыр зэкIэ ешIэ.

Тхьэм ицIыфхэр кIэгъожьхэу, анэкIэу, елъэIухэ къэс, Тхьэм ахэмэ мы дунаим щымыщэу, кIочIэ егъэлыягъэ къызаримытыгъэ уахътэ щыIэу Библием итэп. Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм ар къагъэшъыпкъэжьы. А дэдэр непи мэхъу. Чылысым – Христос ы-Пкъ – тхьамафэ къэс зы мафэ ынэкIыщтыгъэмэ, ыпэкIэ тымылъэгъугъэу Тхьэм илъэкI къытфехынгъи. Чылыс зэIукIэгъухэм ачIизынгъи. ЦIыфхэр зэIукIэм хэкIыжьынхэу гузэжъонгъэхэп. ТипсэкIодхэмкIэ зыдгъэмысэжьэу, ахэмэ тафыкIэгъожьымэ, тэ Тхьэм амал еттынгъи мы дунаим анахь ищыкIагъэу щыт шIошъхъуныгъэр къыгъэущынымкIэ.

НэкIыр сыдигъокIи ищыкIагъэп, тэ типсэкIодшIагъэхэмкIэ зызытыумысыжькIэ, ау ахэмэ тызэрафыкIэгъожьрэм, тызэрагъэнэшхъэирэм инэрылъэгъу тамыгъэу щыт. Тхьэмрэ тэрырэ тизэфыщытыкIэхэр нахьышIу тшIынхэм тынаIэ нахь зэрэтетыр Тхьэм регъэлъэгъу, тэ тпкъы ищыкIагъэхэр къэдгъотынхэм нахьи.

О пшъхьэ мыщ фэдэ гупшысэ зэгорэм къихьагъ шIуа: «Тхьэм къысфигъэуцугъэ гухэлъышIу пстэуми санэсынэу сыфай, Тхьэр зыфэе цIыф сыхъунэу сыфай, ау къыздэхъурэп». Зыгорэм узэриIажэрэр зэхэошIэ шIуа? Джащыгъум сэ сыоджэ, Тхьэм уизакъоу укIыгъоу унэкIызэ, тхьэлъэIу пшIызэ мафэр бгъэкIонэу. О уигухэлъхэр уиунагъо дэгощых.

О уиунэгъо кIоцIыкIэ пфэмыгъэхъурэ горэхэр уиIэмэ, уишъхьэгъусэ укIыгъоу унэкIызэ, Тхьэм уелъэIунэу игъо къыпфэсэлъэгъу. Унагъом исхэм зэужэ арэущтэу ябгъэшIыми хъущт. Сыд фэдэрэ нэкIыр хэпхыгъэми, щыIакIэр нахьышIоу Тхьэм къызэблихъущт.

## Лъэпкъыр къэухъумэным пае нэкIым ишIуагъэ къэкIо

Лъэпкъыр къэухъумэнымкIэ нэкIыр амалэу зэрэщытыр Библием бэрэ къыхэфэ. ЯтIонэрэ тхылъэу Паралипоменон иятIокIэнэрэшъхьэ къыщетхы пыир къызэрэблагъэрэр зызэхехым, Иосафат израил лъэпкъым ынэкIынэу зэреджэгъагъэр. ЦIыфхэм апашъхьэ ащ зимышIэжьэу лъэгуанджэкIэ зыщыридзыхи, Тхьэм елъэIугъ. ИтхьэлъэIу зеухым, ипегъымбарым ыIупэкIэ Тхьэм гущыIэ къышIыгъ.

Тхьэм Иосафат къыриIуагъ дзэ ыугъоинышъ, заор ригъэжьэнэу. ОрэдыIохэмрэ пщынэхэмрэ апэ итхэу кIонхэ фаеу ыIуагъ. ОрэдыIохэр зилъэгъукIэ пыим

зэригъэшӀэгъощтыр къызышӀожъугъэшӀ. Ар щтагъом зэлъиубытыгъ. ЯмышӀыкӀэ амал къызэрыкӀокӀэ Тхьэр ащ текӀуагъ. ШӀыкӀэ къыфегъотышъ, къэралыгъор Ащ къеухъумэ.

Тэ тлъэгъунэу тыфэягъ, тишӀошъхъуныгъэ къыгъэущызэ, тилъэпкъ Тхьэм къызэриухъумэрэр, ау Тхьэм игухэлъхэр тшӀэхэрэп. Аущтэуми, лъэпкъым пае унэкӀыныр, Тхьэм уелъэӀуныр Тхьэм лъэшэу зэригъэлъапӀэрэм тыщыгъуаз. Тилъэпкъ лъыкӀэдгъахьэу тыфэгумэкӀэу щытмэ, тэ тынэкӀынэу укъытэлъэӀужьынэу ищыкӀэгъэныеп. НэкӀым тыхэтыным тэркӀэ зи къин пылъыныеп.

Сэ сызгъапэрэр мары. Хабзэхэр ыукъонхэмкӀэ лъэпкъыр тыдэ нэсын фае, чыристанхэр къэущынхэшъ, хъурэр алъэгъуным пае? Сыд фэдизэу чыжьэу бзэджагъэм тыхэхьан фая, шъхьафит тишӀыжьыным пае тынэкӀызэ, Тхьэм телъэӀунэу. Ар къызэрэтажэрэр сэ сшӀошъ мэхъу. Ау, Иосафат фэдэу, тэ апэу къыдгурыӀон фае щынагъоу къытфакӀорэр зыфэдэр, тызэрэамалынчъэр, ащ ыуж къыдгурыӀон фае – Исус зэрэти-КъэгъэнэжьакӀор.

## Тхьэм иӀоф дгъэцэкӀэнымкӀэ нэкӀыр ӀэпыӀэгъу къытфэхъу

Тхьэм иӀоф цӀыфхэм алэжьыным епхыгъэу нэкӀым игугъу Тхьэм игущыӀэ тхыгъэхэм къыщашӀы. Теплъын, гущыӀэм пае, Нэхьэмые ищыӀэныгъэ. Пачъыхьэм исэнэ игъахъоу лажьэзэ, къэбаркӀэ зэхихыгъ Ерусалим идэпкъхэр зэхакъутагъэхэу, икъэлапчъэхэр агъэстыгъэхэу. Ащ ытхыгъ: *«А гущыӀэхэр зызэхэсэхым, сытӀыси сыгъыгъ, мэфэ заули сынэшхъэеу сыхэтыгъ, уашъом щыӀэ Тхьэ лъапӀэм ыпашъхьэ щысынэкӀыгъ, тхьэлъэӀу щысшӀыгъ»* (Нэхьэмые 1:4). А тхьэлъэӀур я 5-рэ сатырым щегъэжьагъэу я 11-рэм

нэс арытхагъ. ЗыгъэгумэкIыгъэр аримыгъашIэу, лъэпкъым пае Нэхьэмые ынэкIыгъ ыкIи Тхьэм елъэIугъ.

Зэгорэм пачъыхьэр Нэхьэмые еупчIыгъ: «Сыда унэжгъ зыкIызэхэгъэхьагъэр?» (2:2). Нэхьэмые къэщтагъ, сыда пIомэ пачъыхьэр щытэу унэшхъэин уфитыгъэп. Пачъыхьэм ыгу хэмыуIэнхэм пае, цIыфхэр чэфынхэ фэягъэх.

Ау Нэхьэмые игукъао ин дэдагъ, къызыхимыгъэщын ымылъэкIынэу, арыти илъэпкъ пае гукIодыгъо чIыпIэ зэритыр пачъыхьэм ащ фиIотагъ. Ерусалим зэрыфэгъэ тхьамыкIагъор зэрэщытэу къыIотагъ. Ащ ыуж мэджусый диным ипачъыхьэ иIэпыIэгъу къыритыгъ. Ерусалим ыгъэзэжьымэ инэу зэрышIоигъор, ащ идэпкъхэр зэригъэцэкIэжьыщтхэр Нэхьэмые ащ риIуагъ.

Пачъыхьэр игущыIэ фэшъыпкъагъ ыкIи Ерусалим ыгъэзэжьынымкIэ Нэхьэмые фит ышIыгъэ къодыягъэп, ащ къэлэ дэпкъхэмрэ къэлапчъэхэмрэ ыгъэцэкIэжьынхэмкIэ ищыкIэгъэщтыр гъусэ фишIи, аригъэщэгъагъ. Ащ нэмыкIэу, Нэхьэмые къаухъумэным пае, ежь идзэ ухъумакIохэм къахищи дзэкIолIхэр игъусэхэу ыгъэкIогъагъэх.

Ащ дэгъу дэдэу къегъэлъагъо хъун ылъэкIыщтыр Тхьэм ицIыф лъэпкъ Ащ иIофхэм агъэгумэкIэу ынэкIымэ, Тхьэм елъэIумэ. Ащ нахь мымакIэу, непи тэ ткIуачIэкIэ Тхьэм иIофхэр длэжьынхэм тапылъ. Тхьэм иIофхэр лэжьыгъэнхэм пае дунэй мылъкури мы дунаим ипринципхэри тэгъэфедэх. Ау Ежь имылъку дгъэфедэнэу, Ежь ипринципхэр Iэубытыпэ тшIынхэу Тхьэм къытфегъэпытэ.

Тхьэр IэпыIэгъу къыфэхъуным емыжэу, дэпкъхэр зэригъэцэкIэжьыщт шIыкIэр рихъухьэу Нэхьэмые фежьэгъагъэмэ, сыд хъунгъи? УнэIут тхьамыкIэм ащ фэдиз ахъщэ тыдэ къырихынгъа? Амыубытэуи, къалэм сыдэущтэу къыдэкIыщтыгъа? Ар зэкIэ къыдэхъугъэгъэ шъыпкъэми, хьапсым чIэфэнкIэ щынагъо

щыIагъ. Ащ фэдэ гъогукIэ Тхьэм иIоф зэшIокIыщтыгъэп, Нэхьэмые ар ыгъэцэкIэн ылъэкIыщтыгъэп.

Тэ тигупшысакIэ пхэнджэу зэрэщытым пае, Тхьэм иIоф сыд фэдиз зэрара тэ къыфэтхьырэр, сыд фэдиз Iоф тымыухыгъэу къэдгъанэрэр! Тхьэм иIоф Ежь иамалхэмкIэ тэ зыдлэжьыкIэ, зэшIотымыхышъунэу къытщыхъущтыгъэр зэрэзэшIохыгъэр нафэ къытфэхъу. Тэ ащ тыриIэмэпсымэ къодыеу тыщыт, Ежь щытхъу къыфэтхьыным пае.

Пшъэрылъэу тиIэм цIыфхэр мыкIодхэу къэнэжьынхэмкIэ тишъыпкъэу тыпылъыным Тхьэр фай. Джыдэдэм нахь инэу, нахь баеу Зиусхьанэу Исус Христос ичылыс зыкIи ыпэкIэ къыхэкIыгъэп, ау тэ Пшъэрылъышхоу Исус къытфишIыгъэр дгъэцэкIэным бэ дэдэкIэ тыкъыщенэ. Сыда пIомэ Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ тэ тызэрепхыгъэр, зэрэтищыкIагъэр тщыгъупщагъ, дунаим ицIыфхэр Исус игъогу тетэгъахьэ ашIошъ зыгъэхъурэ жабзэкIэ, язэхашIэхэм тарыджэгузэ, зишIуагъэ къэмыкIощт тхьагъэпцIыгъэ зекIуакIэхэмкIэ. Ау ахэмэ пкIэ яIэп.

## ШIошъхъуныгъэр къэгъэущыгъэныр

Сэ сицыхьэ телъ тицIыф лъэпкъ ишIошъхъуныгъэ къэгъэущыгъэным Тхьэр зэрэфаем, ау Ащ ар ышIэщтэп цIыфхэр фэхьазырхэ охъуфэхэкIэ. Тэ ткIуачIи, тиамалхэми тащыгугъыныр щыдгъэтынышъ, тинэкIыкIи, титхьэлъэIукIи Тхьэм зыфэдгъэзэн фае ынэшIу къытщыфэным пае. Джащыгъур ары ныIэп Ащ иIофхэр тылэжьынхэ зытлъэкIыщтыр, джащыгъур ары Ащ тишIошъхъуныгъэ къызэригъэущыщтыр.

Ау тэ тигумэкIыгъо гукIодыгъо дэдэм нэсыгъэп. Тэ джыри тыщэгугъы Тхьэм тишIошъхъуныгъэ къызэригъэущыжьыщтым, Тхьэм иIоф къурмэнышхо тшъхьэкIэ къыфэтымыхь пэтми. Тэ – зырызэуи, зэ-

рэлъэпкъэуи – пагагъэу тыгу илъым тыфыкIэгъожьынышъ, а псэкIодымкIэ зытыумысыжьын фае. Тэ тызэрэзыщыгугъыжьрэм къыхэкIэу Тхьэм пэрыохъу тыфэхъу Ежь иIофхэр зэшIутигъэхынхэмкIэ.

1980-рэ илъэсым, хэдзынхэр рагъэжьэнхэм ыпэкIэ, тичылыс хэтхэм мэфипшI агъэнэфэгъагъ нэкIымрэ тхьэлъэIумрэ апае. Ащ мэхьанэу иIагъэр мэфипшIым къыкIоцI тхьэлъэIур зэпамыгъэуныр ары. ЗэлI-зэшъузитIу горэм ар тэрэзэу агурымыIоу, а мэфипшIыр зэрэщытэу анэкIынэу къашIошIыгъ. Арэущтэуи ашIыгъ! Зэрэхэукъуагъэхэр къызашIэм, ахэр садэжь къэкIуагъэх, къэхъугъэр къысфаIотэнэу. АнэкIушъхьэхэр къыхиххэу а нэбгыритIум къысфаIотагъ. ЗыдамышIэжьэу ящыIэныгъэ хэхъухьэгъэ псэкIодхэр, яунэгъо кIоцIкIэ зизэрар къакIохэрэр Тхьэм къаригъэлъэгъугъэу ахэмэ къаIуагъ. Ахэмэ язэфыщытыкIэхэр Ащ зыпкъ ригъэуцожьыгъагъэх, зафэмыIэжэжьэу, ахэмэ джыри анэкIынэу агу хэлъ.

Шъуиунэгъо кIоцI ищыIэныгъэкIи, шъо шъуищыIэныгъэкIи Iофышхо ин дэдэ Тхьэм къышъуфишIэ шIоигъу. Ежь иIэмэ анахь дэгъу дэдэ Ащ шъо къыжъудигъэхъунэу фай. Ежь илъэкI Ежь зэрэфаеу, шIотэрэзымкIэ шъуищыIэныгъэ къыхилъхьанэу Тхьэм амал ешъутышъунэу сэ Тхьэм сышъуфелъэIу. Ар нахь зыфэгъэхьыгъэщтыр – къурмэныпхъэ горэ ищыкIагъэкIэ енэгуягъо – е нэкIы, е тхьэлъэIу. Ау Христос тэщ пае ышIагъэр тыгу къэдгъэкIыжьмэ, етIанэ сыд фэдэрэ уаси тэ лъапIэу къытщыхъущтэп.

# 4

# Тхьэлъэlу хьылъ

*Хьахалие ыкъо Нэхьэмые игущыIэхэр. Кислев мазэм, тIокIрэ ильэсым, къэлэ шъхьаIэу Шушан сэ сыщыIагъ. Сэ сшымэ ащыщэу Ханани, Иудей щыщхэу нэбгырэ заули къэкIуагъэх. Ерусалим ехьылIагъэуи, Иудеим щыщхэу гъэрым къелыжьыгъэхэмкIи ахэмэ сяупчIыгъ. Ахэмэ сэ къысаIуагъ: къэнагъэхэр, гъэрым къелыжьыгъэхэр тхьамыкIэ дэдэхэу ыкIи аушъхьакIухэу ежь якъэралыгъо щэпсэух; Ерусалим идэпкъ зэхакъутагъ, икъэлапчъэхэр машIокIэ агъэстыгъэх. А гущыIэхэр зызэхэсэххэм, сытIыси сыгъыгъ, нэшхъэеуи мэфэ заулэ сыхэтыгъ, уашъом щыIэ Тхьэм ыпашъхьэ сэ сынэкIыгъ ыкIи сельэIугъ: Зиусхьанэу, уашъом щыIэ Тхьэр, Тхьэшхоу щынэгъошхо зиI, шIу узылъэгъухэрэм, уиунашъохэр зыгъэцакIэхэрэм адэпшIыгъэ зэзэгъыныгъэри афэпшIыгъэ гукIэгъуныгъэри зымыгъэкIод! О уиIорышIэ итхьэлъэIу зэхэпхыным пае птхьакIумэхэм зэхарэх, унэхэми дэгъоу арэлъэгъу; О уиIорышIэхэм, израил цIыфхэм апае сэ джы мафи чэщи О уапашъхьэ сыщыолъэIу; израил цIыфхэу псэкIодшIагъэ уапашъхьэ щызиIэхэм, сэри, сятэ иунагъуи псэкIодшIагъэхэу тиIэхэм сафыкIэгъожьы, ахэмкIэ зысэгъэмысэжьы. О уапашъхьэ тэ лэжьэшхо щытиI, уиунашъохэри, ухэсыгъэу бгъэуцугъэхэри, уиIорышIэ Мусэ къепIогъэгъэ хьыкумхэри тэ дгъэцэкIагъэхэп. Ау О уиунашъоу уиIорышIэ Мусэ къепIогъэгъэ гущыIэр угу къэгъэкIыжь, мыщ фэдэу: «шъо бзэджашIэ шъузыхъукIэ, адрэ лъэпкъмэ Сэ шъо шъуахэспхъэщт; Сэ зыкъысфэжъугъазэу, сиунашъохэр зешъухьэхэу ыкIи ахэр жъугъэцакIэхэ зыхъукIэ, шъурафыгъэу ошъогум ыгъунэ шъущыIэми, шъукъэсыугъои-*

*жьынышъ, шъуичIыпIэу сэ шъуфыхэсхыгъэм шъукъэсщэжьыщт, Сэ сцIэ ащ щыIуным пае». Ахэр О уиIорышIэх ыкIи О уицIыфых, О пкIочIэшхокIэ, пIэ лъэшхэмкIэ шъхьафит пшIыгъэх. О сыолъэIу, Зиухьан! О шIу дэдэ узылъэгъухэу, О пцIэ шIолIыкIхэу, О уиIорышIэм итхьэлъэIуи, адрэ уиIорышIэхэм ятхьэлъэIуи унаIэ къатетэу птхьакIумэ къафызэIух. Джы О уиIорышIэм непэ шIу фашI ыкIи пачъыхьэм гукIэгъу къыфегъэшI. – Сыда пIомэ, сэ пачъыхьэм исэнэигъахъоу сыщытыгъ.*

Нэхьэмые 1:1-11

Мы къэбарыр сишъэогъу къысфиIотагъ, а лъэхъаным Майами чылысым пасторэу щылажьэщтыгъэм.

Блыпэм, щэджэгъо ужым сыхьатыр плIымэ адэжь, ичылыс зэIукIэ къакIорэ бзылъфыгъэ горэм сишъэогъу Джек ехьылIагъэу ошIэ-дэмышIэу гумэкIыгъо зэхишIагъ. А гупшысэхэм ар къахэкIыжьмэ шIоигъоу пылъыгъ, ау фэлъэкIыщтыгъэп. Щэджэгъуашхэр зыщигъэхьазырырэ пщэрыхьапIэм икIи, бзылъфыгъэр зыщычъыерэ унэм кIуи, ынэпсхэр къехэу Тхьэм елъэIоу ригъэжьагъ. Сыд фэдэ чIыпIэ ифагъэми, сишъэогъур а чIыпIэ къиным къырищыжьынымкIэ IэпыIэгъу ригъэгъотынэу Тхьэм елъэIущтыгъэ. А гумэкIыгъом такъикъ 30 фэдизым хэтыгъ, ау етIанэ зыгъэгумэкIыщтыгъэ Iофым, джащ фэдэ къабзэу, ошIэ-дэмышIэу къытIупщыжьыгъ. Щэджэгъуашхэр зыщигъэхьазырыщтыгъэм ыгъэзэжьыгъ, ыужырэ тхьаумафэм нэс, Джек чылысым щелъэгъуфэкIэ, ар ыгу къэкIыжьыгъэп.

Ащ къехъулIагъэр Джек фиIотагъ, зэкIэри дэгъумэ ыIуи еупчIыгъ. ЫгъэшIагъоу къеплъи, зэрыфэгъэгъэ щынагъор ащ къыфиIотагъ.

А блыпэ шъыпкъэм ар иунэе къухьэлъатэм исэу Майами ибыбыкIыгъэу Форт-Пьерс, Флоридэ иштат,

быбыщтыгъэ. Зэрэгузажъорэм къыхэкIэу, гъэстынэпхъэу итым ибагъэ ыуплъэкIуныр ащ щыгъупшагъ. Гъогоу ыкIущтым ызыныкъо Iэпэ-цыпэ хигъэкIыгъэу къухьэлъатэм имотор Iоф зэришIэрэм зэпыугъохэр фэхъухэу ригъэжьагъ, ыужыми къэуцупагъ. Ар сыхьатым зеплъым, пшIыкIух къыгъэлъагъощтыгъ. Къухьэлъатэр ошъогум зэрэщыбыбырэм илъэгагъэ къыщигъакIэу ыублагъэти, Джек Тхьэм елъэIоу ригъэжьагъ, зыщытIысыщтым лъыхъоу, ау къекIун чIыпIэ Iэгъо-благъом щыIагъэп.

Джек къетIысэхыным зыфигъэхьазырыгъэу, пхъыным фагъэхьазырыгъэ губгъо жъогъакIэ ылъэгъугъ. Къухьэлъатэр чIыгум зэрэпэчыжьэр псынкIэу нахь макIэ хъущтыгъэ, ау а губгъор джыри чыжьагъэ. Зыхэфэгъэ чIыпIэм кIэухэу фэхъущтыр зэрэщытэу Зиусхьаным ыIэмычIэ зэрилъыр Джек ышIэщтыгъэ.

Ащ къухьэлъатэр а губгъом фиучIынэтIыгъ. Ар къызетIысэхыхэм, къухьэлъатэм ыпэкIэ иIэ къечъэхыпIэр тIэкIу дэдэ чъыгым нэсыгъ. Джеки, къухьэлъатэми зи аришIагъэп. Тхьэм къызэриухъумагъэм пае щытхъу фишIэу, ар сыхьатым зеплъым, пшIыкIухрэ минут щэкIрэ хъугъагъэ.

Джек икъэбар къызеухым, ежьми, шъузми анэхэм нэпсыр акIизэу къащылыдыщтыгъэ. Тхьэм а бзылъфыгъэр Iэмэ-псымэ фэдэу ыгъэфедагъ, Джек дэIэпыIэным пае. Мы щысэм къытегъэлъэгъу, Ежь шIу ылъэгъухэрэм афэгъэхьыгъэ гуихыгъэ тхьэлъэIухэм Тхьэм инэу уасэ зэрафишIырэр.

Iоф горэм е цIыф горэм тыфелъэIуным пае Тхьэм хьылъэ къызэрэттырилъхьэрэм тынаIэ темытэу бэрэ къыхэкIы. Ащ къыхэкIэу гугъуемылIэу бэрэ Тхьэм телъэIу, а зы лъэIу шъыпкъэхэр къыкIэтIотыкIыжьхэу, етIани ар тыгу къимыкIэу ыкIи тимышъыпкъэу.

Хьылъэ зыхэлъ тхьэлъэIум ипринципхэр къэдгъэлъэгъоным пае, Нэхьэмые итхьэлъэIу къыфэдгъэзэжьын. Нэхьэмые унэIутэу Бабилэн щыIагъ, пачъы-

хьэм исэнэигъахъоу лажьэщтыгъэ. ЗэкIэри дэгъоу кIощтыгъэ, ишъэогъу горэхэр Ерусалим къикIыхэу Бабилэн къакIохи, къалэм итхьамыкIэгъо къэбар къахьыфэкIэ. Нэхьэмые а хьылъэр зытырилъхьажьыгъ, гъыщтыгъ ыкIи нэшхъэигъ.

## Хьылъэм икъэкIуапI

Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытэу, хьылъэр ушъхьагъуищмэ къахэкIын ылъэкIыщт. ТызфыкIэмыгъожьыгъэ псэкIодэу Тхьэм ыпашъхьэ итымылъхьагъэм къыхэкIэу къытэхьылъэкIэу ар загъорэ зэхэтэшIэ. А хьылъэр IудгъэкIыжьыным пае псэкIодшIагъэм тыфыкIэгъожьэу, Тхьэм ыпашъхьэ итлъхьэмэ икъущт, етIанэ ыпэкIэ едгъэхъун тэлъэкIы. Хьылъэхэр загъорэ къызхэкIырэр фыщытыкIэ мытэрэзхэр ары, тэ цIыф горэм мытэрэззэу тыфыщытынкIи мэхъу е нэмыкI цIыф горэ тэ дэеу къытфыщытынкIи мэхъу. Сыдэу щытми, тэрэззэу тызымыгупшысэкIэ, Iофыр къызэIэхьэ, аужыпкъэм а Iофым текIодылIэнкIи мэхъу.

Загъорэ Тхьэм тэ хьылъэ къыттырелъхьэ. А хьылъэр зыфэдэр: тыгу хьылъэу, тыпшъыгъэм фэдэу тыгу кIодыгъэу тыхэт. Зы цIыф горэм ипсэкIодшIагъэ, е ащ ищыкIэгъэ гъэнэфагъэ горэм фэгъэхьыгъэу Тхьэм гумэкIэу иIэр джары къызэрэтигъэлъэгъурэр. Джаущтэу лъэгуанджэкIэ Ежь ыпашъхьэ титIысхьанэу Тхьэм тешIы, Ежь зэрэфаем фэдэу тхьэлъэIу тшIынэу.

ТхьэлъэIум ихьылъэ зэтефыгъ; ахэр тэ тшIэнхэ фае, Тхьэм ыдэжь къикIырэ хьылъэр къыхэдгъэщыным, тэрэззэу тыфыщытыным пае. Ащ ищыкIагъэхэр тиакъыл къызэриубытыгъэхэм тетэу, Тхьэм тэ къытфигъэшъошэрэ хьылъэхэм шIубэ къапыкI зэпытэу тлъэгъущт.

Тхьэм тхьэлъэIу хьылъэ цIыф горэм къытырилъхьэмэ, ушъхьагъу гъэнэфагъэ горэ щыI: цIыф горэ е

Iоф горэ Тхьэм зэблихъу шIоигъу. Хьылъэр зытелъым е ащ иныбджэгъу псэкIод горэ ыгъэхъагъэу хъункIи мэхъу. Хьылъэу Нэхьэмые зыгъэгумэкIыщтыгъэр ежь Тхьэм инэшхъэягъу ары – Ерусалим зыхэт тхьамыкIагъом пае. Тхьэм Ерусалим зыхэт тхьэмыкIагъор зэблихъу шIоигъуагъ, ащ пае а хьылъэр Нэхьэмые тырилъхьагъ.

## Тхьэм игухэлъхэм янэшан

ТхьэлъэIум ихьылъэ Тхьэм тыгу къызытырилъхьэкIэ, а хьылъэр къызыхэкIыгъэ тхьамыкIагъор Ежь зэблихъумэ шIоигъу. Гъощэгъэ псэкIодышIэ цIыфым пае Тхьэм хьылъэ къыттырилъхьэмэ, ащ къикIырэр ар мыкIодэу, къыгъэнэжьынэу Ащ рихъухьагъэшъ ары. Ежь зыфаер ригъэшIэнымкIэ, хьылъэ зытырилъхьэрэ цIыфыр Тхьэм бэрэ егъэфедэ. Ахъщэ зищыкIэгъэ цIыф горэм тыфелъэIунэу Тхьэм тыкъыфегъэущымэ, енэгуягъо, Ар фаекIэ тэ ащ ищыкIагъэри едгъэгъотынэуи, ащ тыфелъэIунэуи.

ТхьэлъэIуныр сыдигъокIи къезгъажьэрэр Тхьэр ары. ГущыIэм пае, о фэныкъуагъэ уиIэу Ащ зилъэгъукIэ, хьылъэ зытырилъхьэн горэм лъэхъу. Ащ уишъэогъу шъыпкъэ къыхихынкIи мэхъу, уинэIосэ къодыеу цIыф къыгъотэуи къыхэкIы. Сыдэу щытми, Ар лъэхъу IорышIэу, Тхьэм ищынагъо зыгу илъ цIыфэу, Ежь цыхьэ зыфишIын ылъэкIэу, хьылъэр зиштэкIэ ыкIэм нигъэсэу зыгъэцэкIэшъущтым.

Ащ фэдэ цIыф Тхьэм къызэрегъотэу, хьылъэр зэрэтырилъхьэу, ащ ыгу ощ пае хьылъэ мэхъу, гумэкIыр зэхешIэ. А хьылъэм узыр зэхыригъэшIэным нэсыфэ ищыкIагъэм фэдиз Тхьэм хегъахъо, Тхьэм ишIоигъоныгъэ зэхишIэн, гу лъитэн зэрэфаер а цIыфым къыгурэIофэкIэ. Тхьэр зыфаем тегъэпсыхьагъэу, ощ пае ащ тхьэлъэIу ышIыныр регъажьэ. Ащ

итхьэлъэIухэм джэуап аритынэу Тхьэр шъхьафит мэхъу, о уищыкIагъэхэр уегъэгъоты. Ар зэрэхъурэр – о Тхьэм къыпфелъэIурэ цIыфым къыпкъырэкIы, е нэмыкI амалкIэ огъоты.

## Тхьэм цIыфым хьылъэ къызэрэтырилъхьэрэр

Шъыпкъэмкlэ, а Iофыр мыщ фэдэ схемэу къызыщыбгъэхъун плъэкIыщт: хьылъэр цIыфэу А-м Тхьэм къытырелъхьэ; цIыфэу А-р цIыфэу Б-м ехьылIагъэу Тхьэм елъэIу; цIыфэу Б-р зыфэныкъуагъэр Тхьэм къыреты; цIыфэу А-м итхьэлъэIу къыкIэкIогъэ джэуапыр елъэгъушъ, Тхьэм ащ ынэшIу къыщефэ. Тхьэм тызыфэныкъуагъэхэр къызытиткIэ, ар титхьэлъэIу закъохэм яджэуап Тхьэм къыритыгъэу бэрэ къытщэхъу. Ау къытфелъэIунэу Тхьэм хьылъэ зытырилъхьагъэр сыдигъокIи тшIэрэп. Тэ уашъом тызыдэкIоежьыкIэ, къытэхьылIагъэу Тхьэм елъэIугъагъэр къызытшIэкIэ, дгъэшIэгъощт, тыукIытэжьыщт. Зым адрэр Тхьэм фелъэIужьыныр зэкIэми тищыкIагъ.

Ау сыда зэкIэ зыфызэшIокIрэ Тхьэм Ежь зыфаер ыгъэцэкIэным пае а тхьэлъэIу щэнэбзыр зыкIигъэфедэрэр? ТхьэлъэIухэм яджэуапхэр, тэ тиIэпыIэгъу хэмытми, Ежь къытынхэ ылъэкIыщт, арыба зэрэщытыр? Тхьэм сэ сифэныкъуагъэ елъэгъумэ, сыда Ащ зыгорэ джыри зыкIигъэгумэкIын фаер?

Шъыпкъэ дэдэмкIэ, тэ тыхэмытми, а зэкIэ Тхьэм зэшIуихын ылъэкIыщт, ау ащ фэдэ шIыкIэ Ащ хихыгъ, нэмыкIхэм ящыIэныгъэ Ежь Iофэу дишIэрэр зытлъэгъукIэ, Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэ хэдгъотэным пае. ШIошъхъуныгъэ зэрэтиIэм пае, тынаIэ зэтетыжьыным Ар фай, зым адрэр шIу ылъэгъоу, зыр адрэм фэгумэкIэу. Тэ тызэфищэным пае, тхьэлъэIу щэнэбзыр Тхьэм егъэфедэ. НэмыкI цIыфыр зыкIэлъэIурэр къыгъотыным тыхигъэлажьэзэ, Тхьэм

а цIыфым ынэшIу къыщефэ, тэри ынэшIу къытщефэ. Джары зыфэдэр тхьэлъэIу хьылъэр.

## Тхьэм хьылъэр къызэрэттырилъхьэрэ шIыкIэр

Сыд фэдэ тхьэлъэIу хьылъэ шъыпкъэхэр Тхьэм ыдэжь къызэрикIыхэрэр тэшIэ, ау сыдэущтэу ар Тхьэм къыттырилъхьэра? Ащ бэрэ егъэфедэх зы цIыф горэм къыIоу зэхэтхыгъэ гущыIэхэр. Ащ нэмыкIэу занкIэу Ежь игущыIэхэмкIэ е нэмыкI гъогукIэ Тхьэм зыкъытфегъазэ, тэ зыдгъэсамбырэу Ащ къыIорэм тедэIу зыхъукIэ.

Зы пчэдыжь горэм жьы дэдэу зыгорэ къысфытеуи къысиIуагъ: «Чарльз, сигущыIэхэм узэряплъыщтыр сымышIэу сыкъыпфытерэуа-сыкъыпфытерэмыуа сIоу сехъырэхъышэщтыгъ. Непэ ипхъухьэгъэ Iофхэр зэкIэ щыбгъэзыенхэшъ, тхьэлъэIукIэ мафэр бгъэкIонэу, къыосымыIомэ мыхъунэу Тхьэм сишIыгъ».

Сишъэогъу къызытеом апэу сызэреплъыгъэр, сызэресагъэу, сиIофхэр лъызгъэкIуатэхэ сшIоигъоу ары, тхьэлъэIур нэмыкI мафэ горэм сшIынэу. Ау гукъабзэкIэ сыпэуцужьын сымылъэкIыжьэу синыбджэгъу къысиIуагъэр Тхьэм къысфигъэшъыпкъэжьыгъ.

Сисекретарь сыфытеуи, зэкIэ непэрэ мафэм исхъухьэгъэ Iофхэр щигъэзыенхэу есIуагъ. ЕтIанэ сикабинет сычIэхьажьи, лъэгуанджэкIэ сыщысэу мафэр згъэкIуагъэ. Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм сяджэнэу зэрезгъэжьагъэм тетэу, сатыр пэпчъ мыр къысиIоу къысщыхъугъ: «Чарльз лъапI». Зы гъэшIэгъон дэдэ горэ сэщ пае Тхьэм зэриIэр къызгурыIуагъ.

Тхьэм къысиIорэр къызгурэIофэ тхьамэфэ заулэ кIуагъэ. ЕжьапIэ фэхъугъэр а мафэу сынэкIызэ Тхьэм селъэIузэ згъэкIуагъэр аркIэ сэгугъэ. Ар зэкIэ къызэрежьэгъэ шъыпкъэр Тхьэм хьылъэ синыбджэгъу къызэрэтырилъхьагъэр ары.

Ежь ышъхьэкIэ ар къызэрэсиIон зэрилъэкIыщтыгъэм сицыхьэ телъ, ау сишъэогъур ыгъэфедэнэу Тхьэм рихъухьагъ. Зиусхьаным ышIэщтыгъэн фае а лъэхъаным е Ежь сызэремыдэIущтыр, е сигухэлъхэм адрэ щыIэ Iофхэр зэкIэ зэрэщагъэзыещтхэр. Джащ фэдэ къабзэу Ащ ышIэщтыгъ а хъугъэ-шIагъэм сишъэогъум сызэрэфыщытыр нахь зэригъэпытэщтыр.

ТхьэлъэIум ихьылъэ къызэрэтIэкIахьэрэм емылъытыгъэу, сыдигъокIи ар Тхьэм ыдэжь къекIы. Хьылъэр ошIэ-дэмышIэу къытфэкIон ылъэкIыщт, тыгу ыфызэу, е мэкIэ-макIэу къыхахъозэ къытфэкIо. Загъорэ хьылъэр гъогуитIукIэ къытфэкIо. ТхьэлъэIу хьылъэр пIэпкъ-лъэпкъым е уизэхэшIэ проблемэхэм ахэмыгъэкIокIэным унаIэ тегъэт. Загъорэ хьылъэр цIыфым къызыфакIокIэ, ар депрессиеу къыщэхъу. Ащ фэдэ зыщыхъурэм, тыгу дгъэкIоды хъущтэп, лъэгуанджэкIэ тытIысын фае нахь.

## Хьылъэм ионтэгъугъ

Хьылъэм фэгъэхьыгъэу джыри тынаIэ зытедгъэтын фаер – ащ ионтэгъугъ ары. Нэхьэмые телъыгъэ хьылъэр ин дэдагъэти, ыгъэгъыгъ ыкIи ыгъэнэшхъэигъ. Ипшъэрылъхэр ыгъэцэкIэнхэу ар зыпэхьэм, ари зэшIуихыщт-зэшIуимыхышъущтыми ымышIэу, пачъыхьэм нэшхъэеу къылъэгъугъ.

Хьылъэ пстэуми ащ фэдэ къахэкIынхэр ямыIэнкIи мэхъу, ау хьылъэ зырызхэм адрэ тиIоф пстэури IутагъэгъэтIылъыкIэу къыхэкIы. Тихьылъэ ин дэдэ зыхъукIэ, зэрэхъу хабзэу, шэйтаным къытеIо ар зытетыдзынышъ, тапэ едгъэхъунэу. «Джыдэдэм о Iофыбэ уиI, ащ упылъыным уиIоф тетэп», – ащ къытеIо. Ау сыд фэдиз Iоф тиIэми, тизакъо зытшIынышъ, сыхьат е мэфэ заулэ Тхьэм тыкIыгъоу тхьэлъэIу тшIын фае.

Хьылъэ пстэуми тхьэлъэІу кІыхьэ ящыкІагъэп. Ахэмэ ащыщ зырызхэр Тхьэм къыттырелъххьэх, ардэдэм зыгорэ тигъашІэ шІоигъоу. ГущыІэм пае, уишъэогъум уфытыригъэон е зищыкІагъэ горэм удыригъэІэн Тхьэм ылъэкІыщт, хьылъэ къыптырилъхьэзэ. Ащ фэдэ хьылъэхэр нафэ ыкІи Тхьэм бэрэ зыфэбгъэзэнышъ улъыхъуныри имыщыкІагъэкІэ енэгуягъо. Ау тэ тыфэхьазырын фае, тизакъо зытшІынышъ, уахътэу ищыкІагъэм фэдизрэ Тхьэм тыкІыгъоу дгъэкІоным.

## Игъом мэхьанэ иІ

Зиусхьаным зыфэжъугъазэзэ уахътэр жъугъэкІонэу зэрежъугъэжьагъэм лъыпытэу, шъузыфежьагъэр щыжъугъэзыеным шъудихьыхынэу шэйтаныр пылъыщт. Ау Тхьэм хьылъэ къызыттырилъхьэкІэ, а хьылъэм пэгъокІ зыщыфэтшІыщт уахътэм мэхьанэшхо иІ. Илъэс заулэкІэ узэкІэІэбэжьмэ, гъэмафэу, ишъэогъу куп игъусэу сикІалэ Темыр Каролинэм ипсыхъо чъэрымэ ащыщ горэм пкъэу зэхэпхагъэхэмкІэ щесыгъагъ. Псым зырагъэхьызэ, ахэр нэмыкІ зекІо куп, гъэІорышІэныр зышІокІодыгъэу псыхъом рихьыхэу, анахь чІыпІэ щынагъоу псыхъом иІэм рихьылІэщтыгъэр, къызэрагъэнэжьыщтым хэлэжьагъэх. Къагъэнэжьхэ зэхъум, псым зэпырысыкІынэу пылъыгъэ кІэлэцІыкІу горэм ылъэгуанджэ ыгъэфыкъожьи, сымэджэщым нагъэсыгъагъ.

А пчыхьэм, купым ядэжь къызегъэзэжьым, пшъэшъэжъые горэм янэ зэкІэри дэгъумэ къыкІэупчІагъ. Ащ ымакъэ гумэкІыгъо горэ къыхэщыщтыгъ, зыгорэм зэригъэгумэкІыщтыгъэр нэфагъэ. ЗыгъэгумэкІырэмкІэ зеупчІхэм, къариІуагъ Зиусхьаным мэфэреным Тхьэм зэрэригъэлъэІугъэр, купым ищынэгъончъагъэ ехьылІагъэу. ЕлъэІу зэхъум, тхьамыкІа-

гъо горэ къызэряхъулIагъэр Тхьэм а бзылъфыгъэм къыригъэшIагъ.

ТхьэлъэIу хьылъэм ехьылIагъэмэ, игъом мэхьанэшхо зэриIэр а ны Iушым къыгурыIощтыгъ. А Iоф къиныр къызэхъум, ежь зыригъэгъэфеди, а купым ищынэгъончъагъэ пае Тхьэм елъэIунэу фиты ышIыгъ. ТхьамыкIэгъо дэдэр мыхъуным пае, шъузым итхьэлъэIу Тхьэм ыгъэфедагъ.

## ГумэкIыгъомрэ хьылъэмрэ зэрэзэфыщытхэр

Джы теплъын фае гумэкIыгъомрэ тхьэлъэIу хьылъэмрэ зэрэзэтекIхэрэм. ГумэкIыгъом тшъхьэкIэ тиIофхэм тынаIэ атырегъэты, ау Тхьэр зыфаер тынаIэ Ежь тетыныр ары. ЗэрэщытымкIэ, тхьэлъэIу зищыкIэгъэ цIыфым е чIыпIэ зэжъум тынаIэ тедгъэтыным тыпылъыным Тхьэр фаеп, ахэмэ тафелъэIунэу хьылъэ къыттырилъхьэгъэ пэтми. ТынаIэ зытетын фаер ежь Тхьэр ары.

ТхьэлъэIу хьылъэм иинагъэ IофыгъуитIумэ къатекIы: Тхьэм зэшIуихынэу зыфэе Iофым икъиныгъэрэ зыщызэшIуихыщт уахътэу щыIэм ибагъэрэ. НэмыкIэу къэпIон хъумэ, Тхьэм зышIуихымэ шIоигъо Iофыр нахь Iофышхо къэс ыкIи уахътэу щыIэр нахь макIэ къэс, хьылъэр бэкIэ нахь хьылъэ мэхъу. Сишъэогъу къытеуи къысиIуагъ: «УитхьэлъэIу мы пчэдыжьым ебгъэжьэн фае». Тхьэр зэрэсигъусагъэри тхьэлъэIу хьылъэу Ащ къыстырилъхьагъэр зэрэхьылъэшхори псынкIэу зэхэсшIагъ. А сыхьатым Тхьэм зыгорэ сигъашIэ шIоигъуагъ. Нэхьэмые ыгъэцэкIэн фэе Iофыр зэрэIофышхом пае тхьэлъэIу хьылъэри хьылъэшхо хъугъэ. Ащ къэлэ псаур ыгъэпсыжьын фэягъ, зэришIыщт шIыкIэм зи химышIыкIыщтыгъэми.

Iофыр зытетым елъытыгъэу загъорэ ар псынкIэу зэшIотхын фаеу къыхэкIы, сыда пIомэ «нэпкъым

тефэхынкIи» мэхъу. Тэ дгъэнэфэгъэ лъэныкъомкIэ тэкIо, зэкIэри дэгъоу макIо. ЕтIанэ темыжэгъахэу зыгорэ зэрызэIыхьагъэр зэхатшIэу етэгъажьэ. Тхьэм хьылъэ горэ тыгу къытырелъхьэ. Зэхэмыфыгъэ зэхашIэ горэм тегъэгумэкIы, Iоф горэм Ащ тызэрэфищэрэр зэхэтэшIэ.

Зы псэкIодшIагъэ горэ тищыIэныгъэ къыхэхьагъэмэ теуплъэкIу. ПсэкIодшIагъэ тымыгъотми, Iоф горэ мытэрэзэу зэхэтэшIэ. Ащыгъум тыкъызэтеуцонышъ, тыупчIэн фае: «Сыда О къысапIомэ пшIоигъор, Зиусхьан?» ЗэкIэ тиIофхэр дгъэтIылъхэу, зэгъокIым зыщыдгъэгупсэфмэ, Тхьэм къыIон ылъэкIынэу тэшIы хьылъэ къызфыттырилъхьэрэр.

Лъэныкъо пхэнджымкIэ тыгъэзагъэмэ, тигъэшIэщт Тхьэм, Ежь зыфэе лъэныкъор зыфэдэр зэхэтигъэшIыкIыщт. ЗэрэхъурэмкIэ, нэмыкI цIыфхэм ящыIэныгъэ ехьылIагъэм нэмыкIэу, тхьэлъэIу хьылъэр Тхьэм къыттырелъхьэ, гъогу пхэнджым тыщиухъумэным пае.

## Хьылъэр зэрэттелъыщтым ибагъ

ЯкIыхьагъэкIэ хьылъэхэр зэфэдэхэп. Ар зэлъытыгъэр хьылъэм иинагъ, икъиныгъ, Тхьэм къытиIорэм тызэрэпэгъокIырэр ары. Загъорэ тэ хьылъэм тыфэмыеу, тыпэшIуекIо, Тхьэм ар лъимыгъэкIуатэмэ мыхъунэу тэшIы, тезэгъыным тыкъырещэлIэфэ. Зы Iофыгъо горэм ехьылIагъэу Тхьэм хьылъэ тэ къыттырилъхьэмэ, тищыIэныгъэ Ар къызэрэфэгумэкIырэм, къызэрэзэрихъокIырэм зэринэшанэр тшIэн фае.

А хъугъэ-шIагъэм тыгу къыIэтын фае, шIошъхъуныгъэ шъыпкъэкIэ Тхьэм телъэIунэу. Хьылъэм къикIырэр Iоф гъэнэфагъэм фэгъэхьыгъэу Тхьэр къыддэIэпыIэнэу тыкъызэригъэгугъагъэр ары. Тхьэм иIоф анахьэу зэрызэшIуихрэр Ежь ибынхэм ятхьэ-

лъэIу игъогукIэ ары. Хьылъэр къыттырилъхьэзэ, тишIошъхъуныгъэ нахь зыкъыIэтынэу Ащ амал къытеты. Сыда Тхьэм ар зэришIырэ шIыкIэр? Ежь ышIэнэу ригъэжьэгъахэм пае Тхьэм телъэIун тыфитэу зэришIырэр ары. Тхьэм тыгу хьылъэ къытырилъхьэу, ар тишъыпкъэу тэгъэцакIэмэ, кIэух дэгъу зэрэфэхъущтым тицыхьэ тедгъэлъын тэлъэкIы. «О узыфаер орэхъу» – тIозэ, Тхьэм телъэунэу тищыкIагъэп. Ар Тхьэм шIоигъоу зэрэщытыр тэшIэ, сыда пIомэ ар къэзыушыхьатырэр хьылъэу тыгу Тхьэм къытырилъхьагъэр ары.

Хьылъэ зырызхэу Тхьэм сэ къыстырилъхьагъэхэм мэзэ пчъагъэ аукъудыеу къыхэкIыгъ. НэмыкIхэм сыхьат заулэ нахь амыукъудыеуи хъугъэ. Тэ тищыIэныгъэ зэхъокIыныгъэ ин дэдэхэр Тхьэм хишIыхьэнхэ фае зыхъукIэ, хьылъэу къыттырилъхьэрэр лъыкIотэщт, а зэхъокIыныгъэр охъуфэкIэ. ТынаIэ Ежь тетэгъэтыфэ, Ежь гъуазэ къытфэхъунэу тылъэхъуфэ, хьылъэр ттелъыщт.

Нэхьэмые ихьылъэ боу зикъудыигъ, – ащ ибагъэ ышъокIи, итеплъэкIи хэпшIыкIы хъугъагъэ. Ау етIани Нэхьэмые Тхьэм елъэIоу, Тхьэр гъуазэ къыфэхъунэу лъыхъу зэхъум, Тхьэм пачъыхьэм Iоф дишIэщтыгъэ. Зэрэхъущтыгъэ шIыкIэр тшIэрэп, ау зыгорэ хъущтыгъэ. Нэхьэмыий ицIыфхэми яхэгъэгу кIожьын фитхэу пачъыхьэм ышIыгъэ къодыягъэп, псэолъапхъэу ищыкIагъэхэри зэкIэ аритыгъагъэхэ нахь. Ащ нэмыкIэу дзэкIолI куп ахэр аухъумэнэу адигъэкIогъагъ. ИунэIутхэм ащыщ горэм инэшхъэигъэ пае, ащ фэдиз зэрарышхо егъашIэм пачъыхъэм ышIыныеп. Пачъыхьэм ыгу Тхьэм ащ фигъэхьазырыгъ.

Тхьэм а Iоф пстэури зэшIуихыгъэу Нэхьэмые зилъэгъугъэм ыуж ары ныIэп хьылъэр техыжьыгъэ зыхъугъэр. Нэхьэмые итхьэлъэIу закъоп шъыпкъагъэ зыфыриIагъэр, изекIуакIи ары нахь. Ежь ыпашъ-

хьэ илъ гъогур зелъэгъум, а гъогум техьагъ. Ежь зыкIэлъэIугъэм иджэуап щыщ хъунэу ар хьазырыгъ.

## Хьылъэу шъутелъхэр зыфэдэхэр шъуIуатIэх

Ежь зыфаер ыгъэцэкIэныым пае, тихьылъэхэм якъэбар цIыфхэм ядгъэшIэныр Тхьэм егъэфедэ. Ау тихьылъэхэм якъэбар цIыфхэм афэтIуатэ зыхъукIэ, Тхьэм къыдгуригъаIорэм лъэшэу тынаIэ тетын фае. Хьылъэ зырызхэр цIыфхэм ятIуатэ хъущт, адрэхэр шъэфэу зыдэтIыгъынхэ фае. Хьылъэу ттелъыр зыгорэм едгъашIэмэ, гухэлъэу тиIэн фаер цIыфхэр шIу дэдэ тлъэгъунхэр, дгъэгушхонхэр ары. Зыгорэ дгъэмысэныым мыщ чIыпIэ щыриIэп.

Хьылъэр зэхьылIэгъэ цIыф закъом а хьылъэм икъэбар фэтIотэнэу Тхьэр фаеу къычIэкIынкIи мэхъу. Мыщ дэжьым уахътэм мэхьанэшхо иI, сыда пIомэ Iоф къыддишIэзэ, а цIыфми Тхьэм Iоф дешIэ. БгъуитIури къыгъэхьазырыгъэ зыхъукIэ, а хьылъэм икъэбар тIотэнэу Ащ фит тешIы. Тэ хьылъэу тиIэр зэхьылIэгъэ цIыфым едгъашIэмэ, ащ ыгу къытIэтын тлъэкIыщт. Фэныкъуагъэ зиIэ цIыфхэм е зыгу хэкIыгъэ цIыфхэм ашIэн фае ежьхэм апае Тхьэм тызэрелъэIурэр.

Хьылъэ зырызхэм яхьылIэгъэ къэбархэр бэмэ ятIотэнхэ фае. ГущыIэм пае, тишъэогъу горэ зэрэсымаджэр зытшIэкIэ, нэмыкIхэри ащ Тхьэм фелъэIухэмэ тшIоигъу. Зэрэщыт шъыпкъэмкIэ, тызэрэгумэкIырэр къызэрэдгъэлъэгъощтыр Тхьэм тызэрелъэIурэ закъор арэп, ау джащ фэдэу Тхьэм елъэIун зылъэкIыщт цIыфхэм а фэныкъоныгъэм ехьылIэгъэ къэбарыр афэтIотэнри ары. Арышъ, Тхьэм тегъэфедэ, адрэ цIыфхэми Тхьэм емылъэIухэмэ мыхъунэу зыхашIэныым пае. Нэхьэмые иныбджэгъухэм Тхьэм хьылъэ атырилъхьагъ, ахэми ащ ехьылIагъэу пе-

гъымбарым фаIотагъ. Ащ фэдэ гъогукIэ Ерусалим идэпкъхэр агъэцэкIэжьыгъэх.

## Тхьэм ынэшIу къытщифэ шIоигъу

ТхьэлъэIум ихьылъэ зетхьэу, тынаIэ Тхьэм тедгъэт зыхъукIэ, тэ нэмыкI еплъыкIэ Ащ фытиIэ мэхъу, ащ ыуж тэри нэмыкIэу тызэплъыжьы. Ащ ихьатыркIэ тыгу илъ шъыпкъэр зыдэтэшIэжьы. Зыгорэм пае Тхьэм телъэIу зыхъукIэ, Тхьэм тыгу егъэкъэбзэжьы, Ащ къытиIорэр тэ зэхэтэхыным пае. Хьылъэр Тхьэм къызыттырилъхьэкIэ, ащ ыуж тыгу зыщыдгъэкъэбзэжьын уахътэ къэкIо. Хьылъэм зыщытыдзыеу зыкIэхъурэр, тыгу дгъэкъэбзэжьыныр зэрэтимыкIасэр арынкIи мэхъу. Ау Тхьэм ешIэ: тыгу нахь къабзэ хъу къэс, Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ нахь лъэшэу тыгу илъ хъу къэс, титхьэлъэIу нахь кIуачIэ иIэ мэхъу.

Тхьэм тыгу къызэригъэкъабзэрэм пае, Ащ нахь пэблагъэ тызэрэхъугъэр зэхэтэшIэ. Нахь лъэшэу Ар шIу тлъэгъу зэрэхъури, нахь тыфэшъыпкъэу Ащ тыфэлажьэ зэрэхъури тэлъэгъу. Ащ изакъоп нахьышIу тлъэгъу хъурэр, тыкъэзыуцухьэрэ цIыфхэри ары. А шIулъэгъукIэу тиIэм тигъэгушхуагъэу, Тхьэм хьылъэу тыгу къырилъхьэхэрэр тычэфэу зетэхьэх. Арышъ, зэхьылIагъэхэм агукIэ ашъхьэпэнэу хьылъэр афегъакIо. ТхьэлъэIу хьылъэр афэтымыштэмэ, Тхьэм ынэшIу къытщифэныр тшIокIоды.

Джырэ уахътэм Зиусхьаным хьылъэ шъугу къытырилъхьэгъэнкIи мэхъу. Шъо ар зытежъудзыным шъупылъыгъ. Шъо сымаджэ шъухъугъэу къышъущыхъугъэнкIи мэхъу. Тхьэм ыпашъхьэ лъэгуанджэкIэ шъуитIысхьанышъ, сыд фэдэрэ хьылъэу Ащ къышъутырилъхьэрэр шъуштэным шъузэрэфэхьазырыр Ащ ешъуIон фае. Ежь игухэлъ Ащ егъэцэкIэфэ шъузэрэфэшъыпкъэщтыр Ащ ешъуIу.

Ащ фэдэу шъущыт зыхъукIэ, шъо зыгорэм ищыIэныгъэ пае, занкIэу е едзэкIыгъэу, Тхьэм шъуигъэфедэн ылъэкIыщт. Ащ нэмыкIэуи, ипэурэм нахьи нахь куоу шъугу къыукъэбзынэу ригъэжьэнымкIэ Тхьэм амал ешъоты. Тхьэм ынэшIу инэу къышъущифэнэу зыфызэIушъух.

Мыщ фэдэ тхьэлъэIу шъушIынэу шъухьазыр шIуа? «Зиусхьан, сыд фэдэрэ хьылъэу О къыздэбгощы пшIоигъор сштэнэу сыхьазыр. Узэрэфаем фэдизэу сыгъэфед».

Ар угу илъ шъыпкъэмэ, узэреуцолIагъэм къыкIэкIуагъэр ахърэт мафэм о плъэгъущт, бгъэшIэгъощт.

# 5
# ТхьэлъэIум иджэуап

*ШъуелъэIуи, Тхьэм къышъуитыщт; шъулъыхъуи, къэжъугъотыщт; къэлапчъэми шъутеуи, Тхьэм къышъуфыIуихыщт; сыда пIомэ хэтми Тхьэм елъэIурэр зыкIэлъэIурэр иIэ хъущт, лъыхъурэми зылъыхъурэр къыгъотыщт; къэлапчъэм теорэми Тхьэм къыфыIуихыщт. Е цIыф къышъухэта, зыкъо хьалыгъу пае къелъэIумэ, мыжъо езытыщтыр, е пцэжъые пае къелъэIумэ, блэ езытыщтыр? Арэущтэу шъо шъубзаджэ пэтми, шъуибынхэм шIу яшъутын шъулъэкIымэ, ащ нахьи нахьыбэу шъу-Ятэ лъапIэу уашъом щыIэм Ежьым елъэIухэрэм IофышIухэр къаритыщтхэба?*

Маттэ 7:7-11

Мы пычыгъом къызэриIоу, тхьэлъэIум сыдигъуи зыгорэ къыкIэкIо. Аущтэу къытщэхъункIи мэхъу. ШъуелъэIуи, Тхьэм къышъуитыщт! УзэреплъыщтымкIэ, зэкIэри къызэрыкIу, ау нахьыбэмкIэ ар нэмыкI шъыпкъ. Тэ тэлъаIо, ау тызыфаер сыдигъуи дгъотырэп.

ТитхьэлъэIухэм къакIакIорэр тлъэгъуным сыдигъуи тыкIэхъопсы, ау сыдигъуи тлъэгъурэп. Джэуапынчъэу къэнэгъэ тхьэлъэIухэм бэмэ агу джэнджэш къырагъахьэ ахэр Тхьэм зэхимыххэу. Ащ къыхэкIэу, зыгорэкIэ ахэмэ джэуап къызаIукIэкIэ, тэгъэшIагъо. Библием тегъашIэ тхьэлъэIум иджэуап Тхьэм къызэрэтитыжьрэр. Ащ титхьэлъэIухэм ащыщхэм яджэуапхэр къытыжьыгъэхэу тищыIэныгъэ къызэрэхэфагъэхэр тэшIэ. НэмыкI цIыфхэм ятхьэлъэIухэм Ащ джэуап зэраритыжьыгъэри тэшIэ. Ау

джы къызнэсыгъэм тэ къыдгурыIон тлъэкIырэп титхьэлъэIухэм яджэуапхэр сыдигъуи Ащ къызыкIытимытыжьхэрэр.

## Тхьэм телъэIунэу Исус тегъэгушхо

АпэрэмкIэ тхьэлъэIум тыкIэзгъэгушIурэр Ежь Исус. Ащ къытеIо Тхьэм телъэIунэу, тылъыхъунэу, къалапчъэм тытеонэу. Тэ Тхьэм телъэIу, къыдгурыIоным тыпылъ, гъогу зэфэшъхьафхэм якъэлапчъэхэм тателео. ЩыIэныгъэм ылъэныкъо пстэумэ ащыщэу сыд щыщ тылъыхъугъэми, уашъом щыIэ Тятэ зызыфэдгъазэкIэ, къызэрэдгъотыщтыр Зиусхьаным къытеIо.

Мылъку къытитынэу Тхьэм телъэIумэ хъущта аIошъ, цIыф зырызхэр къэупчIэх. Джэуапыр я 9-рэ, я 10-рэ сатырхэм арыт. Ны-ты Iушхэм зэралъэкIэу ясабыйхэм зэкIэ ящыкIагъэр афашIэ, ахэр агъэрэзэнхэм пае, апкъ ылъэныкъокIи, агукIэ апсэкIэ ящыкIагъэхэри. Я 11-рэ сатырым зэритымкIэ, тибынхэм шIу афэтшIыным тыпылъ. Ащ фэдэ къабзэу Тхьэм тэ шIу къытфишIыныр игуап. Ащ къытфегъэшъыпкъэ Тхьэм материальнэ тынхэри къытфишIынхэу зэрэфаер.

## Тхьэм джэуап къытитынэу тэ къыттефэ шIуа?

ЦIыф горэхэм гупсэфыгъо аримытэу, джыри зы упчIэ щыI. ЯтхьэлъэIу Тхьэм иджэуап къаритыжьыныр атемыфэу ахэмэ алъытэ. Ау ащ фэдэ еджэнджэшыным зи лъапсэ иIэп. Тхьэм шIу телъэгъушъ, джэуап къытеты. Тэ къызэрэттефэрэм ехьылIэгъэ упчIэр къызэкIэмыкIожьынэу Голгофэ зэшIуихыгъ. Анахь тын лъапIэр тэ Ащ къытитыгъ – Ежь ы-Къо. А тыным егъэпшагъэмэ, адрэ тын пстэури зэуи арэп.

Іоф цІыкІу-шъокІумэ яхьылІагъэу Тхьэм телъэІунэу сыда зыкІытшІоемыкІур? Шэйтаным тэ къыдгурегъаІошъ ары: «О хэт ущыща, зыгорэкІэ Тхьэм уелъэІунэу?» Ащ зы джэуап закъу иІэр: «Сэ – Пачъыхьэм сырибын. Тхьэм иеплъыкІэкІэ, сылъэпІэ дэд, сыда пІомэ сэщ пае Ежь ы-Къо закъо аригъэукІыгъ. Ар сэщ пае лІагъэ, сищыкІэгъэ пстэури Ащ къызэрэсфишІэщтым уенэгуежьынэу щытэп».

Мы дунаим тытетыфэ, Тхьэм ынэшІукІэ мылъку къытигъэгъотыным ехьылІагъэу еплъыкІитІу щызэпагъэуцу. Зы еплъыкІэм дезгъаштэхэрэм зэраІорэмкІэ, чыристанхэр къурмэныпхъэм фэдэу тхьамыкІэу щыІэнхэ фаеу, тыкъырафэкІэу, мылъку тимыІэу тылІэжьынэу. НэмыкІ еплъыкІэ зиІэхэм зэралъытэрэмкІэ, сыд щыщи тыкІэмылъэІугъэми, Тхьэм ар къытфишІэщт. А еплъыкІэм къытекІэу чыристанхэм ашІэн фаер зы – тэрэзэу егупшысэнхэу ары. Ау а еплъыкІитІури егъэлыегъащ ыкІи Библием къытекІырэ шъыпкъэу щытэп.

## Ежь ибынхэм ынэшІу ащифэным Тхьэр зэрэфыщытыр

Тхьэм тэ шІу телъэгъу, тищыкІэгъэ пстэури тигъэгъотыным фай. ТыгукІэ тшІоигъохэр къытфишІэнхэу фай. (Орэд лъапІэхэм 36:4: *«Зиусхьаным гушІуагъо хэгъуат – угу шІоигъохэр къыпфишІэщтых».*) Ау, ащ кІыгъоу, Ар фай Ежь ыІэ имызакъоу, ынапи тылъыхъунэу. Тэ титхьэлъэІухэм «сэ сыфаер» къябэкІы хъумэ, ар нахьыбэмкІэ, тинэплъэгъу Тхьэр арэп зыфэдгъэзагъэр, Тхьэм ынэшІу къытщифэныр ары нахь. Тхьэм ишІулъэгъу къытеты, джащ фэдэуи Ежь шІу тлъэгъуным Ар фай. Ащ дэжьым мылъкукІэ ынэшІу къытщифэн закъор арэп тызылъыхъущтыр, Ежьи Ары нахь. Тэ тынаІэ нэмыкІ лъэныкъо тедгъэ-

тыным пае, Ащ уашъом ишъхьаныгъупчъэхэр къызэфишIыщтых. Арэущтэу ымышIмэ, тихэукъоныгъэхэр тэ къыдгурыIощтхэп, Ежь зыфаем фэдэу, Ар зыфэдэр тшIэщтэп.

Уашъом щыIэ Тятэ шIу дэдэ телъэгъушъ, тэ тызылъыхъурэр тиIэным фай. Ау тэ тызыфаехэм Ащ уасэ къызэрафишIыщтыр, Ежь зэришIэрэм елъытыгъэу, тэркIэ нахьышIу зэрэхъущтым тетэу ары. Ары загъорэ титхьэлъэIу зырызхэм джэуап Ащ къызыкIаримытыжьрэр. Джары тызэрэфаем фэдэу Тхьэм джэуап къызытимыткIэ, тытхьаусхэным пкIэ зыкIимыIэр. ТэркIэ федэри, мыфедэри Ежь зэришIэрэм къыхэкIэу, зэ Ащ ымыдагъэмкIэ нэужым къытедгъэнэнэу телъэIу хъущтэп.

Тиунагъо Атлантэ зэкIожьым, тыгу рихьын унэ къэдгъотыным мазэм ехъу тедгъэкIодагъ. Ащ фэдиз уахътэм тиныбджэгъухэм адэжь тыщыпсэугъ. Тэ тызылъыхъущтыгъэм фэдэ унэ къыгъотыгъэу сишъуз къызысеIом, гушIогъошхом сырихьыжьагъ.

Тэ Тхьэм телъэIущтыгъ, къытщыхъущтыгъ а унэр Зиусхьаным ыдэжь къэкIыгъэу. ЫIужым тэ лъэIу тхылъ банкым еттыгъ чIыфэм ехьылIагъэу, къытфашIэными тежагъ. Шъыпкъэ дэдэмкIэ, тызыфэе джэуап Тхьэм къаригъэхьыжьыным тицыхьэ телъыгъ, пэшIорыгъэшъэу щытхъуи Ащ фэтшIыгъ.

Тхьамафэ блэкIыгъэу банкым макъэ къысигъэIугъ тилъэIу щагъэзыягъэу. Ар тэркIэ утын шъыпкъагъ. ТилъэIу банкым зыкIищыгъэзыягъэр джы къызынэсыгъэми сшIэрэп. АщкIэ Тхьэм къытиIо шIоигъуагъэр къыдгурыIон тлъэкIыщтыгъэп. «Сыда титхьэлъэIу иджэуап къызыкIытимытыжьыгъэр?» – тыкIэупчIэщтыгъэ тэ.

КъыкIэлъыкIорэ мафэм Тхьэм джэуап къытитыгъ, ощхышхо къызытфырегъэщхым. А унэу тэ къэтщэфынэу тызыпылъыгъэм имыжъо лъэкъо гъэчъыгъэ этажыр метрэ ныкъокIэ псым зэлъиубытыгъагъ. А

мыжъо лъэкъо гъэчъыгъэ этажыр тэ кабинетрэ гъэтIылъыпIэрэ тшIынэу тыфэягъ, ау Ежь зыфаер къыдгурымыIощтгъэми, Тхьэм тыкъыухъумэщтыгъ. Тхьамафэ тешIагъэу тызфэе унэм фэдэ тэ къэдгъотыгъ ыкIи илъэсие ащ тычIэсыфэкIэ тычIэгупсэфыхьагъ.

Тхьэм шIулъэгъуныгъэшхоу къытфыриIэр къыдгурыIуагъ. Арышъ, тэ къыдгурыIон фае тызэрэзекIощт шIыкIэр титхьэлъэIухэм Тхьэм джэуап къаритыжьын ылъэкIынэу шIыгъэным пае. Проблемэр зыдэщыIэр Тхьэм тызыфелъэIурэр къытфишIынэу елъэкIымэ е емылъэкIымэ арэп. Сыда пIомэ тэ тызыфелъэIурэм нахьи нахьыбэ Ащ ышIэн ылъэкIыщт. ЗэрэхъурэмкIэ, проблемэр зэпхыгъэр тэры нахь, Тхьэр арэп.

Тэ титхьэлъэIухэм Тхьэм джэуап къаритыжьыным пае, дгъэцэкIэнхэ фаехэу Iофыгъуих щыIэр.

## Тэрэзэу тызэфыщытыныр

АпэрэмкIэ, тэ Зиусхьаным тызэрэфыщытыр тэрэзын фае. Даут иорэд лъапIэм 65:18 къыщеIо: *«Сэ сыгу бзэджагъэ изгъэлъыгъэмэ, Зиусхьаным сыкъызэхихыныеп».* Ау ащ къикIырэп, тыхэукъо къэсми Тхьэм къыIоу: «Джащ нахьыбэрэ сынэшIу къыпщысфэщтэп». Ар аущтэу щытыгъэмэ, тащыщ горэми щыIэныгъэм зи щыфызэшIокIыныеп.

Ау зыдэтшIэжьэу бзэджагъэр зыхэтхыкIэ, уашъом ишъхьаныгъупчъэхэр тэркIэ зэфэшIыгъэ мэхъух, Тхьэм тызэрэпэблагъэр зэпэуты. Ащ къикIырэп, тишIошъхъуныгъэкIэ тылъэпао къэсми, титхьэлъэIухэм Тхьэр къядэIужьынэу фэмыеу. Тэ тызыфэдэри къинэу тызэутэкIхэри Ащ елъэгъу ыкIи тызэрыфэгъэ чIыпIэр къыгурэIо. Ау зыдэтшIэжьэу псэкIод тшIэнэу фит зытшIыныр Ащ къытфидэрэп.

Тэ тынаIэ Тхьэм тедгъэтын фае. Ар тищыIэныгъэ игухэлъэу щытын фае. Ащ иунашъохэм атетэу ыкIи Ащ тызэригъэIорышIэрэм тетэу тызэрэпсэущтым тыпылъын фае.

## ШIыкIэ тэрэз

Зиусхьаным тызелъэIукIэ, теубытагъэ хэлъэу, тызыфаер гъэнэфагъэу Зиусхьаным етIон фае. Исус къызэриIуагъэмкIэ, шIошъхъуныгъэ фытиIэу Тхьэм телъэIумэ, тызыфелъэIурэр къытфишIэщт. *«Арышъ, шъосэIо, сыд щыщкIи Тхьэм шъуелъэIумэ, Тхьэм ар къызэрэшъуфишIэщтымкIэ шIошъхъуныгъэ шъугухэм арыжъугъэлъи, къышъуфишIэщт»* (Марк 11:24). НэмыкI гущыIэкIэ къатIомэ, шIошъхъуныгъэ фытиIэу Тхьэм къытфишIыгъэу тыгу ынэкIэ тлъэгъурэр, шъыпкъэ дэдэмкIэ Тхьэм ар къытфишIэщт.

Тхьэм телъэIу зыхъукIэ, гъэлъэгъуапIэхэр къэзыплъыхьэрэм фэдэ зытшIы хъущтэп. «Тяти, тяни, зэкIэ миссионерхэми къадэIэпыI, Зиусхьан. Чылысым унэшIу щыгъаф…». Мыщ фэдэ тхьэлъэIухэм угу къагъэкIы рестораным чIэхьагъэу сешъуи, сешхи сшIоигъу языIорэр. ТхьэлъэIу мыгъэнэфагъэхэм къагъэлъагъо тызыкIэлъэIухэрэм тэркIэ мэхьанэшхо зэрямыIэр. Ау щытми, зыгорэущтэу Тхьэм тыкъызэхишIыкIынышъ, Ащ зыгорэ къытфишIэнэу тежэ.

Тэ тызэгупшысэрэр Тхьэм ешIэ, ащ щэч хэлъэп. Тэ тызыфаер нафэу зэдгъэзэфэн ыкIи къэтIон зэрэтымылъэкIырэр ары проблемэр. Ащ фэдэ тхьэлъэIухэм яджэуап Тхьэм къаритыжьын ылъэкIыщтгъэ, ау ащ ехьылIагъэр тэ егъашIэм тшIэщтэп. Ащ нэмыкIэу, ифэшъошэ щытхъур Ащ фэтшIыщтэп, тилъэIу джэуап къыритыгъэу, тэри ынэшIу къызэрэтщигъэфагъэр къыдгурыIощтэп.

Сипшъашъэ машинэ къыфэсщэфын зэхъум, ар

зыфаемкIэ сеупчIыгъ. Ащ ехьылIагъэу ар Тхьэм елъэIущтгъэти, ышIэщтыгъэ илъэсэу къызыдэкIыгъэр, моделыр, машинэм ышъощтыр, ыкIоцI ибзэгъэщтхэр. Арти тылъыхъонэу тежьагъ. Зыфаер гъэнэфагъэу итхьэлъэIухэм къащиIошъуным ар езгъэсэгъагъ, ау сэ сшIагъэп ащ фэдэу нэфэ дэдэу зэрелъэIущтыр. Сэ сиеплъыкIэкIэ, къекIун фэдэ машинабэмэ тяплъыгъ, ау зыми фэягъэп, апэу Тхьэм зыфелъэIугъагъэм нэмыкIэу. Мэзэ заулэ тылъыхъоу тыхэтыгъ.

Пчыхьэ горэм, рекламэм хаплъэзэ, Беки зылъыхъурэ машинэм фэдэ къабзэ зэращэрэр, сикIалэ мэкъэгъэIум рилъэгъуагъ. ЗэкIэри тефэщтыгъэ: маркэри, ышъуи, модельри, илъэсэу къызыдэкIыгъэри. А пчыхьэ шъыпкъэм ащ теплъынэу тыкIуагъ, ыкIи, такъикъ заулэ машинэр зыем тызыдэгущыIэм къэтшIагъ: машинэу тызылъыхъущтыгъэр ары. Тэ бэрэ Тхьэм телъэIунэу ищыкIэгъагъэп, тщэфынэу тызэрезэгъырэр тэрэзмэ тшIэным пае – зэкIэ тхьэлъэIухэр къыIогъэхагъэх.

ТызыфелъэIурэр тшIэу, гъэнэфагъэу, теубытагъэ хэлъэу телъэIуныр Тхьэм икIас. Iоф горэм ехьылIагъэу унашъо зытшIыкIэ, теубытагъэ хэлъэу Тхьэм телъэIун фае, арэущтэу тымышIмэ, шIошъхъуныгъэ икъоу тимыIэу къекIы. Орэд лъапIэм мощтэу итэп: «О угу ищыкIагъэхэр Ащ къыпфишIэщтых»; мощтэу ит нахь: *«Угу шIоигъохэр Ащ къыпфишIэщтых»* (Орэд ЛъапIэ 36:4). Тэ къыдгурыIон фае, шъыпкъэ дэдэмкIэ мэхьанэ зиIэр тызыфелъэIурэр арэп, тыгу Зиусхьаным зэрэфыщытыр ары нахь. Ежь ибынхэм Тхьэм ынэшIу ащигъэфэ шIоигъу, ау тэ фыщытыкIэ тэрэз Ащ фэтшIын фае, екIолIэкIэ тэрэз фэдгъотын фае.

## ЛъэIокIэ тэрэзыр

КIуачIэ зиIэ тхьэлъэIум иящэнэрэ екIолIакIэ зэхьылIагъэр узыкIэлъэIурэр Тхьэр зыфаем тефэныр ары. *«Тхьэр зэрэфаем тетэу зыгорэкIэ телъэIумэ, къызэрэтэдэIущтыр тэшIэшъ, гушхоныгъэкIэ Ежьым пэблагъэ тэхъу. Сыд щыщкIи телъэIумэ, къызэрэтэдэIущтыр тэшIэшъ, тызэрелъэIурэр тиIэ зэрэхъугъэр тэшIэ».* (1 Иуан 5:14-15). Ежь зыфаем тегъэпсыхьагъэу тэ телъэIун фае. Ау Ежь фаеу телъэIумэ, тэ сыдэущтэу къэтшIэщта?

АпэрэмкIэ, тэ Тхьэм къытфишIынэу тызыфаер нафэу къэтIон фае. Зыгорэм тыфае зыхъукIэ, тимысагъэ зыдэтшIэжьэу загъорэ къыхэкIы, ащ пае тызыфаехэр тэгъэбылъых. Ау Тхьэм иеплъыкIэхэр тшIэхэ тшIоигъомэ, гъэнэфэгъэ Iоф горэм тызэрэфаем Тхьэм ыпашъхэ тыщеуцолIэн фае. ЕтIани Тхьэм иджэуапхэр, сыд фэдэу щытхэми, Тхьэм иIэпыIэгъукIэ разэ тафэхъунэу тыхьазырын фай, зыгу-зымыгоу тафыщытын фай. Зыгу-зымыгум къикIырэр тэ тызыфаем нахьи Тхьэр зыфаем нахь ыуж тызэритырэр ары. ТызыкIэлъэIухэрэм зыгу-зымыгоу тафыщытынэу охътэ гъэнэфагъи, тхьэлъэIуи тищыкIэгъэнкIи мэхъу, ау Тхьэр зыфаер къэдгъотынэу тыфаемэ, зыгу-зымыгу тыхъуныр мэхьанэшхо зиIэ лъэбэкъу.

Загъорэ, тэ зыгорэм еплъыкIэу фытиIагъэм зыгу-зымыгу тызэрэфэхъужьэу, тызыкIэлъэIущтыгъэм тыфэмыежь тэхъу. Ар зы шIыкI Ежь зыфаер Тхьэм къытигъэлъэгъунымкIэ. Загъори тызыкIэлъэIурэм зыгу-зымыгу тызыфэхъужьэу, Тхьэм тыгу зырегъэIажэ: тэ тызыкIэлъэIущтыгъэм тыкIэлъэIуным тыфэмыежьы тэхъу. А Iофым тыкIэлъэIунэу гупсэф тиIэп. ТызэрелъэIурэм зыгу-зымыгу тыфэхъумэ, зэхашIэу тиIэхэр рэхьат къэхъух. Зыгу-зымыгу тызэрэхъугъэм пае, тигугъэхэр Зиусхьаным фэгъэзагъэ мэхъух, Тхьэм тызыдигъазэрэри нахь IупкIэу тэлъэгъу.

## ТхьэлъэӀур тэрэзэу гъэпсыныр

Чыристаныбэмэ ятхьэлъэӀу мыщ фэдэ гущыӀэхэмкӀэ аухы: «Исус ыцӀэкӀэ». ЦӀыф горэмкӀэ – ар зэресэгъэ къодый, нэмыкӀымкӀэ – джэуап Тхьэм къытитынэу ӀэпыӀэгъу къытфэхъурэ гущыӀэ къодый. Иуан 14:14 ит мыщ фэдэ гущыӀэхэм: *«Сэ сцӀэкӀэ сыд щыщкӀи шъукъысэлъэӀумэ, сэ ар къышъуфэсшӀэщт,* зыфиӀохэрэм тызяджэкӀэ, тэ мытэрэзэу тэгугъэ титхьэлъэӀу иджэуап къытӀэкӀэхьаным пае, «Исус ыцӀэкӀэ» тӀомэ икъунэу. Ар хэукъоныгъэу щыт, сыда пӀомэ джыри зыгорэ тищыкӀагъ, Тхьэм джэуап къытитыным пае. Иуан 15:7 ит: *«Шъо шъугухэм сарылъ зэпытэу, сигущыӀэхэри шъугухэм арылъ зэпытхэмэ, сыд шъузыфаемкӀи Сятэ шъуелъэӀу, ащыгъум шъузэрелъэӀурэри шъуиӀэ хъущт».* Ащ къикӀырэр: Тхьэм тызэрелъэӀурэр къытфишӀыным пае, ежь Исус тыгу илъын фай, игущыӀэхэри тыгу илъынхэ фай.

ГущыӀэу «Исус ыцӀэкӀэ» зыфиӀорэр гущыӀэгъусэ гъэнэфагъэу тхьэлъэӀур зэриухырэм нахьи нахьыб. Ар ежь тхьэлъэӀум изэрэщыт. Исус ыцӀэкӀэ тэ Тхьэм телъэӀу зыхъукӀэ къикӀырэр, Исус тчӀыпӀэ ифагъэмэ, тызыкӀэлъэӀурэ шъыпкъэм Ежьри кӀэлъэӀуни. Ащ къикӀырэр, Исус тыгу илъэу зэрэпсэурэм пае, тэ титхьэлъэӀу Ежь зыфэдэми, Ежь игъэпсыкӀи, Ежь ишэни тефэ. Тэ тыгу илъызэ, Ар псэуным фэе къодыеп, тэ тцӀэкӀи лъэӀонэу ары нахь.

Тэ тилъэӀухэр дунаим епхыгъэхэу бэрэ къытщыхъущтых, ау ахэр тищыкӀэгъэ шъыпкъэх, ыкӀи тызкӀэлъэӀурэр Тхьэм къытфишӀэнэу хьазыр. ТыгукӀэ тпсэкӀэ тищыкӀагъэхэр арыми, мы дунаим тытетыным пае тищыкӀагъэхэр арыми, ЕжьыркӀэ ащ мэхьанэшхо иӀэп. Ар – тэ шӀу тызылъэгъурэ т-Ят, тищыкӀагъэхэр къытитынхэу гушӀорэр ары. Ау тигущыӀэ ыкӀэм «Исус ыцӀэкӀэ» къыпыдгъэхъоным къыпэу, титхьэлъэӀу Ежь ишэн зэрэдиштэрэм тицыхьэ телъын фае.

## ЕкIолIэкIэ тэрэзыр

Тхьэм тызелъэIукIэ екIолIакIэу тиIэн фаер Якъубэ итхылъ ит. Тхьэм ыпашъхьэ тызихьэкIэ, Ежь зыфаем тилъэIу тефа-темыфа тIоу теджэнджэшымэ, ащыгъум тэ тыехъырэхъышэрэ чыристан. Бэрэ къыхэкIы тызкIэлъэIурэр зэрэтэрэзым тицыхьэ телъэу, ау етIанэ тиныбджэгъухэм къыддырамыгъаштэу. МокIэ-мыкIэ тызэредзэ: ащ фэдэ лъэIукIэ Тхьэм зыфэдгъэзэным тицыхьэ телъэп. Ехъырэхъышэу, теубытэныгъэ имыIэу, акъыл тIуанэ зиIэ чыристанхэм яхьылIагъэу Якъубэ ытхыгъ: *«Тхьэм зыгорэ къыритынкIэ ащ фэдэ цIыфыр орэмыгугъэ»* (Якъуб 1:7).

Ехъырэхъышэнымрэ тхьэлъэIумрэ зэкIуалIэхэрэп. Тэ тизэхашIэхэмрэ тишъэогъухэм яшIошIрэ тащыгугъ зыхъукIэ ары тыгу джэнджэш къызихьэрэр. ЦIыфэу ехъырэхъышэрэр *«темыубытагъэу, акъыл тIуанэ зиIэ цIыфэу щыт»* ыкIи *«ышIэрэ пстэумкIи теубытагъэ иIэп»* (сатыр 8). Ащ итхьэлъэIу закъоп теубытагъэ зэримыIэр, ышIэрэ пстэумкIи ары. ТищыIакIэ зыфэдэщтыр шIошъхъуныгъэу Тхьэм фытиIэм епхыгъ. ТишIошъхъуныгъэкIэ техъырэхъышэмэ, ащыгъум щыIа тицыхьэ зытелъын горэ?

КIымафэу 1981-рэ илъэсым тичылыс пэмычыжьэу унэшхо чылысим ыщэфынэу къытпагъохыгъ. Унэм ыосагъэр доллар 2 850 000 фэдиз хъущтыгъэ. Процент 21-кIэ банкым чIыфэ къытитынэу къезэгъыгъагъ. Ау, сэ сишIошIкIэ, Тхьэр фэягъэп тэ чIыфэ тштэным. Ар зыфэягъэр тишIошъхъуныгъэ хигъэхъоныр ары.

Тхьаумэфэ пчэдыжьым Паралипоменон иятIонэрэ тхылъ щыщэу я 29-рэ шъхьэм сэ сакъыфеджэщтыгъ, тхьэлъэIупIэ унэшхо ышIыным пае мылъку къаугъоинэу Даутэ къызяджэм, израил цIыфхэм къыраIолIагъэр къызыщиIорэ чIыпIэм. Апэрэ пчэдыжьыпэ зэIукIэм ыуж, ныбжьыкIэ горэм инэчыхьэ Iэлъын

къытыгъ. А пкъыгъо закъор ары уасэ зиIэу ишъузрэ ежьрэ яIагъэр. Зы тхьэмафэкIэ ащ ыпэ ахэр ахъункIэгъагъэх, яIэр зэкIэ ашIокIодыгъагъ.

ЯтIонэрэ тхьаумэфэ зэIукIэми Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм щыщ пычыгъо шъыпкъэм сакъыфеджагъ, а зэлI-зэшъузымэ агу пыкIэу къатыгъэм икъэбар къафэсIотагъ. Уарз сыкъызеджэм ыуж, тичылыс къыхахьэ зышIоигъохэмрэ япсэкIодхэм афыкIэгъожьынхэу фаехэмрэ ыпэкIэ къылъыкIотэнхэу сялъэIугъ. ЫпэкIэ къылъыкIуатэхэзэ, дэхьапIэхэм атетхэу цIыфхэр зэуж-зэкIыхьэу къэуцугъэх. Алэдышъэ тхьакIумэпылъхэр, Iэхъухэр, тхьэкIумэпылъхьэ къелэлэххэр, сыхьатхэр, щыгъыжъые зэблыгъэ пшъэрылъхэр ахэмэ къатыгъэх. Машинэхэр, трейлерхэр, акциехэр, облигациехэр, нэмыкIрэ гъэгугъагъэхэри къашIыгъэх. Ыужрэ бэрэскэшхом доллар 1350 000-рэ тиIагъ.

А Iофыгъом сегупшысэзэ, тызыфаер къыддэхъуным сехъырыхъышэщтыгъэ. Ау, лъэгуанджэкIэмышъхьэкIэ Тхьэм ыпашъхьэ сызитIысхьэкIэ, Тхьэм селъэоIу, сыдигъокIи джэуапэу иIагъэр зы: «Сэ уицыхьэ къыстегъэлъ».

Бэ темышIэу принципэу хэлъыр сэ къызгурыIуагъ. ИщыкIэгъэ пчъагъэр къызэрэтыугъоищтыр къэсыугупшысин къодыеу сызыпэлъым, сишIошъхъуныгъэ сыфэгуитIугъ. Ау сызэрэамалынчъэ шъыпкъэм сеуцолIэжьи, Тхьэм зызыфэсэгъазэм, бгъэжъым фэдэу, сишIошъхъуныгъэ зиIэтэу фежьагъ.

КъыкIэлъыкIорэ тхьаумафэм, кафедрэм секIолIэнэу лъэбэкъу зысэдзым, уасэр яттыным ипIалъэ къэсынкIэ сыхьат 24-рэ къэнэжьыгъагъ, ау доллар 1 500 000-рэ джыри тыщыкIэщтыгъ. ЦIыфхэм анэгу сыкIаплъэщтыгъ ыкIи хэкIыпIэр тыухыгъэу къысщыхъущтыгъ. Ау щытми сэ сшIэн фаер сшIэщтыгъэ. Гъогоу тызэрыкIон фаер Тхьэм сигъэлъэгъугъагъ.

Шэмбэтыр тхьэлъэIукIэ згъэкIуагъэ, сишIошъхъу-

ныгъэу зыпкъ имытым, хъыбэим себэнызэ. Зэхэсшӏыкӏынэу нафэу Тхьэр къыздэгущыӏагъ. Ахъщэ чӏыфэ зэрэтымыштэщтыр шъхьэихыгъэу ясӏон фэягъэ. ТищыкӏагъэрЗиусхьаным къызэрэтитыщтым, Ащ шъыпкъагъэ къытфыриӏэу къызэрэчӏэкӏыщтым тицыхьэ телъын фэягъэ. Сыгу къыдищэеным, къысэушъыеным пае Ащ къысигъэлъэгъугъ пегъымбар Ешайэ итхылъ щыщ пычыгъо (50:7-11).

А пычыгъом итымкӏэ цӏыфхэм сазыдэгуащэм, тэ тшӏэн фаер агурызгъэӏуагъ. «Тэ зэкӏэ такӏыб ит лъэмыджхэр дгъэстынхэ фае, тызэкӏэкӏожьын тымылъэкӏынэу. Шӏошъхъуныгъэ зыфытиӏэр Ежь закъор ары, Ежь закъу ныӏэп», – ясӏуагъ.

Сшъхьац зы куашэ пысыупкӏи, цӏыфхэм агурызгъэӏуагъ, тызэкӏэкӏожьынымкӏэ гъогу пстэури зэрэпыупкӏыгъэр. Ащ дэжьым тичылыс зэӏукӏэ зыгорэ къыхэхъухьагъ. Ахэр шъхьафит хъугъэх. А тхьаумэфэ пчыхьэ шъыпкъэм щыкӏэщтыгъэ миллионрэ никъорэр къекӏуалӏэхэрэм къатыгъ. Пӏалъэу иӏэр къэсынкӏэ такъикъ щэкӏ къэнэжьыгъэу, тищыкӏэгъэ доллар 2 850 000-рэр тиӏагъ.

Арышъ, тара нахь екӏолӏэкӏэ тэрэзыр? Исус ар мыщ фэдэу зэфихьысыжьыгъагъ: *«Арышъ къышъосэӏо, сыд щыщкӏи Тхьэм шъуелъэӏумэ, Тхьэм къызэрэшъуфишӏэщтыр шъушӏошъ жъугъэхъуи, Тхьэм къышъуфишӏэщт»* (Марк 11:24).

Шӏошъхъуныгъэр – джыри щымыӏэр къэхъугъэм фэдэу зэрэтлъэгъущт амал. Зытлъэгъукӏэ ӏофым игъэцэкӏэн тыпыхьэн фай тишӏошъхъуныгъэкӏэ зэдгъэшӏэгъэ шъыпкъагъэм тетэу. Шӏошъхъуныгъэу тиӏэр тизэхашӏэхэм, тӏэпкъ-лъэпкъхэмкӏэ зэхэтшӏагъэхэу тыгу къэкӏыжьхэрэм къатекӏы хъущтэп, Ежь Тхьэм игущыӏэхэм къащиӏорэм къытекӏын фае нахь. Зэхашӏэмрэ ӏофхэм язытетхэмрэ зэхъокӏых, ау Тхьэр – сыдигъуи зэхъокӏырэп. Тиекӏолӏэкӏэ, тиеплъыкӏэ шӏошъхъуныгъэм къыхэкӏын фай.

## Гухэлъ тэрэзыр

Аужыпкъэрэм, тигухэлъхэр тэрэзынхэ фае. Христос ыIуагъ: *«Арышъ, цIыфхэм апашъхъэ шъо шъуинэфынэ щэрэнэф, шъуишIушIагъэхэр ахэмэ алъэгъунхэшъ, шъуя Тэу уашъом щыIэм щытхъу фашIыным пае»* (Маттэ 5:16). Сыд тшIагъэми, тэ тигухэлъхэр Тым щытхъу фэтIоным фэгъэзэгъэнхэ фай.

ТхьэлъэIу горэу, апэрэ еплъыкIэмкIэ къызэрыкIоу, щыкIэгъэ цIыкIу горэм фэгъэхьыгъэм, Тхьэм щытхъу къыфихьышъущт шIуа? Ары! Ау тэ тищыкIагъэмрэ тызкIэхъопсыгъэмрэ Тхьэм къызэрэтфишIагъэр нэмыкIхэм афэтIотэнэу тыфэхьазыр зыхъукIэ ары ныIэп. Ащыгъум Тхьэм джэуап зэритыгъэ тхьэлъэIу пэпчъ Ащ ищытхъу къыIэтыщт.

Гъэнэфэгъэ тхьэлъэIоу Тхьэм джэуап къызэритыгъэм икъэбар цIыфхэм зызэхахыкIэ, ахэмэ яшIошъхъуныгъэ нахь пытэ мэхъу. Тэ тызыфелъэIурэм ащ фэдизэу мэхьанэ иIэп, мэхьанэ зиIэр цIыфхэм щытхъоу Тхьэм фашIырэр ары. Тхьэм тызелъэIукIэ, тызкIелъэIурэр къэдгъотыным нахьи, Тхьэм щытхъу фэтшIыным тынаIэ нахь тедгъэтымэ, джащыгъум фэчэфэу титхьэлъэIухэм Тхьэм яджэуап къаретыжьы.

ТитхьэлъэIухэм Тхьэм ынаIэ къатыридзэнэу тыфаемэ, мыхэр тшIэнхэ фае:

1. Исус Христос игъогу тырыкIозэ, Тхьэмрэ тэрырэ тизэфыщытыкIэ тэрэзэу дгъэпсын фай;
2. ЗэхэугуфыкIыгъэу, гъэнэфагъэу Тхьэм телъэIун фай;
3. Тхьэр зэрэфаем тетэу телъэIун фай;
4. Ежь ишэн тегъэпсыхьагъэу Исус ыцIэкIэ Тхьэм телъэIун фай;
5. ТизэхашIэрэ цIыфхэм яеплъыкIэрэ къатемыкIэу, Тхьэм игущыIэхэм атетэу, шIошъхъуныгъэкIэ Тхьэм телъэIун фай;

6. Тигухэлъхэр тэрэзынхэ фай. Тэ зэкIэ тшIэхэрэми, къатIохэрэми, Тхьэм тызфелъэIухэрэми Тхьэм ищытхъу къаIэтын фае.

Шъо шъуитхьэлъэIухэр джэуапынчъэу къэнагъэхэмэ мы къэтIогъэ шапхъэхэм ахэр атефэхэмэ шъууплъэкIух. ШъуитхьэлъэIухэм яджэуапхэр къытыжьынхэм Тхьэр фай, гушIуагъо Ащ хегъуатэ. Тхьэм ар ышIэн ылъэкIыным пае шъо екIолIэкIэ тэрэз хэшъухынэу сэ Тхьэм сышъуфелъэIу.

# 6

# Сыда титхьэлъэIухэр джэуапынчъэу къызыкIанэхэрэр?

*ЦIыфым шIошъхъуныгъэ имыIэмэ, Тхьэм ыгу ащ къеIущтэп; сыда пIомэ хэти Тхьэм пэблагъэ хъунэу фаем Тхьэр зэрэщыIэмкIи, Тхьэм игъогу лъыхъухэрэм яIахьышIу зэраритырэмкIи шIошъхъуныгъэ иIэн фае.*
Еврей:11:6

Тичылыс зэIукIэ къекIолIэрэ зы бзылъфыгъэ горэ щэджэгъоуж горэм сиIофшIапIэ къычIэхьагъ. Ащ нэпсыр къетэкъохыщтыгъ. ИлI къытIупщыжьынэу рихъухьагъ. Шъузым къыгурыIон ылъэкIыщтыгъэп лIым аущтэу рихъухьанир къызыхэкIыгъэр, ау язэфыщытыкIэхэр зыпкъ ригъэуцожьынхэм пае, зэкIэ фызэшIокIыщтыр ышIэным фэхьазырыгъ. ТызызэдэгущыIахэм, титIуи Тхьэм телъэIунэу тпшъэ итлъхьажьыгъ.

Гуетыныгъэшхо хэлъэу Фрэнсис Тхьэм елъэIущтыгъ. Ишъыпкъэу, теубытагъэ хэлъэу, ащ ынэкIыщтыгъ, Тхьэм елъэIущтыгъ. Ар залъэгъум, ипшъэшъэгъумэ ащыщыбэ къыгоуцуагъ. Ахэмэ зэкIэ ащ илI рихъухьэгъэ Iофым зэрэфыкIэгъожьыщтыми, Фрэнсис иунагъо Тхьэм зыпкъ зэрэригъэуцожьыщтыми шIошъхъуныгъэ фыряIагъ.

Аущтэу щыт нахь мышIэми, мэзих зытешIэм зэрызэгокIыжьыгъэхэр блэкIыгъэ фактэу щытыгъ. Фрэнсисрэ илъэс 14 зыныбжь икIалэрэ зи ямыIэу къэнагъэх. ИлI ыгу Тхьэм ыгъэушъэбынышъ, къыригъэгъэзэжьыным ицыхьэ пытэу телъэу, ащ итхьэлъэIу лъигъэкIуатэщтыгъэ. Фрэнсис итхьэлъэIу зэрэчылыс зэIукIэу джыри къыгоуцуагъ.

Зы пчэдыжь горэм бзылъфыгъэ ныбжьыкIэ къыщэнэу зэрэфаер Фрэнсис илI къыфытеуи къыриIуагъ. А къэбарым Фрэнсис лъэшэу зэридзагъ. ЕтIанэ а мафэм сиIофшIапIэ ар къычIэхьагъ, ынапIэхэр нэпсым ыгъэпщыгъэхэу, къысэплъи, упчIэ къыситыгъ: «Доктор Стэнли, ситхьэлъэIу Тхьэм джэуап сыд къызкIыримытыжьыгъэр?»

Тхьэм ибын пстэуми, зитхьэлъэIухэр джэуапынчъэу къэнагъэхэм, ашъхьэхэм Фрэнсис къытыгъэ упчIэм фэдэхэр къарэхьэх. Джэуапынчъэу къэнэгъэ тхьэлъэIухэм цIыфыбэхэм мэхьанэ хъатэ аратырэп, ау Фрэнсис уIагъэу къыфэнагъэр Iаеу узыщтыгъэти, гу лъытэгъоягъ. Сыда а тхьэлъэIум Тхьэм джэуап къызыкIыримытыжьыгъэр?

ТыщэIэфэкIэ зиджэуапхэр тымышIэщт упчIэхэр щыIэх, ау джэуапынчъэу къэнэгъэ тхьэлъэIухэм яхьылIагъэу Тхьэм зи тимыгъэшIахэу хъурэп. ТхьэлъэIур – джэгукIэ горэп, гурышэкIэ тызекIонэу. Тэ – тыунэIутэп, Зиусхьаным иIанэ къетэкъохыгъэ шкъойхэр къэтымышыпхэмэ мыхъунэу. Иуан 15:15 зэритым фэдэу: *«Джы шъо Iофтабгэхэк Iэ сышъоджэжьрэп, сыда пIомэ Iофтабгэм ежь итхьэматэ игухэлъ ышIэрэп. Сэ шъо синыбджэгъухэкIэ сышъоджагъ, сыда пIомэ, сЯтэ къыIохэу зэхэсхыгъэхэр зэкIэ къышъуфэсIотэжьыгъэх».*

ТхьэлъэIур – сабыир ятэ елъэIурэм фэд. ЧIышъхьашъом щыпсэурэ ты къызэрыкIом фэдэу, уашъом щыIэ Тяти къытиIонэу хьазыр тызэрелъэIурэ Iоф гъэнэфагъэхэр къызкIытфимышIэщтхэр. Ау, Ащ къыIоным ыпэкIэ, тэ Ежь теупчIын фае (Якъуб 4:2).

ЗэкIэ тхьэлъэIухэм Тхьэм джэуап къареты. Ащ къытеIо «хъун», «хьау» е «къеж». Теплъыын Тхьэм «хьау» зыщиIорэм. Тащыщ пэпчъ зэгорэм зыгорэкIэ Тхьэм елъэIугъ, зэрелъэIугъэр къыфимышIэу. Аущтэу зыкIэхъугъэм Iэджи къетIолIэн тлъэкIыщт, ау зытетыр зытетэу къэнэжьы – тызэрелъэIугъэр Тхьэм къытфишIагъэп.

ТхьэлъэІум иджэуапыр «хьау» зыхъукІэ, зэрэхабзэу, тэ тищыІэныгъэ псэкІодшІагъэ хэтшІыхьагъэмэ тылъэхъу. Загъорэ, шъыпкъэ дэдэмкІэ, Іофыгъор зэпхыгъэ хъурэр псэкІодыр ары, ау сыдигъуи аущтэу хъурэп. Ау щытми, Тхьэм джэуапэу къытфигъанэрэр «хьаур» ары. АпэрэмкІэ, мыщ фэдэ упчІэм иджэуап къетэжъугъэт: сыд пае Тхьэм «хьау» къытиІора, къызэрэтщыхъурэмкІэ, Ежь тыгу къабзэу тыфыщытмэ?

## Тэ Тхьэм зыфэдгъэзэжьын фае

ЗэкІэми анахьыбэу Ежь тылъыхъуным Тхьэр фай – титхьэлъэІу иджэуап къытитыным нахьи. ТхьэлъэІукІэ Тхьэм зызыфэдгъазэкІэ, загъорэ тэ тызыфэныкъохэм тыгу зэлъаубытэу къыхэкІы, Ежь тынаІэ темытыжьэу. Тэ тызэгупшысэрэр тызыфаер къытІэкІэхьэныр ары нахь, зэкІэ Къытэзытырэр арэп.

ТхьэлъэІубэмэ щыкІагъэу яІэр джары. ТхьэлъэІум Тхьэм джэуап къызэрэримытыжьрэм адрэ ушъхьагъоу иІэ пстэури (ыкІаІокІэ ахэми такъытегущыІэщт), сыдэу щытми, а проблемэ шъхьэІэм епхыгъэх. Тэ тызыфаер Тхьэм едгъашІэмэ тшІоигъоу, Тхьэр дгъэфедэнэу тызэрэпылъым ищынагъо джары зыдэщыІэр. Ау Ежь а гухэлъ шъыпкъэр арынэу фай. Ар фай Ежь тылъыхъуным, Ежь закъом тылъыхъуным.

«Ежь Ыкъо тыфэдэнэу» Тхьэм къытфигъэнэфагъ (Рим.8:29). Тхьэм иеплъыкІэкІэ анахь мэхьанэ зиІэр – Христос ищыІэныгъэ тыгу илъэу тэ зэхэтшІэныр ары. Ащ къикІырэп, тызэрелъэІурэ пстэури Ащ къытфишІэнэу. Хьау, тэ тиІэнэу Ащ фит тызыфишІыщтыр, Ежь зыфэе шъыпкъэм тефэ зыхъукІэ ары.

Гукъаоми, титхьэлъэІухэм тахэт зыхъукІэ зэкІэ къызэлъытыубытыныр тщэгъупшэ. Тхьэр зыфаблэрэр, зыуж итыр тщэгъупшэшъ, тынаІэ анахь зытетыдзэрэр

тищыкIэгъэ шъыпкъэхэмрэ тызыфаехэмрэ ары. Ащ игухэлъыр – Ежь фэдэ тишIыныр ары, Кол.3:10 зэритым фэдэу: «шэнышIукIэр шъуашэм фэдэу зэшъущэкIыгъ. Тхьэу а шэнышIур къэзыгъэхъугъэм ежьым ишэн фэдэу хъоу, ар егъэкIэжьы зэпыт, ежьыр зыфэдэр шъыпкъэу зэжъугъэшIэным пае». ЗэкIэ псэкIодшIагъэхэм тафыкIэгъожьыгъэми, Тым тызэрэфыщытым зи пэрыохъу фэмыхъуми, тынаIэ нэмыкI горэм тет хъумэ, титхьэлъэIу иджэуап Ащ къытитыщтэп.

## Тэ Ащ тицыхьэ телъын фае

Тицыхьэ Ежь тедгъэлъыным тыфигъэсэным пае, титхьэлъэIу иджэуап Тхьэм ыIажэу мэхъу. Тэ тызыфаер зэкIэ Ащ къытфишIэщтыгъэмэ, сыд хъунгъи? Сыдигъуи Ащ джэуап къызэрэтитыжьыщтым псынкIэ дэдэу тесэнти, ащ къыхэкIыкIэ Тхьэм ианахь нэшIу щыфэныгъэшхо – Ащ тицыхьэ тедгъэлъынэу зэдгъэшIэныр – тшIокIодынгъи.

ТызыкIэлъэIурэр псынкIэу къызытIэкIахьэкIэ, шIошъхъуныгъэр тищыкIагъэп. Ау шIошъхъуныгъэ тимыIэмэ Тхьэр тфэгъэрэзэщтэп Евр.11:6 зэритым фэдэу: «ЦIыфым шIошъхъуныгъэ имыIэмэ, Тхьэм ыгу ащ къеIущтэп». Ежь игущыIэ къызэригъэшъыпкъэжьыщтым тицыхьэ телъмэ Тхьэм ышIэ шIоигъу, зи зызыпыдгъэнэн Iэубытыпlэ шыхьат нафэ тимыIэми. Зэрэхабзэу, тызечъэзэ, зэ зятэдзы Тхьэм игущыIэхэм, зэ тлъэгъурэм, зэхэтхырэм. Ау а зэбэнэу тызыхэтыр Тхьэм егъэфедэ тишIошъхъуныгъэ ыгъэпытэнымкIэ. Якъубэ 1:2-3 ащ игугъу къыщешIы: «ШъуишIошъхъуныгъэ зыгъэунэфырэ къин зэфэшъхьафхэм шъуахафэмэ, гушIуагъоу шъулъытэ, сыда пIомэ мы къинхэм шъуишIошъхъуныгъэ ишъыпкъагъэ загъэунэфы ужым, а къинхэм теубытагъэ къарыкIэу зэрэщытыр шъошIэ». ТхьэлъэIу тымы-

шIыжьынымрэ тшIошъ мыхъужьынымрэ къарэкIы Тхьэр пцIыус тIоу. Тхьэм темылъэIоу шIошъхъуныгъи тимыIэмэ, тэ тызэрыфэгъэ чIыпIэр тиакъылкIэ къызэрэдгурыIорэм нахь тыщыгугъэу къекIы, Тхьэм иакъылэу гъунэ зимыIэм нахьи.

Тэ титхьэлъэIухэр джэуапынчъэхэу Тхьэм къызкIигъанэрэр къыддэхьащхынэу е тизэхашIэхэм къарыджэгункIэ арэп. Джэуапхэр къытимытхэ зыхъукIэ, титхьэлъэIу нахь къаигъэу тыпылъынэу Ащ тегъасэ, Ежь тынаIэ нахь тетэу, тизэхашIэхэм Iэрылъхьэ зыфэтымышIынэу тешIы. Сыд тэлъэгъуми, Ащ игущыIэхэм атетэу, ЕжьыркIэ шIошъхъуныгъэ зидгъэIэным Ар фай. Ежь шъыпкъагъэу къытфыриIэр чIыпIэ зэфэшъхьафэу тызэрыфэрэм Тхьэм къызедгъэгъэшъыпкъэжькIэ, тэркIэ Ащ цыхьэ фэтшIыныр нахь псынкIэ мэхъу.

## Тхьэм тэ тегъэхьазыры

ТитхьэлъэIу джэуап Тхьэм къызкIыримытырэм джыри зы ушъхьагъу иI, ар зэхьылIагъэр Ежь иджэуап Ащ тыфегъэхьазырышъ ары. НыбжьыкIабэмэ ятхьэлъэIу зыфэгъэхьыгъэр шъхьагъусэ къафэхъущтыр Зиусхьаным къафигъэкIонэу ары. Илъэс щэкIым езыублэгъугъэхэм анахьыбэм гуцаф ашIэу ежьэх, Тхьэм ахэмэ гу къалъимытэу. Ахэмэ аIо: «Сыда Тхьэр зажэрэр?» Енэгуягъо, ахэр хьазыр зыщыхъущтыхэм Ар ежэу.

Жъы сыхъуи сищыIэныгъэ гъогу сызырэплъэжьым, къызгурыIуагъэр мары: сызыщыфэе уахътэм тегъэпсыхьагъэу ситхьэлъэIу Тхьэм джэуап къыритыжьыщтыгъэмэ, Ежь сэ сфигъэхьазырырэм инахьышIубэ сшIокIодыни. Тхьэм тызэрелъэIурэм инахьыбэ Тхьэр зыфаем тетми, Тхьэм ащ фигъэнэфэгъэ уахътэм тетэп.

ГущыIэм пае, мырэущтэу тIон: илъэситф зыныбжь уикIэлэцIыкIу чан зэдэлърэ кIэджыбэ фонаррэ иIэнэу фай. Зи пымыIухьэу, о ащ гупсэфэу фонарыр ептын плъэкIыщт, ау чаныр ептынкIэ зыпIэжэн фаеу мэхъу – кIэлэцIыкIум джыри тIэкIу хэхъон фае. Джащ фэдэ къабзэу Тхьэр ежэ тыгукIэ тпсэкIэ тизэхэшIыкI зыкъеIэтыфэ, Ежь игухэлъышIухэу, ынэшIу щыфэныгъэхэу къытфыриIэхэр къытигъэгъотынхэ елъэкIыфэ. А Iофым ехьылIагъэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт: *«Христос тыгухэм зэрарылъым пае, уашъом епхыгъэу, лъэныкъо пстэумкIи гурэ псэрэкIэ Тхьэм ынэшIу къытщифагъ»* (Еф.1:3).

## Загъорэ Iоф нахь дэгъу горэ Тхьэм къытфыриI

ЯплIэнэрэ ушъхьагъоу титхьэлъэIу иджэуап Тхьэм зыкIызэтыриIажэрэр зыфэгъэхьыгъэр нахь дэгъу горэ къытфишIэным Ар зэрэфаер ары. Тэ къытэпэсыгъэм, тызыкIэлъэIурэм, тызажэрэм нахьи нахьыбэ щыIэнкIи мэхъу.

Зэу щысэ шIагъомэ ащыщыр – Лазар ехьылIэгъэ къэбарыр ары (Иуан 11). Исус занкIэу Лазар ыгъэхъужьыгъагъэмэ, Ащ иIоф анахь гъэшIэгъонхэм ащыщэу зы тэ тшIокIодыщтыгъэ. Мерэмрэ Марфэрэ аш къыгъэнэжьынэу Исус зелъэIухэм, ялъэIу гу лъимытагъэу къащыхъугъ. Ахэми, тэщ фэдэ къабзэу, къагурыIощтыгъэп Исус зызыкIигъэгужъощтыгъэр. Ау тара нахь нэшIу щыфэныгъэшхор: цIыфыр бгъэхъужьыныр ара, хьауми, лIагъэхэм къахэбгъэтэджыкIыжьыныр ара? Апэу гугъуемылIыныгъэу алъытэщтыгъэр, джы зэкIэ щытыгъэхэм ашIогъэшIэгъон хъугъэ.

1971-рэ илъэсым, тичылыс зэмызэгъыныгъэу чIэлъыгъэм къыхэкIэу, телевизорымкIэ тикъэтын эфирым тырахыгъагъ. Зэмызэгъыныгъэм иIоф зызэ-

шIотэхым, тикъэтынхэр хагъэуцожьынхэу программэм иIэшъхьэтетмэ тялъэIугъагъ. Ау ахэр къыддэгущыIэнхэуи фэягъэхэп.

Тикъэтынхэр телевизорым къыгъэлъэгъонхэм Тхьэр зэрэфаем тицыхьэ телъыгъ, ау тиIоф зи къикIыщтыгъэп. ТелевизорымкIэ тизэIукIэхэр къэттынхэмкIэ Тхьэр къыддэIэпыIэнэу телъэIущтыгъэ. Тхьэм телъэIунэу зетэгъажьэм, псынкIэ дэдэу зы амал горэ къытIэкIэхьаным тыщыгугъыщтыгъэ, ау илъэсрэ тяжэн фае хъугъэ.

Илъэс зытекIым телевидением тырагъэблагъи, тхьамафэм эфирымкIэ къатынэу рахъухьэрэм тыхэлэжьэнэу къытаIогъагъ. Джы тикъэтынхэр шIуцIэфыжь къодыехэу щытыгъэхэп, нахьыпэм фэдэу, гъэкIэрэкIагъэу, шъо зэфэмыдэхэмкIэ къаты хъугъагъэ нахь. Ащ къыщегъэжьагъэу телевизорымкIэ тикъэтынхэр дгъэпсынхэу амал тиIэ хъугъэ, непэ тизэIукIэхэр спутникымкIэ зэрэкъэралыгъоу къыщатых.

Тэ титхьэлъэIу джэуап а лъэхъаным Тхьэм къызкIыримытыжьыгъагъэр, тызэрелъэIурэм нахьи нахьыбэ Ащ къытит шIоигъоти арыгъэ.

Джащ фэдэх ушъхьагъуиплIыр Тхьэм титхьэлъэIухэм яджэуап къызкIимытыжьхэрэр, тыгу изытет тэрэзми. Тхьэм инэплъэгъу зэкIэри къеубыты, тэ тинэплъэгъу къыубытырэр макIэ. Тхьэм гухэлъ зыфыриIэр зэкIэ тищыIэныгъ ары.

ТитхьэлъэIухэм джэуап Тхьэм къаримытыжьынымкIэ а ушъхьагъуиплIым нахь щымыIагъэмэ дэгъуни, ау ахэр нахьыбэ мэхъух. Мыщ къыкIэлъыкIощт ушъхьагъуиблыр зыфэгъэхьыгъэр титхьэлъэIухэм Тхьэм джэуап къаритыжьыным къыпэу, загъори титхьэлъэIухэр зэхихынхэм къыпэу, тэ зэдгъэзэфэн фаехэр ары.

## Унагъом зэфыщытыкIэу илъхэр

АпэрэмкIэ, тхьэлъэIумкIэ пэрыохъу хъухэрэр тиунэгъо зэфыщытыкIэхэр мытэрэзхэмэ ары (1 Петр 3:1-7). *«Шъо шъузхэм шъосэIо, шъуилIэхэм шъуафэIорышI. Ар шъушIэмэ, ахэмэ ащыщхэр Тхьэм игущыIэхэм ямыдэIухэми, шъо, шъузхэм, зи шъумыIоу, шъуизекIуакIэкIэ шIошъхъуныгъэ яIэ хъущт, гукъэбзагъэрэ Тхьэм ищынагъорэкIэ шъузэрэзекIорэр залъэгъукIэ. Дахэ шъузышIырэр шъуитеплъэ арэу щэрэмыт, шъхьац блэнри, дышъэкIэ зыжъугъэдэхэнри, щыгъын дахэхэри арэу орэмыхъу, ау цIыфхэм амылъагъоу, гушъэбагъэмрэ гупсэфыныгъэмрэ къарыкIырэ дэхагъэу мыкIодыжьыщтыр дахэ шъузышIырэр арэу орэхъу. ТхьэмкIэ ащ осэшхо иI. Сыда пIомэ джары пасэм бзылъфыгъэ лъапIэхэу Тхьэм щыгугъыхэу щытыгъэхэм зызэрагъэдахэщтыгъэ шIыкIэр, ялIыхэми яфэIорышIэщтыгъэх. Арэущтэу Сарэ тхьэматэкIэ еджэу, Ибрахьимэ едэIущтыгъ. ШIу шъушIэу зыми шъущымыщынэмэ, шъори Сарэ шъурибын. Шъо, лIыхэм, шъосэIо, гурыIоныгъэкIэ шъуишъузхэм шъуадэзекIу. Сыда пIомэ ахэмэ акIуачIэ шъо шъукIуачIэ нахьи нахь макIэшъ ары. Лъытэныгъэ афэшъушI, сыда пIомэ шъо шъуигъусэу Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэкIэ ахэми IахьышIоу щыIэныгъэ къаретышъ ары. Арэущтэу шъушIымэ, шъуитхьэлъэIухэм зи къапэуцужьыщтэп».* Шъор-шъорэу шъуегупшыс: унэгъо кIоцIым исхэм узэрэмылъытэжьэу, сыдэущтэу уашъом щыIэ тя-Тэу шIу тызылъэгъоу, къытфэзгъэгъоу, гукIэгъу къытфызиIэм благъэ зыфэтшIын тлъэкIыщта? Тэ тызэрэзэфыщытымкIэ шъхьакIо зэтэхыжьмэ, гукъанэрэ гугъуемылIыныгъэрэ зэфытиIэмэ, тэр-тэрэу титхьэлъэIу пэрыохъу тыфэхъужьы. Я 7-рэ сатырэм щыгъэфедэгъэ гущыIэу «зи къапэуцущтэп» зыфиIорэм къикIырэр, уигъэохъоу уигъогу зыгорэ телъыныр ары. Тиунагъо зэмызэгъыныгъэу илъхэр

узытемыкIошъун пэрыохъу титхьэлъэIухэм афэхъунхэ алъэкIыщт.

Яунэгъо зэфыщытыкIэхэр нахьышIу зашIыжьхэм ыуж ятхьэлъэIухэм яджэуапхэр къаIэкIэхьагъэу цIыфыбэмэ ягугъу ашIэу бэрэ зэхэсхыгъэ. Исатыу кIигъэкI зэпытыным лъыбанэу зы шъэогъу сиIагъ. ИIофхэр дэгъоу рекIокIынхэм пае, тэ тызэгъусэу бэрэ Тхьэм телъэIущтыгъ. Ау зэкIэ зытетым зэрэтетэу къэнэжьыщтыгъэ, бэрэ тишъыпкъэу Тхьэм телъэIущтыгъэ нахь мышIэми.

Иунэгъо кIоцIыкIэ проблемэхэр зэриIагъэхэр Зиусхьаным къызэрычIигъэщыгъагъэр сэ зэгорэм къысфиIотэгъагъ. Сэ сишъэогъу а проблемэхэр зэриIэхэр ышIэщтыгъэ, ау ахэр щыгъэзыегъэнхэмкIэ зи ышIэщтыгъэп. А проблемэхэр зызэхефыхэм, ащ исатыу зиIэтынэу ригъэжьагъ. Ыпэрэм фэмыдэу, ащ ифинанс Iофхэр дэгъу хъухэу фежьагъ. Ау анахь мэхьанэ зиIагъэр – иунагъо, ыпэкIэ зэмызэгъын, зэмыкIун Iофхэр зэрылъ зэпытыщтыгъэм джы мамыр илъы хъугъэ.

ЗэшIомыхыгъэ зэмызэгъыныгъэхэм проблемэхэр къаты зэпыт. Тэ къытпэгъунэгъухэм тызэрафыщытыр тымыгъэтэрэзэу, Тхьэм фытиIэ фыщытыкIэри тэрэзы хъущтэп. Зэмызэгъыныгъэу нэмыкI цIыфхэм афытиIэр Тхьэм ымылъэгъу фэдэу зишIыгъагъэмэ, тимыдэIоныгъи Ар рыразэ фэдэу къытщыхъун ылъэкIыщтыгъэ. Ау псэкIодшIэным Тхьэр егъашIэм фэрэзэн ылъэкIырэп. Ащ псэкIодыр фэлъэгъурэп. Тэ тимыдэIоныгъэ Тхьэм IофышIоу тищыIэныгъэ щишIэщтхэм пэрыохъушхоу яI. А пэрыохъур щигъэзыенымкIэ, сыда адэ Тхьэм ышIэрэр? Тэ тиунэгъо зэфыщытыкIэхэр зыпкъ итэгъэуцожьыфэхэкIэ, Ащ уашъом ипчъэхэр къызэфешIых, къырегъэтых.

Зыгорэм къыIонкIи мэхъу: «Сэ сиунагъокIэ тизэфыщытыкIэхэр зыдэйхэр бэшIагъэ, ау, ащ емылъытыгъэу, ситхьэлъэIухэм Тхьэм джэуап къареты». Ар

шъыпкъэу къыпщыхъункIи мэхъу, ау, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм зэрарытэу, ащ фэдэ цIыфым итхьэлъэIу Тхьэр къедэIурэп. НэмыкI цIыфхэр Тхьэм зэрелъэIухэрэри тщэгъупшэжьы. Ащ нэмыкIэу, зыкъэтшIэжьыным къежэу, унагъом щыщхэм ащыщ Тхьэм ынаIэ къытетыни ылъэкIыщт. Сыд фэдэу темыгупшысыгъэми, унэгъо зэмызэгъыныгъэхэр зэшIомыхыгъэхэу къэнэфэхэкIэ, тэ титхьэлъэIухэм Тхьэм джэуап къаритыщтэп.

Чэтыжъыер зэрэригъэжъылIагъэм пае сишъуз сытекууагъэмэ, шхыным гухахъо хэзгъотэнэу Тхьэм селъэIуныр, Ащ ынэшIу къысщыфэным сежэныр къекIурэп. Ар – нэшIошIыгъ. Чылысыр кIочIадж, сыда пIомэ цIыфхэр Тхьэм елъэIухэрэп. ЦIыфхэм Тхьэм зыфагъазэ, ау Тхьэр къядэIурэп. ТиунагъокIэ зэмызэгъыныгъэхэр тиIэхэу къин тэлъэгъумэ, зыр адрэм ыпашъхьэ псэкIодэу ышIагъэр занкIэу рилъхьэн фай, ищыкIагъэ хъуми, зэфэдгъэгъун фай. Тэ тыгу бзэджагъэу илъым, гукъаом, зэфыщытыкIэ мытэрэзым е тыгукIэ рэзэныгъэ зэрэтимыIэм тязэгъымэ, – уашъор тэ титхьэлъэIухэм афызэфэшIыгъ.

Исус ыIуагъ: *«ЦIыфхэм мыхъунэу ашIагъэхэр зафэжъугъэгъухэкIэ, шъу-Ятэ лъапIэу уашъом щыIэм шъори мыхъунэу шъушIагъэхэр къышъуфигъэгъущтых. Ау цIыфхэм мыхъунэу ашIагъэхэр зафэшъумыгъэгъухэкIэ, шъу-Ятэ лъапIи шъо мыхъунэу шъушIагъэхэр къышъуфигъэгъущтхэп»* (Маттэ 6:14-15). Зыгорэм фэгъэхьыгъэу фэмыгъэгъуныр тыгу илъымэ – ар ежь-ежьырэу псэкIод. Арышъ, тэ типсэкIодшIагъэ тыфыкIэгъожьэу, ау тшыми, тшыпхъуми афэтымыгъэгъумэ, ар – псэкIод, ыкIи фэмыгъэгъуныгъэр тыгу зэрилъэу тыкъэнэжьы. Тэ титхьэлъэIухэм ар пэрыохъоу яIэщт ыкIи.

Илъэс пчъагъэм яунагъо щыщ шъыпкъэхэр алъэгъу зэрэмыхъухэрэр агукIэ къыздырахьакIэу цIыфхэм ахэтых. Ахэр Тхьэм фэгъэхьыгъэу мэгъумы-тIы-

мых, ятхьэлъэIухэм джэуап Ащ къызэраримытыжьырэм пае, ау, шъыпкъэ дэдэмкIэ, проблемэр зэпхыгъэр Тхьэр арэп, ежьхэр ары нахь. Ахэмэ ащыщыбэхэр чылысым пыи къыфэхъух ыкIи акIыб шIошъхъуныгъэм фагъазэ. Проблемэр зэлъытыгъэр тэ тиеплъыкI. Унагъом илъ зэмызэгъыныгъэхэр, зэшIонэныгъэхэр тэ псэкIодэу тлъытэрэп, ау ар Тхьэм арэущтэу елъытэ.

Сыда ащ фэдэ, къызэрэпщыхъущтымкIэ, цIыкIушъокIухэр тэ титхьэлъэIухэм Тхьэм пэрыохъу зыкIафигъэхъухэрэр? Анахь псэкIод цIыкIур арыми – тэркIэ ар тызэлъэпаорэ мыжъу. Тэ гукъауи, гухэкIи, тилажьэу къытаIорэми тязэгъын тлъэкIыщтэп, титхьэлъэIухэм джэуап Тхьэм къаритыжьыным тежэу. Ащ джэуап къытитыщтэп. Тэ тищыIэныгъэ псэкIодым чIыпIэ щетэтымэ, титхьэлъэIухэм Ащ ынаIэ атетыщтэп, псэкIодым тызыщыфыкIэгъожьрэ тхьэлъэIум нэмыкIэу. Тифэмэ-бжьымэ цIыфхэм атедгъэхьаным ыпэ, Тхьэм тешIужьын фай. Тхьэм джэуап къытитыным ыпэкIэ, цIыфхэм тяшIужьын фае.

## Гухэлъэу тиIэхэр тыуплъэкIунхэ фае

Гухэлъэу тиIэхэр зэрэмытэрэзхэр – джыри зы ушъхьагъу титхьэлъэIухэм джэуап Тхьэм къаримытыжьынымкIэ. *«Тхьэм шъуелъэIуми, Ащ зи къышъуитырэп, сыда пIомэ Iэягъэ шъугухэм арылъэу, шъугухэр зыкIэхъопсырэ Iофхэм атежъугъэкIодэныр ары Тхьэм шъузфелъэIурэр»* (Якъуб. 4:3). НэмыкIэу къэпIон хъумэ, Тхьэм щытхъу фэтшIыным тыпылъыным нахьи, нахьыбэрэ тызыкIэлъэIурэр тызыфаехэр ары. Христос къыIуагъ, Ежь иIофыр – Ятэ щытхъу фишIыныр ары. Исус мощтэу ыIуагъ: *«Сэ Iофэу згъэцэкIэнэу спшъэ къиплъхьагъэр зэрэзгъэцэкIагъэмкIэ дунаим ицIыфхэм О уищытхъушхо язгъэлъэгъугъ»*

(Иуан 17:4). Джа дэдэр тэри тиIофын фае. Тэ тищытхъу тыпымылъэу, Тхьэм щытхъу фэтшIэу тхьэлъэIу тшIыныр зэдгъэшIэн фай. Рэзэныгъ, шъхьэкIэфыныгъ, щытхъу титхьэлъэIухэм сыдигъокIи ахэлъын фае. Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэу къытлъигъэсыхэрэм апае тызэрэфэразэр къэдгъэлъэгъон фай. Тэ къэтылэжьыгъэкIэ арэп Ащ ынэшIу къызкIытщифэрэр, шIу телъэгъушъ ары нахь. А охътэ дэдэм Ащ Iофэу тIэ къырилъхьэхэрэр, амалэу тиIэхэр зэкIэ къыдэлъытагъэу, дэгъоу дгъэзекIонхэу пшъэрылъ зыфэтшIын фай.

ЕтIани, а зэкIэ зэпхыгъэр Тхьэм иеплъыкI ары – чыжьэу тыплъэнэу зедгъэсэн фай. Арэущтэу тымышIымэ, титхьэлъэIухэм агупчэ тэ зитэгъэуцожьы.

Уигухэлъ тэрэзмэ ууплъэкIунымкIэ зы амал щыI, укъэуцунышъ, узэупчIыжьыныр: «СитхьэлъэIу сыдэущтэу къезгъэжьагъа: Тхьэм зыгорэ къыситынэу селъэIугъа е Зиусхьаным сыщытхъузэ, Ащ шIушIагъэу къытфишIагъэхэмкIэ сызэрэфэразэр къисIотыкIызэ ара?» Тэр-тэрэу зафэу, шъыпкъагъэ тхэлъэу, Тхьэм телъэIу къэсми, тигухэлъхэр тыуплъэкIунхэ фае.

## Тхьэм темыхъырэхъышэу шIошъхъуныгъэ теубытагъэ тиIэн фае

Тхьэм загъорэ титхьэлъэIухэм яджэуап зыкIигъэгужъорэр, Ежь цыхьэ зыфытигъэшIыным паеу игугъу къэтшIыгъагъ. Ау нахьыбэмкIэ Ащ джэуап къызкIимытыжьырэр шIошъхъуныгъэ икъу зэрэтимыIэр ары. Тащыщ пэпчъ шIошъхъуныгъэ гъэнэфагъэ иI, ау бэрэ тишIошъхъуныгъэ зыпкъ имытэу, Тхьэм ыпашъхьэ теуцо. Якъубэ къетхы: *«Зыми емыгыеу, игуапэу Тхьэм зэкIэми ареты. Ау емыхъырэхъышэу, шIошъхъуныгъэкIэ ерэлъэIу, сыда пIомэ*

*ехъырэхъышэрэр хьюрэу жьыбгъэм адыкIи мыдэкIи ыфызэ, зэридзэрэм фэд. Тхьэм зыгорэ къыритынкIэ ащ фэдэ цIыфыр орэмыгугъэ. Ар темыубытагъэу, акъыл тIуанэ зиIэ цIыф, ышIэрэ пстэумкIи теубытэныгъэ иIэп»* (Якъуб 1:6-7).

Зы упчIэ горэхэм тэ тяхъырэхъышэн тлъэкIыщт, ау Ежь игущыIэхэмкIэ Тхьэм а Iофыр хъунэу зэрилъытэрэр къызигъэшъыпкъэжькIэ, ащ техъырэхъышэжьыныр щыгъэзыегъэн фае. Тэ теджэнджэш зыхъукIэ, ар Тхьэм егъэфедэ тиушэтынымкIи, тишIошъхъуныгъэ нахь ыгъэпытэнымкIи, ау, Ежь зэригухэлъэу, Тхьэм уелъэIу зыхъукIэ уеджэнджэшыныр тэрэзэп. Зыпкъ имыт шIошъхъуныгъэр – ар Тхьэм джэуап къызэритыжьырэ шIошъхъуныгъэп.

## Тхьэм игущыIэхэм шъунаIэ атежъугъэт

Тэ тызэплъын фаер хъурэр арэп, Ежь и ГущыI ары нахь. Библиер – ар тэ тишIошъхъуныгъэ игъурз. Сыд фэдэ жьыбгъэшхо тыхэфагъэми, сыд фэдэ чIыпIэ къин тифагъэми, ащ емылъытыгъэу Тхьэм игущыIэхэм зафэдгъазэзэ тшIын фае. Iофыр зытетым, ущэтыпIэхэм, чIыпIэу тызэрыфагъэм титхьэлъэIухэмкIэ тынаIэ атетымыгъэтэу, ежь Тхьэм, Христос, Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ тынаIэ атедгъэтын фае. Сыда пIомэ титхьэлъэIухэр Зиусхьаным нэмыкI фэгъэзагъэхэ зыхъукIэ, тишIошъхъуныгъэ зыпкъ итыщтэп. Сыда? Ежь закъор ары щыIэныгъэм зэмыхъокIыжьын лъэпсэ пытэу иIэр.

Тэ тащыщ пэпчъ шIошъхъуныгъэ гъэнэфагъэ иI. Бэрэ нэмыкIхэм тяплъы, яшIошъхъуныгъэ пае тяхъуапсэ. Тэри ащ фэдэ шIошъхъуныгъэ тиIагъэмэ, титхьэлъэIухэм яджэуап псынкIэ дэдэу къытлъынэсыныгъэу тэгугъэ. Аущтэу щытынкIи мэхъу, ау тишIошъхъуныгъэ ренэу Тхьэм къызэригъэпсырэр,

къызэригъэпытэрэр тщыгъупшэ хъущтэп. ТхьэлъэIу пэпчъ зэрэтхэхъощтым икIуапIэ хъун ылъэкIыщт. Тхьэм тынэхэр фэгъэзагъэхэу, тыгу Ащ зэкIиубытэу, Тхьэм телъэIоу зедгъэсэн фае. ТиIоф зытетым емылъытыгъэу, нэмыкI гъогу горэм Тхьэм тытырещэфэкIэ, тежэн тлъэкIэу зедгъэсэн фае.

### Тшъхьэ зи пэмышIыныр титхьэлъэIу пэрыохъу фэхъу

ТитхьэлъэIухэм джэуап Тхьэм къаритыжьыным нэмыкIэу пэрыохъу афэхъурэмэ ащыщыр тэ титхьэцагъ ары. *«ТхьамыкIэм игъы макъэ зытхьакIумэ изымыгъахьэрэр гъыжьыщт, ыкIи ежь игъы макъэ зэхахыщтэп»* (Сэлмэн игущыIэжъ 21:13). ТхьамыкIагъо хэфагъэм ымакъэ зэхэтхынэу тыфэмыемэ, тэ титхьэлъэIухэр Тхьэм зэхихынхэшъ, тищыкIагъэхэр къытфишIэнхэкIэ тыщыгугъэу тежэныр тэрэз шIуа? Ар зэрэщытэу Христос тызфигъасэхэрэм къапэуцу. ТхьамыкIэу фэныкъуагъэ зиIэ цIыфым ымакъэ зэхэтхынэу тыфэмыеми, е уахътэ тимыIэми, Тхьэм титхьэлъэIухэм ядэIузэ, тищыкIагъэхэр къытитынхэу тежэныр къекIурэп. Тхьэр ащ фэдэу псэурэп.

ГущыIэм пае, цIыфэу къыгъахъэрэм ыпшIанэ Тхьэм езымытырэр, тхьамыкIэхэм е диныр ахэзылъхьэхэрэм – миссионерхэм – шIу афишIэным фэмыер Тхьэм ынаIэ къытетынэу е ахъщэкIэ къыдэIэпыIанэу щыгугъын ылъэкIын шIуа? Ар нэшIошIыгъ. Ащ фэдэ цIыфым нэшIу щыпфэным къикIырэр Тхьэм щыIэныгъэм фигъэуцугъэ принципхэр зыукъорэм ущытхъуныр, дебгъэштэныр ары. Ащ нэмыкIэу, чыристанэу зызылъытэжьэу, къыгъахъэрэм ипшIанэ Тхьэм езымытырэр, етIанэ Тхьэм зэкIэ ищыкIагъэхэр къыритэу зыIорэр – пцIыус.

Ежь цыхьэ фэтшIынэу тигъэсэным пае, тищыкIагъэхэри Ежь ынэшIу къызэрэтщифэрэри Тхьэм егъэфедэх. Ау Тхьэм ынэшIоу къытщифэрэр адрэ цIыфхэм адэдгощыным пае нэйпсые тызыхъукIэ, Тхьэм ишIушIэхэри щегъэтыжьых. НэмыкI цIыфхэм ящыкIагъэхэм тамыгъэгумэкIэу тызяплъыкIэ, къитымыдзэхэу, тапымылъмэ, титхьэлъэIухэм Тхьэр къытырагъэнэщтэп тэ тифедэ горэ къытфишIэнэу. *«Уасэ хэмылъэу къытIэкIэхьагъ, уасэ хэмылъэу яттын фай»* (Маттэ 10:8).

## Тхьэм игущыIэ гугъуемылIэу тыфыщытыныр

Титхьэлъэ Iухэм Тхьэм джэуап къаритыжьыщтэп, Ежь игущыIэхэм гугъуемылIэу тафыщытмэ. *«Тхьэм ихабзэр зэхихыным зытхьакIумэ IузыщэикIырэм итхьэлъэIуи гущыкIыгъу»* (Сэлмэн игущыIэжъ 28:9). Орэд лъапIэхэр зытхыгъэм къызэриIогъагъэу, тыгухэр Ежь игущыIэхэм зафащэиным, «фэзэщынхэм» Тхьэр фай: *«О уихьыкумхэу, зэпыугъо имыIэу, сызыкIэхъопсыхэрэм сызэгуагъэуты»* (Орэд лъапI. 118:20). Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арыт шъыпкъэгъэ куухэм талъыхъу зэпытын фае. ЕгъашIэм джэмышхыкIэ къытIуилъхьэзэ, Тхьэм тэ тигъэшхэн ылъэкIыщтэп. Ащ ы-Псэ ЛъапIэ тащыщ пэпчъ ыгу къырилъхьагъ, Тхьэм Ежь игущыIэхэмкIэ къытиIорэр къыдгуригъэIоным пае.

Икъоу къызэрагурымыIорэм къыхэкIми, шIошъхъуныгъэ икъу зэрямыIэм къыхэкIыми, чыристаныбэмэ акIыб Тхьэм и ГущыIэхэм фагъэзагъ. НэмыкIхэм Тхьэм и ГущыIэ едэIунхэм зи мыхъун халъагъорэп, ау къагурыIонэу пылъхэп е ящыIэныгъэ щагъэфедэным пылъхэп.

Ежь игущыIэхэм гухахъо ахэзымыгъотэрэ цIыфым итхэлъэIухэр Тхьэм зэхихынэу фаеп. Библиер

зэфэшIыгъэу тэпсэумэ, ащ къикIырэр уашъори тэркIэ зэфэшIыгъэу ары. Тэ титхьэлъэIухэм Тхьэм джэуап къаритыжьыщтэп.

## ЗыфыкIэмыгъожьыгъэхэ псэкIод

Титхьэлъэ Iухэм джэуап Тхьэм къаримытыжьыныр, аужырэ ушъхьагъоу, къызхэкIырэр тызыфыкIэмыгъожьыгъэпсэкIодырары. Уемыхъырэхъышэжьынэу щытэп, тызыфыкIэмыгъожьыгъэ псэкIодыр титхьэлъэIу пэрыохъу къыфэхъу, къегъэуцу ар. Пегъымбар Ешаиа ытхыгъ: *«Джары, Зиусхьаным ыIэ кIако хъугъэп, шъукъыгъэнэжьын ымылъэкIынэу. Ащ ытхьакIуми кудагъэ хъугъэп, шъузэхимыхынэу. Ау шъуибзэджагъэхэр шъорырэ шъуи Тхьэрэ шъуагощыгъ, шъуипсэкIодшIагъэхэм Ащ ынэгу шъушIуагъэбылъыгъ, зэхимыхынэу»* (Ешайа 59:2). Ащ къикIырэп Тхьэм зэхихын ымылъэкIынэу, – Ар къедэIущтэп. ТызыфыкIэмыгъожьыгъэ псэкIодым изэраркIэ титхьэлъэIухэми, ахэмэ ядэIунми Тхьэм ыкIыб къафигъэзэн фае ашIы. Тхьэр лIыгъэкIэ тищыIэныгъэ къыхэхьащтэп – Ар къежэщт ныIэп.

Тхьэм телъэIу зэпытын тлъэкIыщт, ау, типсэкIодшIагъэ тыфыкIэгъожьыфэ, Тхьэм джэуап къытитыщтэп. Ащ тыгухэр къабзэу, тэр-тэрэу фызэIутхэу, Ежь тыкъыукъэбзын ылъэкIынэу тшIыным фай. Тхьэр къызэремыдэIурэр тэшIэмэ, Тхьэм телъэIуныр хьаулый. ПсэкIод горэ нахь тэгъэлъапIа, Тхьэм тэрэзэу тыфыщытыным нахьи? Тхьэм фыщытыкIэ тэрэз фытиIэным нахь лъапIэу сыда щыIэр? Пэрыохъу тимыIэу Ащ тыдэгущыIэным нахь осэшхо зыми иIэп.

Ащ титхьэлъэIухэм ащыщхэм джэуап къызыкIаримытыжьрэм ехьылIагъэу, джы Зиусхьаным теупчIыным иуахътэ къэсыгъ. ТипсэкIодшIагъэ горэ Ащ

къытигъэлъэгъун ылъэкIыщт е Ежь тынаIэ зытырытигъэдзэн ылъэкIыщт зыфэдгъэзэжьыным пае. Сыд фэдэрэ чIыпIи Ежь ы-Къо фэдэу тишIыным Ар пылъ. Ар тыгу илъымэ, тыгу къэкIыжьымэ, Тхьэр зыфаем тегъэпсыхьагъэу телъэIунэу едгъэжьэщт, титхьэлъэIухэри джэуапынчъэу къэнэщтхэп.

# 7

# Тхьэм зэрэшIоигъоу тызэрелъэIущтыр

*Тхьэр зэрэфаем тетэу зыгорэкIэ телъэIумэ, къызэрэтэдэIущтыр тэшIэшъ, гушхоныгъэкIэ ежьым пэблагъэ тэхъу. Сыд щыщкIи телъэIумэ, къызэрэтэдэIущтыр тэшIэшъ, тызэрелъэIугъэр тиIэ зэрэхъурэр тэшIэ.*

1 Иуан 5:14-15

Тхьэр зыфаем ситхьэлъэIу тефэмэ сыдэущтэу къэсшIэщта? Сэ сызыкIэлъэIурэр уашъом щыIэ т-Ятэ ыгу рехьымэ, сыдэущтэу къэсшIэщта? Сэ сызкIэлъэIурэр зэрэтэрэзым сицыхьэ телъын ылъэкIыщта?

ТхьэлъэIумэ яхьылIагъэу мыхэмэ афэдэ упчIэхэр бэрэ къатых, ахэмэ лъапсэ ямыIэу щытэп. Тхьэм рихъухьагъэм, игухэлъ шъуитхьэлъэIу темыфэнкIэ шъощынэмэ, шъугу кIодынымкIэ лъэпсэ ин дэдэ шъуиIэщтын. АрышъхьэкIэ титхьэлъэIу Тым ыгу зэрэрихьырэм щэч хэмылъэу, тицыхьэ пытэ телъмэ, гушхоныгъэкIэ Тхьэм ыпашъхьэ тиуцозэ, телъэIун тэлъэкIы.

ТхьэлъэIу зырызхэр Тхьэр зыфаем тефэ-темыфэр тыуплъэкIужьыныр ищыкIагъэп, сыда пIомэ шъыпкъэ гъэнэфагъэхэр гурыIогъошIу дэдэхэу Библием итхагъэх. ГущыIэм пае, тэ егъашIэм Тхьэм телъэIущтэп: «Зиусхьан, О уфаемэ, сятэ ипсэкIодышIэ щыIэныгъэ хэщи, мыкIодэу къэгъэнэжь». Сыда пIомэ, Исус къыIуагъ: *«ЦIыф Лъэпкъым ы-Къо къызфэкIуагъэр цIыфхэу кIодыгъэхэм алъыхъунышъ, мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэр ары* (Лукэ 9:10). Тхьэм *«щыIагъэ къышъуфырiI, сыда пIомэ цIыф зи кIодынэу фэмыеу,*

*цIыф пстэури япсэкIодхэм афыкIэгъожьынхэу фаешъ ары»* (2 Петрэ 3:9).

Гъэнэфагъэу, нафэу Библием Iоф горэмкIэ тыкъегъэгугъэмэ, тицыхьэ телъэу Тхьэм телъэIун тлъэкIыщт. Мыщ фэдэу егъашIэм Тхьэм телъэIуныр тищыкIагъэу щытыщтэп: «Зиусхьан, мыхъун сэ къысэзышIагъэхэм афэзгъэгъунэу къыздэIэпыI, ащ О уфаемэ». Сыда пIомэ, ти Зиусхьан нафэу къыдгуригъэIуагъ мыхъун къытэзышIагъэхэм тызэрафыщытын фаер. *«Зыр зым шIу фэрэхъу, гукIэгъу зэфэшъушI ыкIи зэфэжъугъэгъу, Тхьэм Христос ихьатыркIэ къызэрэшъуфигъэгъугъэм фэдэу»* (Еф. 4:32).

Тэ тилъэIухэмкIэ гъозэ гъэнэфагъэхэр сыдигъуи тиIэхэп, ау Ежь зэрэфаем тетэу тызэрелъэIущтыр Тхьэм къыдгуригъэIощт.

Исус къызеIом: *«ШъуелъэIуи, Тхьэм къышъуитыщт; шъулъыхъуи къэжъугъотыщт; къэлапчъэми шъутеуи, Тхьэм къышъуфыIуихыщт»* (Маттэ 7:7) – тищыкIагъэхэр къызэрэтфишIэмэ шIоигъор Ащ Ежь къыдгуригъэIуагъ. Апостол Паул мощтэу ытхыгъ: *«Сыд щыщми зешъумыгъэгъап, ау сыд щыщырэ IофкIи Тхьэм шъуелъэIузэ, щытхъу фэшъушIызэ, шъуиIэпыIэгъу хъунэуи шъуелъэIузэ, шъуищыкIагъэхэр ежъугъашIэх* (Фил. 4:6). ЕтIанэ 1 Иуан 5:14,15 итыр а шъыпкъагъэ дэдэр джыри зэ нафэ къытфешIы: *«Тхьэр зэрэфаем тетэу зыгорэкIэ телъэIумэ, къызэрэтэдэIущтыр тэшIэшъ, гушхоныгъэкIэ Ежьым пэблагъэ тэхъу. Сыд щыщкIи телъэIумэ, къызэрэтэдэIущтыр тэшIэшъ, тызэрелъэIугъэр тиIэ зэрэхъущтыр тэшIэ»*. Тэ тищыкIагъэхэр къытигъэгъотынхэу Тхьэм телъэIун фай.

АпэрэмкIэ ар къызэрыкIоу къытщыхъущт. Тэ зэкIэмкIи тшIэн фаер телъэIуныр ары, тызфелъэIугъэр къытфишIынэу Тхьэм ригъэжьэщт. Ау зэрэщыт шъыпкъэмкIэ, мы Iофым ащ нахьи нахьыбэ хэлъ. Тхьэм тыкъызэригъэгугъагъэхэр къэдгъотыным пае,

Іоф горэхэм тынаІэ атетыдзэн фае. А Іофхэм тэ яшІуагъэ къытэкІы. Тхьэм ахэр зыфигъэуцугъэхэр тызкІэлъэІурэр къытимыгъэгъотыныр арэп, къытигъэгъотыныр ары нахь. *«Тхьэр зэрэфаем тетэу зыгорэкІэ телъэІумэ, къызэрэтэдэІущтыр тэшІэшъ, гушхоныгъэкІэ Ежьым пэблагъэ тэхъу»* (1 Иуан 5:14). Тэ тшІэн фаер Тхьэр зэрэфаем тетэу телъэІуныр ары. Ау Ежь зыфаер сыдэущтэу зэдгъэшІэщта?

## ШІункІым ущыоныр

Загъорэ къытщэхъу титхьэлъэІухэр шІункІым хэуагъэм фэдэхэу. Ащ фэдэ уахътэм титхьэлъэІу Тхьэм ыгу рихьэу къытщэхъу, ау псынкІэу иджэуап къытІумыкІэжьмэ, тызэупчІыжьы: «Ар аущтэу щыт шІуа? Тхьэм ар шІоигъуагъ шІуа?» Ащ къыхэкІкІэ тишІошъхъуныгъэ хахъорэп, хэкІы нахь, сыда пІомэ тицыхьэ телъэп тэ тызыкІэлъэІумрэ Тхьэр зыфаемрэ зэрэзэтефэхэрэм. Джащ фэдэу, тэ шІункІым тыхэо, Тхьэм ыгу шІу къытфилъэу, къезэгъынышъ джэуап къытитыжьыным тыщыгугъэу.

Ау Тхьэр фаеп ащ фэдэ тхьэлъэІу Ежь ицІыф лъэпкъ ышІынэу. ТызыфэлъаІорэр тымышІэмэ, ащ фэдэ тхьэлъэІум сыда шІуагъэу иІэр? Ар охътэ гъэкІод ныІэп. Ау Тхьэм игущыІэ тхыгъэхэм ІупкІэу къытагъэлъэгъу, телъэІузэ Тхьэр зыфаер къызэрэдгъотыщтыр.

## Гъэгугъэгъищ

1 Иуан 5:14-15 Тхьэм гъэгугъэгъищ къыщытфешІы. АпэрэмкІэ, Ежь зэрэфаем тетэу телъэІумэ, Ащ тыкъегъэгугъэ къытэдэІунэу. ЯтІонэрэмкІэ, тызэрелъэІурэр зэрэтІэкІэлъым тыщегъэгугъы. ЯщэнэрэмкІэ,

ар тиIэ зэрэхъугъэр зэрэтшIэрэр ары. Арышъ, Ежь зэрэфаем тетэу телъэIу хъумэ, Тхьэр тэ къытэдэIу; Тхьэм тызыфелъэIурэр тиIэ мэхъу, ар тиIэ зэрэхъугъэри тэшIэ.

Я 14-рэ сатырым хэт гущыIэу «щыгугъэныгъэ» зыфиIорэм къикIырэр гушхоу, тицыхьэ телъэу, теубытагъэ иIэу зыфэпIон. Грекхэм (алыджхэм) а гущыIэм политическэ мэхьанэ ратыщтыгъ – къырагъэкIыщтыгъэр ушъхьэфитэу цIыфхэм апашъхьэ укъыщыгущыIэныр ары. ЗэрэхъурэмкIэ, тэ Тхьэм тырибынышъ, шъхьаихыгъэу, гушхоныгъэ хэлъэу Ащ ыпашъхьэ тихьани телъэIуни тыфит.

Тэ тшъхьэ идгъэкIын фае тэщ пае телъэIу мыхъущтэу тегупшысэмэ. Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм ащ фэдэ гупшысэ ахэтэп. Мы сатыритIур зэхьылIагъэр шъхьэихыгъэу, шъхьафитэу, Тхьэм тыщыгугъэу, тицыхьэ телъэу, Тхьэр къызэрэтэдэIущтри тызкIэлъэIурэр къызэрэтфишIыщтри ары. Ащ къыхэкIэу, тызыкIэлъэIурэр къызэрэтIэкIэхьащтыр тэшIэ.

Ау зэ къыфэтэжъугъэгъэзэжь Тхьэр зыфэе тхьэлъэIум иупчIэ ехьылIагъэм. Тэ тэIо: «Е-е, джары зэкIэри зэпхыгъэр». Лъэныкъо горэмкIэ укъеплъымэ, ары шъыпкъ ар зэрэщытыр. Сыда пIомэ, шIу нэмыкI гухэлъ зимыIэ, хьарамынчъэ тхьэлъэIубэ джэуапынчъэу къанэщтыгъэх, ахэр Тхьэр зыфаем тефэщтыгъэхэпышъ. Сыдигъуи тшIэшъущт шIуа Тхьэр зыфаер, тхьэлъэIу тшIырэм къэс? Ары, иегъэжьапIэм сыдигъуи тымышIэми. Загъорэ Тхьэм ыпашъхьэ тызихьэкIэ, шIункIым тыхэт – тшIэрэп тызыфелъэIущтыр, джащ пае иегъэжьапIэм Ар зыфаер тшIэрэп. Ау принцип гъэнэфагъэхэр къыдгурыIоу, дгъэфедэшъухэу зедгъасэмэ, ыужым телъэIузэ, Тхьэр зыфаер къэтшIэн тлъэкIыщт.

## Тызэрылъэпэон мыжъохэр

Тхьэм телъэӀу зыхъукӀэ, Тхьэр зыфаер къэтымыгъотыным пае, шэйтаным тигъогупэ тызыгъэлъэпэон мыжъуищ къытыредзэ. Ащ еӀо: «Тхьэм къыбдырегъаштэмэ умышӀэу, шӀошъхъуныгъэ фыуиӀэу сыдэущтэу Тхьэм уелъэӀун плъэкӀыщта? УитхьэлъэӀухэмкӀэ Тхьэм къыбдырегъаштэмэ умышӀэу, тхьэлъэӀум сыда уахътэ зыкӀытебгъэкӀуадэрэр?»

Ау сыдэу щытми, Тхьэм телъэӀунэу итхъухьагъэмэ, шэйтаным къыддэхьэщхынэу регъажьэ. «О къэбгъэшӀагъэм еплъыжь, – еӀо ащ. – О сыд щыщкӀи Тхьэм уелъэӀун уфитэп. Тхьэр къыодэӀунэу фаеп». Ащ фэдэ уахътэм тэ тызэплъыжьэу етэгъажьэ, Тхьэр зэрэфаеу телъэӀуа- темылъэӀуа зыфэпӀощтыр тщыгъупшэу. Ащ къыхэкӀкӀэ тхьэлъэӀуныр е щытэгъэтыжьы, е мыщ фэдэ гущыӀэхэмкӀэ тэухы: «Ар О пшӀоигъоу щытмэ».

Ащ фэдэ гущыӀэхэмкӀэ титхьэлъэӀухэр тэухыхэмэ, сыда кӀэухым тэ ащ къытфыкӀэкӀырэр? Зи гъэнэфагъэ тиӀэп! Тхьэм джэуап къытитыжьыным зи тицыхьэ телъэп. Аущтэу хъумэ, Якъубэ итхылъ итыр, тыгу къэкӀыжьынкӀи мэхъу: *«Неущ хъущтыр шъушӀэрэп: ШъуищыӀэныгъэ сыд фэда? Зы тӀэкӀурэ къэлъагъоу, етӀанэ кӀодыжьырэ пахъэм шъуфэд. Ау арэущтэу шъумыӀоу, сыдэущтэу шъуӀон фай: Зиусхьаныр фаемэ, тыпсэущт, мыхэр е мохэр тшӀэщтых»* (Якъуб 4:14-15). Ау мы пычыгъом къыщиӀорэр тхьэлъэӀум ехьылӀагъэп, къэкӀощт уахътэм пае пэгагъэ хэлъэу гухэлъ тшӀыныр ары нахь. Ащ фэдэ пэгагъэ Тхьэм ыгу рихьырэп.

ЦӀыф зырызхэм ятхьэлъэӀу «О узэрэфаеу орэхъу» зыфаӀорэ гущыӀэхэмкӀэ аухы хъумэ, ахэмэ агъэфедэрэр Маттэ 26:39 итыр ары: *«Сэ с-Ят, амал иӀэмэ, мы къин щэчыныгъэм ишъуалъэ сэ сӀых. Ау сэ сызэрэфаер мыхъоу, о узэрэфаер орэхъу».* Исус Гефсима-

ние чъыг хатэм Тхьэм щелъэIугъагъ. Ахэмэ аIо: «Исус ышIэщтыгъэп Ежь къащым телIыхьан фаеми-фэмыеми, ащ къыхэкIкIэ а Iофыр зэшIуихынэу Ятэ ыIэ рилъхьагъ». Ау зэкIэри арэп зэрэщытыгъэр. «Шъуалъэу» зыфиIорэ гущыIэм Исус къыригъэкIырэр къащыр арэп. Исус зэрэлIэщтыр ышIэщтыгъ. Маттэ 16:21 итэу Ежь зэрэлIэщтым игугъу ышIыгъ: *«Сэ Ерусалим сыкIон фаеу щыт. Нахьыжъхэми, дин пэщэшхохэми, Тэурат егъэджэкIо пащэхэми къиныбэ сагъэщэчын ыкIи саукIын фаеу щыт, ящэнэрэ мафэми лIагъэхэм сыкъахэтэджыкIыжьын фаеу щыт.* Исус «шъуалъэу» зыфиIорэ гущыIэм къыригъэкIыгъэр сыда ащыгъум?

Тэ тиакъыл ащ тефэн ымылъэкIми, тэшIэ, Исус – зыщымыIэгъэ уахътэ щыIэп. Дунаим Ар зытехьэм, Ар Тхьэу щыIагъ, дунаир къэмыхъузэ сыдигъуи щыIэгъэ Тхьэр ары. Мы дунаим зытетым, Исус цIыфы хъугъэ, ау а зы уахътэм сыд фэдэ лъэныкъокIи ар Тхьэу щытыгъ. Гефсимание хатэм зэкIом, лIэныгъэм щыщынэщтыгъэп. Шъуалъэу Ащ зигугъу къышIыгъагъэм къикIыщтыгъэр лIэныгъэр арэп, ЕжьыркIэ нахь щынагъо гор нахь. ЗэкIэ дунаим ицIыфхэм япсэкIодшIагъэхэр Ежь ыпшъэ зэрэралъхьащтыр Ащ ышIэщтыгъэ, ау Ар зыщыщынэщтыгъэр Ежь Ятэ пэIапчъэ зэрэхъущтыр ары.

Исус сыдигъуи Iо хэмылъэу Ятэ зэрэфэIорышIэщтыгъэр Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм къыщагъэлъагъо. Iофыр зэхьылIэгъагъэр нэмыкI, Исус Ятэ бгъодэмыкIмэ, нэмыкI гъогу щыIагъэп цIыфхэм япсэкIодхэр ашъхьэщихыжьынхэу. Исусрэ Ятэрэ язэблэгъэныгъэ зыфэдизыр тэ къыдгурыIон тлъэкIыщтэп. Джащ фэдэ къабзэуи къыдгурыIон тлъэкIыщтэп зэпэIапчъэ зэрэхъущтхэм ехьылIагъэу Исус зэгупшысэщтыгъэри. Ау ащ фэдэ бэнэным хэтыгъэми, Ар Ятэ едэIуным фэшъыпкъэщтыгъ. *«Сэ сызэрэфаер мыхъоу, О узэрэфаер орэхъу»* (Маттэ 26:39). А бэнэгъу тхьамыкIэгъо

сыхьатми, Тхьэм шIоигъор гъэнэфагъэу Ащ ышIэщтыгъэ. ЕгъашIэм Тхьэм Ежь ы-Къо ыгу джэнджэш къыригъахьэщтыгъэп, джащ фэдэ къабзэу тыгуи Ащ джэнджэш къыригъэхьащтэп, Ар зыфаем тишъыпкъэу тылъэхъумэ.

Тхьэр зыфаер тымышIэмэ, загъорэ тэ «цыр тэубгъу». Тэ Тхьэм Iуагъэ зэрэдэтшIырэм фэд, мыр тIозэ: «Ар къызыхъукIэ, зы сшIэщт, ау къызымыхъукIэ – нэмыкI». Тхьэр зыфаер ащ фэдэ гъогукIэ тылъыхъуным къикIырэр – тишIошъхъуныгъэ щыкIагъэ иIэу, зэримыкъугъэр ары. Ащ фэдэ гупшысакIэм шIошъхъуныгъэ шъыпкъэм чIыпIэ къыфигъанэрэп, Ежь зыфаер къырыпшIэнымкIэ амал хъунэу Тхьэм гухэлъ иIагъэп. Адэ сыд фэдэ екIолIакIа хэтхын фаер, Тхьэм тэрэзэу тызэрелъэIущтыр тымышIэмэ?

ШIошъхъуныгъэ зиIэ цIыфхэу Колоссэ къалэм дэсхэм апае Паул Тхьэм елъэIущтыгъ, ахэмэ *«Тхьэр зыфаер икъугъэу къыжъугуригъэIонэуи, ы-Псэ ЛъапIэ ыдэжь къикIырэ акъылышIуагъэрэ гулъытэныгъэрэ зэкIэ шъуиIэнэу телъэIу»* (Кол.1:9). Якъубэ ытхыгъ: *«Шъуащыщэу зыгорэм иакъылышIуагъэ щыкIагъэ иIэмэ, Тхьэм ерэлъэIу, Ащ акъылышIуагъэ къыритыщт. Сыда пIомэ, зыми емыгыеу, игуапэу Тхьэм зэкIэми аретышъ ары»* (Якъуб 1:5). Сыд щыща акъылышIуагъэр? Ар – Тхьэм иеплъыкIэкIэ мы дунаим иIофхэм тяплъыныр ары. Тэ тилъэIухэм Тхьэр зэряплъырэр тымышIэмэ, Ащ теупчIын тыфит.

Апостол Паул ытхыгъ: *«Ащ фэдэу тэ, лъэкIыныгъэ зимыIэхэм, Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ къыддэIэпыIэ; сыда пIомэ Тхьэм тызэрелъэIун фэе шIыкIэр тшIэрэп. Ау гущыIэхэм къамыIошъурэ щэIуныгъэмкIэ Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ Тхьэм къытфелъэIу»* (Рим.8:26). ГущыIэу «лъэкIыныгъэ зимыIэхэм» зыфиIорэм сымэджэныр арэп къикIырэр. Ащ къикIырэр тыгукIэ, тпсэкIэ кIуачIэ тимыIэныр ары. – Тхьэм иеплъыкIэ къыдгурымыIоу телъэIуныр ары. НэмыкIэу къэпIон хъумэ, Тхьэм ты-

зэрелъэIущт шIыкIэр зытымышIэкIэ, Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ тыгу илъэу тцIэкIэ Тхьэм елъэIущт, а зы уахътэм гурыIоныгъэ къытитыщт. Арышъ, гурыIоныгъэ тимыIэу, Тхьэм телъэIу хъумэ, уахътэр хьаулыеу дгъэкIодырэп, шэйтаным къызэрэтиIорэм фэдэу. НэмыкI шъыпкъ, ащ фэдэ тхьэлъэIухэм Тхьэм лъытэныгъэ афешIы.

Тхьэм телъэIу зэпытмэ, Ежь зыфаер нафэ къытфишIыщт. Исус тыкъыгъэгугъагъ: *«Ау Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэу цIыфхэм шъыпкъагъэр языгъашIэрэр къызыкIокIэ, шъыпкъагъэр зэкIэ зэхышъуигъэшIыкIыщт. Ежь-ежьырэу зи къыIощтэп, Тхьэм къыIохэу зэхихэрэр ары къыIощтхэр, къэхъущт-къэшIэщтхэри къышъуигъэIущтых»* (Иуан 16:13). Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ пшъэрылъэу иIэхэм ащыщ Тхьэм тызэрелъэIун фэе шIыкIэм тыфигъэсэныр. Ау Ащ ар зишIэшъущтыр, тэ Тхьэм телъэIу хъумэ ары. Ежь зэрэшIоигъом фэдэу Тхьэм телъэIу тшIоигъон фай – ащ мэхьанэшхо иI, сыда пIомэ тхьэлъэIум ащ фэдэу тыфыщытмэ, Тхьэм лъытэныгъэ къытфишIыщт.

## Сыда къызыщедгъэжьэщтыр?

ПсэкIодшIагъэ тищыIэныгъэ хэмытэу къызыщыдгъэхъун, Тхьэм ыгу илъыр зэдгъэшIэнэу тишъыпкъэу тыпылъэу. Арэущтэу щытмэ, сыда къызщедгъэжьэщтыр? АпэрэмкIэ, тилъэIу зыфэдэр тэрэзэу дгъэнэфэн фае. Тызыфае горэ Тхьэм къытфишIэнэу ара тызыфелъэIурэр, тищыкIагъэ горэ къытфишIынэу ара, е тыздэкIон фэе лъэныкъор къыдгуригъэIонэу ара тызыфелъэIурэр. ЯтIонэрэмкIэ, Тхьэм телъэIун фае, титхьэлъэIу епхыгъэу, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм ахэт пычыгъо къытигъэлъэгъунэу. А пычыгъом тегупшысэн фае, а пычыгъомкIэ Тхьэм джэуап къытитыжьын елъэкIы.

Чыристан нахьыбэхэм ыкIэм нэсэу къагурыIорэп Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэмрэ тхьэлъэIумрэ зэрэзэфыщытхэр. Ау нахьыбэрэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэр тиакъыл хэдгъахъохэ къэс, Тхьэм игъогухэм нахь ащыгъуазэ тэхъу. Ащ къыхэкIэу, тэркIэ нахь псынкIагъо мэхъу Ащ шIоигъохэмрэ тэ тигупшысэхэмрэ зэхэтымыгъэкIокIэнхэмкIэ. Титхьэлъэlухэм яджэуап къытитыным нахьи Тхьэр нахь зыфаер, Ежь зыфэдэр тшIэныр ары. Ежь игъогухэми, игупшысэхэми, зыкIэхъопсыэрэми тащигъэгъозэнэу титхьэлъэIу пэпчъ Ащ амалэу егъэфедэ. ТхьэлъэIу тшIызэ, Ащ игущыIэхэр щытымыгъэфедэхэмэ, Тхьэм телъэIуным анахь нэшIу щыфэныгъэшхоу хэлъыр щытэгъэзые – Тхьэр зыфэдэр тшIэныр.

УзыфелъэIурэм епхыгъэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм ащыщ гъэнэфагъэ пычыгъо къыуигъэлъэгъунэу Тхьэм елъэIу. УзыфелъэIурэмкIэ уишIошъхъуныгъэ иIэубытыпIэ, гъурзэ шIы а гущыIэ тхыгъэхэр. Сыд къыохъулIэми, чIыпIэу узэрытми, зэхашIэу уиIэхэми ямылъытыгъэу, а сатырыр Iэубытыпlэу зигъаI. Ащ тегъэпсыхьагъэу щыI, ащкIэ Тхьэм елъэIу, Тхьэм укъызэригъэгугъагъэр къыуетыфэкIэ зыщыI.

Тхьэм телъэIу зыхъукIэ Ежь зыфаер тшIэнэу Ащ шIоигъошъ, Тхьэр зэрэфаем тетэу телъэIумэ, тызыкIэлъэIугъэр къызэрытитыгъахэр тэшIэшъ, ащ нэуж – Тхьэм щытхъу фэтшIын фай. Тэ Тхьэм тызфелъэIурэр бэрэ къыкIэтIотыкIыжьыныр ищыкIагъэп. Джащ фэдэу Тхьэм къытфишIэнэу тыкъызэригъэгугъагъэмкIэ джыри зэ телъэIунэу къекIурэп. Ащ ычIыпIэкIэ Ащ рэзэныгъэ етхын фае. Тэ Тхьэм щытхъу фэтшIын фае телъэIузэ, акъылышIуагъэ Ащ къызэрэтитыщтым пае; тызыфаехэмкIэ тызэригъэразэрэм пае, тищыкIагъэхэр зэрэтигъэгъотхэрэм, гъогу тэрэз къызэрэтигъэлъэгъурэм пае щытхъу фэтшIын фай.

Ащ ыуж тежэн фае. Джыри зэ «КъытфашI» тIоу

Тхьэм телъэIумэ, тишIошъхъуныгъэ имэкIагъэ ар ишыхьат. Джа лъэхъаныр ары анахьэу тэ тишIошъхъуныгъэ Тхьэм зыщиушэтырэр. Тэ титхьэлъэIухэм ахэдгъахъо тшIоигъо тыхъункIи мэхъу: «О ащ уфаемэ». Сыда пIомэ Тхьэр зыфаер къыдгурымыIоу тыщэщынэшъ ары. Ащ фэдэ щэч тыгу имылъыным пае тэ тищыкIагъэр титхьэлъэIухэр Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм атедгъэтынхэр ары, сыда пIомэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм гъурзэ къытфэхъурэ IэубытыпIэ къытаты. Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэр зэмыхъокIыжьын шъыпкъагъэ хэлъ, ары тишIошъхъуныгъэ щынагъо зи зыдэщымыIэ уцупIэ фэхъущтыр.

Тхьэм ыпашъхьэ тызихьэкIэ, «Зиусхьан, сыолъэIу, мыр къысфашI, мор къысэт» – тIоу телъэIуным ычIыпIэкIэ, тэрэзэу тызэрелъэIун фаемкIэ Ащ тежъугъэлъэIу. Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ тежъугъэлъэIу ублапIэм щегъэжьагъэу ыкIэм нэс тэ тыжэкIэ Тхьэм елъэIунэу. Ащыгъум Тхьэр зэрэфаем тетэу тызэрелъэIурэм тицыхьэ телъын елъэкIы. ЕтIанэ ыпэкIэ тызфелъэIунэу тыгу къэмыкIыщтгъагъэ Iофхэм апае Тхьэм телъэIущт. ТелъэIузэ, тымышIэщтыгъэхэу тхьэлъэIум иIэ лъэныкъуакIэхэр Тхьэм къытфызэIуихыщтых.

Тыгу къабзэу Тхьэм ыпашъхьэ тызихьэкIэ, ыкIи Ащ тыфэIорышIэнэу гухэлъ пытэ зытиIэкIэ, тызэрелъэIун фаер тымышIэми, ар къытигъэлъэгъунэу Тхьэм Ежь ыпшъэ релъхьажьы. Ащ Ежь игущыIэ тхыгъэхэр е чIыпIэу тызэрытыр ыгъэфедэн ылъэкIыщт. Тэ тилъэIу Ежь зыфаем темыфэ хъумэ, тынаIэ Ежь ышъхьэ тырытегъадзэ, тызыкIэлъэIугъагъэр тшIомыгъэшIэгъоныжьэу хъункIи мэхъу. Ащ емылъытыгъэу, Ежь зыфаер къытигъэлъэгъунымкIэ сыд фэдэ амал Ащ хихыгъэми, ар зэришIэщтым тицыхьэ телъын фае. Тэ тежэн фэенкIи мэхъу, ау джащ фэдэ уахътэр ары Тхьэр тшIэпэныр къызыщежьэрэр.

Тхьэм телъэIузэ, Ар зыфаер къызыдгъотыкIэ,

Тхьэм ар къытфигъэшъыпкъэжьыным пае Ежь ыПсэ ЛъапIэ тыгу къырелъхьэ тигъэгупсэфэу. *«Сыд щыщми зешъумыгъэгъап, ау сыд щыщырэ IофкIи Тхьэм шъуелъэIузэ, щытхъу фэшъушIызэ, шъуиIэпыIэгъу хъунэуи шъуелъэIузэ, шъуищыкIагъэхэр ежъугъашIэх. ЕтIанэ Тхьэм ыдэжь къикIырэ гупсэфыныгъэу цIыфхэм къагурыIошъущтым нахьи, бэкIэ нахь иным шъугухэри шъуигупшысэхэри Христос Исус шъугухэм зэрарылъым пае къыухъумэщтых»* (Фил. 4:6-7). Ащ фэдэу телъэIузэ Ащ илъэуж тызэрэрыкIорэм темыхъырэхъышэжьынэу тшIын тэлъэкIы. Аущтэу щытмэ, Христос къыддыригъаштэу ткIыгъоу Тхьэм зэрелъэIурэм тицыхьэ телъын ылъэкIыщт. Тэ тыгу мамырныгъэ илъ – ар Тхьэр титхьэлъэIу зэригъэразэрэм ишыхьат, имыхъур.

Тхьэм тызэрелъэIурэмкIэ, гъуазэ къытфэхъу шIоигъу. Ежь игущыIэхэмкIэ аущтэу тыкъыгъэгугъагъ. Тэ типшъэрылъыр – Ащ игущыIэ тхыгъэхэмкIэ гъуазэ къызэрэтфэхъурэм тылъыхъуныр ары. Ащ тыкъызэригъэгугъагъэр къызэрэдгъотэу, зытщыIэу тежэн фай, къытфишIагъэм пае щытхъу фэтшIэу. Тэ рэзэныгъэ фытиIэу тежэн фай, тэтыеу къытипэсыгъэр дгъотынэу. Сыда пIомэ, Тхьэм телъэIузэ *«Тхьэр тэ тигъусэмэ, хэта къытпэуцон зылъэкIыщтыр»?* (Рим 8:31)

# 8

# Узыщежэщт уахътэмрэ Iофым узыпыхьэщт уахътэмрэ

*Ау израил цIыфхэм бзэджагъэ ашIэу, Тхьэм фагъэлъэпIэгъэ мылъкум щыщ аштагъ. Сыда пIомэ Ахъан, (ар Хьармые ыкъу, Хьармие Завдые ыкъу, Завдые Зарэ ыкъу – ахэр Иудэ лъэпкъым щыщых,) Тхьэм фагъэлъэпIэгъэхэм ащыщ къыштагъ ыкIи аущтэу израил цIыфхэм Зиусхьаныр инэу афэгубжыгъ. Нун ыкъо Ехьушуа Ерихон къалэм икIыхэу Гай къалэм цIыфхэр ыгъэкIогъагъэх. А къалэр Бет-Авен пэмычыжьэу Бэтэл къалэм икъокIыпIэ лъэныкъом щыт. Ахэмэ ариIогъагъ: «ШъукIу, хэкур къэшъуплъыхь», – ыIуи. Ахэр кIохи Гай къаплъыхьагъ. Ехьушуа дэжь къагъэзэжьи къыраIуагъ: «ЗэкIэ цIыфхэр орэмыкIох, нэбгырэ минитIу-минищ фэдиз орэкIо, ыкIи Гай ерэох; зэкIэ зэрэлъэпкъэу улэуакIо умыгъакIо, сыда пIомэ ахэр макIэх ныIэп». Арыти, цIыфхэм къахэкIхи нэбгырэ минищ фэдиз кIуагъэ, ау Гай щыпсэухэрэм къыкIарагъэIагъ. Ахэм ащыщэу нэбгырэ щэкIрэ хырэ Гай цIыфхэм къаукIыгъ, сыда пIомэ ахэр къырафыжьэхи Шеварим икъэлапчъэ нэс къафыгъэх, ыкIи къушъхьэ къехыпIэм дэжь ахэр къыщызэхакъутагъэх; ащ къыхэкIкIэ лъэпкъым ыгу ткIуи, псым фэдэ хъугъэ. Ехьушуа ищыгъынхэр зэIитхъыхи, Зиусхьаным ипхъонтэ лъапIэ ыпашъхьэ ынэгу егъэзыхыгъэу зычIидзыгъ, ыкIи пчыхьэ охъуфэкIэ щылъыгъ; ежьри, Израил инахьыжъхэми ашъхьэ сапэ къыратэкъохыжьыгъ. Ехьушуа къыIуагъ ащ дэжьым: «А Зиусхьанэу Тхьэ! Сыд пае О цIыфхэр Иордан псыхъом зэпырыпщыгъэха, Аморей цIыфхэм аIэ типлъхьанышъ, тыбгъэунэхъунэу уфэягъа? Ео-ой, Иордан тызэпырымы-*

*кІэу адрэ иІушъо тыкъыІунэгъагъэмэ! А Зиусхьан, израил цІыфхэм акІыб япыйхэм афагъазэзэ, кІатхъужьмэ, сыда сэ ащ ыуж сІожьыщтыр? Сыда пІомэ Ханаан цІыфхэми, адрэ цІыфэу хэкум щыпсэухэрэми зэхахынышъ, тыкъаухъурэиныщъ, тызэхаукІэн, тцІэ чІы шъхьашъом тырагъэкІодыкІын. ЕтІанэ сыд фэпшІэжьыщт О пцІэ лъапІэ?»*

*Зиусхьаным Ехьушуа къыриІуагъ: «Къэтэдж, сыд пае зебдзыхыгъэу, уагупэ егъэзыхыгъэу ущылъа? Израил цІыфхэм псэкІод ашІагъ, ыкІи зэзэгъыныгъэу ахэм сэ адэсшІыгъэм ахэр ебгъукІуагъэх; Тхьэм фагъэлъэпІэгъэ мылъкум щыщ къаштагъ, къатыгъугъ, агъэбылъыгъ, ежь яхьапщыпмэ ахалъхьагъ. Ащ къыхэкІыкІэ, Израил цІыфхэр япыйхэм апэуцужьынхэ алъэкІыгъэп ыкІи пыихэм акІыб афагъэзагъ, сыда пІомэ Тхьэм ынае ащифагъ; Тхьэм ынае зыщифагъэр шъумыукІмэ, нахьыбэрэ сышъуигъусэщтэп. Къэтэдж, цІыфхэм агукІэ зягъэукъэбзыжь ыкІи яІу: пчэдыжьым зышъуукъэбзыжь, сыда пІомэ Зиусхьанэу израил и Тхьэ мощтэу еІо: «Тхьэм ынае зыщифагъэр шъо къышъухэт, Израил цІыфхэр; ащ пае Тхьэм ынае зыщифагъэр къызхэшъофыфэкІэ, шъо шъуипыйхэм шъуапэуцужьын шъуплъэкІыщтэп».*

Нун ыкъо Ехьушуа 7:1-13

УиІоф пшІокІодыгъэу зы нэгъэупІэпІэгъукІэ къызышІогъэшІ. Гухэлъ горэ иІэу, Тхьэм аущтэу хъунэу фит зэришІыгъэр ошІэ, ау ар зыкІэхъугъэри Тхьэм гухэлъэу иІэри къыбгурыІорэп. О ошІэ Тхьэм зыгорэм уфигъасэ зэрэшІоигъор, ау къыкІэлъыкІорэ лъэбэкъоу пшІын фаер пшІэрэп: Тхьэм ышІэщтым уежэу, зи умышІэу ущысыщт къодыя, е нэмыкІ Іоф улъыхъунэу уежьэщта?

Загъорэ тежэнэу Тхьэр фай. Ау къыхэкІы мыщ фэдэуи, Іофыр зэрэхъурэм елъытыгъэу зыгорэ тшІэн

фаеу Тхьэр къытаджэуи; ар къэзгъэшъыпкъэжьырэр мы пычыгъом хэтэгъуатэ.

## ТхьамыкӀагъор къызхэкӀырэр

Израил цӀыфхэр псыхъоу Иордан зэпырыкӀхи, къэлэ пытапӀэу Ерихон пэчӀынатӀэу къэуцугъэх. (Нун ыкъо Ехьушуа 6) Тхьэм Ехьушуа шъыпкъэныгъитӀу къыфызэӀуихыгъ. АпэрапшӀэу, Ащ къыгъэгугъагъ Ерихон къалэр израил цӀыфхэм зэраштэщтымкӀэ. ЕтӀанэ Ехьушуа зэрэзэощт шӀыкӀэр Тхьэм къыфызэӀуихыгъ. ЦӀыфым иеплъыкӀэкӀэ, а шӀыкӀэм гулъытэ хъатэ зи хэлъыгъэп, мэхьанэнчъагъ. Хэта мыщ фэдэ зэуакӀэр зэхэзыхыгъэр, тхьэмафэм къыкӀоцӀ мафэ къэс къэлэ къэшӀыхьагъэр зэ къакӀухьэмэ, яблэнэрэ мафэм блэунае бжъэмыешхом къырагъаӀомэ, куохэзэ рыкӀохэмэ, пыим текӀошъунхэу. Ау а шӀыкӀэмкӀэ зэкӀэ зэшӀохыгъэ хъугъэ, сыда пӀомэ ар Ежь Тхьэм рихъухьэгъагъ.

Унашъохэу Тхьэм къытфишӀыхэрэр нафэх, зэкӀэ къызэлъаубыты. Ащ унашъохэр къытфишӀыгъэхэу, етӀанэ ахэр тэр-тэрэу зэхэтфынхэу утыгум тыкъыринэрэп. Ерихон зэраштэн фэе шӀыкӀэр зэхэугуфыкӀыгъэу Ащ Ехьушуа къыфызэӀуихыгъ. Ерихон аштэн зэхъум, израилхэм Ащ афигъэпытагъ къызыщакӀухьэщт уахътэр, дзэкӀолӀхэм къалэр къызэракӀухьан фэе пчъагъэр, зыщыкуощтыхэ уахътэр, зызыщаушъэфыщтыр. КъэгущыӀэнхэу фит ышӀыгъагъэхэмэ, а зэуакӀэ ямышӀыкӀэм пае, ахэмэ апэ дэдэ Ехьушуа зэрагъэмысэщтыгъэр Тхьэм ышӀэщтыгъэ. Ащ пае ахэмэ зи къамыӀонэу Тхьэм Ехьушуа фигъэпытэгъагъ.

Унашъоу Ехьушуа къафишӀыгъэм зэредэӀугъэхэм къыхэкӀэу, израил цӀыфхэм текӀоныгъэшхо къыдахыгъ. ЗэкӀэри Зиусхьаным щытхъущтыгъэх, амакъэ

Iэтыгъэу къаIощтыгъэ: «Тхьэм ыдэжь щытхъур!» А текIоныгъэ гъэшIэгъоным ыуж нэмыкIэу аштэн фэегъэ къалэм плъакIохэр Нун ыкъо Ехьушуа ыгъэкIуагъэх. ПлъакIохэм къагъэзэжьыгъ Гай псынкIэу зэраштэщтым яцыхьэ телъэу. Ахэмэ Ехьушуа раIуагъ, къалэр аштэнымкIэ нэбгырэ минитIу нахьыбэ имыщыкIагъэу. Ар аущтэу къащыхъуныр гъэшIэгъоныгъэп, сыда пIомэ ахэмэ анэгу джыри кIэтыгъ зытекIогъэхэ Ерихон! Ау шъыпкъэр зытетыгъэр, ежьхэм Ерихон амыштэу, Тхьэм зэриштагъэр ары.

ЫIпэрэ текIоныгъэм къыгъэгушхуагъэхэу, израилхэм яцыхьэ зытелъыжьэуи зыщыгугъыжьхэуи хъугъэх. Ащ нахьыбэрэ ямыщыкIэгъэжьыгъагъэхэу къащыхъугъ Тхьэм иунашъохэр. Яцыхьэ зэрэзытелъыгъэр – ар шэйтаным иIэубытыпI, ыкIи ахэр а хъытыум ифагъэх.

Гай дэжь щыIэгъэ заор тхьамыкIагъоклэ ыухыгъ, сыда пIомэ Ехьушуа едэIугъэп Тхьэм къызэригъэгугъагъэм, Тхьэм шIыкIэу хихыгъэр ыштагъэп. Ащ ычIыпIэкIэ ар ицIыфхэм аIуагъэм едэIугъ. Гай идзэкIолIхэр къалэм псынкIэу къыдэхъушъутхи, израилхэм къыкIарагъэIагъ, нэбгырэ 36-ри къаукIыгъ. Израилхэм къагъэзэжьыгъ щтагъэхэу, гугъапIи ямыIэжьэу. *«ЦIыфхэм агу ткIугъэ ыкIи псым фэдэ хъугъэ»* (Нун ыкъо Ехьушуа 7:5). Щынэм къыхэкIэу ахэмэ агу кIодыгъагъэ, зэожьын алъэкIыщтыгъэп.

## Ехьушуа Тхьэм зэрелъэIугъэр

Ехьушуа гъызэ, макъэ IэтыгъэкIэ Тхьэм зэрелъэIущтыгъэр тэлъэгъу. *«Ехьушуа ищыгъынхэр зэIитхъи, Зиусхьаным ипхъуантэ лъапIэм ыпашъхьэ ынэгу егъэзыхыгъэу зычIидзыгъ, ыкIи пчыхьэ охъуфэ щылъыгъ; ежьыри, Израил инахьыжъхэми ашъхьэ сапэ къыратэкъохыжьыгъ»* (сатырыр 6). Ящыгъынхэр

зэрэззэIатхъыгъэхэр ягукъао къызэрагъэлъагъорэм инэшэнагъ. Пхъонтэ лъапIэм ыпашъхьэ бгъэгукIэ зызэрэщыридзыхыгъэм Зиусхьаным ыпашъхьэ зыщагъэцIыкIугъэу къагъэлъэгъуагъ.

Аущтэу Ехъьушуэ итхьэлъэIу хэтыгъ: *«А Зиусхьанэу Тхьэ! Сыд пае О цIыфхэр Иордан псыхъом зэпырыпщыгъэха, Аморей цIыфхэм аIэ типлъхьанышъ, тыбгъэунэхъунэу уфэягъа? Ео-ой, Иордан тызэпырымыкIэу адрэ иIушъо тыкъыIунэгъагъэмэ! А Зиусхьан, израил цIыфхэм акIыб япыйхэм афагъазэзэ, кIатхъужьмэ, сыда сэ ащ ыуж сIожьыщтыр? Сыда пIомэ Ханаан цIыфхэми, адрэ цIыфэу хэкум щыпсэухэрэми зэхахынышъ, тыкъаухъурэинышъ, тызэхаукIэн, тцIэ чIы шъхьашъом тырагъэкIодыкIын. ЕтIанэ сыд фэпшIэжьыщт О пцIэ лъапIэ?»* (сатырхэр 7-9).

Ехьушуа итхьэлъэIу нахьыбэмкIэ зыфэдагъэр израил цIыфхэр шъоф нэкIым итхэу Тхьэм зэрелъэIущтыгъэхэр ары. КъызэрэсщыхъурэмкIэ, ащ фэдэ сэнаущым ыуж ахэмэ Тхьэм шIошъхъуныгъэ фыряIэн фэягъэ. Ау Ехьушуа а гущыIэ шъыпкъэхэр къыкIиIотыкIыжьыгъ: «А си-Тхь, сыд пае О а гомыIугъэр къытябгъэшIагъа? Сыда О Иордан псыхъом тызыкIызэпырыпщыгъэр?»

Тхьэм ахэр къызэригъэгугъагъэхэм ащыщ горэ Ехьушуа итхьэлъэIу къыхигъэфагъэп. Мы тхьэлъэIум Тхьэм къафишIэгъэ Iофышхо пстэумэ апае Тхьэм рэзэныгъэ фишIэу е ищытхъу къыIоу хэтэп. ИмэхьанэкIэ ар зыфэдагъэр къызэратекIуагъэхэм ехьылIэгъэ тхьаусэх. Ащ къыгъэлъагъощтыгъэр ежь ынаIэ зытетыгъэр ары.

Тэ нахьыбэмкIэ джащ фэдэ тхьэлъэIухэмкIэ Тхьэм ыпашъхьэ теуцо. МакъэшхокIэ тэ тэIо: «А Зиусхьан, сыд пае О а гомыIугъэр къысябгъэшIагъа? Сыд пае О аущтэу укъыздэзекIора?» Тэ тигомыIухэм апае Тхьэр тэгъэмысэ. Ау Тхьэм Ехьушуа къыриIуагъэм шъуеплъ: «Къэтэдж, сыд пае зебдзыхыгъэу уагупэ

егъэзыхыгъэу ущылъа?» (сатырыр 10). Тхьэм Ехьушуа пшъэрылъ горэ фыриIагъ. Ар зыщыгъыщт уахътэр блъэкIыгъ.

Израил цIыфхэр Ерихон зегъакIохэм, Тхьэм ахэмэ унашъо афишIыгъагъ хъулъфыгъи, бзылъфыгъи, сабыий – зэкIэ аукIынэу. Ахэмэ джащ фэдэуи Ащ ариIогъагъ *«тыжьынми, дышъэми, гъуаплъэми, гъучIыми ахэшIыкIыгъэ хьакъу-шыкъухэр зэкIэ Зиусхьаным иехэ хъущтых, ыкIи Зиусхьаным имылъку IыгъыпIэмэ арыхьащтых»* (6:18). Ау а унашъохэр афишIыгъэхэр зэрамыгъэцэкIагъэхэр Ехьушуа ышIэщтыгъэп. Тхьэм ащ къыриIуагъ израил цIыфхэм псэкIод зэрашIагъэр, ыкIи ащ, Ехьушуа, пшъэрылъ къыфишIыгъ ахэмэ атыгъугъэ мылъкур къаIихыжьынэу. Тхьэр къызыкIафэгубжыгъэр а нэйпсыягъэ псэкIодшIагъэр ары. Арышъ, Тхьэм Ехьушуа унашъо къыфишIыгъ, гъыныр щигъэтынышъ, нахьыжъхэрыугъоинхэшъ, проблемэр къызыхэкIыгъэр зэригъэшIэнэу.

Ехьушуа Тхьэм IорышIэ фэхъугъ, ыкIи къызэратекIуагъэхэр Ахъан зэрилажьэр къыригъэшIагъ. Ащ бавилэн щыгъынхэр, тыжьын шэкэл 200, дышъэ чъыгъэ такъыр – Тхьэм къурмэныпхъэ фашIын фэягъэхэр ыштэхи, зыфигъэбылъыгъагъэх. Арыти Ехьушуа Тхьэм зыфиIуагъэр ыгъэцэкIагъ. Ахъани иунагъуи зэрэщытэу мыжъокIэ яохэзэ, аукIыгъэх ыкIи агъэстыгъэх. Израил губжэу фишIыгъагъэр Тхьэм щигъэзыежьи, лъэпкъым джыри ынэшIу къыщифэнэу ыублэжьыгъ. Ащ ыуж израил цIыфхэм псынкIэу Гай къалэр аштагъ.

Тхьэм телъэIу зыхъукIэ, бэрэ къыхэкIы бащэ къатIоу, нахь макIэу тыдаIоу. Зыгорэм ехьылIагъэу Тхьэм телъэIугъэу, зи зэмыхъокIыгъэу е нахь дэи хъугъэмэ, Ехьушуа иеплъыкIэ тиIэ мэхъу. Тхьэр дгъэмысэнэу тыфежьэ, къэтымыIоми, тыгукIэ тэгъэмысэ. НэмыкI цIыфхэм тяплъышъ, ахэмэ Тхьэм ынэшIу

къызэращигъафэрэм фэдэу тэ ынэшIу къызкIытщимыгъафэ-рэр сыда тэIошъ, тызэупчIыжьы.

Тытхьаусыхэным ычIыпIэкIэ, къызкIыттекIохэрэмкIэ теупчIызэ, Тхьэм телъэIун фае. Ащ ыуж зи тымыIоу, Тхьэм къытиIорэм тедэIун фай. Тэ амал еттымэ, тшIэн фаер Тхьэм къытигъэлъэгъущт.

Зы пчэдыжьы горэм сиIофшIапIэ кIэлакIэ къычIэхьагъ, семинариеу зычIахьэмэ нахьышIумкIэ къысэупчIымэ шIоигъоу. ТызэдэгущыIэзэ, дин пащэ хъумэшIоигъоуТхьэмыгукъызыщыригъэхьагъэмкIэ, сэ сеупчIыгъ. ИлъэсищкIэ узэкIэIэбэжьмэ, Тхьэм ыгу къыригъэхьагъэу къыIуагъ кIалэм. Ишъуз ар фиIотагъэти, тIури фэчэфхэу Тхьэм фэлэжьыным пыхьанхэу рахъухьагъ.

Ащ ыуж кIэкIэу иIофкIэ нахь дагъэкIотэягъ. Исэнэхьат зэблихъунымкIи нэмыкI амалхэмкIи Тхьэр къыдэIэпыIэщтыгъ. Ау Тхьэм ыгу къыригъэхьагъэм ыуж шIэхэу ихьаным ычIыпэкIэ джыри Тхьэм елъэIущтыгъэ. Ежь зэриIощтыгъэмкIэ, Тхьэм фэлэжьынхэмкIэ зы лъэбэкъу горэхэр зэридзынхэ фаер ышIэщтыгъ, ау зыригъэукIыхьыщтыгъ.

ЕтIанэ Тхьэм ынэшIу къыщимыфэжьэу хъугъэ, зыгорэ зэришIэн фаер къыригъашIэу, кIалэм Тхьэр къытеIункIэу къызэрэригъэзыгъэр зэхишIагъ. Ау ащи ишIуагъэ къэкIуагъэп – джыри илъэсищрэ ежагъ. ЫужымТхьэр къызэрэтеIункIэрэр зэрэригъэзырэр инышэ хъугъэ, арыти Тхьэр къызфеджагъэр игъэцэкIэным ыуж кIалэр ихьагъ.

Загъорэ къыхэкIы, проблемэ горэ тиIэу Тхьэм ыпашъхьэ тызиуцокIэ, Ащ къытиIоу: «Мы зэфыщытыкIэр зыпкъ ибгъэуцожьмэ, е мы чIыфэр птыжьмэ, е Iоф горэм фэгъэхьыгъэу Сэ укъысэдэIумэ, джащыгъум сынэшIу къыпщысфэщт». НахьыбэмкIэ, Ащ къытигъэлъэгъурэр зыкIи епхыгъэп Тхьэм тызыфелъэIурэм. ГущыIэм пае, Ерихон Ахъан къырихыгъэгъэ дышъэ гъэчъыгъэ такъырыр сыдкIэ епхыгъагъа

Гай къалэм текIоныгъэ къызэрэщыдахыгъэм? Тэ тиеплъыкIэкIэ – зыкIи епхыгъагъэп, ау дзэкIолI 36-м ящыIэныгъэ ар ыосагъ. Проблемэр зэхьылIагъэр уибизнес зэрэзепхьэрэ шIыкIэр арынкIи мэхъу; е Iоф дэи горэм уесагъэу арынкIи мэхъу, е нэмыкI горэм, о уиеплъыкIэкIэ, дэй горэ хэмылъэу, арынкIи мэхъу, ау хэунэн фаеу Тхьэм къыуиIуагъ.

Зэрэхабзэу, ащ фэдэ уахътэхэм титхьэлъэIу лъытэгъэкIуатэ, е а Iофыр къызэрэтфигъэгъугъэмкIэ Тхьэм щытхъу фэтэшIы. Тишъыпкъэу, зэпытымыгъэоу телъэIумэ, Тхьэм а Iофым гъунэ лъимыфынэу тэ тэгугъэ. Теубытагъэ хэлъэу Iофхэр зэшIотхынхэм ычIыпIэкIэ, тэ чIыпIэу тызэрыфагъэм зыщытэдзые.

Ау нахьыбэрэ тежэ къэсми, Тхьэм инэшIу щыфэныгъэхэм нахь пыч афешIы. Тхьэм къытиIорэр мыры: «УищыIэныгъэ ехьылIагъэу тхьаусхэныр щыгъэт, мы Iофыр гъэтэрэзыжь!» Проблемэр зэхьылIагъэр тымышIэу загъорэ къыхэкIынкIи мэхъу, ау тыгу ихыгъэу Тхьэм тыгу ыуплъэкIунэу амал еттымэ, зэрэхабзэу, проблемэр зыфэдэр къэнафэ.

ГущыIэм пае, тIон, зыгорэм ахъщэ чIыфэ къызIыпхыгъэм емытыжьыгъэу. Тхьэм уелъэIу зыхъукIэ, загъорэ а чIыфэр угу къэкIы, ау оIо: «Зиусхьан, ар О зэрэпшIэрэм сехъырэхъышэрэп, ар О къызэрэсфэбгъэгъугъэм пае, щытхъу О къыпфэсшIы». Ау чIыфэр гум къэкIыныр щигъэтырэп. Тхьэм къыIомэ шIоигъу, ар къыпфэгъугъ нахь мышIэми, ащ емылъытыгъэу, чIыфэр тыжьыгъэн фае. Ар огъэцэкIэфэ Тхьэр къыожэ, ащ ыуж ыпэрэм фэдэу Ащ ынэшIу къыпщифэщт.

Тэ нахь чыжьэу тыплъэн фай. Зыгорэм иахъщэ чIыфэ зэрэптелъым, е зыгорэм къыпфигъэгъунэу узэрелъэIущтым Тхьэр ыгъапэрэп. Ащ анахьэу ынаIэ зытыридзэрэр – о Ежь ы-Псэ ЛъапIэ укъызигъэущкIэ, Ащ узэредэIурэр ары. Тхьэм ынаIэ зытетыр шъыпкъагъэр зыпшIэкIэ бгъэцэкIэным пае уахътэу

уищыкIэгъэщтыр зыфэдизыр ары. УиедэIун кIыхьэлыхьэ зебгъэшIыныр – шъэфэу Тхьэм упэуцужьыныр ары, Тхьэм упэуцужьыныр – ар псэкIод. Iоф горэм пае Тхьэм уелъэIоу, ау а охътэ дэдэм пшIэн фае горэ пшIэзэ, умыгъэцакIэмэ, Тхьэм упэуцужьы. Ар – псэкIод, Якъуб 4:17 зэритым фэдэу: *«ШIугъэу ыгъэцэкIэн фаер гурыIо пэтми, зымыгъэцакIэрэм псэкIод ешIэ».*

## Игъом имэхьанэ

Ехьушуа ехьылIэгъэ тарихъым тызеплъыкIэ, принципитф хэтлъэгъон тлъэкIыщт, тщыгъупшэ мыхъунэу. Апэрэр, тежэнэу уахътэ щыI, едгъэжьэнэуи уахътэ щыI. Тхьэм шIоигъор тымышIэ хъумэ, тежэн фай. ТшIэщтыри, зэрэтшIыщт шIыкIэри Тхьэм къызытигъэлъэгъукIэ, зедгъэжьэн фэе уахътэр ар дэдэм къынэсы.

## Тэ Тхьэр дгъэмысэн тыфитэп

ЯтIонэрэр, тэ типроблемэхэмкIэ Тхьэр дгъэмысэ хъумэ, уахътэр хьаулыеу зэрэдгъакIорэр тшIэн фае. Тхьэр дгъэмысэнэу тIэкIу нэмыIэми тыфэщагъэ хъумэ, тишъыпкъэу тыгу илъыр тыуплъэкIун фай. Гъэнэфэгъэ къинхэр тапэ къикIынхэу Тхьэм фит ешIы, ау Ащ сыдигъокIи тифедэхэр къыделъытэх. Iоф къинхэу тызыхафэхэрэр тыубыхэ хъумэ, Тхьэр тэубы. Ар тыубы хъумэ, тиакъылышIуагъэ тыщэгугъыжьы нахь, Ащ иакъылышIуагъэп. Джаущтэу Тхьэм рихъухьагъэр, игухэлъ къыгъэшъыпкъэжьыгъэу тымылъэгъункIи мэхъу.

Чак исатыу зэхэтакъо зэхъум, къыздэгущыIэнэу къэкIуагъ. ТызэдэгущыIэзэ тхылъэу Сэлмэн и-ГущыIэжъхэм (Притчи) яджэнэу есIуагъ, сатыум ехьылIа-

гъэу хэт принципхэр ыгъэфедэнхэу. ЕтӀанэ ежьыррэ сэрырэ тызэзэгъыгъ, къыӀэкӀэхьэрэ федэм ызыпшӀанэ Тхьэм иӀоф пае ытызэ ышӀынэу.

Мазэ фэдиз тешӀагъэу Чак джыри садэжь къэкӀуагъ. Исатыу псынкӀэу зыкъыӀэтыщтыгъэ, Іоф пстэури къыдэхъурэм фэдагъ. Къыдэхъугъэм пае ар Зиусхьаным щытхъущтыгъ, Ащ ифэшъошэ щытхъури фиӀощтыгъэ.

Мэзищ тешӀагъэу Чак иӀофхэр джыри зэхэкъутэжьыгъэх, ау ыпэм зэрэщытыгъэм нахьи джы нахь дэигъ. Ащ чылыс зэӀукӀэм кӀоныр зэпигъэугъ, къыгъэхъэгъэ ахъшэм ипшӀанэр Тхьэм иӀоф пае ытыжьыщтыгъэп, Библиер къыштэжьыщтыгъэп. Ишъуз къызэриӀорэмкӀэ, къехъулӀэрэ пстэумкӀэ Чак Тхьэр ыгъэмысэщтыгъэ. Иунэгъо кӀоцӀ изэрэщыт, ащ ыпэкӀэ егъашӀэм зэрэщымытыгъэу, дэи дэдэ хъугъэ, нахьышӀу хъуным ущыгугъынэу зыкӀи щытыгъэп.

Ау зэгорэм, кӀэгъожьыгъэу, ыгу къеоу, къэхъугъэр Чак къыгурыӀуагъ. Зэсэгъэ дэй горэ щигъэзыен фаеу Зиусхьаным къызэрэриӀуагъэри, ар аущтэу псэуныр зэрэщигъэзыягъэри ишъуз риӀуи, еуцолӀэжьыгъ. Ащ зэриӀуагъэмкӀэ, ипроблемэ пстэухэмкӀи ежь лажьэ зэриӀагъэри, хьаулыеу Тхьэр зэригъэмысэщтыгъэри ышӀэщтыгъэ. ЕтӀанэ ищыӀэкӀэ-псэукӀэ зыпкъ ригъэуцожьыгъ.

## ЗэпхыкӀэхэр тымылъэгъунхэ тлъэкӀыщт

ЯщэнэрэмкӀэ тэ тщыгъупщэ хъущтэп: дгъэтэрэзыжьын фэе Іофымрэ тызыфелъэӀурэмрэ зэмыпхыгъэнхэкӀи мэхъу. Аущтэу зэрэщытым пае тэр-тэрэу тызыфэмышъыпкъэжьмэ, мыщ фэдэ зэфэхьысыжь пхэндж тшӀыщт: «Мы хъугъэ-шӀагъэр е Іофыр сиӀофхэм зыкӀи япхыгъэп. Гъэнэфагъэу ар Зиусхьаным ыдэжь къикӀырэп». Ау а зы Іофыр зэпымыоу къы-

къокI хъумэ, ар Тхьэм ыдэжь къызэрикIырэм щэч хэлъэп, зыхъугъэр бэ тешIагъэми макIэ тешIагъэми емылъытэгъэу.

Дэеу зэсэгъагъэр иахъщэ проблемэхэм зэряпхыгъэгъэ шIыкIэр Чак ылъэгъун ылъэкIыщтыгъэп. Ары шъхьэкIэ а Iофхэр зэрэзэпхыгъэхэм ащ ынаIэ тыридзэ шIоигъуагъ Тхьэм, ащ ибизнес зэхигъэтакъо зэхъум. Тхьэм аущтэу зэкIишIырэр Чак зелъэгъум, Тхьэр ыгъэмысэныр щигъэтыгъ, Ащ фыщытыкIэу иIэхэр ыгъэтэрэзыгъэх.

## КIасэ дэIоным – умыдэIуагъэу къекIы

ЯплIэнэрэмкIэ, а Iофхэр занкIэу, тымыгужъоу зэхэтфынхэ фае. КIасэу Тхьэм тедэIуным Ащ темыдэIоу къекIы. Дгъэгужъоным пае Тхьэм телъэIу къодыемэ, Тхьэр титхьэлъэIухэм афаеп. ТшIэн фаемкIэ Зиусхьаным тызелъэIукIэ, тэ тшIэн фаер Ащ къытигъэлъэгъущт. Аукъодыеп: унашъо къызытфишIыкIэ, ахэр зэрэдгъэцэкIэн фэе шIыкIэри зыщыдгъэцэкIэн фэе уахътэри гъэнэфагъэу, IупкIэу къытиIощт. Ау Ащ унашъо къызытфишIыкIэ, тэ занкIэу, тымыгужъоу едгъэжьэн фае.

## ДэIоным Тхьэм ынэшIу къыпщифэныр къыкIэлъэкIо

ЯтфэнэрэмкIэ, тэ тызэредэIугъэм лъыпытэу Тхьэм ынэшIу къытщифэныр къытлъигъэсыным тежэн тлъэкIыщт. Ахъан мыжъокIэ зэраукIыгъэм тетэу, израил цIыфхэм Гай къалэр аштагъ. Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэ зэпхыгъэр Тхьэм тэ тызэредэIурэр ары.

Мы пычыгъом уеджэ зэхъум, Тхьэм угу къыгъэкIыжьыгъэнкIи мэхъу зэхэпфын фэе Iоф горэ. Ар

уиунагъо, уиIоф е уишъэогъухэм афэгъэхьыгъэнкIи мэхъу. Сыдэу щытми, о а Iофыр зэхэпфынэу Тхьэр фай, сыда пIомэ шIу къыбдэхъумэ Ащ шIоигъошъ ары. ШIулъэгъуныгъэ къыпфыриIэу о зэхэпфынышъ, бгъэтэрэзыжьын фаер Ащ къыуегъэлъэгъу. МыдэIоныр ары анахьэу къызыхэкIырэр Тхьэм ынэшIу щыфэныгъэ цIыфыбэмэ зыкIалъымыIэсырэр.

ТызэрэдэIон фэе принципым тыпымылъэу Тхьэм телъэIу зэпытмэ, тышъхьафитэу Тхьэм телъэIун тлъэкIырэп, Тхьэм тигъэшIы шIоигъо гъэхъагъэр къыддэхъущтэп. Тятэу Тхьэм пэрыохъу щымыIэу тыдэгущыIэным нахь лъапIэ зи щыIэп. Остыгъэ нэфышхом фэдэу, Ащ ишIулъэгъуныгъэкIэ уищыIэныгъэ къызигъэнэфкIэ, Тхьэм шIоигъомэ апешIуекIорэ пстэуми псынкIэу апыкIыжь. Моу джыдэдэм ар пшIэнэу егъажь!

# 9

# НэмыкIхэм яхьылIэгъэ тхьэлъэIу

*ЗэкIэмэ апэу сышъолъэIу, цIыф пстэуми апае Тхьэм шъуелъэIу, IэпыIэгъу афэхъунэуи шъуелъэIу, шIугъэ аригъэгъотынэуи шъуелъэIу, Тхьэми щытхъу фэшъушI. Тхьэм ищынагъо тыгухэм арылъэу, гукъэбзагъэкIи, самбырэу ыкIи гупсэфэу тыпсэушъуным пае, пачъыхьэхэмрэ тетыгъо зиIэхэмрэ Тхьэм шъуафелъэIу. Ар дэгъу, Тхьэу тымыкIодэу тыкъэзыгъэнэжьырэми ар игъоу елъытэ.*

*ЦIыф пстэури мыкIодхэу къыгъэнэжьынэуи, шъыпкъагъэр зэрагъэшIэнэуи фай Ежь. Сыда пIомэ Тхьэр зы, цIыфхэр Тхьэм ыдэжь зыщэрэри зы, ар цIыфэу Христос Исус ары. Ащ ыпсэ шъхьэщэфыжьэу цIыф пстэуми апае ытыгъ. Исус арэущтэу игъо дэдэм тефэу, Тхьэм игухэлъ ыгъэшъыпкъэжьыгъ. Джы мары Христос ехьылIэгъэ къэбарышIур згъэIунэуи, апостол сыхъунэуи Тхьэм сызфигъэнэфагъэр: шIошъхъуныгъэмрэ шъыпкъагъэмрэ якъэбар хымэ лъэпкъхэм язгъэшIэнэу ары – сэ шъыпкъагъэр къэсэIо, пцIы сыусырэп.*

*ЛIыхэр тыдэкIи Тхьэм елъэIунхэу сыфай, гукъэбзагъэкIи аIэхэр аIэтызэ, мыгубжыхэу, Тхьэми емыхъырэхъышэхэу.*

1 Тим. 2:1-8

ИнэIуасэ е иIахьыл горэхэм Тхьэм афелъэIоу зи къыкIэмыкIуагъэ зыхъукIэ, тащыщ пэпчъ ыгу къеоуи кIэгъожьыгъэуи хъугъэ. Икъоу шIошъхъуныгъэ зэрэтимыIэм е псэкIодшIэгъэ шъэф горэм ар тетэлъхьэ. Ау зэрэщыт шъыпкъэмкIэ, а проблемэр зэпхы-

гъэр, тэрэзэу Библием къызэриIоу, нэмыкIхэм Тхьэм тызэрафелъэIун фаер зэрэтымышIэрэр ары. Ащ фэдэ зыхъукIи принцип гъэнэфагъэхэм тызэрарыгъозэн фаер Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм гъэнэфагъэу арыт. ТэркIэ мэхьанэшхо зиIэр а принципхэр дгъэфедэнхэр ары, Тхьэм тызыфелъэIухэрэм ящыкIагъэхэр Тхьэм аригъэгъотыхэу, ищыкIэгъэ зэхъокIыныгъэхэр ящыIэныгъэ хишIыхьэхэу тлъэгъухэ тшIоигъомэ. Ау хэзыгъэнчъэу тяжъугъэплъ цIыфэу Тхьэм тызфелъэIун фаеу Библием къытигъэлъэгъурэ купхэм.

## IэнэтIэзехьэхэр

IэнэтIэзехьэхэмрэ пачъыхьэхэмрэ Тхьэм тафелъэIун фаеу апостол Паул етхы. 1 Тим. 2:2 ит: *«Тхьэм ищынагъо тыгухэм арылъэу, гукъэбзагъэкIэ, самбырэу ыкIи гупсэфэу тыпсэушъуным пае, пачъыхьэхэмрэ тетыгъо зиIэхэмрэ Тхьэм шъуафелъэIу».* ТэркIэ – ахэр президентыр, парламентыр, мэрыр, аужыпкъэм тызыгъэлажьэхэрэр арых. Ахэр зыфэныкъохэр Зиусхьаным етхьылIэнхэшъ, тафелъэIун фае. Ащ нэмыкIэу ахэмэ апае Тхьэм щытхъу фэтIон фае.

IэнэтIэзехьэ пэпчъ Тхьэм щыщынэу, Ар и Зиусхьанэу ылъытэу, псэунэу тэ Тхьэм тафелъэIун фае. Тхьэм ищынагъо хабзэр зезыхьэхэрэм агу имылъмэ, сыдэущтэу *«Тхьэм ищынагъо тыгухэм арылъэу, гукъэбзагъэкIи, самбырэу ыкIи гупсэфэу тыпсэушъуна?»* (сатыр 2). Тхьэр зымышIэрэ зещакIохэм зэмызэгъыныгъэхэр, зэшIонэныгъэхэр цIыфхэм къахалъхьэ. Сэлмэн игущыIэжъхэм (Притчи) 29:2 арыт: *«Шъыпкъагъэ зиIэхэр нахьыбэ хъухэ зыхъукIэ, цIыфхэр мэчэфых, ау цIыф бзаджэхэм тетыгъор аIыгъы зыхъукIэ, цIыфхэр мэгъых».*

Тхьэм телъэIунэу апостол Паул къытэушъыи (1 Тим 2:1). ГущыIэу «ушъыен» зыфиIорэм оригиналым

къыригъэкIырэр «къытфегъэпытэ», «тегъэгушхо». Къэралыгъо IэнатIэ зыIыгъ цIыфхэм афэгъэхьыгъэу тэ Тхьэм телъэIунэу апостолыр ишъыпкъэу къытэджэ, къытфегъэпытэ. Тхьэм иеплъыкIэхэм атетхэу зэхэтыкIэ зиIэ цIыфхэр (обществэр) зыгъэгумэкIырэ проблемэхэр алъэгъунхэм пае, ахэмэ Тхьэм тафелъэIун фае. Апостол Паул къытэушъыи тетыгъо зиIэхэм, тиIэшъхьэтетхэм Тхьэм тафелъэIунэу. Ар дгъэцэкIэн фаеу, амал имыIэу тызыфэIорышIэн фэе ушъый.

## Христос ыпкъыр – чылыс зэIукIэр ары

Ащ нэмыкIэу, чылысым ехьылIагъэу тэ Тхьэм телъэIун фае. ЗэрэтшIэу, чылысыр – Христос ыпкъ. ЗэкIэ Тхьэм ицIыф лъапIэхэм афэгъэхьыгъэу Тхьэм телъэIуныр тэ типшъэрылъ. Еф. 6:18 ит мощтэу: *«Сыдигъуи Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ илъэкIыныгъэкIэ тхьэлъэIу пстэумкIи шъуелъэIу, шъуищыкIагъэмкIэ Тхьэм шъуелъэIу. Шъусакъэу ыкIи шъуемызэщэу Тхьэм ицIыф лъапIэхэм зэкIэ шъуафелъэIу зэпыт».* Зы чыристанхэр къырафэкIых, адрэхэм гугъуемылIыгъэ къызыхагъафэ, ящэнэрэхэр чъыIэхэу, Тхьэм игущыIэхэм шъыпкъагъэу ахэлъыр лъэныкъо гъазэ ашIы, ишъыпкъагъэ ехъырэхъышэх. Ащ нэмыкIэу, щыIэх чыристанхэр ахъщэ IофымкIэ щыкIагъэ яIэу. Ащ пае «Зиусхьан, чылысым унэшIу щыгъаф» тымыIоу, цIыф куп зэфэшъхьафхэм ящыкIагъэхэм атегъэпсыхьагъэу тыкIэлъэIун фае нахь. Тэ тызыщыщ цIыф купым фэшъхьафэу, зэкIэ Тхьэм ицIыф лъапIэхэм Тхьэм тафелъэIун фае.

## Тхьэм фэлажьэхэрэр

Тхьэм фэлажьэхэрэм тэ Тхьэм тафелъэIун фае – Тхьэм фэлэжьэныр зисэнэхьатэу щытхэр ары. НэмыкIэу укъегупшысэми, тэ зэкIэми – Тхьэм тыфэлажьэ, ау тэ анахьэу Тхьэм тызфелъэIун фаер Тхьэм фэлэжьэныр исэнэхьатэу хэзыхыгъэхэр ары: пасторхэр, егъэджакIохэр, миссионерхэр (диныр цIыфхэм ахэзылъхьэхэрэр ары), къэбарышIур зыгъэIухэрэр ары.

Ар зэрэтшIыщтым апостол Паул тыфегъасэ. АпэрэмкIэ, тэ тхьэлъэIу тшIын фае, Ежь илэжьакIохэм цIыфхэм арагъэIун, арагъэшIэн фэе къэбарыр Тхьэм агу къырилъхьэнэу. ЯтIонэрэмкIэ, тэ Тхьэм телъэIун фае а лэжьакIо гъэнэфагъэхэм гушхоныгъэ ахэлъэу шъыпкъэр аIонэу. ЕтIанэ Тхьэм телъэIун фае, ахэмэ КъэбарышIум ишъэфхэр цIыфхэм къафызэIуахынэу, е нэмыкIэу къапIомэ, ахэмэ къэбарэу агъэIурэр гурыIогъошIунэу. Мы къэтпчъыгъэхэр зэкIэ зишIуагъэ къэкIорэ IофшIэным зэриIункIыбзэр, ежь ышъхьэкIэ ыгъэунэфыгъэм къытекIэу, апостол Паул ышIэщтыгъ.

Сызэрэпасторым пае, цIыфхэр Тхьэм сфелъэIухэу сшIэным нахь сигъэгушIоу зи щыIэп. КъэбарышIу зыгъэIурэ зы лIы хэкIотагъэ горэ тичылыс чIэт. А цIыфыр сэкъат, ау изэрэщыт емылъытэгъэу, сэщ пае Тхьэм елъэIунэу чэщым сыхьатыр тIум къэтэджы. Сэ сищыкIагъэхэм яхьылIагъэу Тхьэм ыгу къырилъхьэгъэ сатырхэр Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм къахехышъ, загъори къысфегъэхьы. Ащ сыдигъуи щыкIагъэу сиIэхэм къатырегъафэ, ащ итхыгъэхэми, сатырхэми сэ сыдигъуи сагъэгушхо.

Тхьэм ицIыфхэм ятхьэлъэIу нахьи нахь IэпыIэгъу лъапIэ пасторымкIэ щыIэп. Ау ащ емылъытыгъэу, джырэ чылысхэм анахь проблемышхоу чIэлъымэ ащыщ пасторхэм Тхьэм афелъэIуным нахьи, ахэр агъэмысэнэу цIыфхэм нахь охътабэ зэрэтырагъэкIуадэрэр. БлэкIыгъэ лъэхъанхэм анахьи, непэ Тхьэм

илэжьакIохэм тхьэлъэIукIэ уадэIэпэIэныр нахь ищыкIагъ. КъэбарышIур къаIотэнымкIэ ахэмэ ящыкIагъэр Тхьэм игущыIэхэр агу къырилъхьэнхэу, гушхоныгъэ яIэнэу, гурыIогъошIоу къэгущыIэнхэу ары. Тэ ахэр дгъэмысэнхэр щыдгъэтынышъ, Тхьэм тафелъэIуныр зыщедгъэжьэщтым игъо хъугъэ.

## Тхьэр къызэджэщт лэжьакIохэр

Джыри тэ Тхьэм тызыфелъэIун фэер фэлэжьэнхэу Тхьэр къызэджэщт цIыфхэр ары. Ежь игъогу рыкIохэрэм Исус афигъэпытагъ: *«Лэжьыгъэр бэ, ау лэжьакIохэр макIэх. Арышъ, лэжьыгъэр къахыжьыным пае, лэжьакIохэр къыгъэкIонхэу лэжьыгъэр зием шъуелъэIу»* (Маттэ 9:38). КъэбарышIур зыгъэIухэу, езыгъаджэхэу, орэд къэзыIохэу, чылысым итхьэматэу Тхьэр къызэджагъэхэм тэ Тхьэм тафелъэIун фае.

Ежь фэлэжьэнхэу къызаджэрэ цIыфхэр щыIэх, Тхьэр къызэрэджэрэм джыри емыуцолIагъэхэу. Шэйтаным фэлъэкIыщтыр зэкIэ ешIэ, идунай бзаджэ ахэр хищэнхэм пае. Ахэмэ Тхьэм тафелъэIун фай. Ежь зыфаер агу къыримыгъэхьаным пае, шэйтаным ыкIуачIэ зэкIоцIытпхэн фай. Тэ Тхьэм тафелъэIун фае, Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ къызфигъэущыхэрэм гу алъатэнэу ыкIи афэIорышIэнхэу.

## Гъощагъэхэр

Ащ фэдэ къабзэу гъощагъэхэм Тхьэм тафелъэIун фае. Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм инахьыбэхэм къытфагъэпытэ Тхьэм ицIыф лъапIэхэм тафелъэIунэу, ау апостол Паул къытеIо Тхьэр зыфаер цIыф пстэури мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэр арэу. «*Ежьым цIыф пстэури мыкIодхэу къыгъэнэжьынхэуи шъыпкъагъэр*

*зэрагъэшIэнэуи фай. Сыда пIомэ Тхьэр зы, цIыфхэр Тхьэм ыдэжь зыщэрэри зы, ар цIыфэу Христос Исус ары. Ащ ыпсэ шъхьэщэфыжьэу цIыф пстэум апае ытыгъ. Исус арэущтэу игъо дэдэм тефэу, Тхьэм игухэлъ ыгъэшъыпкъэжьыгъ»* (1 Тим 2:4-6). Ащ къикIырэр цIыф гъощагъэхэм Тхьэм тафелъэIумэ, Тхьэр зэрэфаем тетэу телъэIу.

## Типыйхэр

Аужыпкъэрэ купэу тэ Тхьэм тызыфелъэIун фаер типыйхэр ары. Исус къыIуагъ: *«Шъуипыйхэр шIу шъулъэгъух, цIыфхэу къин шъозыгъэщэчыхэрэм Тхьэм шIукIэ шъуафелъэIу, шъу-Ятэ лъапIэу уашъом щыIэм ибынхэу шъущытыным пае»* (Маттэ 5:44). Тлъэгъу мыхъухэрэм, анахьэу тэ тызылъэгъу мыхъухэрэм Тхьэм тафелъэIуныр псынкIагъоп. Ащ къыхэкIыкIэ типыйхэм Тхьэм тафелъэIун фаеу сыда Тхьэм къызкIытфигъэпытэрэр? Адрэ пстэумэ Тхьэм тызкIафелъэIун фаер мары: *«Тхьэм ищынагъо тыгухэм арылъэу, гукъэбзагъэкIи, самбырэу ыкIи гупсэфэу тыпсэушъуным пае»* (1 Тим. 2:2). Ащ къикIырэр: а тхьэлъэIу пстэуми лъапсэу яIэр тэ тшъхьэкIэ тызыфаер е тлъэгъу мыхъурэр арэп, цIыфлъэпкъ пстэуми мамырныгъэ, Тхьэм ищынагъо агу илъынэу тызэрэкIэхъопсырэр ары.

IэнатIэ зыIыгъ цIыфхэм Тхьэм ищынагъо агу илъмэ ыкIи ахэмэ Тхьэм тафелъэIумэ, тицIыф зэхэтыкIэм мамырныгъи Тхьэм ищынагъуи хэлъыщт. Ащ фэдэ къабзэу, тиIэнэтIэзехьэхэм тиунэхэми, тиIофшIапIэхэми тащафелъэIумэ, а чIыпIэхэм мамырныгъэ ащыIэщт. Тхьэм ыпэ рапшIэу тыгу илъхэр зэблихъункIи мэхъу, ау сыд фэдэ екIолIакIэкIэ Ащ иIоф зэшIуимыхыгъэми, ыкIэ-ыкIэжьым Тхьэр зыфаер ыгъэцэкIэщт.

Зэмызэгъыныгъэр щыгъэзыегъэнымкIэ титхьэлъэIухэр Тхьэм егъэфедэх. Мамыри, Тхьэм ищынагъуи тиунэхэми, тихэгъэгухэми, тиIофшIапIэхэми ащыIэнхэр титхьэлъэIухэм япхыгъэх. Тхьэр зэрэфаем тетэу чыристанхэр Тхьэм елъэIухэмэ, тикъэралыгъо гъэшIэгъон дэдэхэр Тхьэм зэрэщишIэщтхэм сэ шIошъхъуныгъэ афысиI. Тэ тилъэхъан ымышIэщтыгъэ гупсэфыгъомрэ мамырныгъэмрэ щыуцущтых.

Ау Тхьэм телъэIунэу щыдгъэтыжьмэ, тицIыф зэхэтыкIэ къэмыуцоу ычIэгъкIэ нахь ехыщт. Тхьэм ицIыф ащкIэ пшъэдэкIыжь ехьы, сыда пIомэ Тхьэу ЛъэкIышхо зиIэм екIолIакIэ фызиIэ закъохэр тэры. Тхьэр ары тизытет зэзыхъокIын зылъэкIыщт кIуачIэмэ я-КъэкIуапIэр.

## Сыдэущтэу Тхьэм тызэрелъэIущтыр

Тхьэм тызыфелъэIун фаер джы тэшIэшъ, тежъугъэплъ ар зэрэтшIыщт шIыкIэм. НэмыкI цIыфхэм яхьылIагъэу Тхьэм телъэIу зыхъукIэ, тыгоу тызгъэмысэрэр дгъэгупсэфы тшIоигъоу ар тшIэу къыхэкIы. ЗэхъокIыныгъэ фэхъуным тыщымыгугъэу е тыфэмыеу Тхьэм телъэIоу къыхэкIы. НэшIу щыфэныгъэ гъэнэфагъэм тыпэмыплъэу, мыгъэнэфэгъэ тхьэлъэIухэмкIэ тэ Тхьэм телъэIу. Тхьэм телъэIунэу тыгу хэлъмэ, ащ ишIуагъэ къакIоу тшIынэу зетэжъугъэгъас.

## ГукIэгъум зэлъиIыгъ гур

ШIулъэгъумрэ гукIэгъумрэ тыгу илъхэу Тхьэм телъэIун фай. НэпцIыр е губжыр титхьэлъэIухэм ахэлъхэмэ, Тхьэм тызэхихыщтэп. Ау щытми, цIыфэу тыгу зэбгъагъэм е тыгу хэзгъэкIыгъэм Тхьэм тыфелъэIунэу

Исус тегъасэ. Сыда пIомэ ыуж тимыкIэу ащ фэдэ цIыфым Тхьэм ынэшIу къыщыфэнэу телъэIумэ, тыгу изытет зэблехъу, гукIэгъуи шIулъэгъуи тыгу илъ мэхъу. ЦIыфым изекIуакIэ е илажьэм иинагъэ емылъытыгъэу, ащ Тхьэм тыфелъэIу зыхъукIэ, шIулъэгъурэ гукIэгъурэ ащ фэтшIыным Тхьэр фай.

ЦIыфхэр къызэрэтфыщытхэм елъытыгъэу тыпсэу хъущтэп, ау Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ къызэрэдгуригъаIорэм тетэу тыпсэун фай. ЦIыфхэм гухьэгужъэу афытиIэр ттырихынэу Тхьэм телъэIумэ, къытфишIэщт. Тхьэм ар титхьэлъэIухэмкIэ зэшIуехы. Ау сыд фэдэ чIыпIэ тимыфагъэми, шIулъэгъурэ гукIэгъурэ тыгу илъхэу Тхьэм телъэIун фае.

## Тызэфэзыщэрэ тхьэлъэIу

Ащ къыкIэлъыкIоу тэ къыдгурыIон фаер – титхьэлъэIухэр Тхьэм мыухыжьын амалэу иIэхэмрэ цIыфхэм ящыкIагъэхэмрэ зэзыпхэу зэрэщытхэр ары. Тхьэм телъэIузэ, Тхьэм иамал мыухыжьынхэмрэ щыкIагъэхэр зиIэ цIыфымрэ зэтэпхых. Тхьэр – лъэкIым икъэкIуапI, ау а тIур зэзыпхырэ Iэмэ-псымэу Ащ ыгъэфедэрэр тэры. ЦIыфхэм щыкIагъэу яIэмрэ а щыкIагъэр зыщагъотыщт чIыпIэмрэ азыфагу тыдэлъ. Тэ ащ фэдэ чIыпIэ тифэмэ, къызэкIэмыкIожьын тхьэлъэIу пытэм имэхьанэ къыдгурыIощт. Тэ кIуачIэу етхьылIэрэм къыщытымыгъакIэу Тхьэм телъэIоу едгъэжьэн.

Ичылыс зэIукIэ иIэ Iофыгъо горэм фэгъэхьыгъэу, нэмыкI къалэ къикIи дин пащэ упчIэжьэгъукIэ щэджэгъоуж горэм садэжь къэкIуагъ. Дин пащэм иIэпыIэгъу заулэмэ ежь-ежьырэу чылысым иIоф зэрахьэнэу ыуж итыгъэх. ФэлъэкIыфэкIэ дин пащэм зищыIагъ. А пчыхьэм ащ ичылыс IэпыIэгъухэр зэрэхадзыщтхэр зэхифын фэягъ. А цIыф гъэнэфагъэхэм, зэкIэми

апашъхьэ, а пчыхьэм дин пащэм пэуцунхэу аIогъагъ. Ащ нэсыфэ ахэр зыфэягъэр къадэхъугъагъэти, дин пащэм къыгурыIуагъ а Iофыр бгъэтэрэзыжьын ымылъэкIмэ, чылысым иIоф дэи зэрэхъущтыр.

Дин пащэр гумэкIыщтыгъэ ыкIи щтэгъагъэ. ТIэкIурэ тызэдэгущыIагъэу, Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм ащыщэу сэ ащ зы сатыр езгъэлъэгъугъ, чылысым хэтхэм язэIукIэ кIо зыхъукIэ IэубытыпIэ ышIын ылъэкIынэу. *«О Зиусхьанэу Тхьэ, уиунэшхо сычIэхьащт, уиIэшIэгъэшхохэм, уишъыпкъагъэ ящытхъу нэмыкI зэлъязгъэшIэщтэп.»* (Орэд лъапI. 70:16). ЕтIанэ ежь пае Тхьэм селъэIунэу есIуагъ. Дин пащэмрэ текIоныгъэу ежь зыфэягъэмрэ азыфагу сэ сыдэтыгъ. Сэ шъхьэихыгъэу Тхьэм селъэIущтыгъ ащ къецэлашхэхэрэм ажэ Тхьэм зэтыраригъэлъхьанэу, Ащ Даниел ехьылIагъэу аслъанхэм ажэхэр зэрызэтырилъхьэгъагъэхэу.

А мэфэ шъыпкъэм, пчыхьэр хэкIотагъэу, зэкIэплъыхьэгъаеу ар сэ къысфытеуагъ, къыIорэр ерагъоу зэхэсшIыкIэу. ЫпэкIэ щыIэгъэ зэIукIэмэ зыкIи къахэмыфагъэу, мызыгъогум чылысым хэтхэм язэIукIэ мамырэу кIуагъэ, ежь зи къыпэгущыIэжьыгъэп.

Загъорэ щыкIагъэу щыIэмрэ Тхьэм иамалымрэ азыфагу тизакъоу тыдэтын фаеу мэхъу, анахьэу щыкIагъэу щыIэм ехьылIагъэу тэщ нэмыкIэу зыми ымышIэ зыхъукIэ. Ащ фэдэ къызыхэкIыкIэ, а щыкIагъэм ехьылIагъэу Тхьэм телъэIуныр типшъэрылъ закъоу мэхъу. Ащ фэдэ тхьэлъэIур Iофышху, ау ар шIуагъэ къызпыкIырэ Iоф. Христос ащ фэдэу Тхьэм елъэIущтыгъ, сыда пIомэ Тхьэмрэ цIыфлъэпкъымрэ азэфагу Ар дэтыгъ. Джащ фэдэу тэри цIыфхэм Тхьэм тафелъэIуным тыфэхьазырын фае.

## ЩыкIагъэ зиIэхэм ачIыпIэ зижъугъэуцу

ИшIуагъэ къэкIонэу нэмыкI цIыфхэм Тхьэм тафелъэIун хъумэ, щыкIагъэу яIэмкIэ ачIыпIэ зидгъэуцун фай. Ащ къикIырэр ахэмэ зэхашIэрэр тэри тыгукIи тпсэкIи зыхэтшIэн фае. Исус цIыф купышхом зыхэплъэм, «ыгу ягъугъ» (Маттэ 9:36; 14:14; 20:34; Марк 1:41; Лука 7:13). Ахэмэ зэхашIэрэр Ежьыри зыхишIэщтыгъэ. Шэйтаным псэкIод тигъэшIэнэу зэрэпылъым фэдэу, Исуси псэкIод ригъэшIэнэу пылъыгъ, Еврей. 4:15 зэритым фэдэу: *«Дин пэщэшхоу тиIэр лъэкIыныгъэ зэрэтимыIэр зыгурыIон зымылъэкIырэ дин пэщэшхоу арэп. Шэйтаным псэкIод тигъэшIэнэу зэрэпылъым фэдэу, лъэныкъо пстэумкIи тидин пэщэшхуи псэкIод ригъэшIэнэу пылъэу щытыгъ, ау псэкIод зи ригъэшIэшъугъэп».* Сыда аущтэу зыкIэхъугъэр? Аущтэу зыкIэхъугъэм зэу ащыщыр ишIуагъэ къэкIонэу тэщ пае Исус Тхьэм тфелъэIушъ ары. Тэ сыд къиныпIэ тифагъэми, зэхатшIэрэр Ащ ешIэ. Зиусхьаным тыдэгущыIэ зыхъукIэ, тызэрыт чIыпIэм Ащ зыригъэуцон елъэкIы, сыда пIомэ Ежь илъэс 30-м ехъоу унагъом щыпсэугъ, ащ къихъухьан ылъэкIыщт проблемэхэм ащыгъуаз. Ащ пхъашIэу Iоф ышIагъ, арышъ, лэжьакIом ычIыпIи зыригъэуцон елъэкIы. Ащ зэхишIагъ уалъэгъу мыхъунри, пыдзы уашIынри, арышъ, егъэзыгъэм иIоф зытетыр къыгурыIон ылъэкIыщт.

Дин пащэу чылысым иIэпыIэгъухэр зыпэуцугъэхэм ыкъиныпIэ зизгъэуцон слъэкIыгъэ, сыда пIомэ зэгорэм ащ фэдэ чIыпIэ сэри сифэгъагъ. Къысэбэнырэ чылысым иIэпыIэгъухэм сызяутэкIым, сызэрэщытыгъэр Тхьэм селъэIу зыхъукIэ сыгу къэкIыжьыщтыгъэ. Ахэмэ сызэрэзэрамыпэсыщтыгъэр сыгу къэкIыжьыщтыгъэ. Тхьэумафэ къэс, уарзхэр къафэсIуатэ зыхъукIэ, пыдзы сызэрашIыщтыгъэри, къызэрэстеIункIэщтыгъэхэри зэрэзэхасшIэщтыгъэр

сыгу къэкIыжьыщтыгъэ. А зэкIэми сишъэогъум пае сишъыпкъэу Тхьэм селъэIунэу сашIыщтыгъэ. Ащ ычIыпIэ зызэризгъэуцожьырэм, нэмыкI горэ Тхьэм фелъэIун зэримылъэкIынэу, ащ сишъыпкъэу Тхьэм сыфыригъэлъэIущтыгъэ.

## Къин щэчыным имэхьан

Сыда Тхьэм къин тызыкIыхидзэрэр? Ар къызыхэкIырэр анахьэу зэхьылIагъэр къиным Тхьэм тызыфелъэIурэ цIыфым изытет къыдгурегъаIошъ ары. Къин тэлъэгъуфэ нэс, къин зылъэгъурэмэ къарыунчъэ хъыбыйхэм фэдэу тяплъынкIи мэхъу. Ахэр тыгу зэрэтефэхэрэр макIэ, ащ нахь мэкIэжь ахэмэ Тхьэм тафелъэIунэу тызэрэфаер. Ау пыдзы ашIыхэрэм, къин зылъэгъухэрэм Христос адэпсэугъ. Ар ахэмэ зэу ащыщыгъ.

Узымэ защытыдзыезэ, ахэмэ яшIуагъэу Тхьэм къытигъэкIырэм гъунэ фэтэшIы. УшэтыпIэм, гузэжъогъу тызыхафэкIэ, Тхьэм тызэригъэгушхорэм фэдэ къабзэу тэри сыд фэдэ гузэжъогъу хэтхэри дгъэгушхонхэ тэлъэкIы. Сыда пIомэ 2 Кор 1:3-4 ит: *«ГукIэгъуныгъэшхо зиIэ Ты лъапIэу, гъэгушхоныгъэри зэкIэ зыдэжь къикIырэ Тхьэр ары. Сыд фэдэ гузэжъогъу тыхэтми ащ тегъэгушхо. Арэущтэу Тхьэм тызэригъэгушхуагъэм фэдэ къабзэу, тэри сыд фэд гузэжъогъу хэтхэри дгъэгушхонхэ тлъэкIыщт».* Мы сатырхэм къарыкIырэр, тэ егъашIэм тагъэгушхоныр, тагъэгупсэфыжьыныр тимыщыкIэгъагъэмэ, нэмыкIхэр зэрэдгъэгушхощтхэм, зэрэдгъэгупсэфыжьыщтхэм зи хэшIыкI зэрэфытимыIэщтыр ары.

Арышъ, цIыфхэм апае Тхьэм телъэIущтмэ, ахэмэ алъэгъурэри тлъэгъун, ахэмэ зэхашIэрэри зэхэтшIэн тлъэкIэу тыхъуным пае Зиусхьаныр къыддэIэпыIэнэу телъэIун фае. Ахэмэ ягукъао къыдгурыIон фай,

ахэмэ ягукъао тшIэным пае, тэри гукъао тиIэн фае. ЦIыфым игукъао тиIахь хэлъмэ, тишъыпкъэуи тыгу етыгъэуи ыпэрэм фэмыдэу Тхьэм а цIыфым тыфелъэIущт.

## ЦIыфхэм шIу къяхъулIэным шъукIэхъопс

ЦIыфхэм Тхьэм тафелъэIузэ, щыIэмэ анахьышIур агъотынэу тыкIэхъопсын фай. Тэ тшъхьэкIэ тызыфаер ахэмэ апае тщыгъупшэжьэу, Тхьэм анахьышIоу афыриIэм тылъыхъун фай. ТэркIэ сыд ымыуасэми, тхьэлъэIу тшIы хъумэ, Тхьэр зыфаем гъунэ фэтшIын тыфитэп. ГущыIэм пае, пшъашъэм ипсэлъыхъо къыгъэнэжьыным пае Тхьэм елъэIумэ, итхьэлъэIу иджэуап Тхьэм къыритыжьыным пае, ежь зэкIэ ышIэн ылъэкIыщтыр ышIэным фэхьазырын фае. «Ащ еIомэ: «ЗэкIэ сшIэнэу сыхьазыр, зы нэмыкIэу – тизэфыщытыкIэхэр зэпызгъэущтхэп», – ащ итхьэлъэIу джэуап Тхьэм къыритыщтэп. Тэ тшIэнэу Тхьэр зыфаем гъунэ зыфэтшIыкIэ, Ежь иджэуап а гъунэм епхыгъэ Тхьэм ышIэу бэрэ къыхэкIы.

Ыкъоу бырсырхэр къызыпыкIыщтыгъэм фэгъэхьыгъэу мэзэ заулэрэ Карл Тхьэм елъэIугъ. Ащ ыкъоу илъэс 22-рэ зыныбжьым яунэ къыбгыни, къалэм дэдзыгъэ унэжъ цIыкIу горэм кIалэ горэхэм акIыгъоу щыпсэущтыгъэ. Сишъэогъум ышIэщтыгъэ ыкъо наркотикмэ зэряпхыгъагъэр, ау бэ темышIэу къышIагъ, ащ нэмыкIхэми алъигъэIэсыныри зэрэригъэжьагъэр. Ыкъо амыубытэу, хьапс амышIэу унэм Тхьэм къыригъэгъэзэжьыным Карл фэягъ.

Зы пчэдыжьы горэм Карл ыкъо пае тхьэлъэIу ышIызэ, Тхьэм джэуап къыритыгъ. ИлъэIу ежь ышъхьэ закъокIэ ишIуагъэ къакIоу зэрэгъэпсыгъэр Карл

къыгурыӀуагъ. Ар къалэм щызэлъашӀэрэ цӀыфэу щытыгъ, чӀыпӀэ укӀытагъо ифэни, цӀыфмэ зэлъашӀагъэмэ, ыкъо зэрагъэтӀысыгъэр наркотикхэр нэмыкӀхэм зэралъигъэӀэсырэм пае. Ыкъо ипсэкӀодшӀагъэ къыхэщыжьыгъэнымкӀэ зэрагъэтӀысыщт амал закъом нэмыкӀ щымыӀэми, ащ зэрэфэхьазырыр – ежь ыцӀи иунагъуи цӀыфхэм пхъэтэпэмыхь ашӀыщтми, – Карл Зиусхьаным риӀуагъ.

Мэфэ заулэ тешӀагъэу полицием къырашӀыкӀи, Карл къыфытеуагъэх. Хабзэм димыштэу наркотикхэр зэрызэрихьэхэрэм пае, ыкъо агъэмыси зэрагъэтӀысыгъэр къыраӀуагъ. Полицием иӀофшӀапӀэ кӀо зэхъум, Тхьэм рихъухьагъэр Карл къыгурыӀуагъ. ИфыщытыкӀэ тэрэзы хъумэ ыӀоу Тхьэр къежи, етӀанэ ыкъо ядэжь къыгъэзэжьын фит ышӀыгъ.

Карл зэредэӀугъэр Тхьэм игъоу ылъэгъугъ. Ыкъо ифыщытыкӀэхэр Карл зыпкъ ригъэуцожьыгъэх, ау джыри ыкъо унэм икӀыгъ – мызыгъогум, дин ӀофышӀэу еджэнэу ары.

Тэ зыгорэм Тхьэм тыфелъэӀу зыхъукӀэ, ар зэрэщытэу Тхьэм ыӀэ итлъхьан фае, Ежь зэрэфэе шъыпкъэу Ӏофыр Ащ зэшӀуихынэу шӀыгъэн фае. Тэ тызэрэфаеу ар зэшӀомыкӀынкӀи мэхъу, ау бгъуитӀумкӀи кӀэухэу иӀэщтыр дэгъу дэд.

## Тхьэм тигъэфедэн ылъэкӀыщт

НэмыкӀхэм Тхьэм тафелъэӀузэ, Ежь рихъухьагъэхэр ыгъэцэкӀэнхэмкӀэ Тхьэм тызэригъэфедэрэм тэ тыфэхьазырын фае. Тэ титхьэлъэӀухэм джэуапэу къаритыжьыщтым тахэлэжьэнэу тыфэмыемэ, Тхьэм тыдэлажьэу хъурэп. Ащ къыхэкӀыкӀэ, Ащ Ӏоф къыддишӀэщтэп, титхьэлъэӀухэр джэуапынчъэу къэнэщтых. Сыда? ЧӀыпӀэ хэтэхышъ ары, моущтэу къэпӀошъущтыр: «А си Тхь, зыгорэм ипроблемэхэм сахэхьа-

нэу сыфаеп. О ащ унаIэ тегъэт». Ащ фэдэ екIолIакIэр Тхьэм ыштэрэп.

Исус аущтэу ышIэныр о къызыщыбгъэхъун плъэкIына? «Къысфэгъэгъу, Вартимей, ау сыфаеп Сэ сIэ сыуцIэпIыжьынэу». Ащ фэдэ тхьэлъэIухэр Тхьэм зэхиххэрэп. Тэ ащ фэдизэу тыпымылъмэ, Ежьыри титхьэлъэIу ынаIэ къытыридзэщтэп. ТелъэIузэ зи зытымышIэкIэ, Ежьыри зи ышIэщтэп. Тэ зи еттынэу тыфэмыемэ, зыми тежэн тыфитэп.

Шъо диныр ахэшъулъхьаным шъуфэмыхьазырмэ е шъуикIалэхэр ащ фэдэу лэжьэнхэу шъумыгъэкIошъущтхэмэ, миссионерыкIэхэм апае Тхьэм шъуемылъэIу. Шъо яшъуты шъушIомыигъомэ, ахъщэ щыкIэрэ цIыфхэм апае Тхьэм шъуемылъэIу. Тхьэр зымышIэрэ цIыф гъощагъэхэр мыкIодхэу Тхьэм къыгъэнэжьынхэм пае Тхьэм шъуемылъэIу, шъощ пае Христос ышIагъэр шъукIоу ахэмэ яшъуIотэнэу шъуфэмыемэ.

## Теубытагъэ къызыхэжъугъаф

НэмыкIхэм апае Тхьэм телъэIумэ, теубытагъэ къызхэдгъэфэн фае, джэуап къытфэкIожьыфэкIэ Тхьэм телъэIуным тыфэхьазырын фае. Тхьэм джэуап къытимытэу, зиушъэф хъумэ, ар зыкIэхъухэрэм зэу ащыщ джэуапым уасэу иIэр ттынэу тызэрэфэмыхьазырыр, бэрэ ащ фэдэ уасэ хъурэр уахътэр ары. Тэ зыгорэм лъэш дэдэу тыфэгумэкIмэ, а цIыфым зэхишIэрэр тэри зэхэтэшIэмэ, проблемэр зэшIокIыфэкIэ титхьэлъэIу зэпыдгъэун тлъэкIыщтэп. Ау тыгу цIыфым зэрэфэгъурэ закъом паемэ, а цIыфым Тхьэм тызкIыфелъэIурэр е тыгу дгъэгупсэфыным паемэ, щыкIагъэ зиIэ цIыфыр псынкIэу тщыгъупшэжьыщт. Тишъэогъухэм тафэшъыпкъэмэ къызэрэпшIэщтым уплъэкIукIэ закъоу иIэр зэпытымыгъэоу Тхьэм та-

фелъэIуным тыфэхьазырыныр ары. Шъыпкъэныгъэм шапхъэу иIэр зэпытымыгъэоу ахэмэ Тхьэм тафелъэ-Iуныр ары.

Тэ пцIы тэусы, шъхьэпсынкIагъэ хэлъэу цIыфхэм мырэущтэу зятIоу: «Сэ шIу шъусэлъэгъу», – етIанэ зыгорэм ахэр фэныкъо зыхъухэкIэ, Тхьэм тафелъэ-Iуныр зытщыгъупшэжьыкIэ. Адэ тхьапшырэ зы фэ-ныкъогъэ гъэнэфагъэ горэм пае Тхьэм телъэIунэу къытэлъэIугъэха, ар дгъэцэкIэнэу дгъэгугъагъэха, ау Тхьэм тафелъэIугъэми, зэгъо дэд ныIэп гугъуе-мылIэу Тхьэм тызэрафелъэIугъэр. Тэ зытыуплъэкIу-жьын фае, шIулъэгъуныгъ зыфаIорэр тэшIэмэ? ШIу тлъэгъурэ шъыпкъэмэ апае тэ зэпытымыгъэоу Тхьэм телъэIу. Джары титхьэлъэIухэр нахьыбэмкIэ тшIои-гъохэмрэ тифэныкъуагъэхэмрэ зыкIатефэхэрэр.

Тхьэм узыфелъэIун фэе нэбгырищ – тхьамыкIагъо хэфэгъэ нэбгырищ, хьылъэ зытелъ е фэныкъогъэ гъэ-нэфагъэхэр яIэу – Тхьэм къыуигъэлъэгъунэу елъэIу. Ахэмэ ящыкIагъэм иджэуап щыщ ухъунэу узэрэфэ-хьазырыр Тхьэм еIу. ЕтIанэ Тхьэм елъэIу ахэмэ яхьы-лъэ адэбгощынэу. ГукIэгъуныгъэрэ шIулъэгъуныгъэ-рэ мы нэбгырищым афыуиIэнэу, угу къырилъхьэнэу Тхьэм елъэIу. Ахэмэ уафелъэIуным уфигъэсэнэу Тхьэм елъэIу. А нэбгырищымкIэ ежъугъажь, етIанэ уитхьэ-лъэIу нахь цIыфыбэ хэгъахь, Зиусхьаным къызэрэб-гуригъаIорэм фэдэу.

НэмыкIхэм апае тэ зэкIэми Тхьэм телъэIущты-гъэмэ, лъэшэу Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ ынэшIу къытщи-фэщтыгъ. Унагъохэр зыпкъ ригъэуцожьынгъи, Iоф-шIапIэхэм дэгъоу Iоф ашIэнгъи, Тхьэм чылысхэм ахэтхэр зэпымыоу агукIэ къыгъэущынгъи. А прин-цип къызэрыкIохэр титхьэлъэIухэм ащыдгъэфедэн-хэу тыфежьэмэ, тищыIэныгъэ Тхьэм къыхилъхьащ-тыр къэIогъуай. КъыдгурыIощтыр зы: тэри титхьэ-лъэIухэми зэхъокIыныгъэхэр ахэхъухьащтых.

# 10

# Iоф зыщашIэрэм Тхьэм щелъэIух

*Амалекрэ ицIыфхэмрэ къакIохи, Израил ицIыфхэм Рефидим къыщязэуагъэх. Мусэ Ехьушуа риIуагъ: лIыхъужъхэр зигъэгъусэхи, Амалек цIыфхэм уязэонэу кIо; неущ сэ Iуашъхьэм ышъхьагъ сыдэкIоенышъ, Тхьэм ибэщ зыIэкIэсыубытэщт. Мусэ зэриIоу Ехьушуа ышIи, Амалек цIыфхэм язэонэу кIуагъэ; Муси, Хьаруни, Хьури бгышъхьэм дэкIоягъэх. Мусэ ыIэхэр къызиIэтыхэкIэ, израил цIыфхэр текIощтыгъэх, ыIэхэр къызыритIупщэххэкIэ, Амалек цIыфхэр текIощтыгъэх. Ау Мусэ ыIэхэр онтэгъу къэхъугъэх; арыти мыжъо къашти къычIалъхьагъ, ыкIи ар ащ тетIысхьагъ. Хьарунэрэ Хьуррэ ыIэхэр аубытыгъэх – зым зы бгъумкIэ, адрэм адырабгъумкIэ. Тыгъэр къохьафэкIэ ыIэхэр Iэтыгъэхэу щытыгъэх. ЫкIи Ехьушуа чэтэ папцIэкIэ Амалеки ащ ицIыфхэри тыридзыгъэх.*

2 Мусэ (ИкIыжь) 17:8-13

Израил цIыфхэр шъоф нэкIымкIэ Хаанан хэгъэгум кIохэ зэхъум, хъыбыйхэмрэ сымаджэхэмрэ караваным ыуж къинэщтыгъэх, акIуачIэ къехьыфэкIэ ягъогу хагъэкIыщтыгъ. Амалек цIыфхэм – кощрыпсэурэ лъэпкъэу а чIыпIэм щыпсэущтгъэхэм – ащ яфедэ къыхагъэкIыщтыгъ, ауж къинэхэрэм къатебанэхэзэ, ыкIи ахэр ахъункIэхэзэ. Арыти израил цIыфхэм заор рамыгъажьэмэ мыхъунэу хъугъэ, зэоным ахэр бэкIэ нахь дэеу фэхьазырыгъэх нахь мышIэми. Израилхэр Мысырым къикIыжьхэ зэхъум, къафэхьыщтым фэдиз мылъку къызэраштагъэр зэкIэмэ ашIэщтыгъ. А мылъкур къызыIакIэгъэхьаным

пае, Амалек цIыфхэм сыд фэдэрэ щынагъоми гу тырашIыхьаным езэгъыгъахэхэу щытыгъэх.

Мусэ унашъо фишIыгъ Нун ыкъо Ехьушуа хъулъфыгъэхэр ыугъоинхэшъ, амалек цIыфхэм язэонэу (2 Мусэ 17:9). ЕтIанэ Муси, Хьаруни, Хьури Iуашъхьэм дэкIоягъэх, ащ ышъхьагъ тетхэу заор зэрэкIорэм еплъынхэу. ДзитIум зэоныр зырагъажьэм, Мусэ бэщыр къыIэтыгъ, псынкIэуи заом зэхъокIныгъэ фэхъугъ: Израил цIыфхэр текIохэу рагъэжьагъ. Мусэ пшъэу бэщыр зыригъэхыкIэ, Амалек цIыфхэр къатекIохэу рагъажьэщтыгъ. Мусэ ибэщ Iэтыгъэу зэриIыгъым заом щытекIощтыр зэрепхыгъэр Муси, Хьаруни, Хьури псынкIэу къагурыIуагъ. Арыти Хьарунэрэ Хьуррэ мыжъом ар тырагъэтIысхьи, ыIэхэр къаIэтыгъэх. Iэшэзэрямыlэми, зэрэфэмыхьазырхэми емылъытыгъэу израил цIыфхэр амалек цIыфхэм атекIуагъэх.

## Израилыдзэр зэратекIуагъэм ишъэф

Дзэм ыкIуачIи, Нун ыкъо Ехьушуа зэон Iофым зэрэфэIазэми япхыгъагъэп текIоныгъэр мы заом къызэрыщыдахыгъагъэр: Хьарунэрэ Хьуррэ Мусэ ыIэхэр Iэтыгъэхэу зэраIыгъыгъэм пае израил цIыфхэр адрэхэм атекIуагъэх. Заом икIэух зэпхыгъагъэр а Iошъхьэ кIыIум щыхъугъагъэр ары.

А хъугъэ-шIагъэр тыгу етыгъэу зэхэтфымэ, еплъыкIищ хэтлъэгъон тлъэкIыщт, титхьэлъэIухэм ащыдгъэфедэнхэ тлъэкIынхэу. Ахэмэ нахь тызыпащэщт, тхьэлъэIухэм нахь шIуагъэ къахьы хъущт. АпэрэмкIэ, щыIэныгъэм щыкIорэ заохэм зыщатекIохэрэр е къызыщатекIохэрэр тхьэлъэIум игубгъохэр ары нахь, ау сыдми тищыIэныгъэ игубгъохэр арэп. Чылысым гъэхъагъэ иIэщтми-имыIэщтми зэпхыгъэр дин пащэу езгъаджэхэрэм изэчыеп (италантэп),

зэIукIэм иинагъэп е организацием ишIуагъэп. Тхьэм иеплъыкIэкIэ, гъэхъагъэр зэпхыгъэр тхьэлъэIур ары. Гъэхъагъэм шапхъэу иIэр зэкIэ адрэ Iофхэр ары зыIорэ цIыфым, Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ ышIэрэм хэшIыкI фыриIэп. Дунаир чылысым зэреплъырэр джа итеплъэ нэшанхэр ары ныIэп, ау а теплъэ нэшанхэмкIэ арэп Тхьэм изаохэм текIоныгъэр къащызэрэдихырэр. Тхьэм и-Тетыгъошхо фелъэIурэ цIыфхэмкIэ Ежь изаохэм Тхьэм текIоныгъэр къащыдехы.

Чылысым иIэпыIэгъухэм язэIукIэхэу мазэ къэс щыIэщтыгъэхэм сахэхьанкIэ сыщынэу уахътэ къыхэкIыщтыгъэ. Ахэр сыхьатищым къыкIоцI кIощтыгъэх, ахэмэ ауж сыгукIи, спсэкIи, сIэпкъ-лъэпкъкIи сыпшъыщтыгъэ, сыда пIомэ къыддэхъурэр лъэшэу мэкIагъэ. ЕтIанэ а IэпыIэгъухэм ащыщ зыгорэм ыгу Тхьэм къыригъэхьагъ, чылыс IэпыIэгъухэм апае шэмбэт пчэдыжь тхьэлъэIухэр шIыгъэнхэу.

Шэмбэт къэси тызэрэугъоити, сыхьатитIо е щэ Тхьэм телъэIущтыгъэ. Зиусхьаным гъэшIэгъонэу тыгухэр зэрипххэу ригъэжьагъ. Ащ ыпэкIэ егъашIи ащ фэдэу щымытыгъэу, зыкIыныгъэ тхэлъэу, тигупшысэхэри, тигухэлъхэри зэтефэхэу тыхъугъ.

Мэзэ зэIукIэу тиIагъэхэм ягъэпсыкIэ псынкIэу зэблэхъугъэ хъугъэ. ЗэфыщытыкIэхэр нахь шъабэ хъугъэх, зэкIэ къекIуалIэхэрэм нахь зэфагъэкIотэжь хъугъэх. ЗэIукIэхэм якIыхьагъэ ызыныкъо фэдизкIэ нахь агъэкIэкуагъэх, Тхьэм ынэшIукIэ аущтэу зэрэхъугъэр хэти ылъэгъущтыгъэ. УпчIэу тиIэхэри псынкIэу зэшIотхыщтыгъэхэти, а зэIукIэр тхьаумэфэ пчыхьэм тхьыгъэ.

А зэхъокIыныгъэхэр тишэмбэт тхьэлъэIухэм къызэрахьыгъэм IэпыIэгъухэр къезэгъыщтыгъэх. Тхьэм иIофхэр дэгъоу зэшIотхынхэм пае тэ лъэгуанджэкIэ тытIысын фай. Сыд фэдэрэ чIыпIэ тифагъэми, апэрэмкIэ, Тхьэм телъэIун фае, сыда пIомэ ащ икIэух анахьэу зэпхыгъэр джары.

Муси, Нун ыкъо Ехьушуаи, зэкIэ цIыфхэми десэ горэ аригъэшIэнэу Тхьэр фэягъ. ДзитIур зэзэорэ къодыем нахьи, ар нахь багъ. Гурэ-псэрэкIэ, шIошъхъуныгъэкIэ зэзаощтыгъэх а дзитIур. Тхьэм десэу аригъэшIагъэр мары: тишIошъхъуныгъэ епхыгъэ бэнэным тызыхэткIэ, кIэухэу фэхъурэр зэпхыгъэр тызыщызаорэм щытлъэгъурэ къодыер арэп, тхьэлъэIу чIыпIэм къыщыхъурэр ары. Джары ыкIи Пэсэрэ Зэзэгъыныгъэм изэман Ежь илъэпкъ пэрыохъу ин дэдэхэр къафэхъоу, Тхьэм бэрэ къызкIигъэуцущтыгъэхэр. ЕтIанэ, зылъэгъухэрэм агъэшIагъоу, Ежь илъэпкъ текIоныгъэр къыдихыщтыгъ. Сыда аущтэу зыкIэхъущтыгъэр?

Тхьэр ахэмэ къадэмыIэпыIэу зи ашIэн зэрамылъэкIырэр зыдашIэу, къызэкIэмыкIорэ шIошъхъуныгъэ пытэ зэряIэм къыхэкIэу лъэгонджэмышъхьэкIэ Тхьэм ыпашъхьэ щелъэIухэзэ, бэнэным хэтыгъэх. ЦIыфхэм апашъхьэ текIоныгъэу къыщыдахыгъэхэр, цIыфхэм амылъэгъоу Тхьэм елъэIухэзэ, язакъоу къыщыдахыгъэ текIоныгъэхэм къахэкIыщтыгъэх.

Тэри Тхьэр къыддэмыIэпыIэмэ, зи тшIэн зэрэтымылъэкIырэр зыдэтшIэжьэу, бэнэным тыхэмыхьэзэ лъэгуанджэхэр зыфэтыуфэхэкIэ, Ащ тынаIэ Ежь зытырытегъадзэ, къытпыщылъ бэнэным тыфегъэхьазыры. Тэ тапэ илъ заом тыфигъэхьазырызэ, тыгу къеукъэбзы. Тэ тиеплъыкIэ нахьи бэкIэ нахь инэу Ежь еплъыкIэу бэнэным фыриIэр Тхьэм къытфызэIуехы. Тэ тишIошъхъуныгъэ псынкIэу хэхъо, къытэзаохэрэр тыгу илъ Христосми езэонхэ фаеу зытлъэгъукIэ. Ащ къытегъэлъэгъу, сыд щыщ темыутэкIыгъэми текIоныгъэр къызэрэдэтхыщтыр. Ежь игущыIэкIэ текIоныгъэр тиIэнэу Ащ тыкъегъэгугъэ. Лъэгуанджэмэ зыкъядгъэIэтыжьзэ, текIоныгъэр къызэрыдэтхыщтым тицыхьэ телъэу, сыд фэдэрэ зэошхуи, бэнэни тыIохьэ. Сыда пIомэ Зиусхьаным

зэризаор тэшIэ, текIоныгъэри тие. *«Тхьэм щытхъуш-хор ий. Христос тыгухэм арылъэу, Тхьэм текIоны-гъэр къытегъэхь зэпыт»* (2 Кор. 2:14).

УнэгъокIоцI зэмызэгъыныгъэхэр псынкIэу зэшIо-кIыни, унагъом щыщхэм зэкIэ Тхьэм шъхьащэ фашIыгъыгъэмэ, агу илъхэр аупльэкIухэу, ябэнэныгъэхэр Ащ ыIэ ралъхьагъэмэ. ШIу зыфаIорэ пстэури, тыгу-тыпсэ епхыгъэ Iофхэри, адрэ Iофхэри Ащ ыдэжь къызэрикIырэр тэ къыдгурыIон фае, сыда пIомэ 2 Петр.1:3 мощтэу ит: *«Тхьэм ищынагъо тыгухэм арылъэу тыпсэуным пае, тищыкIэгъэ пстэури Христос Тхьэм илъэкIыныгъэшхо къытитыгъ»*. Сыд фэдэ чIыпIэ тифагъэми, Ащ тызэрепхыгъэм теуцолIэн фае. Джащыгъум, джащыгъу шъыпкъэм Ежь ыкIуачIэу мы дунаим щымыщыр Тхьэм къытфитIупщыщт пыим тытекIоным пае.

## ЦIыфхэм адэбгощын зифэшъошэ десэр

Тхьэм Мусэ къыригъэшIэгъэ десэм мэхьанэшхо иIагъэти, Тхьэм ащ къыриIуагъ игъэкIотыгъэу зэкIэ Нун ыкъо Ехьушуа фиIотэнэу. Тхьэм ышIэщтыгъэ Нун ыкъо Ехьушуа шIэхэу израил цIыфхэм язещакIо зэрэхъущтыр. Тхьэм джащ фэдэу ышIэщтыгъэ, ыпэ илъ заохэм Тхьэр зэрадэзэощтым Ехьушуа ицыхьэ телъын зэрэфэягъэр. Нун ыкъо Ехьушуа заом Ежь къыритырэ еплъыкIэ фыриIэным Тхьэр фэягъ. Джа шъыпкъэр тэри къытэхьылIагъ.

Типыир тымышIэу бэрэ къызэрэхэкIырэр ары тэ проблемэу тиIэр. Типыйхэр цIыфхэу къытщэхъу: тиунагъоу, тиIэшъхьэтетэу, тишъэогъоу. Ау Библием занкIэу къыщеIо, тэ типыир шэйтаныр ары Еф. 6:12 зэритым фэдэу: *Тызэзаохэрэр лымрэ лъымрэ къахэхъукIыгъэ цIыфхэр арэп, ау джынэпцIэ Iэшъхьэтетхэри, тетыгъо зиIэхэри, мы дунэе шIункIым ипэщэш-*

*хоу джынапцІэхэри, бзэджагъэм иджынапцІэу ошъо лъэныкъомкІэ щыІэхэри ары.* Шэйтаным ышІэщтыгъэ Христос израил лъэпкъым къыхэкІын зэрэфэягъэр. Амалек цІыфхэри, адрэ цІыф лъэпкъхэу Израил къезаощтыгъэхэри шэйтаным иІэмэ-псымэщтыгъэх – Тхьэм илъэпкъ зэрар ехыгъэнымкІэ ахэр Іэшагъэх, узегупшысапэкІэ, Тхьэр ары зыпэшІуекІощтыгъэхэр.

Израил цІыфхэмкІэ анахь зэошхор ІашэкІэ зыщызаощтыгъэхэ заор арыгъэп, шІошъхъуныгъэм епхыгъэ заор ары нахь. Тэ тызыхэт бэнэнхэми яІоф джащ фэдэ къабзэу шІошъхъуныгъэм епхыгъэх. Тэ лъэгуанджэкІэ тытІысыгъэу, Тхьэм телъэІузэ тымызаомэ, цІыфхэр арэу типыйхэр, хэукъоныгъэкІэ, тлъытэщтых. Ау зэрэщыт шъыпкъэмкІэ типыир шэйтаныр ары.

Колледжым истудент пшъашъэ горэ, ятэу шІошъхъуныгъэ зимыІэмрэ ежьыррэ язэфыщытыкІэхэмкІэ къин хэтыгъ. Сыд фэдизэу пшъашъэм цІыфыгъэ хэлъыгъэми, зэзэгъынхэ алъэкІыщтыгъэп. ШІэхэу ащ ыгу гукъэошхом зэлъиубытыгъ. Ар Тхьэм елъэІузэ, игукъэошхо зэрэтекІощт шІыкІэр Зиусхьаным къыгуригъэІуагъ.

Ащ къыгурыІон фэягъ, зэмызэгъыщтыгъэхэр ежьыррэ ятэрэп, шэйтанымрэ ежь ыгу илъ Христосымрэ ары нахь. Шэйтаным, Зиусхьаным ебэнынымкІэ, ятэ Іашэу зэригъэфедагъэр ащ ылъэгъугъ.

Ащ фэдэ екІолІакІэр зыхехым, унэгъокІоцІым изэрэщыт зэблэхъоу фежьагъ. Пшъашъэр ащ нахьыбэрэ ятэ пыи фэдэу еплъыжьыщтыгъэп. НэмыкІ шъыпкъ, апэрэу ылъэгъугъ, тым ежь шІу къызэрилъэгъурэ шъыпкъэр. Зэщыхьаныр къызэрежьагъэм тетэу, ар лъэгуанджэкІэ тІысыти Тхьэм елъэІущтыгъэ, ипыи шъыпкъэр зэхифыщтыгъэ.

Шэйтаным чылысым зэпэІапчъэ зышІыщтхэ чылапхъэхэр зэрэщипхъэрэм къыхэкІэу, Тхьэм

ицIыфхэм ащыщыбэхэр зэшIуегъанэх. А зэмызэгъыныгъэ бырсырхэр бэрэ ахэлъых, сыда пIомэ зыпари пыи шъыпкъэм – шэйтаным – ебэнырэп. Пыир умышIэу заом уащытекIон плъэкIыщтэп. Тэ типыи шъыпкъэр шэйтаныр арышъ, узэребэныщт амал закъоу щыIэр лъэгуанджэкIэ ущытэу Тхьэм уелъэIуныр ары.

ТитекIоныгъэ пстэуми якъэкIуапIэ Тхьэр ары. Тхьэм шIошъхъуныгъэ фытиIэу тыщэгугъышъ, тэ къыддэзэонэу зэрэфэхьазырым, тызэрыт чIыпIэм емылъытыгъэу, Ар тигъогогъоу тлъытэн тэлъэкIы. А текIоныгъэр къызыщытхьырэр щыIэныгъэм игубгъоу зыщызэзэохэрэр арэп, заор рамыгъэжьэгъахэу, унэ зэгъокIым лъэгуанджэкIэ Тхьэм телъэIоу тытIысы хъумэ ары нахь.

## Тэ къарыунчъэ тыхъун ылъэкIыщт

ЯтIонэрэмкIэ, тищыIэныгъэ изаохэм тахэт зыхъукIэ, загъорэ къарыунчъэ тызэрэхъурэр зыщыдгъэгъупшэ хъущтэп. Тхьэм ипегъымбарышхоу Муси, бэщыр дэхьыягъэу ыIыгъ зэхъум, пшъыгъагъэ. Заом иегъэжьэгъум ар лъэшыгъ, ау шIэхэу пшъыгъэ, ыужым ыIэхэр къырихьыхыгъ. Ащ ышIэщтыгъ дэIэтыегъэ бэщыр текIоныгъэм зэриIункIыбзэр, ау ащ нахьыбэрэ Iэтыгъэу фэIыгъыжьыщтыгъэп. Игъом къырихьылIэхи, Хьарунэрэ Хьуррэ къыдэIэпыIагъэх, заор аухыфэ, амалек цIыфхэм атекIофэхэ, ыIэхэр дэIэтыягъэхэу аIыгъыгъ.

Тхьэм телъэIунэуи тыгу мыкIодынэуи Исус тигъэсагъ нахь мышIэми, тэнэшхъэи, тыгу мэкIоды. Лука 18:1 мощтэу ит: *«ЕтIанэ игъогу рыкIохэрэм агу амыгъэкIодынэу, Тхьэм елъэIухэ зэпытыным пае, Исус гъэсэпэтхыдэ къыфиIотагъ».* Тыгу загъорэ зыкIэкIодырэр, тэ тызыхэт чIыпIэм теплъышъ ары.

Загъорэ шэйтаным, тыригъэдджэнджэшымэ шIоигъоу, тиеплъыкIэхэр зэблехъух, ыкIи зэрэщыт шъыпкъэм текIыхэу Iофыгъохэр къин дэдэхэу къытщегъэхъух.

Загъорэ тэ гукIодыпхэ тызэрэхъурэр Тхьэм ешIэ. Загъорэ тымынэшхъэин зэрэтымылъэкIырэр Ащ ешIэ. Тэ зыттынэу зедгъажьэкIэ, Ащ тыкъызэхешIыкIы. Ау ащ фэдэ чIыпIэхэм япхьылIэ хъущт ящэнэрэ еплъыкIэу мы хъугъэ-шIагъэм къытекIырэр.

## Уи Хьарунэрэ уи Хьуррэ къэбгъотынхэр

Бэщыр Iэтыгъэу Мусэ бэрэ зэримыIыгъышъущтыр Тхьэм ышIэщтыгъэ пэтми, Мусэ а Iуашъхьэм дигъэкIоягъ. Хьарунэрэ Хьуррэ ащ кIыгъухэу зэрэкIуагъэхэми ошIэ-дэмышIэ хэлъэп. Мусэ ищыкIэгъэгъэ IэпыIэгъур ахэмэ ратыгъ.

Джащ фэдэ къабзэу адрэхэм яIэпыIэгъу тимыщыкIагъэу Тхьэм тизакъоу тыкъыгъанэрэп. Ежь ичылыс Тхьэм егъэпсы тынаIэ зэтетыжьынэу – чыристан пэпчъ ышыхэм, ышыпхъухэм афэлажьэ изэчыйкIи, итынхэмкIи, фызэшIокIырэмкIи, итхьэлъэIукIи. Ар аущтэу щыт нахь мышIэми, а зы уахътэм чыристан пэпчъ къыгурэIо: нэшIу щыфэныгъэ пстэумэ къэкIуапIэр Тхьэр ары.

Тэ тщыщ пэпчъ Хьарунэрэ Хьуррэ афэдэ цIыфхэр ищыкIагъэх, тифэныкъуагъи, тикъини адэдгощын тлъэкIынэу. Гефсимание хатэм зыдахьэм, ишъэогъухэм ятхьэлъэIу Христос ищыкIэгъагъ, ау ахэр чъыехэу къыгъотыгъэх.

Хьарунэрэ Хьуррэ Мусэ иупчIэжьэгъугъэхэп. Бэщыр зэриIыгъын фаер ахэмэ ащ раIощтыгъэп, ыIэ Iэтыгъэу аIыгъыгъ ныIэп.

Тыгурэ тыпсэрэкIэ къин тэлъэгъу бэнэным тызыхэфэкIэ, цIыфхэр егъэлыегъащэу упчIэжьэгъу

къытфэхъунхэм фэхьазырых, ау Тхьэм тэщ пае елъэIунхэу фэхьазырхэп. Къинэу шъулъэгъухэрэм якъэбар зафэшъуIуатэкIэ, гупсэфэу къышъодэIунхэу, етIанэ а тхьэлъэIу хьылъэр Тхьэм атырехыфэкIэ Тхьэм къышъуфелъэIунэу хэта фэхьазырыр? Тэ ащ фэдизэу упчIэжьэгъу тищыкIагъэп, Тхьэм тфелъэIун цIыфхэр тищыкIагъэх нахь. ТекIоныгъэр заом къыщыдэтхынымкIэ Тхьэ закъор ары ныIэп кIочIэ икъу зиIэр.

## Щэ зэтегъэщэгъэ Iудан

*«Щэ зэтегъэщэгъэ Iуданэр псынкIэу зэпычырэп»* (Еккл. 4:12). ШIошъхъуныгъэ зиIэ нэбгрищыр агу ихыгъэу, Тхьэм къызэкIэмыкIожьын шIошъхъуныгъэ пытэ фыряIэу, щыгугъхэу, зыр зым фелъэIу зыхъукIэ, мы дунаим щымыщ гъэшIэгъон дэдэ горэ къэхъу. Сэ сищыIэныгъэ ащ фэдэ къызэрэхэхъухьагъэр зэп. Сэ сиIэх Хьаруни, Хьурри сэсыехэу, ахэр Тхьэм къыздэлъэIух финанс IофхэмкIэ къин сыхэфагъэми, унагъо проблем сиIэми, чылысым проблемэу щытиIэхэми, сэ сшъхьэкIэ гукъао сиIэми. ЛIитIум агу къабзэу сикъин къызэрэздагощырэр сэркIэ анахь гушIуагъу, сишIошъхъуныгъэ зыгъэпытэрэ хъугъэ-шIагъэхэм ащыщ. Сипроблемхэм Тхьэм ынаIэ къызэратетым ар ишыхьат. Синыбджэгъухэм шIошъхъуныгъэ пытэ яIэу, ятхьэлъэIу зызэхэсхыкIэ, сишIошъхъуныгъэ къызэрэхахъорэм нэмыкIэу, ежьхэм яеми хэхъо.

Тэ Тхьэм къытфелъэIухэрэм ащыщ горэм тэри тыфелъэIун тлъэкIынэу чIыпIэ тифэщт. Тхьэм зэделъэIухэрэм яшIулъэгъу зэрэхахъорэм елъытыгъэу, зым адрэм ищыкIагъэр нахь зэхешIыкIы. Зи амыIоми, ахэмэ щыкIагъэу, гукъаоу яIэри къыдгурэIо, зэхэтэшIэ. Тэ тыфелъэIунэу зищыкIагъэр Тхьэм

ы-Псэ ЛъапIэ зэхытегъэшIыкIы. Тызгъэгушхонэу ащ фэдэ IэпыIэгъуитIу тиIэмэ, тигумэхагъэ гушхуагъэкIэ, теубытэгъэ пытэкIэ зэблэхъугъэ мэхъу, Тхьэм илъэкI нафэ къытфэхъу.

## Тхьэм фэгъэзэгъэ гу зиIэр

Хьарунэрэ Хьуррэ къытфигъэкIонхэу Тхьэм тызелъэIукIэ, хэта тэ тызыфаер? АпэрэмкIэ, тызылъыхъун фаер Тхьэм фэгъэзэгъэ гу зиIэр, Тхьэм ишъыпкъэу лъыхъурэр ары; ищыIэныгъэ изытет емылъытыгъэу Зиусхьаным едэIоу щыгугъырэр ары. Ахэмэ агу тэ тыгу фэдэу Тхьэм фэгъэзагъэми-фэмыгъэзагъэми ащ фэдизэу мэхьанэ иIэп. Мэхьанэ зиIэр агу зытетыр ары.

ЯтIонэрэмкIэ, тищыкIагъэр дзэкIолI нахь, упчIэжьэгъоп. Тэ типроблемэхэри зэрэтиIэхэу, тызытетым тызэрэтетэу тызыштэщтыр ары тызылъыхъун фаер. Ахэр тхьэлъэIогъу дзэкIолIхэу зэплъыжьынхэ фае нахь, упчIэжьэгъухэу арэп ыкIи япшъэрылъкIэ критикым фэдэу емыплъыхэу, IэпэIэгъухэу, гур къаIэтынэу ары.

ЯщэнэрэмкIэ, «Хьарунэрэ Хьуррэ» гукIэгъу ахэлъын фае. Ахэмэ тэ зэхатшIэрэр зэхашIэн алъэкIын фае, ыкIи къиныр зыфэдэр ашIэн фае. Ащ нэмыкIэу, ахэмэ затыным фэхьазырынхэ фае, ащ ычIыпIэ зыми къыкIэмыупчIоу, ыкIи шIу талъэгъоу, Христос шIу тызэрилъэгъурэм фэдэу, Iо хэмылъэу, ежьхэм яфедэ пымылъхэу зекIонхэ фае.

Аужыпкъэрэр: титхьэлъэIогъу дзэкIолIхэр къытфэшъыпкъэнхэ фае, сыд фэдэрэ такъикъи къыддэIэпыIэнхэм фэхьазырхэу. Ежьхэр зыфэе уахътэм, ежьхэмкIэ Iэрыфэгъу уахътэм тадэжь къэкIонхэу фэхьазырцIыфхэртищыкIагъэхэп.ТищыкIагъэхэр мыщ фэдэ тхьэлъэIогъу дзэкIолIхэр ары: ежьхэр

зыпылъ Iофыр къагъанэу, тхьэлъэIукIэ къыддэIэпыIэнхэм пае къэкIонхэу фэхьазыр цIыфхэр ары. Хьарунэрэ Хьуррэ къыдготхэу ЛъэкIышхо зиIэ Тхьэм тэщ пае елъэIухэ зыхъукIэ, тищыIэныгъэ зыгорэ хэхъухьэ. Шъхьафитыныгъэрэ теубытагъэрэ тиIэ мэхъу, Тхьэм иIоф пае нахь шIубэ къытпэкIы, нахьыбэ гъэхъагъэ тиIэ тэхъу. Тэ тызэупчIэжьын фай: «Хьарунэрэ Хьуррэ сафэдэу цIыф горэм сыфэхъун сэлъэкIына? Ахэмэ зафэзгъэдэн слъэкIына?»

Нэбгырищ зэгуахьэу Христос агу илъэу, зым зыр Тхьэм фелъэIумэ, шIошъхъуныгъэу яIэр нахь пытэ мыхъун ылъэкIынэп. Ащ фэдэ купхэр ящыIэныгъэ къыхэхъухьэрэ бэнэныгъэм щытекIох. Джащ фэдэ къабзэу тызэон фае, текIоныгъэм пае зищыIэныгъэ зытыщтхэм такIыгъоу, Тхьэм ыпашъхьэ лъэгуанджэкIэ тыщысэу – джары Тхьэм игухэлъ.

Тишъхьэгъусэхэми, тикIалэхэми Хьарунэрэ Хьуррэ афэдэу тафыщытыгъэмэ, тиунагъохэм зэхъокIыныгъэшхохэр ахэхъухьангъи! Тичылыси, тиIофшIапIи зыкъаIэтыни, а шIошъхъуныгъэ зиIэ лIымэ афэдэу Тхьэм телъэIунэу едгъэжьэгъагъэмэ! Типэгагъэ Тхьэм тхиукъэбзыкIын фае. Зырызэу тызэонэу Ащ ышIыщтэп. Зыр адрэм ищыкIагъэу, тыгукIи тпсэкIи тишIошъхъуныгъэкIи зы тишIыным Ар фай.

## Шъо шъуиIоф сыдэу щыт?

Зым ыуж зыр итэу къызытекIохэрэ Израил лъэпкъэу кIэим щызаорэм шъуфэд шIуа шъо? Арымэ, Хьарунэрэ Хьуррэ шъо шъуищыкIагъэх. Ащ фэдэ шэн къыпхилъхьанэу Тхьэм елъэIу, етIанэ тхьэлъэIу заохэм афэгъэхьазырыгъэхэу нэбгыритIу къыпфигъэкIонэу елъэIу. Щэ зэтегъэщэгъэ Iуданэр псынкIэу

зэпычырэп. Джа дэдэр япIолIэн плъэкIыщт шIошъхъуныгъэ зиIэ нэбгырищэу, Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ къарыу къызэритыгъэу, зым пае адрэхэу Тхьэм фелъэIухэрэм.

# 11

## ТхьэлъэӀу зау

*Ащ дэжьым нэшъоу ыкӀи бзакоу, джынапцӀэ зыхэс лӀы горэ цӀыфхэм Исус ыдэжь къащагъ. Къызащэм, Исус лӀы бзакор гущыӀэшъоу ыкӀи ылъэгъушъоу ыгъэхъужьыгъ. ЦӀыф купышхохэм зэкӀэ лъэшэу агъэшӀагъоу аӀуагъ: «Мыр Даутэ ы-Къоу Христос арын фаеба?». Ау фарисеймэ ар зызэхахым, мырэущтэу аӀуагъ: «Велзевулэу джынапцӀэмэ япащэ ильэкӀыныгъ ары джынапцӀэхэр цӀыфхэм зэрахифырэр». Ахэмэ ягухэлъхэр Исус ышӀэхэзэ, ариӀуагъ: «Сыд фэдэрэ пачъыхьагъур, лъэныкъуитӀоу зигощымэ, зэхэтэкъощт. Ащ фэдэуи сыд фэдэрэ къали, сыд фэдэрэ уни лъэныкъуитӀоу гощыгъэ хъумэ, щыӀэжьын ылъэкӀыжьыщтэп. Шэйтаными зы цӀыф горэм шэйтаныр хифымэ, ащыгъум ежь ышъхьэкӀэ лъэныкъуитӀоу зэрэгъэхъугъэу мэхъу. Сыдэущтэу етӀанэ ащ итетыгъо щыӀэжьын ылъэкӀына? Адэ, Велзевул ильэкӀыныгъэкӀэ сэ джынапцӀэхэр цӀыфхэм ахэсэфыхэмэ, шъо шъуицӀыфхэм джынапцӀэхэр цӀыфхэм зэрахафыхэрэр хэт ильэкӀыныгъэу хъура? Арышъ, ахэр шъо шъуихьыкумышӀэхэу хъущтых. Ау сэ джынапцӀэхэр цӀыфхэм зэрахэсфырэр Тхьэм ы-Псэ ЛъапӀэ арышъ, Тхьэм и Тетыгъошхо къызэрэшъухэхьагъэр ары ащ къыкӀырэр. Ащ фэдэу, кӀуачӀэ зиӀэ лӀы горэм иунэ ихьэу, ащ ихьапщыпхэр къытыгъун хэта зылъэкӀыщтыр, ыпэрапшӀэу а лӀэу кӀуачӀэ зиӀэр зэкӀоцӀимыпхэмэ? Ау а лӀыр зэкӀоцӀипхэмэ, иунэ къыхъункӀэн ылъэкӀыщт. Сэ симыгъусэр къыспэуцу, къыздэзымыугъуоирэми ретэкъухьэ.*

Маттэ 12:22-30

Сыда титхьэлъэIухэм кIуачIэ зыкIямыIэр? Ар зилажьэмэ зэу ащыщ Тхьэм телъэIумэ мы дунаим щымыщ илъэкIыныгъэшхо къытфитIупщынэу тызэригъэгугъэрэр къызэрэдгурымыIорэр. Тэ тлъэгъурэр тызфелъэIурэ закъор ары, нахь чыжьэу тыплъырэп.

ТхьэлъэIу заом ехьылIагъэу Павел ытхыгъагъ: *«Аужыпкъэм, сшыхэр, Зиусхьаным илъэкIыныгъэшхокIэ кIуачIэ зижъугъаI. Тхьэм иIэшэ-шъуашэхэмкIэ зэкIэ зышъуфап, шэйтаным итхьэгъэпцIыгъэ гухэлъхэм шъуапэуцужьыным пае»* (Еф.6:10-11). КIуачIэу тиIэм нахьи нахьыбэ зыщытищыкIэгъэ заом тэ тыIохьэ. Паул типый – шэйтаныр къытегъэлъэгъу, унашъуи къытфешIы Тхьэм иIэшэ-шъуашэхэр зыщытлъэзэ, заом зыфэдгъэхьазырынэу.

ЕтIанэ тхьэлъэIу заор зыфэдэр апостолым къетхы: *«Тэ тызэзаохэрэр лымрэ лъымрэ къахэхъукIыгъэ цIыфхэр арэп, ау джынэпцIэ Iэшъхьэтетхэри, тетыгъо зиIэхэри, мы дунэе шIункIым ипэщэшхохэу джынапцIэхэри, бзэджагъэм иджынапцIэхэу ошъо лъэныкъомкIэ щыIэхэри ары нахь»* (сатыр 12).

## Пыеу тэ непэ тызыпэуцурэр

Чылысыр – Христос ы-Пкъ – зэпымыоу кIочIэ бзаджэмэ ябэны. Исус Христос ичылыс Тхьэр зымышIэрэ Рим къэралыгъэшхом игупч ары дунаим къызщытехьагъэр. Джы непи, илъэс минитIу тешIэжьыгъэу, Зиусхьанэу Исус Христос и Чылыс Тхьэр зымышIэрэ, Тхьэм пэшIуекIорэ дунаим щыщыI. Гуманизмэр – мы дунаим идин. Ащ ифилософие ищыкIагъэхэр зэригъотылIэжьынхэмкIэ цIыфыр зыфырикъужьынэу елъытэ. Тхьэр зэрэщыIэр щызгъэзыерэ дунаим Чылысыр къеуцухьэ. А дунаим итхьэр – ежь цIыфыр ары.

КъэбарышIум изэман щыIэгъэ Чылысыр шъыпкъэныгъэм пае къырафэкIыгъ. Ащ къыхэкIэу, Рим къэралыгъошхом ыкIуачIэ нахьи Исус Христос и КъэбарышIу нахь къарыу лъэш зэриIэр, а къэралыгъошхом иIэшъхьэтетхэм къагурыIуагъ. Чыристанхэм агурэ апсэрэкIэ яIэ кIуачIэр къагъэлъагъощтыгъ: ахэмэ шIошъхъуныгъэ яIагъ, пытагъэ ахэлъыгъ, ахэмэ щыIэгъэшхо яIагъ, яшIошъхъуныгъэ пае аукIыщтхэми зарагъэукIыщтыгъ. Джы непэ тыда зыдэщыIэр Рим Къэралыгъошхор? Рим Къэралыгъошхор зызэхэтэкъуагъэм илъэс мин пчъагъэ тешIэжьыгъ, ау чыристан шIошъхъуныгъэр зэрэпсэурэм тет.

## Чылысым ипшъэдэкIыжь

Чылысым уфэлэжьэным къикIырэр Христос игъогу цIыфхэр къытебгъэхьэнхэ закъор арэп, сыд фэдэ чIыпIэ итыхэми, цIыфхэм уадэлэжьэныр ары. Тэ шэйтаным тызыкIезаорэр цIыфхэр пщылIыпIэм къищыгъэнхэм, Тхьэр зэрэфаем фэдэу ахэр шIыгъэнхэм пай. Чылысым а бэнэныгъэм зызкIызыщидзыерэр зэрэхъыбыир, ищыкIагъэм фэдизэу шIошъхъуныгъэ зэримыIэр ары. Тэ типшъэрылъ закъор цIыфхэр Христос игъогу тедгъэхьэнхэу, ахэмэ ацIэхэр чылыс тхылъым хэттхэнхэу арэу къытщэхъу, ау ащ нэмыкI пшъэрылъхэри щыIэх.

Тэ политикэм иIофхэм тахэхьаныр, тяIэзэныр е тызэсэгъэ Iоф къызэрыкIохэм атекIэу зыгорэхэм тапылъыныр имыщыкIагъэу чыристан зырызхэм алъытэ. Сымаджэхэр гъэхъужьыгъэнхэр, джынапцIэхэр ахэфыгъэнхэр, нэмыкIыбэхэу Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ ышIэщтыгъэхэр апэрэ лIэшIэгъум щаухыгъэу зыгорэхэм алъытэ. Ау чылысым ипшъэрылъ – Христос ы-Пкъэу зэрэщытым фэшI – илъэс

2000-кIэ узэкIэIэбэжьмэ, зэрэщцытыгъэм фэдэу непи къэнэжьы.

Христос ыIуагъ: *«Блэхэми, щэнаут зыхэлъ бэджыми шъуатеуцонэуи, пыим ыкIуачIэ зэкIэ шъутекIонэуи тетыгъо шъостыгъ; зыми иягъэ къышъокIыщтэп»* (Лука 10:19). Пыим текIонхэмкIэ, ищыкIэгъэ лъэкIи, кIуачIи Ежь игъогу рыкIохэрэм Исус аритыгъ.

## ЗэкIэ ищыкIагъэмкIэ тыуIэшыгъ

Илъэс минитIукIэ узэкIэIэбэжьмэ, апэрэ чыристанхэм афишIыгъэ пшъэрылъым фэдэ пшъэрылъ Христос непэ къытфишIыгъэмэ, ащыгъум, ахэмэ аритыгъэ лъэкIыныгъэм фэдэ тэри Ащ къытеты. Тэ тымыкIодэу Тхьэм тыкъызкIигъэнэжьыгъэр, тыгу зыкIигъэкъэбзэрэ зэпытыр Ащ щытхъу фэтшIыным пай. Тхьэм щытхъу фэтшIыным пае, Ащ тыфэIорышIэзэ, тедэIун фае. Ащ тыфэIорышIэзэ, тызэредэIущтым пае, тишъыпкъэу Пшъэрылъышхоу – «дунаим шъутехь» – зыфиIорэр дгъэцэкIэн фай.

ШIошъхъуныгъэ зиIэ пэпчъ Христос къытфишIыгъэ пшъэрылъыр зэрилъэкIэу ыгъэцэкIэн фае. Илъэс 2000-м ренэу чыристанхэр, хъулъфыгъи бзылъфыгъи дунаим техьэхи, Христос ипшъэрылъ агъэцакIэу фэбэнагъэх. Ахэмэ а пшъэрылъыр зэрагъэцэкIагъэм пае, тэри шIошъхъуныгъэ тиIэ хъугъэ. Тэ тщыщ пстэуми ащ фэдэ пшъэрылъ иI.

Апэрэ лIэшIэгъум ичылыс тетыгъорэ лъэкIыныгъэрэ джынапцIэхэм атекIонэу Христос аритыгъэхэм фэдиз джырэ чылысми къыритыгъ. Ащ къыхэкIыкIэ, тэри къыттелъ а пшъэрылъ шъыпкъэр – шэйтаныр зэкIоцIытпхэзэ, Тхьэм ие шъыпкъэр еттыжьынэу.

ЗэкIэ зыфызэшIокIэу дунаим щыIэр Зы – ар Тхьэр

ары. Шэйтаным зэкIэ фызэшIокIырэп. Ар мэлэIич кIодыгъ ныIэп. Ау шэйтаным зэкIэ фызэшIокIырэм фэдэу чылысыр мэзекIо. Тэ шэйтаным тыпэгъокIы Тхьэмрэ арырэ акIуачIэхэр зэфэдизым фэдэу. Шэйтаныр ыпэкIэ лъэкIуатэ, тэ тыкъызэкIэкIо.

Христос къызегъакIор ары Тхьэр анахьэу шэйтаным зытебэнагъэр. Христос лIи, лIагъэхэм къызэрахэтэджыкIыжьыгъэм пае псэкIодым Iэягъэу къыхэкIыхэрэмрэ илъэкIыныгъэмрэ татекIон тэлъэкIы. Христос тыгу зэрилъым пае шэйтаным тытекIуагъ. Джы Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ тыгу илъэу, Тхьэм ыкIочIэшхо къытхилъхьагъэу, шэйтаным тытекIонэу Тхьэм тегъакIо. ПщылIыныгъэм ибжь чIэтхэр шъхьафит тшIыжьыхэзэ, Тхьэм къыфагъэзэжьынэу тшIын фае. Тэ – Тхьэм тырилIыкIоу дунэе кIодыгъэу лIэрэм тыкъигъэкIуагъ. Сыда пIомэ 2 Кор. 5:20 мощтэу ит: *«Тэ Христос тырилIыкIох. ТыжэкIэ Тхьэр къышъолъэIу: Тхьэм шъуешIужь».*

А Iофышхо дэдэр зэшIотхын зытлъэкIыщтыр тыкъызэрэхэукъуагъэм, тиIоф къызэрэддэмыхъугъэм тямыплъэу, Тхьэмрэ Ащ игущыIэхэмрэ тынаIэ атедгъэт зыхъукIэ ары. Аужыпкъэм, Тхьэм Ежь ыкIочIэ мыухыжь къызэрэтхилъхьагъэр шъыпкъэ дэдэу зэрэщытыр тэ къыдгурыIон фае.

Зэгорэм фарисейхэм Исус агъэмысэгъагъ, Ащ шэйтаным ыцIэкIэ джынапцIэхэр ахифыхэу (Маттэ 12:24). Ащ ехьылIагъэу Исус къыIуагъ: *«Шэйтаным зы цIыф горэм шэйтаныр хифымэ, ащыгъум ежь ышъхьэкIэ лъэныкъуитIоу зэрэгъэхъугъэу мэхъу. Сыдэущтэу етIанэ ащ итетыгъо щыIэжьын ылъэкIына? Адэ, Велзевул илъэкIыныгъэкIэ сэ джынапцIэхэр цIыфхэм ахэсэфыхэмэ, шъо шъуицIыфхэм джынапцIэхэр цIыфхэм зэрахафыхэрэр хэт илъэкIыныгъэу хъура? Арышъ, ахэр шъо шъуихьыкумышIэхэу хъущтых. Ау сэ джынапцIэхэр цIыфхэм зэрахэсфыхэрэр Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ арышъ, Тхьэм и-Тетыгъошхо*

*къызэрэшъухэхьагъэр ары ащ къикIырэр» (Маттэ 12:26-28).*

## ШIошъхъуныгъэ заом имэхьан

ШIошъхъуныгъэ заом ехьылIагъэу зэфэхьысыжь ышIи, Исус кIэкIэу къыIогъагъ: *«Ащ фэдэу, кIуачIэ зиIэ лIы горэм иунэ ихьэу, ащ ихьапщыпхэр къытыгъун хэта зылъэкIыщтыр, ыпэрапшIэу а лIэу кIуачIэ зиIэр зэкIоцIимыпхэмэ? Ау а лIыр зэкIоцIипхымэ, иунэ къыхъункIэн ылъэкIыщт».* (сатыр 29). Ащ джыри зэ кIигъэтхъыгъ Исус: *«Тхьэу уашъом щыIэм и-Тетыгъошхо иIункIыбзэхэр остыщтых; чIылъэм сыд щыщми о фит умышIырэр уашъоми фит щыхъущтэп; чIылъэм сыд щыщми о фит пшIырэри уашъоми фит щыхъущт»* (Маттэ 16:19). ШIошъхъуныгъэ заор зэхьылIагъэр Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ къызэрэдгуригъаIорэм тетэу фит тымышIынри фит тшIынри ары.

Исус мы дунаим къегъэзэжьыфэкIэ, мы дунэе бзаджэм тебэнызэ, тыпэуцу зэпытыщт. Тыфай-тыфэмыеми, а бэнэным тэри тыхэт. Тэ Тхьэм идзэ е тыдэIэпыIэ, е пэрыохъу тыфэхъу. Тэ – е текIоныгъэр къэтхьын, е гъэрэу таубытын.

Апостол Паул нафэу къытигъэлъэгъугъ, цIыфхэм тапэуцоу е тизэхэт Iофхэр зэблэтхъунхэу а заом тызэрэхэмылажьэрэр – тэ тызэзаорэр ахэр арэп, шэйтанымрэ ащ иджынапцIэхэмрэ арых нахь, Ефес 6:11-12 зэритым фэдэу: *«Тхьэм иIэшэ-шъуашэхэмкIэ зэкIэ зышъуфап, шэйтаным итхьэгъэпцIыгъэ гухэлъхэм шъуапэуцужьыным пае. Сыда пIомэ тызэзаохэрэр лымрэ лъымрэ къахэхъукIыгъэ цIыфхэр арэп, ау джынэпцIэ Iэшъхьэтетхэри, тетыгъо зиIэхэри, мы дунэе шIункIым ипэщэшхоу джынапцIэхэри, бзэджагъэм иджынапцIэу ошъо лъэныкъомкIэ щыIэ-*

*хэри ары».* Ар шIошъхъуныгъэм епхыгъэ зау, ащ пае гукIэ псэкIэ, шIошъхъуныгъэкIэ а заом зыфэдгъэхьазырын фае. Тхьэм иIэшэ-шъуашэхэмкIэ зэкIэ зытфэпэн фай. А Iэшэ-шъуашэхэмкIэ зытфэпэным пае, ахэр зыфэдэхэр къыдгурыIон фай.

## Шъуибгырыпхым фэдэу шъыпкъагъэ зижъугъаI

АпэрэмкIэ, «шъыпкъагъэр тибгырыпхым фэдэу, зидгъэIэн» фае. Тхьэм игущыIэхэм тяджэн къодыем нахьи, ар нахьыб. Ащ зыфиIорэри, тэ тызыфэдэри дэгъу дэдэу къыдгурыIон фае. Христос тызэрэфыщытыри, Ежь тпсэ зэрэщыщыри тшIэн фае. ШIошъхъуныгъэкIэ тэ тшIэн фае зэуапIэр уашъом зэрэщыIэр. НэмыкIэу къэпIон хъумэ, зэбэнхэрэр Тхьэмрэ шэйтанымрэ.

ТитхьэшIэныгъэмкIэ зы проблемэ горэхэр тиIэхэ зыхъукIэ, шэйтаным псынкIэу ар ыгъэфедэнышъ, къытпэшIекIорэ пытапIэхэр къыгъэуцущтых. ШIошъхъуныгъэ Iофхэм еплъыкIэ тэрэз афытимыIэу къызыхэкIыкIэ, тхьэлъэIу заом шIуагъэ къыщытымыхьэу тыкъэнэ. Шъыпкъагъэ тиIэкIэ икъурэп. Шъхьафит тыхъуным пае шъыпкъагъэр тшIэн фае, Иуан 8:32 зэритым фэдэу: *«Джащыгъум шъыпкъагъэр къэшъушIэщт, шъыпкъагъэми шъхьафит шъуишIыжьыщт».* Заом тишъыпкъэу зыфэдгъэхьазэр тшIоигъомэ, тибгырыпхым фэдэу, шъыпкъагъэр зидгъэIэн къытэщэкIыгъэн фае.

## Шъыпкъагъэу Тхьэм ыдэжькIэ тиIэм иашъоджан

ЕтIанэ шъыпкъагъэу Тхьэм ыдэжькIэ тиIэри ашъоджанэм фэдэу зыщытлъэн фае. Ащ къикIырэр шIушIагъэхэр арэп. Ащ къикIырэр Тхьэм шъыпкъагъэ

тиӀэу тызэрилъытэрэр тштэныр ары, Рим.5:17 зэритым фэдэу: *«Зы нэбгырэ закъом ипсэкӀодшӀагъэ къыхэкӀыкӀэ лӀэныгъэм дунаим ицӀыфхэм тетыгъо афыриӀэ хъугъэ. Ау ащ нахьи бэкӀэ нахьыбэу, нэбгырэ закъоу Исус Христос ышӀагъэм пае цӀыфхэу Тхьэм ынэшӀу зыщифэхэу, уасэ амытэу ежьым ыдэжькӀэ шъыпкъагъэ яӀэу ылъытэхэрэм щыӀэныгъэ агъотынышъ, тетыгъо яӀэ хъущт».* Христос ыпсэ типсэкӀодхэм апае къурмэныпхъэу зэритыгъэм пае, Тхьэм шъыпкъагъэ тиӀэу телъытэ. Сыда пӀомэ 2 Кор.5:21 ит: *«Христосэу псэкӀод зи зымышӀагъэр Тхьэм псэкӀодым икъурмэныпхъэ ышӀыгъ, Христос тыгухэм арылъэу Тхьэм ежьым ыдэжькӀэ шъыпкъагъэ тиӀэу тилъытэным пае».* Заом зыфэдгъэхьазырыным пае, уасэ тымытэу Тхьэм шъыпкъагъэ тиӀэу зэрилъытэрэр тштэн фае.

Бэмэ ар ашӀэныр къяхьылъэкӀы. Шъыпкъагъэ тиӀэу тызэплъынэу тырагъэсагъэп. А зэкӀэ зэпхыгъэр шъыпкъагъэм ибгырыпхыр ары – титхьэлъэӀу зао тыхэхьанэу тыфаемэ, Тхьэм игущыӀэхэм яшъыпкъагъэ тшӀэн фае. Библиер тэрэзэу къыдгурыӀомэ, тызэрэзэплъыжьырэр Тхьэм къытфыриӀэ еплъыкӀэм тефэщт.

СицӀыкӀугъом сыздэкӀощтыгъэ чылысыр анахьэу зытегущыӀэщтыгъэр цӀыфыр зэрэпсэкӀодышӀэр ары. Христос игъогу тызытехьэкӀэ, шъыпкъагъэ тиӀэу Тхьэм тызэрилъытэрэм дин пащэм игугъу къышӀыщтыгъэп. Ащ къыхэкӀыкӀэ, Тхьэм сигъэмысэу къысщыхъоу сэ сыкъэхъугъ. ЗгъэцэкӀэнэу Тхьэр зыфэягъэр згъэцэкӀэшъунэу сыдигъуи гугъапӀэ сиӀагъэп. Тэрэзэу сызэрырамыгъэджагъэм къыхэкӀэу, ащ ифэмэ-бжьымэ къыстырихьи, апэрэ илъэсхэм дин пащэу Тхьэм сыфэлэжьэныр зесэгъажьэм, Тхьэм ыгу рихьынэу сшӀымэ сӀоу ренэу сыпылъыгъ. Христос спсэ зэрэщыщым пае Тхьэм сызэриштагъэр къызысэшӀэм, зы хьылъэ горэ спшъэ дэзыжьыгъэу

къысщыхъугъ. Тхьэр къызэрэсэплъырэм ащ нахьыбэрэ сигъэгумэкIынэу щытыгъэп. Ащ иеплъыкIэкIэ сэ зэфагъ, шъыпкъагъэ сиIагъ. Пшъэрылъэу сиIэ закъор Тхьэм шъыпкъагъэ сиIэу сызэрилъытэрэр къабыл сшIыныр арыгъэ.

Библием занкIэу къыщеIо Христос тпсэ щыщмэ, Тхьэм шъыпкъагъэ тиIэу зэрилъытэрэр. Ащ фэдэ шIошъхъуныгъэ тимыIэмэ, анахь тищыкIэгъэ Iэшэшъуашэхэр – ашъоджанэр тимыIэу заом тыIухьаным фэд. А Iофым ехьылIагъэу тэ гупшысэкIэ тэрэз зэрэтимыIэр шэйтаным егъэфедэшъ, Тхьэм ыпашъхьэ тихьэныр тфэмышъуашэу, къэтымылэжьыгъэу къытщыхъоу тешIы. «О хэт ущыща уитхьэлъэIу Тхьэм джэуап къыритыжьыным уежэнэу?», – къэупчIэ ар. Ащ зы джэуап ныIэп иIэр: «Христос спсэ зэрэщыщым пае, Тхьэм зафэу, шъыпкъагъэ сиIэу елъытэ (еплъ 2 Кор.5:21).

Тэ зафэу, шъыпкъагъэ тимыIэу Тхьэм елъытэмэ, сыдэущтэу уашъом тыкIон тлъэкIына? Тыфэмыхьазырэу бэрэ заом тыIохьэ. Ащ къыхэкIыкIэ, Тхьэм фыщытыкIэу тиIэм тынаIэ тедгъэтырэп, сыда пIомэ къыттекIуагъэхэу, тырямыщыкIагъэу тызэплъыжьы. ТхьэлъэIу заом тыIохьэмэ, Тхьэм зафэу, шъыпкъагъэ тиIэу тызэрилъытэрэр тигуапэу тштэн фай.

## Тхьэм Ежь тызэрэзэригъэшIужьыгъэм икъэбарышIу

Тхьэм Ежь тызэрэзэригъэшIужьыгъэм икъэбарышIу дгъэIуным ихьазырыныгъэр цуакъэхэм фэдэу зыщытлъэн фае. Ащ мэхьанэшхо иI. Мыщ лъапсэ зиIэ гущыIэу хэтыр «Тхьэм тызэрэзэригъэшIужьыгъэр» зыфиIорэр ары. Паул зытегущыIэрэр мы дунаим тытетэу Тхьэм тешIужьыгъэу тыпсэун зэрэтлъэкIырэр ары. НахьыбэмкIэ тэ мы Iофыр къызэрэд-

гурыIорэр мары: Исус игъогу тытехьэмэ, тызылIэ нэужым уашъор типсэупIэ зэрэхъущтыр ары. Ау апостол Паул зытегущыIэрэр Христос ти КъэгъэнэжьакIо зэрэхъугъэм пае мы дунаим тытетыфэ, тэ щыIэкIакIэу тиIэ хъущтыр ары. НэмыкI гущыIэкIэ къапIомэ, цIыфхэр Христос фэтщэнхэ фае, ащ игъогу тедгъэхьэнхэ фае. ЦIыфэу тхьэлъэIу заом хахьэрэм къыгурыIон фае Тхьэм тызэрэзэригъэшIужьыгъэм мэхьанэу иIэр.

Апостол Паул етхы: *«Христос сыригъусэу къащым сытыраIулIагъэм фэд. Арышъ джы псэурэр сэрэп, сыгу илъ Христос ары нахь. Мы дунаим щыIэныгъэу щысиIэр, Тхьэм ы-КъокIэ шIошъхъуныгъэ сыгу илъэу сиI. Ащ шIу силъэгъуи, ыпсэ сэщ пае ытыгъ»* (Гал. 2:19-20). ТхьэлъэIу зэолI шъыпкъэхэм ящыIэныгъэ мафэ къэс джары зыфэдэн фаер. Христос тыгу илъэу тызыпсэурэр ары ныIэп гупсэфыныгъэ тиIэ зэрэхъурэр.

КъэбарышIум ыбгъоу дунэе цIыфхэм алъэгъун фаер джары. Уашъом икъэбар ахэмэ зэхахыгъ, ау джы уахътэ къэсыгъ тиунэхэм, тичылысхэм, тиIофшIапIэхэм ахэмэ уашъор ащалъэгъунэу. ЦIыфхэр мылъку лъэхъух, сыда пIомэ баймэ япсэукIэ алъэгъу, ау ахэмэ чыристанхэм ящыIакIэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм адиштэрэр залъэгъукIэ, ахэр Христос лъыхъунхэу фежьэх. Ахэр тадэжь къакIохэмэ, Христос аритырэ щыIэкIакIэм щыдгъэгъозэнхэу ары тэ типшъэрылъыр.

## ШIошъхъуныгъэм имэIу

Тэ «шIошъхъуныгъэм имэIу къэтIэтын» фаеу джыри апостол Паул къыIуагъ. АщкIэ шэйтаным ищэбзащэхэу плъыгъэхэр дгъэкIосэнхэ тлъэкIыщт. Сыд щыщ бзэджагъэу тапэ къифэрэр шэйтаным къыпэ-

кIы. Тэ ар ныбжьи тщыгъупшэ хъущтэп, ар аущтэу щымытмэ, шэйтаным иIэмэ-псымэхэр типыехэу тлъытэщтых, ежь шэйтаным, проблемэм ылъапсэ, тебэныщтэп.

Ау шэйтаныр къызыттебанэкIэ, шIошъхъуныгъэр сыдэущтэу ащ текIора? Шэйтаным пцIыр Iашэу егъэфедэ, Тхьэм ыIорэм тэ шIошъхъуныгъэ фытиIэшъ, зытыухъумэн тэлъэкIы, шэйтаныр сыд фэдизэу къыттебанэми. ГущыIэм пае, шэйтаным щынэгъо щэбзащэр къытхетIупщыхьэ. А щэбзащэр ащ бэрэ егъэфедэ. Шэйтаным тытекIоным пае, Тхьэм игущыIэхэмкIэ джэуап еттын фай. Апостол Паул етхы: *«Тхьэм ежь ы-Псэ ЛъапIэу тыгухэм къарилъхьагъэм щынагъо тыгухэм арылъэу ыгъэхъурэп, лъэкIыныгъэ, шIулъэгъуныгъэ, зыщыIэныгъэ тыгухэм арылъэу егъэхъу нахь»* (2 Тим.1:7).

Тэ тизэхашIэхэр бэрэ шэйтаным къэлапчъэ фэхъух, тигупшысэхэм къарыхахьэу. ТишIошъхъуныгъэкIэ а къэлапчъэхэр ащ ыпашъхьэ щызэфэтшIынхэ фае. Тэ тизэхашIэхэм сыд къытаIоми, ащ емылъытыгъэу Тхьэм шIошъхъуныгъэ фытиIэн фае. Тэ уасэ зи тимыIэу къытщыхъункIи мэхъу, ау ар пцIы. ЦIыфхэм тызэрамыпэсэу, Тхьэми тызэримыпэсэу къытщыхъункIи мэхъу, ари пцIы. Тыгу илъхэр зэблэтхъунхэ фай, тэ тызыфэдэр шъыпкъэу къыдгурыIонэу тыфаемэ. Сыда пIомэ Кол. 3:10 ит: *«ШэнышIукIэр шъуашэм фэдэу зэшъущэкIыгъ. А шэнышIур къэзыгъэхъугъэ Тхьэм, Ежьым ишэн фэдэу хьоу, ар егъэкIэжьы зэпыт, Ежьыр зыфэдэр шъыпкъэу зэжъугъэшIэным пае».* Тэ къытэхьылIагъэу Тхьэм ыIорэр шIошъхъуныгъэкIэ тштэн фае. Сыда пIомэ, шIошъхъуныгъэм шэйтаным ипцIхэм тащеухъумэ.

## Тхьэм тыкъызэригъэнэжьырэм итандж

ТхьэлъэIу заом тызыкIокIэ, тымыкIодэу Тхьэм тыкъызэригъэнэжьырэм итанджи тиIэшэ-шъуашъэмэ ахэлъын фае. Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ тпсэ щыщынэу ары ащ къикIырэр. Еф.6:18 ит: *«Сыдигъуи Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ илъэкIыныгъэкIэ тхьэлъэIу пстэумкIи шъуелъэIу, шъуищыкIагъэмкIэ Тхьэм шъуелъэIу. Шъусакъэу ыкIи шъуемызэщэу Тхьэм ицIыф лъапIэхэм зэкIэмэ шъуафелъэIу зэпыт».* Танджыр акъылым итехъон, ащ иухъумакIу. Ари Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ иIофхэм ащыщ. Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ тыгу илъэу, ари гъуазэ къытфэхъоу, тызэрэзекIон фаер къыдгуригъаIоу, тыпсэун фай. ТипсэкIодыжъ шэным илъэкIырэ игулъытэрэ шIошъхъуныгъэ заом IэпыIэгъу къытфэхъун алъэкIырэп, 2 Кор. 10:3-5 зэритым фэдэу: *«Сыда пIомэ, мы дунаим тытет пэтми, мы дунаим ицIыфхэм ягухэлъ тыгу хэлъэу тызаорэп. Iашэхэу тызэрэзаохэрэр мы дунаим иIашэхэп, ау бзэджагъэм ипытапIэхэр зэхакъутэнхэу Тхьэм ыдэжь къикIырэ кIуачIэ ахэлъ. Гупшысэ пхэнджхэри, цIыфхэм Тхьэр зэрашIэным пэуцунэу зыкъэзыIэтырэ пэгэныгъэри зэкIэ тэгъэкIодых, сыд щыщырэ гухэлъи Христос едэIунэу тэубыты».* Арышъ, тиакъыли, тыгу ыкIуачIи, тизэхашIи Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ ыIэмычIэ итлъхьан фае. Ащ ехьылIагъэу Гал. 5:16 ит: *«Арышъ, къышъосэIо, Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ къызэрэжъугурыгъаIорэм тетэу шъузекIу. Ащыгъум шъуипсэкIодышIэ шэныжъ зыкIэхъопсырэр жъугъэцэкIэщтэп».* ЕтIанэ Гал. 5:25 ит: *«Тхьэм ы-Псэ ЛъапI арышъ щыIэныгъэ къытэзытырэр, Ащ къызэрэдгуригъаIорэм тетэу тызекIон фае».*

## Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ къытитырэ сэшхор

Аужыпкъэрэу, тиIэшэ-шъуашэмэ Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ къытитырэ сэшхор ахэлъын фае. Ар – Тхьэм и ГущыI ары. Мы тхылъым ренэу щыкIэгъэтхъыгъ, титхьэлъэIухэмкIэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм затебгъэкIэным мэхьанэу иIэр. Библиер тишIошъхъуныгъэ игъурз, титетыгъо икъэкIуапI.

Ау шIошъхъуныгъэ заоми, тхьэлъэIу заоми Тхьэм игущыIэхэр зэрэщагъэфедэхэрэм елъытыгъэу, нэмыкI мэхьанэ яIэ мэхъу. Ар типый шэйтаным тезао хъумэ, дгъэфедэрэ Iаш. Ау, ар зэрэдгъэфедэщтыр тымышIэ зыхъукIэ, зи шIуагъэ къытфихьыщтэп. ШIошъхъуныгъэ заор кIо зыхъукIэ, Тхьэм игущыIэхэр шэйтаным тебэныным фэдгъэзэнхэ фае. Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм пычыгъо гъэнэфагъэхэр ахэтых, шэйтаныр къызэрэтэзаорэм фэгъэхьыгъэхэу. Тэ титхьэлъэIухэм а пычыгъохэр бэу ахэдгъэхьанхэ фае. Джащ фэдэу тэ тищыIэныгъи, нэмыкI цIыфхэм ящыIэныгъи шэйтаныр хэтфын тлъэкIыщт.

## ШIошъхъуныгъэ тхьэлъэIум истратегие

Джы, тхьэлъэIу заом нахь дэгъоу зызэрэфэдгъэхьазырын фаер икъоу къыдгурыIуагъэшъ, ежь заор зыфэдэм тынаIэ тедгъэтын фае. Тэ тищыIэныгъэкIи, нэмыкI цIыфхэм ящыIэныгъэкIи сыдэущтэу пыим тыпэгъокIыщта? Тэ хэдгъэунэфыкIыгъах шIошъхъуныгъэ заор зыфэгъэхьыгъэр фит тымышIынри тшIынри арэу, Маттэ 16:19 зэритым фэдэу: *«Тхьэу уашъом щыIэм и Тетыгъошхо иункIыбзэхэр остыщтых: чIылъэм сыд щыщми о фит умышIырэр уашъоми фит щыхъущтэп; чIылъэм сыд щыщми о фит пшIырэри уашъоми фит щыхъущт».* Ау тэ фит тымышIын фаери фит тшIын фаери сыда зылIэужы-

гъохэр? А упчIэм иджэуап пычыгъоу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытым хэт:

*«Iашэхэу тызэрызаохэрэр мы дунаим иIашэхэп, ау бзэджагъэм ипытапIэхэр зэхакъутэнхэу Тхьэм ыдэжь къикIырэ кIуачIэ ахэлъ. Гупшысэ пхэнджхэри, цIыфхэм Тхьэр зэрашIэным пэуцунэу зыкъэзыIэтырэ пэгэныгъэри зэкIэ тэгъэкIодых, сыд щыщырэ гухэлъи Христос едэIунэу тэубыты»* (2 Кор.10:4,5).

Тэ тищыIэныгъэ хэтэу, нэмыкI цIыфхэм ящыIэныгъэ хэтэу, шэйтаным къыщигъэуцугъэ пытапIэхэр зэхэткъутэнхэу тхьэлъэIу заом ыкIуачIэкIэ тэ, шIошъхъуныгъэ зиIэхэм, пшъэрылъ ыкIи лъэкIыныгъэ тиI.

## ПытапIэхэр

ПытапIэр тэ тищыIэныгъи, типсэукIи щыщ хъугъэ псэкIод. Ар хэбзэ дэеу тызэсагъэр арынкIи мэхъу, гущыIэм пае: наркотикхэр, зинэ шIэныр, тутын ешъоныр е еплъыкIэу тиIэр арэу хъункIи мэхъух: (цIыфхэм тызэрамыпэсэу тлъытэныр, нэшхъэиныр, гумэкIыныр, ехъырэхъышэныр). А зэсагъэ хабзэхэр, еплъыкIэхэр, зэхашIэхэр мыдэихэу тлъытэнхэм пае, тэ арсенал бэдэдэ тэгъэфедэ ахэр къызыхэкIыгъэм ехьылIагъэу, ау а пытапIэхэр къызытекIхэрэр Тхьэм ишъыпкъагъэ пэуцух (сатыр 5).

Шэйтаным ипцI а пытапIэхэр къегъэгъунэх. ГущыIэм пае, ащ мыщ фэдэу къэIун ылъэкIыщт: «Мы орэдышъом зи мыхъун хэлъэп, шъыпкъэ дэдэмкIэ, ыкIи сэ гущыIэхэм сядэIурэп». Е: «Сэ сызыгумэкIыкIэ аркъ тIэкIу сешъо ныIэп». Тэ тащыщыбэмэ мырэущтэу аIуагъэба: «Сэ псынкIагъэм тIэкIу зэрезгъэхъурэр полицием зыкIи ылъэгъурэп, арышъ зэкIэри дэгъу?»

Тызэрэчыристаным пае, тэ типшъэрылъыр а пытапIэхэр ткъутэнхэр ары, Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ тыгу

къырилъхьэрэ тхьэлъэIухэр тиIэпэIэгъухэу. Сыдэущтэу? Ащ пае зы Iашэ закъу щыIэр – Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ исэшхор ары. Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэр тиIэпыIэгъоу тэ а пцIым тезэон фае. Шъыпкъэ гъэнэфагъэхэр дгъэфедэхэзэ пцIы гъэнэфагъэхэм тязэон фае.

Зы бзылъфыгъэ ныбжьыкIэ горэ ренэу шхэным зэрэкIэхъопсырэм ебэныщтыгъ. ИщыIэныгъэ ар пытапIэ зэрэщыхъугъэр ышIэщтыгъэти, а зэсагъэм ебэныщтыгъ. АпэрэмкIэ, зэдимышIэжьэу ышIошъ хъущтыгъэу, шэйтаным ипцI къычIигъэщыгъ, гущыIэм пае, тIэкIу узышхэкIэ зэбгъэшIэн фэер нахь дэгъоу къыбгурыIоу. ЕтIанэ мыщ фэдэ пцIы къычIигъэщыгъ: мэлакIэ улIэ къэс, ушхэн фае. ЕтIани мощтэу зэриIожьынэу хабзэ иIагъ: сизэхашIэхэр згъэIорышIэнхэмкIэ, шхыным ишIуагъэ къэкIо. ЕтIанэ ащ къыгурыIуагъ а Iэубытыпlэ пстэуми ежь агъэпщылIэу шэйтаным зэрипцIыхэр.

Ежь ехьылIагъэуи, ищыIэныгъэ ехьылIагъэуи бзылъфыгъэм еплъыкIэу иIагъэр зэрихъокIын фае хъугъэ, «Тхьэм зэрибыныри» «Тхьэм икIэрыкIэу къызэригъэхъужьыгъэри», «ищыIэныгъэ шъыпкъэ мыкIодэу, Тхьэр зыдэщыIэм дэжь Христос къызэрэфигъэнэжьырэри» (Кол.3:3) ышIошъ хъугъэ. ИпсэкIодышIэ шэныжъымрэ ежь зыфаемрэ агъэIорышIэнэу фитыныгъэ зэрямыIэр ащ къыгурыIуагъ, Гал. 5:24 зэритым фэдэу: *«Христос зыгу илъ цIыфхэм япсэкIодышIэ шэныжъи, шIу алъэгъурэ бзэджагъэхэри, яхъопсэныгъэ мыхъунхэри къаущым тыраIулIагъэхэм фэд».*

ЕтIанэ Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм ащыщ пычыгъохэр (ышъхьагъ зигугъу тшIыгъэхэм афэдэхэу) ащ къыхиххи, езбырэу зэригъэшIагъэх. Шхэным дихьыхынэу хъу къэсми, Тхьэм игущыIэхэмкIэ ар шэйтаным ипцIыхэм апэуцужьыщтыгъ. Ащ щегъэжьагъэу текIоныгъэр сыдигъуи къыдихыщтыгъэ.

ПытапIэхэр зэрызэхигъэтэкъонхэмкIэ шIошъхъу-

ныгъэ фытиIэу Тхьэм тэ телъэIу къодыемэ, Ащ ар ышIэщт. Ащ ыуж псынкIэу Тхьэм игущыIэхэмкIэ тэ тиакъыл илъхэр зэблэтхъунхэ фае, Рим.12:2 зэритым фэдэу: *«Мы лъэхъаным ихабзэхэм Iэрылъхьэу зяшъумыт, ау Тхьэм шъугухэм арылъхэр зэрерэхъокIых».* Ар тэ зытымышIэкIэ, а пцIы дэдэхэр къыттекIо зэпытыщтых.

ГущыIэм пае, тIон о зыбгэмысэжьынымкIэ пытапIэ уиIэу. ПсэкIодшIагъэу уиIэр Тхьэм ыпашъхьэ иплъхьи, Тхьэм къыпфигъэгъунэу уелъэIугъэми, Тхьэм о къыпфигъэгъугъэу къыпщыхъурэп. О нэшхъэи охъу ыкIи огумэкIы, Тхьэм благъэу узэрэфыщытыр пшIокIодыгъэу къыпшIошIэу.

Ащ утекIоным пае, а пытапIэр зэхикъутэнэу о Тхьэм уелъэIун фае. А пытапIэм ыцIэ макъэ IэтыгъэкIэ къаIо. Шэйтаным о къыппэшIуекIонымкIэ ыгъэфедэщтыгъэ пцIым егый, ыкIи Тхьэм еIу Ежь игущыIэхэм яшъыпкъагъэ зэрапштэрэр. Ащ фэдэ чIыпIэхэм узарыфэкIэ Рим 8:1 едж: *«Арышъ, зипсэкIодышIэ шэныжъ игъогу рымыкIохэу, Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэ игъогу рыкIорэ цIыфхэу, Христос Исус зыгу илъхэр Тхьэм зыкIи ыгъэмысэщтхэп».* Джыри Тхьэм цIыфхэм япсэкIодхэр зэрафигъэгъухэрэм ехьылIагъэу Тхьэм игущыIэ тхыгъэхэм арытхэм ядж ыкIи ахэмэ ягупшыс. Аущтэу шъыпкъагъэм унаIэ тебгъэтыщт. ЕтIанэ о шъыпкъагъэм уегупшысэ хъумэ, о уиакъыл илъхэр зэблэпхъугъэу хъущтых.

## ЦIыф лъапIэхэм уафэзэоныр

ПытапIэм изэхэкъутэн принципэу иIэр епхьылIэми хъущт нэмыкI цIыф лъапIэхэм апае Тхьэм уелъэIу зыхъукIи. Ау бэ шIэн, макIэ шIэн, цIыфэу Тхьэм тызыфелъэIурэм ежьхэм яакъыл илъхэр зэблахъунхэ фае мэхъу. Ежьхэм апае тэ ар тшIэн тлъэкIыщтэп.

Ахэмэ яакъыл илъ пытапIэ гъэнэфэгъэ горэ Тхьэм зэхикъутэнэу тэ Тхьэм телъэIун тлъэкIыщт, ыкIи ар Ащ ышIэщт. Ау шэйтаным ипцIэу а пытапIэр къэзыухъумэрэр ежь цIыфым зимыгъэмысэкIэ, ащ икIэрыкIэу къыгъэзэжьыщт. Шэйтаным ипцIыхэм тапэуцужьын зытлъэкIыщт закъор Тхьэм ишъыпкъагъэр зетхьылIэкIэ ары.

Зы пчыхьэ горэм скъорэ сэрырэ тызэдэгущыIэу тыщысэу, сищыIэныгъэ щынэгъо пытапIэ зэрэщысиIэр Тхьэм къызэрэсигъэлъэгъугъэм сеуцолIэжьыгъ. СищыIэныгъэ а проблемэр зэрэхэтыр тхьамафэкIэ узэкIэIэбэжьмэ Зиусхьаным къызэрэзэфыIуихыгъэр, щхыпцIи ащ къыIуагъ. Ащ Тхьэм елъэIунэу ригъэжьагъ, сищыIэныгъэ хэт щынэным ипытапIэ Тхьэм зэхикъутэнэу ыкIи щынагъом ехьылIагъэу сиакъыл илъхэр зэблэсхъунхэу зэрэфаер къызгуригъэIонэу. ТхьэлъэIум кIуачIэ зэриIэр тэ тIуми нахь тшIошъ хъужьыгъэ, ыкIи типытапIэхэр Тхьэм ыкъутэнхэм зэрэфэхьазырыр тлъэгъугъэ.

НэмыкI цIыфхэм Тхьэм тафелъэIуныр тэ зэпыдгъэу хъущтэп, япытапIэхэм яхьылIагъэу шъыпкъагъэр Тхьэм къафызэIуехыфэкIэ. Ахэмэ Тхьэм тафелъэIун фае, Ащ ахэмэ япсэкIодшIагъэхэр къычIигъэщынхэу ыкIи шъыпкъагъэм фиузэнкIынхэу. Христос тыкъызэригъэгугъагъэр тэ зэлъядгъэшIэн фае: *«Тхьэм ы-Псэ ЛъапIэу цIыфхэм шъыпкъагъэр языгъашIэрэр къызыкIокIэ, шъыпкъагъэр зэкIэ зэхышъуигъэшIыкIыщт. Ежь-ежьырэу зи къыIощтэп, Тхьэм къыIохэу зэхихэрэр ары къыIощтхэр, къэхъущт-къэшIэщтхэр къышъуигъэIущтых» (Иуан 16:13).* Анахь ищыкIагъэр ренэу Тхьэм телъэIуныр ары. ТхьэлъэIу кIэкIхэу «Тхьэм ынэшIу къыпщеф» зыфэпIощтхэм зи федэ къахьырэп. Шъыпкъэ гъэнэфагъэхэмкIэ пытэпIэ гъэнэфагъэмэ тэ тязэонэу ары тищыкIагъэр.

## ПытапIэхэмрэ цIыф гъощагъэхэмрэ

Гъощэгъэ цIыфхэри пытапIэхэм япщылIых. Христос хэлъ щыIакIэр амыгъотынэу мыщ фэдэ пытапIэхэм къызэтыраIажэх: гъэгужъоныр, зинэ шIэныр, мыхъо-мышIэ псэукIэр, зызышIошIыжьыныр ыкIи ехъырэхъышэныр. ПытапIэ зыфаIохэрэр зыфэдэхэр къытигъэлъэгъунхэу тэ Тхьэм телъэIун фае. Ащ ыуж тетыгъоу Тхьэм къытитыгъэмкIэ, Ащ телъэIун тлъэкIыщт а цIыфхэм япытапIэхэр зыфэдэхэр къафычIигъэщынхэу.

Гъощэгъэ цIыфхэр зэрыфэгъэ чIыпIэм къыригъэнэнхэу, шIошъхъуныгъэ зиIэ цIыфхэри Iэхъу-лъэхъу ателъэу къыгъэнэнхэм пае, шэйтаным пцIыр къызфегъэфедэ. ТекIоныгъэ къэзыхьырэ тхьэлъэIум ишIуагъэкIэ ары ныIэп Христос къытитырэ гугъэри, шъхьэфитныгъэри къызэрэдгъотыщтхэр. ПцIым иджынапцIэхэр зэкIоцIытпхынхэ фай, шъыпкъагъэм фэлэжьэрэ псэхэр фит тшIынхэ фай. Сыда пIомэ Еврей 1:14 ит: *«Арэущтэу мэлэIичхэр Тхьэм фэлажьэрэ псэхэу щытых, цIыфхэу мыкIодхэу къызэригъэнэжьыщтхэм яIахьышIу къызлъысыщтхэм афэIофтэбгэнхэуи Тхьэм ахэр къегъакIох»*. А тхьэлъэIу лъэпкъыр лъэш дэдэшъ, ащ Тхьэм ыкIуачIэ къырегъэтIупщэу джынапцIэхэр егъэкIэзэзых.

Апостол Паул етхы: *«Тэ тызэзаохэрэр лымрэ лъымрэ къахэхъукIыгъэ цIыфхэр арэп, ау джынэпцIэ Iэшъхьэтетхэри, тетыгъо зиIэхэри, бзэджагъэм иджынапцIэу ошъо лъэныкъомкIэ щыIэхэри ары»* (Еф. 6:12). Лымрэ лъымрэ къахэхъукIыгъэ цIыфхэм тызэрязаорэм иуахътэ блэкIыгъ, типый шъыпкъэм тезэон фае. Тэ зы Iаш ныIэп тиIэр. Ар – уарз цIыфхэм афэтшIыныр арэп, цIыфхэм ядгъэшIэныри арэп, орэд къэтIонри арэп, Iофхэр зэхэтщэнри арэп. Ар – Тхьэм игущыIэу Тхьэм телъэIузэ, шэйтаным ипцI пэшIуекIорэр ары. Тэ титхьэлъэIухэм Тхьэм и Теты-

гъошхо къызэтрагъэуцо, шэйтаным итетыгъо зэхагъэтакъо, ау тхьэлъэIу зыдэщымыIэм, зауи щыIэп. Зао зыдэщымыIэм, Тхьэр щыIэп. Тхьэр зыдэщымыIэм текIоныгъи щыIэп. ТекIоныгъэ зыдэщымыIэм, Тхьэм ищытхъу къэзыIэтын зи щыIэп.

Христос къыIуагъ: *«Сэ Iофэу згъэцэкIэнэу спшъэ къиплъхьагъэр зэрэзгъэцэкIагъэмкIэ дунаим ищIыфхэм о уищытхъушхо язгъэлъэгъугъ»* (Иуан 17:4). Христос фэдэу тэри Тхьэу т-Ятэ щытхъу фэтшIын фае. Ау тхьэлъэIу заом тэ тыхэмыхьэмэ, тищыIэныгъэ ехьылIагъэу Тхьэм рихъухьагъэр, Тхьэм игухэлъ егъашIи дгъэцэкIэнэп. Тэ Тхьэм темылъэIумэ, Тхьэм игухэлъэу егъэшIэрэ лъэхъанхэм яхьылIагъэм тиIахь хэлъэп.